*«ИБЛИСО ІЕХАВАР»* БЕСТСЕЛЛЕРАН АВТОР

ДЖОН БИВЕР

# СИЙННА ДОГІУ ХЬАКЪ

Кху диццинчу диканан ницкъ дІабелла

Хьоме ДоттагӀ,

Сий хилар вайн денна долчу дахарехь дӀадаллаза дисина дика доллушехь, цуьнан хӀинца а, вайн дегнех хьакха а белла, вай иракарахӀитто хьуьнар долу ницкъ бу. Сий бохучун кхетам кху заманан уггаре гӀараевллачу фильмийн сюжеташкахь буьйцина бу, тӀаккха иза даккхийдерна а, хесторна а хьакъ долуш а бу. Амма, вайн дахарехь Делан Ӏалашонан кхоччушхилар тӀеэцарна, муха меттиг дӀалоцу тахана цу ларамечу догӀано?

Сий хиларо, Далла аша схьаэца лууш долу, даккхий совгӀаташ дохьу. Дукха хьолахь йицъеллачу, цу агӀонан керла суртхӀотторо, дерриг а Дала шун дахарна билгал а даьккхина, хьажийна дерг схьаэца гӀо дийр ду.

Сий хиларх кхетарехула а, иза тӀеэцарехула а, цунах пайдаэцарехула а шу, Делан мехалаллин система дӀа а йиллина, сийн Автор Волчун дагна кхин а юххе кхочур ду.

Аса, **MessengerX.com** сайта тӀехь кху темина мультимедийни ресурсаш талла а таллий, кхечаьрца дагадийлар рекомендовать до шуна.

Шайн дахар деш-леларца дуза, шайна чохь долу сийлалла самадаккха!

Шуьца цхьаьна,



MessengerX.com

Джон Бивер
JohnBevere@ymail.com

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

«Сийнна догӀу хьакъ» книгано, Дала доккха маьӀна луш а тӀаккха вайн, Ӏийсах тешачийн, даг чуьра тӀехъоьхуш хила дезаш долчу дикаллин хьокъехь дерриге а шун хаттаршна жоп лур ду.

– Джойс Майер

«Сийнна догӀу хьакъ» книга а ешна, суна ша авторан, Джонан Биверан, книги тӀехь хьалхадиллинчу хаттаран башха кхетам болчу, библейски хьехархочун санна а, хьуьнаре яздархочун санна а, сий дан лаьа. Ларам бар вайн деган хаттар хилар чӀагӀдарца, Джона, адамийн юкъаметтигийн тайп-тайпана агӀонаш дӀайоьллучу, гездаре вуьгу ешархо. И дарца цо, вайх хӀорра а, вай шортонан совгӀатна тӀедалон долу, и ларамe синан лакхалле агӀонаш гайта иракарахӀоттаво.

– Брайан Хьюстон

Ас дуьххьара «Сийнна догӀу хьакъ» книга ешначу хенахь, со сайн карахь, динан тобанашна а, бракашна а, доьзалшна а, предприятешна а Ӏаткъам бийр болу, шедевр хиларх кхийтира. Иза, хӀокху а, хин долчу а дахарехь дӀалелар а, дика хилар а, кхиаме хилар а дӀадоьллуш долу, догӀа ду. ХӀара, Джон Бивер, кху муьранна хьан уггаре а гӀолехь болу болх бу!

– Джентэзин Франклин

ДЖОН БИВЕР

# СИЙННА ДОГІУ ХЬАКЪ

ДЖОН БИВЕР

# СИЙННА ДОГІУ ХЬАКЪ

## Кху диццдинчу диканан ницкъ дІабелла

***Honor’s Reward,*** Chechen, by John Bevere
© 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Honor’s Reward

Additional resources in Chechen by John and Lisa Bevere are available
for free download and video streaming at
**MessengerX.com** and on the **MessengerX** App
To contact the Author: JohnBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is
NOT FOR SALE

***«Сийнна догӏу хьакъ»,*** Джон Бивер, нохчийн маттахь
© 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьенца арахецна ингалсан маттахь, «Honor’s Reward» цӏеран кӏел

Джон а, Лиза а БивергӀаьргара кхин тӀе йолу тӀаьхьалонаш нохчийн маттахь
маьхза чуяккхарна а, къамел дарна а тӀекхочийла ду **MessengerX.com**-ехь а,
**MessengerX** юххедилларехь а
авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

ХӀара книга – «Мессенджер Интернэшнл»-ра совгӀат ду
тӀаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

App Store Apple Inc-ан товарни билгало ю, США-хь а, кхечу пачхьалкхашкахь а
регистраци йина ю.

Google Play а, логотип Google Play а Google LLC-ан товарни билгалонаш ю.

# ЧУЛАЦАМ


**1** Совгӏаташ 9

**2** Дуьззина доцу совгӏаташ а, совгӏаташ доцуш а 19

**3** Кхоччуш долу совгӏат 29

**4** Гӏуллакх лидерца дац 39

**5** Олалла 49

**6** Луьра олаллаш 65

**7** Граждански бацчанийн сий дар 77

**8** Светски бацчанийн сий дар 93

**9** Цӏерачу бацчанийн сий дар 105

**10** Динан тобанехь лидерш ларар 121

**11** Шалха сий дар 137

**12** Ша санна волчуьнга ларам хилар 157

**13** Вайх тешна битинарш ларар 171

**14** Цӏахь ларам бар – бераш 185

**15** Цӏенна тӏехь сий деш ерг – зуда ю 197

**16** Массо а лара 211

**17** Дела ларар 219

Юххедиллар 235

## КОРТА 1

# СОВГІАТАШ

Сий дар. Ткъе цхьолгІачу бІешерашкахь иза дІадаллаза дисна дика ду, амма хІетте а цуьнца вайн дегнех хьакхадала хьуьнар долу ницкъ бу. Фильмийн сий дан хууш болчу турпалхоша вайн бІаьргех хи дуьйлуьйту, вайна цу тІехь церан доьналла а, шаьш ца кхоо кийча хилар а го дела. Ерриге сийлахь блокбастершкахь хІора сюжетехь хийцам боцуш сий даран а, ларам баран а кхетам юкъабуьйцина бу. Вай даккхийдерца тІараш детта башхачу диканна, амма и дерриг а вайн дахарехь мичахь ду те? Гуттара а санна долчу дахаран дакъа хилла дІахІоьттина хуьлийла дерг, цІаьххьана вайн тІаьхьенна хийра хилла дІахІоьттина.

Суна цІена хилар Делан кІенташкахь а, йоІаршкахь а юхаметтахІоттийна хилар ган лаьа. Иза ларамe догІа ду Везачу Элера диканаш схьаэцарна. Билггал и бахьанехь вайн синойн мостагІчун массо а хІума ду, амма цо билггал бакъдолчу сий даран ницкъ битина. Сий даро шеца сийлахь совгІаташ дохьу: Дала хІоранна а кечдина долу совгІаташ. Церан а иштта сийлахь ницкъ бу вайн дахарехь.

Шу, сий дан хьакъ долчу дерригенан Автор волчу, Делан дагна гергакхачон долчу, гездаран юьххьехь ду. Аса, цу довзийтаре билггал бакъ долчо, шун дахарна кІорггера Іаткъам барна тІера доІа до. Дуккха а болчу наха хІара урокаш тІех тІаьхьа Іамийна. Билггал цундела дІахьедо векало Яхьъяс:

> Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш.
>
> – Яхьъяс шолгІа дахьийтар 8

Яхьъя, ах бIешаран шен дахаре юхахьежарца хIара дешнаш яздечу хенахь, къано вара («Кларкан комментариш», Abingdon Press; 1977; Accordance 6.6). Вайн диканан дуьхьа цо вай тахана а лардо. Яхьъян, зеран шерашкахь IaIийна йолу, багаж яра. Иза, дехха а, дуьззина а дахар дIакхехьначу адамашна юкъавогIура. И санна болу турпалхой, тешарца а, ницкъаца а хьажийна хиларехь бехха нийса некъ а бина, баьхкина йолу, — башха ю. Иза аса «воккхачу стагана» я «йоккхачу стагана» даьтта хьакхар цIе яккхар ду: цара хабар дуьйцучу хенахь, хьекъалаллечара ладугIу.

Ткъе пхеа шерашкахь суна цхьаболчу ишттачу Делан божаршца а, зударшца а уьйр хиларан там хилира. Уьш, шайн дахарехь тIехдика гIуллакх а дина, тIегIи тIе хьала а бевлла, цигара гIуллакх хаарца юха берзийла долу, векалш бу. Уьш, цхьадолу юкъара амалш долу, зеделла ветеранаш бу, царех кхаанга вай хьовсур а ду. Хьалхара амал дерш — цара шайн дог инстинкт хиларца уггаре а коьртачу гIуллакхашна лору. Цара шамали лоькхуш а ца лелаш, десачу гIуллакхашна хан ца йойу. ШолгIа амал долчара — коьртаниг масех дешнашкахь олу. КхоалгIа — цара, дукха узуш долу дешнаш схьа а хоьржуш, олу. Церан тоъал лилха дешнийн цхьаьнатохарш, кхечу, белшашна тIехьа иштта бехха а, чулацаме а дахаран некъ болчу стага аьллачу оццу дешнел, дуккха а алсам узуш хуьлу. Цхьана муьрехь суна, со, цу зеделлачу ветеранаша аьллачу цхьана я шина предложенина тIехь масех баттахь ойла ялуш хилар билгалделира.

Дерриге а лакхахь аьллачун серлонгахь, векало Яхьъяс кху цхьана предложенехь дуккха а аьлла хилар тардолуьйтийла ду. Вуьшта асо дукккха а шерашкахь ойла еш ву цуьнан иракарахIитточу дешнашна тIехь, тIаккха хIинццалц а царех довзийтар схьаоьцуш а ву. Хьовсур вай цуьнан предложенин хIора дешнийн цхьаьнатохаре къаьстина а долуш.

## Шайна тIаьхьалонна дисинчух ма довлалаш

Цо ишттачу дешнашца доладо: «Шайга хьовсуш хила». Яхьъяс вайх хIорра а, шаьш зерца а, шайга хьовсарца а ларлуш хиларна иракарахIиттадо. Цуьнан дешнаш тIедожжийна хезаш ду, амма оццу хенахь Яхьъян дахьийтар тIехула хьажарца тIеэца мегар дац, цунна тIехь ладаме ойла ян деза.

Вай къаьсттина тидаме хила деза, ваьш шена тIехь къахьегна долчух ца довлархьама; Жимма ваствалийтаре хезаш ду. Делахь, вай тIедирззина

къахьегарца гулдинчух довлийла ду-кх. Сурт хӀоттадейша шайна, куьйгаш охьа ца дохккуш, болх беш волчу фермеран. Цо довхачу дийнахь, ялта схьалахьорна новкъарло еш долу, латта цӀандеш тӀулгаш а, кхин йолу хӀума а дӀайохуш къахьоьгу. Кха цӀандинчул тӀаьхьа, иза охана дан волало, латта хӀума дӀаен кечдархьама. ХӀума дӀайийна яьллачул тӀаьхьа, цо денна иза хьалакхиийтархьама къахьоьгу: цо льтта удобрениш тосу, асар дӀадоккху, хӀушна хи дуьллу. ЗӀийдигаш гучуевлча, фермеро вон деш йолу садолу хӀаманех ларъеш, кхин дӀа къахьоьгу. Амма сурт хӀоттадейша шайна, ялта хьакха масех де дисинчу хенахь, цӀаьххьана цо ша оццул кӀадвелла хетарна, дерриг а дӀатосу. Цо эрна къахьегна, тӀаьххьарчу муьрехь, иза дерриг а шен ялтанах волу. Я, хила тарло, боккха мох баларан схьахьедар а долуш, фермеро иза тергал ца дина. ГӀалат далийтаро иза дерриг а ша хьегначу къинах ваьккхира. Ма эрна хан а, ахча а, ницкъ а, пайденна йоцу харж яр а нисделира, тӀаьххьарчу жоьпаллин муьрехь цо цахӀоттар гайтина дела.

Муьлхачу бизнесмено компани дӀахӀотторна шераш дойу, эххар а нийса боцу ши сацам тӀеэцарна тӀера, дерригенах валархьама? Иза а бохам бу. Шина а хиламехь халачу къахьегаран берриг а пайда цу сохьта бов нийса боцу сацамаш тӀеэцаран тӀехула.

Цундела Дезачу Йозанаша юха а, юха а нийса чекхдовларна тӀекхойкху вай: «и дерриге а чекхдаллалц лайнарг» (Мат. 10:22; 24:13; Марк 13:13). ТӀаккха кхин а: «Дала леррина Къобалвинчун декъахой ду вай, нагахь юьхьанца хилла долу шеко йоцуш хилар чекхдовллалц вайца хилахь» (Іеб. 3:14), тӀаккха кхин а: «Толам а боккхуш, Сан гӀуллакхаш чекхдовллалц кхочушдеш волчунна» (Довз. 2:26, курсив авторан), тӀаккха список кхин дӀа а, кхин дӀа а ю. Керсталла дуьххьалдӀа йоццачу дистанцина вадар дац, иза доьналле вадар лар ду. Цундела вай и довдар муха долийна нараме дац, коьртаниг вай иза чекх муха даьккхина хилар ду. Вай иза чекх муха доккху, вайн сацамашца билгалдоккхуш хир ду, ткъа сацамаш, низам санна, берриг а некъан бахалла кхоллалуш бу.

## Дахар билгалдоху, муьраш

Сан кӀентех цхьаьнца цкъа иштта хилам хиллера. Цунна суна тамехь хеттане а ца хеташ дерг дан лиира. Цунна аса цо лелош дерг къобалдеш доцийла хаьара, амма хӀетте а иза хӀинца тоъал воккха вара, сацамаш ша тӀеэцархьама, цундела тӀаьххьара дош цуьнгахь дара. Хан дӀаяьлча, суна

иза ас шена ма-хьеххара ца леллийла хиира. Тхойшиъ цо лелийначух лаьцна къамел дан охьахиира. Ас иза кхетийра: «Харжам бан безаш верг хьо вара, амма суна хиламах пайда эца лаьа, хьо Iаморхьама».

> Къоначу паччахьна РахьбуIамна кестта ша паччахь хилла дIахIоьттича шен къаношкара хезира: «Хьан дас тхан коча деза дукъ диллира. Цо тхоьга дайтина къиза гIуллакхаш а, тхан коча диллина деза дукъ а ахь хIинца дайдехьа. ТIаккха оха хьуна хьалхара гIуллакх дийр дара» (Сул. 12:4).
>
> «РахьбуIам-паччахь къанойх дагавелира. Оцу къаноша цуьнан дена Сулимна хьехамчаша санна гIуллакх дора иза дийна волчу хенахь. РахьбуIама хаьттира цаьрга: «Аса оцу халкъе хIун аьлча бакъахь хета шуна?» – аьлла. Къаноша цуьнга жоп делира: «Нагахь, таханлерчу дийнахь хьо оцу халкъана ялхо а хилла, ахьа царна гIуллакх а дахь, цаьрца ахьа эсала къамел а дахь, уьш массо а хенахь хьуна ялхой хилла лелар бу» (Сул. 12:6, 7).
>
> «Амма шега къаноша бина хьехам РахьбуIама дIатеттира. Шеца кхиъна болчу а, шена гIуллакх деш болчу а кегийрхойх дагавелира иза. Цо кегийрхошка хаьттира: «Аса хIун жоп дала деза аьлла хета шуна оцу нахе? Цара соьга боху: „Хьан дас тхан коча диллина деза дукъ дайдехьа“». РахьбуIамца цхьаьна кхиъначу кегийрхоша элира: «Хьан дас шайн коча диллина деза дукъ дайдар доьхучу оцу халкъе ахьа иштта ала: „Сан цIазапIелг сан ден гIодаюкъал а стомма бу. Сан дас шун коча деза дукъ диллинера, ткъа аса и дукъ кхин а даздийр ду. Сан дас шед еттарца таIзар дора шуна, ткъа аса, сту лоцучу гезго къовзош санна хетадолуьйтуш, таIзар дийр ду шуна“» (Сул. 12:8,10,11).

Къона паччахь РахьбуIам шен доттагIийн хьехарца лийлира, цу гIуллакхо вочу жамIе кхачийра. Цуьнан дас Сулимас дIахIоттийна йолу пачхьалкх екъаелира, Исраилан шийтта гаранах итт даим а хIаллакдеш дара, пачхьалкхан ялханнах пхи дакъа нуьцкъалчу буьйнах дIахадийна долу дела. Цхьа нийса боцу сацам дерриг а цуьнан дахарехь гуш хилира.

ТIаккха аса сайн кIанте элира: «ТIехьа юхадоьрзур вай. Хила тарло, дуккха а шерашкахь паччахьан кIанта РахьбуIама шен доттагIашца цхьаьна цавашарца шен ден Сулимин а, цуьнан къанойн а хьехарш дIатоьттура. Хила тарло, уьш паччахьан цIийнан къайлахчу чоьнашкахь сакъоьруш хилла хир бу, цхьаъ вукхунна тIаьхьа чагIаран кедаш а

муьйлуш, шаьш сонта а, модехь а доцуш лоручу, хьехаршна тӀехь бийла а буьйлуш. Хила тарло, дозаллин ойланаш йогӀуш хилла хир ю РахьбуӀаме: „Со вист а цахуьлуш Ӏийр ву, со хӀинца а паччахьан кӀант мел ву, амма паччахь хилла дӀахӀоьттича, ас цу сонтачу къанойн цхьана а хьехаре ладугӀур дац». Иза хӀинца а паччахьан кӀант мел ву, къанойн хьекъалалла тергал цадаран сацамаш тӀеэцар цунна цхьа а мах болуш хӀума дацара. Иза хӀетахь, ловзар хӀинца доладелла хиларх, тӀаккха цкъа цхьа де догӀур ду, ша хьекъале а лоруш, иза кхоччуш сонтаниг хирг хиларх, ца кхетара. Цуьнан дахаран коьрта сацам тӀеэца беза хан тӀекхаьчча, цуьнан хьекъалаллечу хьехаршка ладогӀа дезаш хиларан ларame марзвалар ца кхолладеллера».

ТӀаккха аса сайн кӀанте элира: «Вайн массеран а дахарехь, дахаран коьрта сацамаш тӀеэца безаш хиларан, муьраш гучубуьйлу. Уьш дӀайиллиначу книгин тесташ санна хуьлу, амма вай, ваьш экзамен дӀаелла я ца елла кхетар дац, иза чекхъяллалц. КӀант, хӀетахь ахь сан хьехаре ла цадуьйгӀира, тӀаккха иза хьуна цхьа а мах болуш хӀума дацара. Амма, ахьа дахаран коьрта сацам тӀеэца безаран, де тӀедогӀур ду. Нагахь хьан и хан тӀейогӀучу хенахь хӀинца хьекъалечу хьехаршка ладогӀаран марзвалар кхолладеллехь, тӀаккха хьо цаьрца атта лела а лур ву, хьуна сийлахь совгӀат а хир ду».

Сан кӀантана тӀера а девлла кхечу масале хьовсур вай. Исраилан бераша Делан дешнашка ладогӀаран марздалар ца кхолладалийтинера шайгахь. Цо уьш лоллах паргӀатбаьхнера, амма уьш даим а Ӏаткъамаш а беш, бунт еш бара Цунна дуьхьал. Церан лелар, хеталора, хаа цалуш а, цхьа а тайпана таӀзар ца деш дуьсуш санна, хенаш хуьлура. Церан бунт царна цхьа а мах боцуш хуьлуш хенаш а яра. Делахь а церан тӀаьхьтӀаьхьа амале лелар кхоллалора. Эххар а, дахаран ларame сацамаш тӀеэца безаран муьраш гучубевлира. Дала царна хьажийна долчу лаьтте хьажархьама, шийтта талламча вахийтина вара Ханаане. Талламчаш вочу отчетца юхабирзинера, уьш кхерабелла бара, тӀаккха берриг а гулам хӀинца марздаларе терра Ӏаткъам бан болабелира, хьалха санна, амма кху муьрехь церан лелар царна дуккха мах болуш хилира. Уьш хӀинца цкъа а сатийсинчу лаьтта бовлийла долуш бацара, тӀаккха шаьш белла дӀабовллалц яьссачу аренгахула бевлла лела безара. Жоьпаллечу муьрехь уьш еххачу хенахь шаьш къахьегначу дерригенах бевлира. Церан дайнарг хӀинца цхьана а хӀумане юхадерзалур дацара. Царна шайн совгӀат гуш хиллехь а, цаьрга иза схьа ца эцаделла, РахьбуӀам

дерриг а шен а, шен тIаьхьенийн а дахарехь итт гарах ваьлча санна.

Къеначарна а, къоначарна а кхузахь къайлаяьлла чIогIа лараме урок ю: вай дуьххьалдIа Деле ладоьгIна а ца Iаш, вай Цуьнан деган толам баккха беза. ТIаккха гур ду вайна Цуьнан гайтарехь хьекъалалла, ткъа иза дуьххьалдIа закон санна тIе а ца оьцуш. Къоначу РахьбуIама шен ден а, къанойн а дегнашна тIехь толам ца баьккхина. Исраилхойн йоккхачу тIаьхьенан аьтто ца баьлла Дала деш дерг ган, уьш ца кхеттера Цуьнан дог шайга кхийдаш хиларх, цундела уьш доллучух бевллера.

ХIинца мидалан вукху агIор хьовсур вай. Дезачу Йозанашкахь, къаьсттинчу адамаша Делан дог а гина, лараме сацамаш хьекъалаллица тIеэцаран марздалар кхолладалийтаран, масалш ду. Дахаран лараме муьраш тIекхаьчча, цара нийса сацамаш тIе а эций, сийлахь совгIаташ схьаоьцура.

Шен къахьегаран стом ца байаран уггар а дуьххьалдIа йолу кеп — Делан хьехарш ларар марздалар кхиор ду. ХIора денна вай, вешан харжам а бина, сацамаш тIеэца безаран, хьелашна тIеIиттало. Вай юха а хьаьвсина, дахаран коьрта хилла болу муьраш гаран, де тIедогIур ду, амма нагахь вайн дика марздалар кхолладалийтаран аьтто баьллехь, вай нийса лелар ду, тIаккха тIаьхьа вешан совгIат гур ду.

## СовгIаташ

Яхьъян хIокху ойланна тIедевр вай, тIаккха вайна цунах кхета атта хилийтархьама, ерриге байте хьовсур вай: «Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш» (2 Я. 8). Билгалделаш, Дала Ша лоьхуш болчарна ло (хь. Iеб. 11:6). Вай цу билггал бакъдолчун вешан дегнаш чохь кIоргге орам тасийта беза. Вуьшта а Цунна луш тамехь хета. Иза ИбрахIимна хьалха муха хIутту? «И дерриг а хиллачул тIаьхьа Везачу Элан дош деара Ибрамна, цхьа сурт а хIоьттина. Дала элира: Ма кхералахь, Ибрам! Со хьо Iалашвен йолу гIап ю. Ас хьуна ден долу совгIат а доккха ду» (Дол. 15:1, курсив авторан).

Цо аьлла: «Со хьан ву... хьан совгIат вуно доккха ду». Iалелай, муха ду дIадолор?! Забуран 18-чу назманехь (9-12 байташкахь) йилбазмохьехь хеза: «Везачу Элан омранаш бакъахьара ду, цара дог айадо... уьш кхочушбарна йоккха ял а хуьлу». Забуран 56-чу назманехь (3-гIа байт) вай доьшу: «Веза Воккхачу Деле кхойкхур ву со, Шен Iалашо суна лерина

кхочушъечу Деле (Сан дуьхьа Шен Ӏалашонаш кхочушъеш Волчу, тӀаккха, дера-те, уьш кхочуш а йийр ю)!» (шордина гочдар, курсив авторан).

Дала совгӀаташ до, тӀаккха Шен берашна совгӀаташ дар безамехь а ду Цунна. Веа кӀантан да хиларе терра, аса а цхьадолчунна чам бахьккхина цу марзонан. Суна, сайн берийн бӀаьргаш баркалле къегаш хиларе хьежа тамехь хуьлу, суна, цара шайн нийсачу харжамна тӀера совгӀат схьаэцча, уьш баккхийбере хьежа хазахета. Делахь а со иштта, вон леларна а совгӀат далар – уггар а хьекъале сацам бар ца хиларх а кхетта. СовгӀат хила хьакъ доцчеран, иза даькхина доцчеран дог айарца, аша совгӀат даран ницкъ бохабо, ткъа совгӀат дар — пайден хӀума ду. Сан кӀенташна суна шаьш дезийла хаьа, амма шо-шаре мел долу уьш безаш хиларна а, реза болуш хиларна а юкъара башхаллах кхета Ӏемаш бара. Далла вайх хӀорра а веза, тӀаккха Цуьнан безам кхачамалле а бу. Делахь а, Иза вайн леларна реза ванне а воцу, муьраш хир бац, бохург дац и. Дала Шена там беш болчарна а, Шен хьехамашка ладугӀуш болчарна а совгӀаташ до.

Билгалделаш, Яхьъяс боху: «СовгӀат кхоччуш схьаэцархьама». Ас цу байтана тӀехь ойла ешшехь, кхоччуш боху дош ма-дарра суна тӀеиккхира. Ас ойла йира: «Нагахь кхоччуш долу совгӀат долуш хилча, хӀета, дуьззина доцург а, ур-атталла вуьшта иштттаниг доцуш а хуьлийла ду». (Дагахь латтаделаш, вай хӀинца кӀелхьардовларх а доцуш, ткъа совгӀатах лаьцна боху.) Кхин дӀа ойла еш, Яхьъяс коьртачу кепара шина хиламах лаьцна бохуш хиларан, жамӀана тӀевогӀу со. Хьалхара: Дала леррина Къобалвинчун кхелъяран меттиг. ПахӀала боху: «Иштта, доьналла а долуш, лаьттарчу дегӀана чуьра а кхелхина, Везачу Элана уллохь Ӏаш хилар гӀолехь ма хета тхуна» (2 Ко. 5:8).

Вайна хаьа, ПахӀала кхузахь дерриге а адамашка ца боху, хӀунда аьлча нагахь тешаш воцург дегӀара ваьлча, иза Веза Эла волчохь ца хуьлу, амма жоьжахате кхочу. Хила тарло иза буьрса хезаш ду, амма и бакъдерг ду. Ӏийса дуьнен чу вайна кхелъян а доцуш, ткъа кӀелхьардахархьама веана. Дуьне, вай абаденна даларна дахийтинчу Адам бахьана долуш, хӀинцале кхелйина дара (хь. Яхьъя 3:17, 18). Дала леррина къобалвина Ӏийса тӀе а эцна, Цунна дерриг а шайн дахар лерина берш бен, Веза Эла волчу кхочур бац, шайн лаьттара дегӀ дитича. ПахӀала кхин дӀа а боху тешачаьрга:

> Цундела тхуна, догӀмашна чохь долуш я царна чуьра кхелхина долуш, Везачу Элана тамехь дерг хилийта лаьа. ХӀунда аьлча вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха

> дIахIитта дезаш ду. Вайх хIораммо а ваьш кху дегIа чохь дехачу хенахь динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь, доггIург схьаоьцур ду.
>
> – Коринтхошка шолгIа дахьийтар 5:9, 10.

ХIора тешаш верг Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха дIахIуттур ву. Цу дийнахь вайх хIорраммо а лаьттахь яьккхинчу йоццачу хенахь дан кхиъначу гIуллакхех доггIург схьаоьцур ду. Вайн заманарчу ингалсан гочдарехь бохуш ду: «вайх хIорраммо а, хьакъ дерриг схьаоьцур ду». Вай вешан къиношна тIера кхелйина хир дац, Iийсан цIийно вай, къинах таIзар дIа а даьккхина, цIандина дела. Вайна совгIат хир ду я, бIостанехьа, ваьш лаьттахь муха даьхначух доьзна, цунах девр ду. Вайн гIуллакхаш а, дешнаш а, ойланаш а ур-атталла бахьанаш а теллина хир ду Цуьнан Дешан серлонгахь. Вай вешан дахар шайна тIехь дIахIоттийна, цкъачунна долу хIуманаш, довр ду, вайна царах цхьа а совгIат хир дац, ткъа абаденна дерг телхар доцчу совгIатехьа дерзийна хир ду ременные вещи (хь. 1 Ко. 3:14, 15).

Вай дерригенах девр ду я совгIат схьаоьцур ду. Ма-дарра аьлча дерриг а иштточу кепехь гуш хир ду: дериг а даьгна дIадер ду, ткъа вай ваьш цIергара девллачуха кIелхьара девр ду, я вай абаденна Дала леррина къобалвинчу Iийсаца Курса тIе охьаховшур ду (хь. 1 Ко. 3:15; Довз. 3:21). Башхалла чIогIа йоккха ю. Хьалхарчу хиламехь вай цхьа а тайпана совгIат схьа ца оьцу; шолгIачу хиламехь — вай кхоччуш ял схьаоьцу, ткъа дуьззина доцу совгIат юккъехь дуьсу. Кхелъечохь тIеэцна хин болчу сацамах, «абаден кхел» олу (хь. Iеб. 6:1, 2), цуьнан маьIна ду, хIинца кхин цхьа а хийцамаш а, цхьа а нисдарш а хир дац. Цундела жамI дойла ду, вай Дала леррина Къобалвинчун жIаран терго муха еш лелла хиларо, вай абаде мичахь йоккхур ю билгалдоккху. Тешаш дерш санна долчу вайн дахаро, вай абаде муха дIакхоьхьур ю билгалдоккху.

Цундела, Дезачу Йозанаша абаден кхелах а, совгIатах а лаьцна хIун боху хаар, чIогIа лараме ду. И хаар, Дала леррина Къобалвинчун хьехам юьхьанцара я долош дерг санна, гайтина ду. Юьхьанцарчу школехь бух ешар а, яздар а, математика а, иштта кхин дIа а долчу хаарийн кибарчигашца хьалабуттуш бу. Лакхарчу классашкахь а, институтехь а яз муха до а, еша муха йоьшу а, дагардар муха до а, эца муха деза а, дIа муха даккха деза а ца хууш, юьхьанцара образовани йоцуш, дешаран сурт хIоттадойла дуй ткъа? Дац. Амма, Дала леррина Къобалвинчун хьехаман

юьхьанцара хаарш а доцуш, шайн керсталлин дахар дӀахӀотто гӀерташ берш ма дукха бу-кх. И хаттар оццул лараме хиларна, со «Абадене кхийда дегнаш» цӀе йолу книга язъян меттахваьккхира, цу тӀехь цунах лаьцна ма-дарра гойтуш ду. Ас и книга ешар рекомендаци йо шуна.

## Лаьттара дахар

Вай, дикачу марздаларша кхелъярехь совгӀат хилийтаран ваӀда хилар билгалдаьккхира, амма церан декъалалла вайн дахарехь кху лаьттахь а тӀекхуьу. Вай доьшу: «ХӀунда аьлча мелла а пайда хуьлу шен дегӀ чӀагӀдархьама къахьегарх, ткъа суьпа хила Ӏамар массо а агӀор пайдехьа ду. Цуьнгахь ю хӀинцалерчу а, хиндолчу а дахарна йина чӀагӀо» (1 Ти. 4:8, курсив авторан).

Вайн Да вайна совгӀаташ хӀинцца а, тӀаьхьа а дан лууш ву, нагахь вай Цуьнан хьехамаш кхочуш беш хилахь. Вайга аьлла ду: «Лаьтта тӀехь а болуш, дикачу нахана царна догӀуьрг луш хилча, Ӏеса а лелаш, къинош летош болчарна цул сов а иза лур ду» (Киц. 11:31, хӀинцалера гочдар). Стигалшкахь хилла а ца Ӏаш, амма лаьттахь а. ТӀаккха кхин дӀа вай йоьшу: «Дика стаг веллачул тӀаьхьа цуьнан бахам берийн берашна а кхочур бу» (Киц. 13:22, хӀинцалера гочдар). Якъуба кӀел сиз хьокху: «Шаьш Ӏеха ма дайта, сан хьомсара вежарий. Муьлхха а дика а, кхачаме а совгӀат лакхара, стигалан серлонаш кхоьллинчу Дегара догӀу. Иза, уьду мархаш санна, хийцалуш вац» (Якъ. 1:16,17).

Диканиг Делера догӀуш ду. Цхьа вон а, хӀаллакдаре а долу хӀума Делера ду ма ала, Цо дика дерг бен ца ло. Везачу Элана шуна Цуьнан совгӀаташ кхуззахь а, хӀинцца а дан лаьа. Цуьнан совгӀато шеца цхьа а негативан тӀаьхьалонаш ца йохьу. Вайга аьлла ду: «Везачу Эло декъалваро хьал дахьа, ткъа къахьегаро цунна хӀумма а тӀе ца туху» (Киц. 10:22) тӀаккха «Бакъволчу стагана диканиг дийр ду» (Киц. 28:20, хӀинцалера гочдар). Диканиг дийр ду бохург, иза «кхоччуш совгӀат» бохург ду.

Кхин дӀа а векалан Яхьъян дешнашка хьежарца, ас ойла йира: «Вай кхоччуш я кхоччуш доцу совгӀат схьаэца дезаш, я вуьшта цхьа а тайпа совгӀат доцуш диса дезаш долу дела, и дерриге совгӀаташ иштта вайн лаьттарчу дахарехь а хирг хилар тардалийтаран маьӀна ду». Нагахь Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан дахаре леррина хьаьвсича, иза бакъ хилар гуш хилла дӀахӀутту. Иза, адамашцца дуьхьал а Ӏитталуш,

лаьттахь леллашехь, царех цхьаволчо кхоччуш доцу совгӀат схьаоьцура, цхьаволчунна хӀумма а ца хуьлура, ткъа цхьаволчо кхоччуш долу совгӀат схьаоьцура. ХӀорра хилам къаьсттина схьа а лаьцна, иза я важа хилам муха гучуболу хьовсур вай, тӀаккха вайна Цо ваьшна кечдинарг гур ду.

## КОРТА 2

# ДУЬЗЗИНА ДОЦУ СОВГIАТАШ А, СОВГIАТАШ ДОЦУШ А

Назартехь дог деттадаларца ваIда дина волу Машахь схьаваре сатуьйсура; Исраил-мохк кийча бара Иза схьаварна, уьш леррина хуьйсура хуьлуш долчуьнга, хIунда аьлча хан тIекхаьчнера, сезон тIееанера. Делан халкъ, вайн заманан Iийсах тешарш санна, дара, вайх дукхах болчарна Цуьнан шолгIа схьаван везаш хилар хуучу хенахь дехаш долу дела. Iийсас, вайна хенаш евзар ю, амма де а, сахьт а девзар дац, аьлла. Цундела цхьа а тамашийна хIума дац исраилхошна Машахьан дуьххьарлера схьаваран хан евзаш хилар. Даниала шен книги тIехь тоъал нийса билгалъяьккхина и хан (Дан. 9:24-26), тIаккха закон туьдучу специалисташа хьекъалчашка жима бер Дала леррина Къобалвинарг мичахь леха веза аьллера (хь. Мат. 2:4). Царна хан тIекхаьчнийла хаьара, амма Машахь схьвеана ваьлла, аьлла хетачу хенахь, вайна адамийн тамашийна терго яр го:

> Цигахь башха тамашийна хIума ца даделира Iийсага, цхьаццаболчу цомгушчу нахана тIе куьйгаш а дехкина, уьш тобар бен.
>
> – Инжилан Марка дIаяздина дакъа 6:5

Тидам белаш кху дешнийн «Цигахь башха тамашийна хIума ца даделира». Масех шо хьалха, Дезачу Йозанийн хIара меттиг йоьшучу

хенахь, со ма-дарра сецна виснера цу дешнашна тIехь. Ас ойла йира:

«Секундехь собар дейша, кхузахь ца аьлла „Цо цигахь цхьа а тамашийна хIума ца дина», кхузахь къаьстташ аьлла ду, „Цуьнга цигахь цхьа а тамашийна хIума ца далора»». Нагахь «ца дира», яздина хиллехьара, ас цхьа а тидам бийр бацара, къамел Цуьнан Шен лаамах лаьцна хилар, къаьсташ хир долу дела. Делахь а, кхузахь «ца далора» яздина дара, цуьнан маьIна ду, Iийса цхьана хIумано сецавора, цхьана хIумано Цуьнан деш-леларна доза тухура. Кхечу гочдаршкахь хIара долуш дерг иштта кIел сиз хьокхуш а, кхетош а ду. Масала, шординчу гочдарехь бохуш ду: «Иза цигахь цхьа а тамашийна хIума дан хьуьнар долуш вацара».

ТIаккха хаттар кхоллало: Iийсага Назартехь цхьа а тамашийна хIума хIунда ца далора? ХIун дара Иза сецош дерг? Кхечу гIаланашкахь Цо тамашийна хIуманаш кхочушдора: бIаьрзенаш са гуш дIахIуьттура, къоранаш хаза буьйлалора, астагIнаш лела буьйлалора, белларш денлора. Уьш дIаяздина цхьадолу масалш бен дац. Инжила тIехь вайна Цо сих-сиха дуккха а цамгарш а, гIорасизаллаш а тодеш хилар го. Стенца ю те башхалла? Цо Шен хьомечу гIалахь цхьаберш бен то хIунда ца бина? Жоп вайна Назартерчу бахархойн кху дешнашкахь карор ду хьалхадогIучу байташкара:

> Мичахьара баьлла те Цунна и хьехам? И хIун хьекъал ду те Цунна делларг, и инзаре хIуманаш а хуьлуш Цуьнан куьйгашца. Ша дечиган пхьар а волуш, оцу Якъубан а, Юшан а, ЯхIудан а, ШамIин а ваша а волуш, Мареман кIант вац Иза? Кхузахь, вайна юкъахь, бац Цуьнан йижарий а?» Оцу нахана Иза къобалван ца лиира. Ткъа Iийсас элира цаьрга: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шайчарна юкъахь а, шен цIахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш.
>
> – Инжилан Марка дIаяздина дакъа 6:2-4

Хьовсур вай хуьлуш долчуьнга. Iийса Ша хьалакхиъначу гIала юха а верзий, шоьтан дийнахь Делан цIийне гуламе вогIу. Берриш а синагогехь гулбеллера. ЦIаьххьана Iийсас хьала а гIаттий, хIара дешнаш доьшу: «Везачу Элан Са дагца ду сан, хIунда аьлча Цо со къобалвина мискачарна хаза кхаъ кхайкхо» (Лак. 4:18).

Нах къамел стенах лаьцна ду кхетара, и дешнаш шайна девза дела.

Царна дуккхазза а хезнера пайхамараллин тептарех коьртачех цхьаъ долчу, ЕшаӀ-ЯхӀу пайхамаран тептар тӀера, Машахь схьаварах лаьцна долу и дешнаш. Иштта вайна бевзаш хезар бара Лам тӀехь бина хьехамаш я «Тхан Дада» боху доӀа, вай исбаьхьа кхетта хир дара, кхин дӀа догӀун дерг хӀун ду.

Ӏийсас кхин дӀа элира: «Цо со хаам бан ваийтина: чубоьхкинарш паргӀат а бохур бу, бӀаьрзечарна серло а лур ю. Со ваийтина ву Ӏазапехь берш мукъабаха, Везачу Эло Ша нахана дика болх бен йолу хан дӀахаийта» (Лак. 4:18-20).

ХӀинца берриге гулбелла берш ца кхеташ дерг цхьаъ бен дацара: Деза Йозанаш доьшуш верг хӀара дешна воцу, кхеран юьртара къона стаг хӀунда ву, ткъа зедаларе раббиш а боцуш? ТӀаккха цӀаьххьана бомба эккхачуха хеза, Ӏийсас тептар тӀе а къовлий, дӀахьедо: «Тахана кхочушхилла хӀокху тептар тӀехь яздинарг» (Лак. 4:21), тӀаккха Цо кхечу гӀаланашкахь кхочушдинчу Ӏаламатех лаьцна дуьйцу, цу тӀехь Цо Шен чӀогӀа пайхамаралле дахьийтар чекхдоккху.

ХӀун? Цо баккъалла а аьлла и дерриг? Царна нийса хезний иза? Цо ма-дарра ЕшаӀ-ЯхӀус пайхамаралла динчарех цхьаъ Ша ву боху? Цхьа а доцург! Хьекъале доцу хӀума! Ӏадоран ца тешарца адамаш вовшашка баха дуьйладелира: «ХӀара Ӏийса ву! Вуьшта Цо хӀун леладо? И хӀун ду Цо дуьйцург?»

Соьга сурт хӀоттало цхьа муьлххачу нанас иштта бохуш: «Хуьлийла дац! Иза сан кӀантаца цхьана классехь доьшуш вара». Кхечу иштачу ларамечу зудчун тӀетевжаш, олийла дара: «Цуьнан доьзал тхуна юххехь бехаш бу. Иза Бенджаминца ловзура!»

Кхечеран дагадоуьйтийла дара: «Цо тхуна, оха хӀора денна шена тӀехь делкъе еш йолу, стол йина! Цо тхуна гӀаьнташ дина! Иза дечиг-пхьеран кӀант ву! ХӀун ду Цуьнан дагахь дерг: „Везачу Элан Са дагца ду сан», Цунна Ша мила ву моьтту?»

Тахана вай эр дара: «Иза сан кӀантаца футболах ловзуш вара! Я Иза сан йоӀаца цхьаьна математически классехь доьшуш вара!»

Церан шайн Ширачу Весетан кхетаман бухана тӀедоьгӀна уьш шайн юьхьша сурт хӀоттар долуш бара Машахь схьаваран. ХӀара ду ЕшаӀ-ЯхӀу пайхамаран тептар тӀера кхин а цхьа дакъа:

> ХӀунда аьлча вайна бер дина – кӀант велла вайна. Олалла хир ду Цуьнан белшаш тӀехь. Цунна цӀе туьллур ю: Тамашийна

> Хьехамча, Нуьцкъала Дела, Гуттар а волу Да, Машаран Эла. Цуьнан олалла дІасадаьржаш хир ду, цу чохь машар даим лаьтташ хир бу. Даудан тІаьхьенах волу паччахь санна цо шен пачхьалкхана тІехь куьйгалла дийр ду. И пачхьалкх дІа а хІоттийна, цунна тІехь паччахьалла дийр ду цо нийсонца а, диканца а, хІинца дуьйна абаденналц. Массо а ницкъийн Везачу Элан эмгаралло кхочушдийр ду иза.
>
> – ЕшаІ-ЯхІу пайхамаран тептар 9:6, 7

Делан халкъ, Іаламехь доцу хьекъалалла долу а, нуьцкъала даккхархо а волуш вогІун волчу, сийлахь Паччахье сатуьйсуш дара. Цара, Цо уьш римхоша охьатаІийначуьра паргІат а даьхна, доьзнадоцу къам кхуллург хиларе сатуьйсура. Цо Даудан паччахьан гІант дІа а лаьцна, гуттаренна а урхалла дийр ду. Амма Іийса халкъана юкъара стаг а, цаьрца цхьаьна цхьана школехь денша а, урамашкахь кхечу берашца цхьаьна ловзуш а, воьлуш а, Шен деца цхьаьна йийбар еш а, иштта мафи (ял лахьораш) а, нахаца леларш а гонаха болуш хьалакхиъна волуш а санна, веача, Іаламехь ду, Иза шайца ваьхна берш цецбевлла хилар. Уьш цунах ца кхетара, цаьрга иза шайна чу ца тардалийталора. Массанхьа а цара маьхьарий деттара: «Оха иштта сурт ца хІоттадора Машахь схьаваран!».

Дала леррина къобалвинчу Іийсан гІалахь адамаш «КІант велла вайна» бохучу пайхамараллина а цуьнан кхоччуш кхочушхиларна а юкъахь, аьлла ма-хиллара «Цуьнан олалла дІасадаьржаш хир ду, цу чохь машар даим лаьтташ хир бу», бохучух ца кхетара, аьлча а Машахьан шолгІа схьаварна а юкъахь масех эзар шо дериг хиларх.

Кху хиламо, Дезачу Йозанашкарчу кхечеран могІарехь, кхета хала долу билггал бакъдерг дІадоьллу: сих-сиха Дала вайна оьшуш дерг, вайна тамехь хетар доцчу юкъахьарчорехь кхехьуьйтур ду. Стенна? Вайна, Иза Дела вуйла а, тІаккха вайга Цуьнан деш-лелар хьалххе дуьйна дагадаийталург ца хилар а, хаийтархьама. Жоьпаш вешан хьекъалца карадойла дац, вай Иза Ша а, Цуьнан совгІаташ а дагца леха деза. Деза Йозанаш адамийн доза тоьхначу кхетамца интерпретировать дойла дац. Делан Синан садеІар хила деза. Цо цхьаммо лур ду вайна хьекъалалле хьехар, тІаккха цунах нийса пайда муха эца беза а гойтур ду.

## ЧӀогӀа контраст

Ас кхин а цхьа масал далор ду шуна. Парушхой а, берриш санна, нуьцкъала Машахь — даккхархо а, Делан халкъ римхойн охьатаӀорах кӀелхьардоккхун долу, турпал а, лоьхуш бара. Уьш, садеттар доцуш Цуьнан схьаваре сатуьйсуш болу, хьалхабевлларш бара, царна шаьш а урхалла дийр ду моьттура Ярушалаймехь чӀагӀйинчу, керлачу пачхьалкхехь. Иштта, дешна а воцу Галилейра стаг, Ӏийса веача, уьш Цунах буьйлура, Иза церан Машахьан сурт хӀотторца вогӀуш воцу дела.

Ӏийсага даим а дуккха а хаттарш дора. Цхьана меттехь вай йоьшу: «Цкъа парушхоша хьаттира Ӏийсага: «Делан Олаллин де тӀе маца кхочур ду?» – аьлла. Цо жоп делира: «Шуна гучу кепехь догӀур дац Делан Олалла. Цхьаьнгге а алалур дац: „Иза кхузахь ду“ я „ДӀогахь ду“, хӀунда аьлча Делан Олалла шуна юкъахь ду» (Лак. 17:20, 21).

Парушхой юха а, Машахь лаьттахь паччахьалла деш хирг хиларан, ЕшаӀ-ЯхӀун пайхамараллина тӀетевжа. Уьш а Машахь лоьхуш бу, Дезачу Йозанийн церан шайн интерпретацина тӀедоьгӀна, Цуьнан вастан сурт а хӀоттош, Делан Синан лелорна тӀетийжачу метта. Царна Дела дагца а доцуш, ткъа хьекъалца вевзара.

Дустарна, иштта Машахь дуьхьалкхета лууш хиллачу, кхин а цхьана стаге хьовсур вай. Цуьнан цӀе ШамӀа яра. Инжилан Лакас дӀаяздинчу декъехь бохуш ду:

> Цу хенахь Ярушалаймехь ШамӀа цӀе йолуш цхьа стаг вара. Иза чӀогӀа Делах кхоьруш а, дика лелаш а, Исраилан халкъана синтем хиларе сатуьйсуш а стаг вара. Делан Са а дара цуьнца. Цунна Делан Синера хаам бара, Везачу Эло леррина Къобалвинарг галлалц, иза лийр вац аьлла. Делан Сино валийра иза Делан цӀийнан керта. Мареммий, Юсуппий, жима Ӏийсай цига баьхкича, Ӏийсана тӀехь, Дала товратахь тӀе-ма-диллара, гӀуллакх дан, ШамӀас, Ӏийса куьйгаш тӀе схьа а эцна, Далла хастам а беш, элира...
>
> – Инжилан Лакас дӀаяздина дакъа 2:25-28 (курсив авторан)

Ма-дарра аьлча ШамӀин дешнаш, хӀинцца ткъе итт де бен кхаьчна доцу бер, Машахь кхайкхор кхето мегар ду. Ткъа хӀинца уггаре а тамашийна дерг. ХӀара, дуьнен чу даьлла ткъе итт де бен доцу бер,

Машахь хилар тІеоьцуш волу стаг ву. Оццу хенахь ерриге а Назарто тІе ца оьцу Иза. Цуьнан ткъе итт шо а кхаьчна, Иза хІинца адамийн ерриге историхь цхьана а стага ца дина инзаре Іаламаташ дан волавелча а, парушхой Цунах буьйлур бу! Стенна? Дела Са долу дела, тІаккха Иза а, Цуьнан некъаш а девзаш берш, Иза, билггал бакъдерг дІадоьллучу, Цуьнан Синца вовза дезаш бу. ШамІина а, бисинчу массарна а юкъахь вуно йоккха башхалла ю, тІаккха и башхалла вай къаьстташ ган езаш ду. Дезачу Синан довзийтаро вайна, дуккха долчу адамашка Делера долу шайн кхоччуш долу тІаьхьалонна диснарг схьа хІунда ца эцало, кхета гІо дийр ду вайна.

## Сий

Долош, Іийсас Шен цІахь болчара Цуьнан гІуллакхдарна йинчу тергоне хьовсур вай. Цо аьлла: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шайчарна юкъахь а, шен цІахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш» (Мрк. 6:4).

Сий — хІара ду коьрта дош. Цара сий ца дира Цуьнан.

Грекийн дош сий — time («ти-ми» олуш ду), аса кху дешан а, кхуьнца догІучу кхечу дешнийн а дукха талламаш бина. Со дуккха а грекийн меттан дошамашка а, кхечу книгийн комментаришка хьийжира, царна тІехь суна грекийн меттан талламаш карийра. Сан иштта дика грекийн мотт буьйцучу нахаца уьйр хилира, царех цхьаъ Грецехь вехаш ву, цуьнан доьзал хІинца йоьалгІачу тІаьхьенехь тешачарех бу. Кхин а цхьа динан гІуллакхдархо Великобританехь вехаш ву. ХІинца суна, берриге сан талламаш шайна чохь цхьаьнабалош долу, билгалдаккхар дала лаьа шуна.

Time (сий) бохучун уггаре а дуьххьалдІа а, ма-дарра а долу билгалдаккхар — иза «мехалалла» ду. Нагахь аша цхьа муьлххачу грекахочуьнга time дош алахь, цо цуьнан цхьана «мехала а, деза а, дуккха маьІна долчу а» хІуманан сурт хІоттор ду, масала, деши. Ойла ейша — аша цхьа мух-мухха а йолчу хІуманашца цхьаьна деши яьшки чу дуьллур ма даци-й, долччул сиха аша цунна мелла а лараме меттиг карор ю. Сийн кхин долу билгалдаккхарш — «лакхара мах хІоттор, ларар, дегорца терго яр, лерам бар».

Цкъаццкъа, дешах гІоле кхетархьама, цунна дуьхьалдолчу маьІне хьовса деза. Сий бохучу дешан антоним — цаларар ду. Грекийн дош

atimia. Цуьнан цхьадолу билгалдахарш: «ларам а, лерам а цабар», «цхьа гуттара санна, долчуьнан, гӀарадалаза долчун терго яр, ялхочуьнга санна». Нагахь аша грекахочуьнга „ларам цабар» алахь, цунна цхьа гуттара санна, дайн долчух, атта схьа а догӀуш, Ӏаь санна дӀадоьдуш а долчун ойла йийр ю. Кхин а алсам ларам цабаран кеп цхьа эхье а, охьатаӀош а долуш санна, тӀеоьцуш хир ду.

Грекийн дошамаш а, комментариш а теллича, со, сий деш-леларан а, дешан а, ур-атталла ойланан а гарехь гойла хиларх кхийтира. Амма даггара долу сий даим а даг чуьра долуш хир ду. Цундела боху Дала: «ХӀара халкъ баганца Суна тӀекхочу, маттаца Со лору цо, амма церан дегнаш Суна дукха генахь ду. Суна хьалха болу ларам адамаша Ӏамийна долу парз бен дац» (Еш. 29:13, курсив авторан).

Билгалделаш, Дала боху: «Суна хьалха болу ларам». Билггал бакъдолу сий, Далла хьалха ларам болчу дагера схьадолу. Иза чӀогӀа лараме ду, тӀаккха ва цу тӀе кхин дӀа а юхадоьрзур ду.

Ӏийсас аьлла, Назартерачу адамаша Цуьнан сий ца дина, аьлча а Цуьнан хьомечу гӀалахь Иза мехала а ца лаьрра, тергал а ца вина. Царна Иза Делан лаам кхочуш бархьама вахийтина хилар ца хиъна. Долччул сиха царна Иза массо а санна волу стаг, дуьххьалдӀа лулара кӀант санна гина. Билггал цу тӀехула цара кхоччуш доцу совгӀат бен схьа ца эцна. Ӏийсага цигахь цхьа а Ӏаламаташ ца даделла. Цхьа а хӀара ду аьлла хӀума ца хилла цигахь: хила тарло, масех стаг корта лозучуьра, кхин а масех стаг артритах товелла, шина стеган букъ табалар а хилла.

Ойла ейша цунах лаций. Ӏийса — Делан КӀант, барам боцуш Дезачу Синах вуьзна волу Адамийн КӀант, — цомгушнаш а, берриге иблисан долахь берш а тобалийтархьама вахийтина верг ву. Амма Цуьнга Шена тӀедиллинарг кхочуш цадало, Далла цу гӀалахь болу берриш а тобалийта ца лаьа дела а доцуш, ткъа цара шаьш, Цунна богӀуш боллу ларам ца беш, Цунна доза тоьхна дела. Цара Цуьнан меттигерчу массо а санна волчу кӀентан санна терго йина. Цундела царна чӀогӀа кӀезиг долу, кхоччуш доцу совгӀат схьаэцна (масех цомгушниг бен то ца велла).

## Цхьа а совгӀат доцу хьал

Инжила тӀехь вайна кхин а цхьа масал карадо, иза, Ӏийса цӀа чохь а волуш, дуккха болчу хьехархошна а, Деза Йозанаш девзачу Ӏелам нахана

а хьоьхуш волчу хенахь дара. И гIуллакхдархой Галилайн а, ЯхIудан а мехкашкара ерриге а гIаланашкара баьхкина бара, Цуьнга ладогIархьама. ТIаккха вай йоьшу: «Нахана дарбанаш лелорхьама, Iийсаца Везачу Элан ницкъ бара» (Лак. 5:17, курсив авторан).

Тидам белаш цомгушнаш бохучу дешан — къамел цигахь хилла долчу адамех лаьцна ду. ХIинца билггал бакъдерг ала пурба лойша суна: Дала цкъа а цхьа а хIума эрна ца дойу. Дагадаийтийша, Iийсас цкъа хьалха виъ эзар, ткъа тIаьхьа пхи эзар стагана юург елла хилар. Шина а хиламехь Цо къовламе дерриге диснарг схьалахьаде олу, цхьа а хIума ца дайархьама. Цо, вайх дуккха а болчара дуьххьалдIа цигахь Iаддуьтун дерг я нехаш дIаккхуьссучу яьшки чу кхуьссун дерг схьалахьийнера. Изза гойла ду Дезачу Йозанийн ерриге а меттигашкахь, Делан гIуллакхашкахь. Цо цкъа а цхьа а хIума эрна ца дойу.

Иштта, нагахь Везачу Элан ницкъ парушхой а, товратан хьехамчаш а тобарехь гайтина хилча, цуьнан маьIна ду, мел лаххарчу а барамехь царех цхьанна, я хила тарло, царех дуккха болчарна тобалар оьшуш хилла. Ткъа хIинца сан-сайн зедаларца эр ду ас шуьга. Вайн заманан хьолан сурт хIоттор вай. Масех бIе стаг зал чу схьагулве, иштачу йоккхачу тобанехь мел лахара а иттех стаг, я хила тарло, кхин а алсам адамаш тайп-тайпаначу цамгаршца хир ду. Делан ницкъ уьш тобархьама бу цигахь, амма царех цхьа а толуш вац.

ТIаьхьо масех стага энаша лаьцна волу шайн доттагI валийнера нийсса шен маьнги тIехь Iуьллуш а волуш. Уьш неIарехула чоьхьабийла гIиртира, амма церан гIуллакх ца хилира, ерриг а чоьхьаволийла адамех йоьттина йолу дела. ТIаккха уьш кхечу некъахула чоьхьабовла гIоьртира. Юхадовларан метта, цара тхов тIе а бевлла, тховх Iуьрг а даьккхина, энаша лаьцна верг нийсса Iийсан когашна хьалхха охьавиллира. ТIаккха вай йоьшу: «Церан Шех тешар а гина, Iийсас элира: «ДоттагIа! Хьан къиношна гечдина», – аьлла. ТIаккха Iелам наха а, парушхоша а шайн дагахь бохура: «И ма Iеса къамел ду Цо деш дерг. Иза мила ву? Къиношна гечдан хьенан бакъо ю, цхьа Дела воцучун?» (Лак. 5:20, 21).

Билгалделаш, Лакас яздо, парушхоша «шайн дагахь бохура». Жимма кIорге охкур вай и. Цу адамаша вовшийн лере а боьлхуш шабар-шибар дора те? Я уьш тобанашка а гуллуш, Iийсан дешнашка хьийса буьйлабелира те? Хьал къаьсташ хилийтархьама, вай Инжилан Маттайс дIяздинчу декъе хьовса деза. Цо яздо, цара «шайн дагахь бохура» (Мат. 9:3, курсив авторан). Иштта, вайна го, хьехамчаша Iийсан шайн

ойланашкахь бен ларам ца бинера. Хезаш цара цхьа а эхье а, критикин а, догlуш доцу а дешнаш ца олура, уьш шайн дагахь бен иштта ойланаш йолуш бацара. Марка а иштта яздо «Шайн дагахь цара бохура» (Мрк. 2:6). ЛадогIийша, Iийсас церан ойланашна хIун жоп ло:

> Цу сохьта, церан дог-ойла хууш, Iийсас цаьрга элира: «ХIун ойланаш ю аша йийраш? Цомгушчуьнга ала хIун ду атта: „Хьан къиношна гечдина“, я: „ХьалагIатта, хьайн мотт-гIайба а эций, дIагIо“? Амма Суна лаьа шуна хаийта Адамийн КIентан дуьнен тIехь къиношна гечдан олалла дуйла». ТIаккха цомгушчуьнга Iийсас элира: «Ас боху хьоьга! Хьала а гIаттий, хьайн мотт-гIайба схьа а эций, цIа гIуо!
>
> – Инжилан Марка дIаядина дакъа 2:8-11

> «Важа, сихха хьала а гIаьттина, шен мотт-гIайба а эцна, массарна а гуш аравелира. Чохь болчара чIогIа инзарбевлла, Далла хастамаш беш, бохура: «Тхуна цкъа а ца гина хIуманаш ду-кх хIорш!» (Мрк. 2:12).

Уьш цецбуьйлура, амма царех цхьа а то цавелира! Царна цхьа а совгIат ца хилира, цара дуьххьалдIа шаьйн ойланашкахь Iийсан цхьа а ларам ца бина дела. Кху хиламехь дешнаша а, деш-леларо а доцуш, хезаш схьааьлла йоцчу ойланаша, ловзийнера шайн роль. Дагахь латтаделаш, сий дар а, цаларар а гIуллакхашкахь а, дешнашкахь а я ойланашкахь а гойтийла ду, амма даггара сий дар даим а даг чуьра арадолуш ду.

Дуккха болчу парушхоша а, законан хьехамчаша а, Iилманчаша а хIинца Iийсан сий ца даран марздалар. Уьш Цунах бийла а буьйлура, цабашарца терго а йора, дуккхазза а нахалахь Иза сийсазаваккха а гIоьртура. «Парушхой а, Iелам нах а чIогIа Iийса тергалвеш бара, Далла леринчу шоьтан дийнахь Цо дарба до я ца до хьоьжуш, юха Иза бехке вархьама» (Лак. 6:7). Кхечу меттехь вай йоьшу: «Парушхой а, Iелам нах а чIогIа Iийса тергалвеш бара, Далла леринчу шоьтан дийнахь Цо дарба до я ца до хьоьжуш, юха Иза бехке вархьама» (Лак. 20:20). Кхузахь иштта масех билгалдаккхар бен дац, ма-дарра аьлча уьш чIогIа дуккха доллушехь. Шуна го, цу наха Iийса дуьххьалдIа ца лерина а ца Iаш, амма уьш ур-атталла Цуьнан сий дайа а, Иза юьхьIаьржахIотто а лууш бара.

Назартерчу адамаша Дала леррина Къобалвинчун ларам ца бинера, тӀаккха царна жима кхоччуш доцу совгӀат хилира. Парушхоша шайн дагахь сийсазвора Ӏийса, тӀаккха царна совгӀат хиллане а ца хилира. ХӀинца кхоччуш долу совгӀат схьаэцначу адамашка хьовсур вай, тӀаккха церан совгӀат цхьа-муьлххачу кепара сий даран агӀонца зӀе йолуш дуйла а хьовсур вай.

## КОРТА 3

# КХОЧЧУШ ДОЛУ СОВГІАТ

Шен гІуллакхдар дІадолош Іийса Къапарнаме вогІу, тІаккха Цунна цигахь римхойн офицер, бІехо, дуьхьалкхета, цо Дала леррина Къобалвинчуьнга, къиза бала хьоьгуш, энаша дІалаьцна волу шен ялхо товар доьху. Іийса реза хилира: «ДІа а веана, Аса товийр ву иза», аьлла (Мат. 8:7).

ТІемалойн хьаькамо жоп делира: «Со хьакъ вац Хьо сан тхов кІел ван» (Мат. 8:8, курсив авторан).

Собар дел цкъа минотана, «хьакъ вац»? Иза-х толам баьккхинарг ма ву эшийна волчуьнца хабар дуьйцург! Римо оккупаци ярца дІалаьцна исраилхойн халкъ. ХІета римхойн офицеро жуьгти волчу дечиг-пхьере стенна боху: «Эла! Со хьакъ вац Хьо сан тхов кІел ван»? Иза-х американски флотан полковнико иракхойн хидалош волчуьнга иштта аьлча санна, дерг хир ма дара: «Со хьакъ долуш вац хьан тхов кІел ван». Гой шуна, мел лору оцу стага Іийса? Хьовсийша, римхойн бІехочунна и дечиг-пхьар ма-дарра Мила ву хаьа. Цо Іийсан ларамечу стеган санна терго йо, тІаккха ма-хуьллу алсам лерам а бо. Кхин дІа тІемалочо кхетадо: «хІунда аьлча суна тІехь лаьтташ а ву хьаькам. Сан сайн карахь а бу тІемалой. Аса „Валол!“ аьлча, царах муьлхха а ваха веззачу дІавоьду. Вукхуьнга „Схьавоьл кхуза!“ аьлча, иза схьавогІу. Сайн ялхочуьнга „Иза де!“ олу, цо и гІуллакх до» (Мат. 8:9).

Цкъа-делахь, цу офицеран дарже хьовсур вай. Римхойн легионехь ялх эзар салти а, ерриге легионна тІехь команда деш волу цхьаъ а вара. Ялх эзар стаг волчу легионехь кхузткъе итт бІехо вара, цара команда деш

волчунна доклад йора, тIаккха хIорра бIехочун куьйга кIел бIе салти вара.

Цо Iийса, муха а, хIунда а ша доьхуш долчо болх бийр бу, кхетаво. Цуьнан салташа иза лара а лорура, уьш цунна муьтIахь а хуьлура, цо команда деш волчун сий а деш, цуьнан олаллина муьтIахь хуьлу дела. Цунна тамехь хетара шен командованис гIо деш хилар, шен рогIехь, иза римхойн олалло чIагIдеш дара. Мелла а дуьххьалдIа болчу маттахь гайтича, ала мегар ду: «Сан олалла ду, аса сайн пачхьалкх а, сайн командовани а лору дела, олаллин лерам а беш. Иштта, дерриг а ас дандезарг, дош алар ду, тIаккха сан куьйга кIел болчара, сихонца дерриг а сан буьйранаш кхочушдийр ду».

Тидам белаш цуьнан дуьххьарлерчу дешнийн: «Со а волу дела». Цо Iийсана тIера Делан олалла хилар тIеоьцу, цу тIемалочунна, Iийса гуш йоцчу синан лакхаллечу Пачхьалкхехь олаллах пайда оьцуш вуйла хаьара, ша а тIемалошна юкъахь олалла долуш хиларе терра. Цундела кхеттера иза, оьшуш дерг деккъа дуьххьалдIа буьйра дар бен дац, тIаккха цамгар цунна муьтIахь хила езара. Цунна-х бен ма дац, цуьнан куьйга кIел болчара буьйранан мел сихонца терго йийр ю. Хьовсийша, муха жоп ло Iийсас:

> Iийсана и къамел хезча, Цо цецваларца Шена тIаьхьахIоьттинчаьрга элира: Ас билггал боху шуьга, цу тайпана Делах тешар Суна исраилхошна юкъахь а ца карийна.
>
> – Инжилан Маттайс дIаяздина дакъа 8:10

Кхетий шу? Iийсас, цу римхойн тIемалочун Хих чекхдохучу Яхьъян чул а сов тешар хилар, дIахьедо! Ойла елаш цунах лаций. Хих чекхдоху Яхьъя Исраилера ма варий. Хьовсур вай кхин дIа: бIехочун тешар Iийсан Ненан, Мареман чул а алсам дара. Iисас дIахьедира, Исраилехь дaькхинчу дерриге а ткъе итт шарахь, Цунна цкъа а ца нисделла, цу бIехочуьнгахь долччул тешар. Ткъа Iийсас цкъа а тIехдоккхий хIума ца олура. Римхойн гражданин а, римхойн армин тIемало а волчу, хIинца исраилхошна оккупаци йинчеран агIор волчо, ма-дарра долу совгIат доккху.

Со тешаран стаг ву, тIаккха ас шу а иштта хиларе сатуьйсу, тешар доцуш Далла тамехь дерг дойла доцу дела (хь. Iеб. 11:6). Дезачу Йозанаша боху: «Делахь, Дала леррина Къобалвинчух лаьцна долу дош цхьаммо кхайкхийча, адамашна хаза кхаъ хеза, ткъа и кхаъ хезча, адамаш

Цунах теша» (Рим. 10:17). Со къовса кийча ву, Хих Чекхдохучу Яхьъяна Дезачу Йозанашкара дерг дуккхазза а алсам хезна хир ду кху римхойн бӀехочунна чул, иштта делахь а, бӀехочун тешар алсам дара. Суна хетало (тӀаккха долччул а сиха, со бакъ а ву), Ӏийсана бевзаш хилла болчу, Цуьнан Нанна Маремна а, шийтта мурдана а, кхин дуккха болчу исраилхошна а Делан Дош дуккха а алсам хезна хир ду, римхойн тӀемалочунна чул, делахь а цуьнан тешар алсам нисделла, царех муьлххачул а. Сте дина те цуьнан тешар оццул сийлахь? Цо Ӏийсан сий даро а, цуьнан олаллах кхетаро а. Инжилан Лакас дӀаяздинчу декъан 17-чу коьртан (5-10) байташкахь вайна, тешар дуьххьалдӀа Делан Дош хазаро деш дац, цуьнца цхьаьна сий дар а, олалла тӀеэцар а дан дезаш хилар, го.

Цу стага шен кхоччуш совгӀат схьаэцна, цо сий дина дела а, олаллин духехь долчух кхетта дела а. Цуьнан олалле йолчу тергоно, цуьнан даг чохь ларам бар хилар гойту. Иштта, цуьнан бахьанийн орамехь сий дара.

## ДӀатеттина йоцу зуда

Марка дӀаяздинчу Инжилан ворхӀалгӀачу коьртехь вай, Ӏийса волчу гӀо доьхуш еанчу, сирофиникиянка дуьнен чу яларца а йолчу, грекахойн зудчух лаьцна истори йоьшу. Дезачу Йозанаша, иза ца соццуш Цо цуьнан йоӀ жинах паргӀатъяккхар доьхуш хилла боху. Цуьнан маьӀна, Ӏийсас цуьнан хьалхара дехар а, иштта шолгӀа дехар а тӀеэцна ца хилла хилар ду. Долччул сиха, иза Цунна тӀе дуккхазза а лелла. Схьахетарехь, Иза цуьнга ур-атталла хьажа а ца хьаьжна. Амма иза кхин дӀа а доьхуш лелара. Цо сатийсар ца дуьтура, тӀаккха эххар а цунна жоп хилира: «Ӏийсас элира цуьнга: «Цкъа хьалха бераш дузадайта, хӀунда аьлча нийса а хир дац берашкара юург, схьа а яьккхина, жӀаьлешна тасар» (Мрк. 7:27).

ХӀара байт шайна ма тов интерпретировать йойла ду, амма маьӀна хӀетте а цхьаъ ду. Ӏийсас цунах жӀаьла аьлла! Ма воккхавоь со и зуда американка ца хиларна. Иштта дацахьара Ӏийсан жоп луш хастор доцу дешнаш хаза дезар дара. Цо иштта бага тухур яра: «ХӀун! Ахь сох жӀаьла эр дара? Вуьшта а Хьо хӀун гӀуллакхдархо ву? Хьо муха ваьхьа со емалъян. Со гӀо доьхуш еана, тӀаккха хӀара ду-кх суна хуьлуш дерг? Кхузахь-м расизман хьожа ма йогӀу! Со грекахо бен йоцуш, ткъа Хьо жуьгти хиларна, Хьуна сох жӀаьла ала Хьайн бакъо ю моьтту! Иза емалдар ду! Хьайн гӀоьнчашца кхузахь хиъна а Ӏаш, шен йоӀах лаьцна хьашт долчу, зудчун Хьайга кхайкхаран тидам а ца беш, Ӏаш волу! Мичахь бу Ахь кхайкхамаш

беш болу Хьан безам? ХІа, хІинца кхеташ ду, кхузахь тоба яц, битам бита цхьа а вац, кхузахь Хьо а, Хьан гІоьнчаш а бен бац, хІинца-х ма го суна Хьо ма-дарра Мила ву. Хьо шалханча ву, сох дерг тоьар ду! Со дІайоьду кхузара!».

Нагахь иза дов дан йолаеллехь, цуьнан йоІ цкъа а толур яцара. Иза цхьа а совгІат доцуш дІагІур яра. Делахь а зуда кхоччуш кхечу тайпана лийлира. Мелхо а, иза Цуьнца реза хилира, тІаккха цу агІонгахь цунна шен совгІат хилира: «Эла, ур-атталла жІаьлеша а ма доу стоьла кІел бераша эгийна цуьргаш. ТІаккха Іийсас элира цуьнга: «Ахьа иштта жоп даларна маршонца цІа яха мегар ду хьо. Жин арадаьлла хьан йоІана чуьра» (Мрк. 7:28, 29).

Суна сайна гуш санна хета, Іийса вела а къежаш, корта а лестош, цу зуда-деланийхочун тешарх воккхавеш хилар. Цунна дацаре алалур дара ткъа Цуьнга? Цо цуьнга цуьнан йоІ жино йитина олу, иза цІа йоьду, тІаккха цунна шен йоІ маьрша карайо!

Нагахь иза жигаралле йоцуш а, халахеташ а хиллехьара, совгІат хиларан муьлххачу а сатийсарх яьлла хир яра. Цунна Іийса Мила ву хаьара, тІаккха цо цхьана а секундина шен лерам баран агІо дІа ца теснера. Цо юхацайоллуш гІо доьхура, ур-атталла емалдаре хеталучу терго яре а ца хьоьжуш, иза дІа а ца яхара, лен а ца йолаелира. Шен къарцаяларна цунна кхоччуш долу совгІат хилира.

Тамашийна хІума ду-кх, шина а хиламехь вайна, ИбрахІиман весетехь доцчу, деланийхойх долчу адамийн инзаре тешар го. БІехочо а, зуда-грекахочо а шайн тешарца цецваьккхинера Іийса. Уьш дуьххьалдІа, вайн юкъараллехь чІогІа сих-сиха тергал ца еш йолчу агІонех кхеттера, догдоьхначу хьелашна юккъехь цара шиммо а лерам бира тІаккха царна кхоччуш долу совгІат хилира.

## Сий даран агІо

Нагахь шу Инжила тІехь долчуьнга леррина хьаьвсича, шуна адамаша кхоччуш доцу а, кхоччуш долу а совгІаташ схьаэцна я вуьшта цхьа а тайпана совгІат ца хилла долу, дуккха а кхин масалш гур ду. ХІора масал башха а, сий даран барам шатайпана гойтуш а ду. Цхьаболчара тоъал ларам ца бина Іийсан, кхечара даггара сий дина Цуьнан, кхоалгІачара ган а гуш долу сий цадар а, цаларар а гайтина. Ур-атталла текста тІехь

дӀадиллина сий дарх лаьцна бохуш дацахь а, хӀетте а и агӀо лелаш ю, иза синан лакхалле закон ду, цунах лаьцна Дала аьлла:

> Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий1, амма Сан цӀе сийсаза йоккхуш верг юьхьӀаьржачу а хӀуттур ву.
>
> – Паччахьаллех лаьцна хьалхара тептар 2:30

Сий дар стигалшка лараме догӀа ду. Суна лакхахь хьахийначу байтехь язйина йолу «сий даран агӀо» тамехь хета. Делан сий динчеран, Цо сий дийр ду. Билггал иштта болх беш ю и агӀо. Ӏийса леринчу хӀорранна а стигалара цуьнан хьашт дерриг хилла, цо бинчу лераме хьаьжжина. Ойла ейша цунах лаций: ялхо товелла, йоӀ жинах маьрша хилла, амма и доцург а, вай ду, кху хенналц церан харжам а, тешар а даздеш долу!

И агӀо къаьстташ къеггина серлаяькккхина ю ша Пасахьан хьалха йолчу эпизодехь. Ӏийса Бет-ХӀинехь чкъуран цайоьрзу цамгар йолчу ШамӀин цӀахь вара. Ӏийса массаьрца цхьаьна стоьла хьалха хиъна Ӏаш волчу хенахь, Цунна тӀе цхьа зуда еара, мехалчу кхаби чохь чӀогӀа деза даьтта а дохьуш. Оцу дезачу даьттан мах массо а санна волчу белхалочун шарахь долчу алапин барамехь бара. Ӏийсан когаш тӀе бӀаьрхиш а Ӏанийна, шен месашца уьш бакъа а бина, тӀаккха кхаба дӀа а йиллина, дерриг а и даьтта Ӏийсан коьрта тӀе доьттира.

Цо Ӏийсан шортта даьтта хьакхарца ларам бира, амма цӀа чохь хиллачу адамех дерриш дацара даккхийдеш: «Цхьаболчара, резабоцуш, оьгӀазаллица вовшашка бохура: «Стенна оьшура иштта харж ян? ХӀунда аьлча и даьтта кхо бӀе а сов ахчанах дохка мегар ма дара, тӀаккха и ахча мискачарна а доькъуш» (Мрк. 14:4).

АгӀонгара хьаьжча царна хетарг кхоччуш хьекъале а, тешош а гойла дара. Чохь болчара къенчарах лаьцна ойла йира, тӀаккха оццу хенахь цара цу муьрехь хуьлуш долу кхин сурт юкъахдолуьйту. Церан стигалш а латта а Кхоьллина волчу Делан ларам бан аьтто баьллера, Цуьнан КӀентан Ӏийсан сий дарца. ЛадогӀийша, ма чӀогӀа бехк боккху цаьргара Устаза:

> Ӏадйитийша и зуда, эхь хӀунда хоьтуьйту аш цунна? Цо Суна динарг дика гӀуллакх ду-кх. ХӀунда аьлча мисканаш гуттар а хир бу шуна юххехь, царна шайна лиънаачу хенахь лур ду аш сагӀа,

---

* Делан Йозанийн ингалсан маттахь гочдарехь: «Аса Суо леринарг лорур ву». — Билгалдаккхар гочдархочун.

> ткъа Со даим хир вац шуьца. Со дIаволларна хьалххе кечам би цо, шега далург деш. Аса баккъалла а боху шуьга: дерриг а дуьнен тIехь, и хаза кхаъ кхайкхочу массо а меттехь, цу зудчо динарг, цуьнан сий айдеш, хьахор ду.
>
> – Инжилан Марка дIаяздина дакъа 14:6-9

ЭхI, ма дан а ду! Шуна хезирий, Цо иза муха хастийра? Iийсан заманчохь дуккха болчара сийлахь гIуллакхаш дора, амма цхьа а Цо ца лерира иза санна. Iийсас пайхамаралле элира, дерриг а дуьнен тIехь, и хаза кхаъ кхайкхочу массо а меттехь, цу зудчо динарг, цуьнан сий айдеш, хьахор ду.

Иза Устазан сий дан лууш яра, амма Цунна тIе даьтта Iанорца, цунна шена сий дар хилира Устазера. Сий даран агIо массанхьа пайда оьцуш а, даим лелаш а хир ю. Дала боху: «Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цIе сийсаза йоккхуш верг юьхьIаьржачу а хIуттур ву» (Шам. 2:30, NIV, вайн заманан гочдар, курсив авторан). Тидам белаш, Цуьнан сий ца динарш, юьхьIаьржачу хIиттийна хир бу. NIV гочдарехь сийсазван бохучу дешах пайда оьцу, цуьнан маьIна ду «цхьа-муьлхха цхьаъ кхечуьнан тидам барна а, ларам барна а хьакъ доцчу хенахь долу хьал». Дала лору, Иза ца лоруш берш, Цуьнан тидам хила хьакъ долуш бац. Иштта ала а мегар ду, Цо церан хьаштийн а, доIанийн а тидам бийр бац.

ЛадогIийша, хIун боху Iийсас: «Ас Вохуьйтург тIеоьцуш волчо Со тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу» (Яхьъя 13:20). Iийсас бохучун контекстехь, цхьаъ тIеэцар, Иза ларар маьIна ду. Иштта, Iийсас боху: «Да лоручу тайпана, КIант а ларийтархьама». Цундела боху иштта къаьстташ вайга: «КIант ца лоручо Иза ваийтина волу Да а ца лору» (Яхьъя 5:23).

Iийса лоруш хиллачара, шаьш иза хаа а ца хууш, Да а лорура. Iийсас аьлла: «Адамашкара сий дар ца оьшу Суна» (Яхьъя 5:41); Шен даг чохь а, ойланашкахь а Цо дерриг а сийлалла Дена дIалора. Иза хIинца а гIараваьлла вацара. Амма Иза гIара-ма-велли, Дас сихха буьйра дира: «Делан массо а маликаш Цунна хьалха охьатаьIийла» (Iеб. 1:6), тIаккха кхин а: «Хьан олаллин гIант, Дела, абаденналц лаьтта, Хьан паччахьалла нийсонан паччахьалла ду» (Iеб. 1:8, хь. иштта Пил. 2:8-10). Иза гIара-ма-велли, Цунна Дена санна, Iибадат дан буьйлабелира.

Амма Iийса лаьттахь лелачу заманахь, Иза Адамийн КIант санна вехаш а, гIуллакх деш а хилла. Пилапхошка дахьийтарехь (2:6,7), Делан

Йозанийн шординчу гочдарехь бохуш ду: «Делан вастехь Ша велахь а, Цунна ца хетара, Ша Делах тера хиларх Ша пайда эца беза аьлла. Мелхо а, Шен возалла дӀа а тесна (дерриге озабезаме хиларх а, бакъонца хьакъ долуш хиларх а ваьлла), лен васт тӀе а эцна, адамах тар а велла, тӀехьаьжна а адам хилла Иза». Ша Адам долуш, Шен даг чохь Цо дерриг а Шен дина долу сий Шен Дена дӀалора. Цундела олура Цо даим а Ша тодеш долчу адамашка: «ХӀокху хӀуманах лаьцна цхьаьнгге ма дийцалахь. Ваха а гӀой, хьо динан дега а гайтий, тӀаккха Далла лерина сагӀина хӀума ло, Муса-пайхамаро вайна тӀе-ма-диллара. Хьо товаларан тоьшаллина хир ду иза нахана хьалха» (Мат. 8:4). ТӀаккха юха а йоьшу вай: Ӏийсас царна чӀоггӀа тӀедиллира: «Цхьанна а стагана Сох лаьцна хаа йиш йолуш дац шуна» (Мат. 9:30), иштта дешнаш вайна Инжила тӀехь массанхьа а тӀеӀиттало.

Лаьттахь Ӏийсан Деца зӀе хилла хиларна, муьлххачу а адаман Ден сий даран гӀолехь йолу кеп — иза Цуьнан КӀанте нийса терго яр гайтар ю. Цундела Цо цхьа а тайпана бехк баккхар ца дира Цуьнан когаш тӀе деза даьтта Ӏанийначу зудчунна. Цо цкъа а Ша лоруш болчаьргара бехк ца боккхура, мелхо а, Цо уьш декъалбора цара Цуьнан Деца йолу зӀе лоруш хиларна. Кхетийша, Цо Шен дуьхьа сий дар ца лоьхура, амма долччул сиха Ша вахийтина болчеран сий даран агӀо кхоллаялийтарна дара.

## Сий даран Ӏовр

Нийсса жӀарах дӀатохале хьалха Ӏийсас Цуьнан гӀуллакхдар, Иза дӀаваханчул тӀаьхьа муха кхин дӀа доьдуш хирг хиларан, кӀоргге чулацам бира:

> Ас боху шуьга, шуна Со гур вац, цхьа хан а еана, аш аллалц:
> „Декъала ву Везачу Элан цӀарах вогӀуш верг!“
>
> – Инжилан Лакас дӀаяздина дакъа 13:35

Кхечу дешнашца: «Шуна со гур вац, Ас шайна „Везачу Элан цӀеран дуьхьа ВогӀун верг декъала ву» аларца, бахийтинарш тӀелаццалц». Я кхечу тайпана олийла ду: «Со шуна вевзар вац, Ас Сайн цӀарах бахийтинчеран, аша сий даллалц». Совца а совций, кху меттигна тӀехь ойла ейша. Ӏийсас, Ша бахийтинарш вай тӀе а лаьцна, лерам бинчул тӀаьхьа бен гучувер вац, аьлла. Стенна? Ӏийсас цу хаттарна Дезачу Йозанийн кхечу меттигашкахь

жоп ло. Ишттачу дІахьедарех цхьаммо боху: «Баккъалла боху Ас шуьга: Ас Вохуьйтург тІеоьцуш волчо Со тІеоьцу, ткъа Со тІеоьцучо Со Ваийтинарг а тІеоьцу» (Яхьъя 13:20, курсив авторан).

Дерриге лакхахь аьллачун серлонгахь, сий даран агІонах вайн дахарехь пайда муха эцийла ду, бохучух лаьцна, Іийсас кхин дІа хІун боху, хьовсийша:

> Шу тІеоьцуш волчо Со а тІеоьцу, ткъа Со тІеоьцучо Со Ваийтинарг а тІеоьцу. Пайхамар пайхамаран дуьхьа тІеоьцучунна, пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тІеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю. Царах лахара волчунна а гІо диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а.
>
> – Инжилан Маттайс дІаяздина дакъа 10:40-42

МаьІна а ца хуьйцуш, кху байташна юкъа тІеоьцучунна а, ял хир ю а бохучу дешнийн метта, ларам бийр бу дешнаш дІахІитто пурба лойша суна.

Шу лоручочо Со а лорур ву, ткъа Со лоручо Со Ваийтинарг а лорур ву. Пайхамар пайхамаран дуьхьа лоручунна, пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа лоручунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю. Царах лахара волчунна а гІо диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а.

Кху байташкахь ларам баран структурех гІолехь кхетархьама, тидам шина коьртачу ойланашна тІебахийта беза. Цкъа-делахь, Делан Пачхьалкхехь олаллин структура ю. Иза Дена тІера дІа а йолаелла, Цо вахийтинчу а, дерриге олалла деллачу а Іийсага дехьадолуш ду. Денвеллачул тІаьхьа Іийсас аьлла: «Стигалшкахь а, кху дуьнен чохь а мел йолу бакъо Сан кара схьаелла» (Мат. 28:18). Иза — динан тобанан Корта бу, тІаккха, Цо берриге а мостагІий Шен кога кІел а бехкина, Пачхьалкх Дега дІалун долу де догІур ду (хь. 1 Ко 15:24-26).

Олаллин иерархехь кхин дІа пайхамар лаьтташ ву. Диц ма делаш, Іийса цу дешнашца Керла Весет доцчу адамашка вистхуьлуш вара. Царна, вайна евзаш йолу терминологи а, дешнийн цхьаьнатохарш а ца девзара, Цундела Цо уьш кхетачу маттахь дуьйцура.

Ширачу Весетан заманахь пайхамарш Везачу Элан векалш санна деш-лелара (Ара. 4:16,7:1). Іебархошка дахьийтаро (1:1,2) тӀечӀагӀдо: «Хьалха Дала дукхазза а, тайп-тайпана а дийцина вайн дайшка пайхамаршкахула, ткъа кху тӀаьхьарчу деношкахь Шен КӀантехула дийцина Цо вайна. Дерриге а кхочун долу Цуьнан КӀант ву дӀахӀоттийна. Цуьнгахула массо хӀума а кхоьллина». Керлачу Весетехь юха а боху, Іийса беллачарна юкъара ден а велла стигалшка хьалаваьллачу хенахь, «Цо Ша дӀахӀиттийнера цхьаберш векалш бина, шолгӀанаш пайхамарш бина, вуьш хаза кхаъ кхайкхорхой бина, кхинаш, Іуьно жа санна, динан тоба Іалашйийраш а, динан хьехамчаш а бина» (Эпа. 4:11).

Нагахь Іийса вайга тахана вистхиллехьара, Цо иштта олийла дара: «Векал Векалан цІеран дуьхьа леринчунна, Векалан ял хир ю; тІаккха динан тобанан Іуналхо, Іуналхочун цІеран дуьхьа сий динчунна, Іуналхочун совгІат хир ду». Изза догІуш хир ду пайхамаршна а, инжилкхайкхорхошна а, хьехамчашна а.

Инжилан Маттайс дІаяздинчу декъан итталгІачу коьртехь Іийса пайхамарш (я, кхечу дешнашца, хьалха бевлла берш) лararна тІера бакъахьара лелачарна тІеволу, тІаккха «лахарниш» лararца чекхволу. Цо, иштта я вуьшта тешаш берш тІеІитталуш болу олаллин ерриге тІегІанаш дІалоцу, тІаккха вайн гІайгІа баран а, олаллин а кІелахь болчаьрца чекхдоккху. Вай иштта я вуьшта тІеІитталуш волу хІора стаг, ягарйинчу оцу я кхечу тобанера ву.

Иштта, вай шолгІачу коьртачу ойланна герга догІу. Нагахь вай вешал лакхара берш ларахь, вайна ял хир ю. Нагахь вай ваьшца цхьана барамехь болчеран ларам барца терго еш делахь, вайна ял хир ю. ТІаккха, эххар а, нагахь вай вешан олаллин а, гІайгІабаран а кІелахь болчийн ларам бахь, вайна иштта ял хир ю. ДагадогІий шуна вай перефразировать муха дира: «Шуна, Аса Сайн цІеран дуьхьа вахийтинчун сий даллалц, гур вац Со». Нагахь вай хІара дешнаш Инжилан Маттайс дІаяздинчу декъера байташца цхьаьнатохахь, вайна, кхаа тІегІанех волчу хІорраммо а стигалара инзаре совгІаташ тІеийзош хилар, карор ду. И доцург а, цу совгІаташа даим а шайца, Іийса Мила ву аьлла, сийлахь довзийтинарш кхоьхьур ду. Иза, книгин дерриг а дисинчу декъана, вайн тІедерзар хир ду.

## КОРТА 4

# ГІУЛЛАКХ ЛИДЕРЦА ДАЦ

Хьалхарчу кхаа коьртехь вай Дезачу Йозанийн дуккха а меттигашка хьаьвсира, сий даро, вайна Везачу Элера цхьа-хІуъа а хила луучу хенахь, мел лараме роль ловзайо билгалдаккхархьама. Доцца юхаэр вай: векало Яхьъяс, вай тІедирззина кхоччуш йолчу йолана тІегІерташ дехаш хиларна, хьехамаш бо вайна. Цо «кхоччуш долчу совгІатна» тІе гІерта дезаш хиларна кІел сиз хьокху дела, кхоччуш доцу совгІат хилар а, иштта цхьа а тайпа ял ца хуьлуш висар а хуьлийла ду. Іийсан гІуллакхдарехь вайна гира, кхоччуш долу совгІат схьаэцна адамаш а, кхоччуш йоцу ял хилларш а, цхьа а тайпана ял ца хилла долу адамаш а хилла, Цуьнга йолчу тергоне хьаьжжина (аьлча а цара Цуьнан ларам мел бина хьаьжжина).

Іийсас Ша дІавахале хьалха аьлла: «ХІинца билггала шун ЦІа Дала дІатесна ду. Ас боху шуьга, шуна Со гур вац, цхьа хан а еана, аш аллалц: „Декъала ву Везачу Элан цІарах вогІуш верг!“» (Лак. 13:35, перефраз авторан). Цу кепара, Іийсас вайга, нагахь вай баьчча лоруш хилахь, вайна Далла баьччанехула хила лууш йолу ял хир ю, боху. Амма вай иштта кхечу тешаш болчийн а сий дан дезаш ду, тІаккха, эххар а, вешан олаллин кІел болчийн а. Цкъа хьалха вай олалла долчаьргахьа доьрзур ду, ткъа тІаккха, тІаьхьабогІучу кортошкахь, йисинчу шина агІонга хьовсур ду.

## Вайн заманара масалш

Со, дуккха а гез а деш, Инжил кхайкхош болчу динан гIуллакхдархошца юьхьша вевзаш ву. Хьалхарчу рогIехь суна зудий, майрий долчу Т. Л. а, Дэйзи а ОсборнгIеран команда хьахо луур дара. Тхан Лизица дезткъолгIачу шерийн юккъехь цаьрца цхьаьна гIуллакх дарна гIоли йолу меттиг нисъелира. Цу деношкахь со бархI эзар декъашхо волчу динан тобанехь болх беш вара. Сан болх, хьеший-кхайкхамчаш тIеэцар кхочушдаран, чулацам болуш бара. ОсборнгIар тхо долчу тайп-тайпаначу хиламашна богIура, цу кепара тхан сих-сиха аьтто болура цаьрца уьйр хила. Тхан доттагIалла тасаделира, вовшашка кехаташ а кхехьуьйтуш, зIенаш а етташ, хилла дIахIиттира тхо. Шозза Т. Л-ас тIеюху хIуманаш чохь йолу посылка яийтира соьга, сан цуьнца цхьатерра йогIуш размер яра. Иза сан тешаран турпалхойх цхьаъ вара, хIинццалц ван а ву.

Цу ханна Т. Л. а Дэйзи-с а хIинцале миллионаш адамийн синош кIелхьалдовларе далийнера. Телевиденихула а доцуш, ткъа, дерриге а дуьненахула цара крусейдаш ечу хенахь, арахь майданашкахь. Крусейдийн дукхах долу дакъа цара Африкехь динера. Гуламашка 50 000 тIера 250 000 тIекхаччалц адам догIура.

ХIора гуламехь дуккха а болчу бIаьрзечеран баьргаш дIабеллалора. БIаьрса дайна а болуш, гуламе баьхкина болу нах, бIаьрса гуш дIабоьлхура! Амма иза айсберган лакхе бен яцара. БIенаш къора берш толора; дуккха долу адамаш тодалар доцчу цамгарех толора; носилкаш тIехь гуламе балийна, дуккха болу заьIап нах, шайн меттанаш схьа а эций, могуш болуш дIабоьлхура. Динан вашас Осборна дуккха а книгаш язйина, царна тIехь цо цуьнан гуламаш болчу хенахь, къаьсттина Африкехь, хиллачу тодаларан дерриге Iаламатех лаьцна гайтина.

Цуьнан дийцаршкара ас дагахьлатточарех уггар а доглазаме истори, Африкехь гуламашна юкъахь Дэйзинна тIе еанчу, зудчух лаьцна яра. Цо каралаьцна шен делла жима бер дара. Бер корта а хьулбеш одеялана юкъахьарчийна дара. Нанас бер Дэйзига а делла, иза дендалийтархьама, гочдархочуьнгахула цунна тIера доIа дар дийхира. Дэйзис дIахьарчийна долу жимачу беран дегI схьа а эцна, дуьххьалдIа долу доIа дан йолаелира. Масех секунда дIаяьлча, цунна жима бер меттаххьуьйш хилар хааделира, тIаккха цунна иза одеялана кIелахь йовхарш а, хьоршамаш а детта доладалар хезира. Цо одеяло дIайиллира, тIаккха цунна шега хьоьжуш волу, могуш-маьрша кIант гира.

Дэйзис, жимачу берана одеяло тIе а карчийна, иза нене дIаделира. Нана, одеяло хьала а айина, цуьнан юьхьа тIе а хьаьжна, йоккхаерца мохь хьекха хIоьттира. Дэйзи цецъелира, иза ца кхетара, шен беран йовхарш а, хьоршамаш а деттар хезчначу хенахь, зуда иштта мохь хьоькхуш стенне яцара. Иза, одеяло хьала а айина, жимачу бере хьаьжча бен, оццул карзахе йоккхаен стенна ца хIоьттира.

Дэйзис гочдархочуьнгахула цунах лаьцна хьаттира зудчуьнга. ТIаккха нанас жоп делира: «Сан бер цхьа бIаьрг болуш дуьнен чу даьллера. ШолгIа бIаьрг болчу меттехь еса бIаьрг чохь хуьлу меттиг яра. Ткъа хIинца, со цуьнга хьаьжча, жима бер соьга исбаьхьачу шина бIаьргаца хьоьжуш, гира суна!»

Цара, вайн денвелла КIелхьардохург волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсан цIеран дуьхьа кхочушдинчу сийлахьчу гIуллакххех лаьцна, дуккха кхин а тамашийна историш ю.

Сан кхин а цхьа доттагI ву дуккхазза а Африкехь крусейдаш йина волу, къаьсттина Эфиопехь а, Суданехь а. Цуьнан гуламашка 50 000 тIера 200 000 тIекхаччалц адамаш догIура, царех бIенаш толора, бIаьрзе бIаьргаш а, къора лергаш а дIаделлалора.

Масех шо хьалха цо соьга ерригенах уггаре а цецвоккхуш йолу истори йийцира. Цо гуламаш беш хиллачу, Африкин кIоштех цхьанхьа, «адам-маймал» цIе йоккху стаг вехаш вара. Иза оццул жинаша дIалаьцна хиларна, цхьаьнгга а лартIа цавалалора. Иза дитташ тIехь вехаш а, даим верзина ваьлла а, виълара а лелара. Цуьнан куьйгаш, когаш санна, шога а, берчаш евлла а дара. Масех меттигерачу бахархоша цунах къа а хетта, дIа а вихкина, гуламе валийнера. Сан доттагIчо соьга элира: «Джон, со чIогIа йоккхачу адамийн тобанна кхайкхам беш вара, тIаккха суна и стаг хIаваэхь леккха ирх а иккхина, бархI фунт барам гергга хиллал, тIаккха иштта цIаьххьана лаьтта охьавужуш гира. Иза меттах цахьуьйра. Суна иза велла моьттира. Амма шолгIачу дийнахь иза со волчу сцени тIе хьалавелира, костюм тIе юьйхина а волуш, тIаккха цо тоьшалла дира Дала ша кIелхьара муха ваьккхира. Иза вара «адам-маймал».

И хилам хиллачул тIаьхьа цо бохура, тоба иттаннаш эзарна тIера бIеннаш эзарна тIекхаччалц алсамъелира, гонаха йолчу меттигехь массарна а «адам-маймал» вевзаш хилла дела. Цу дерриге а адамашна, йийсархо йилбазийн ницкъех паргIат муха ваьлла хаза лаьара.

Соьга и санна долу Iаламаташ, къаьсттина Африкехь, гина болчу

божарех а, зударех а йолу историш чаккхе йоцуш йийцалур яра. Амма гIуллакх стенца ду аьлча, изза гIуллакхдархой Америке я малхбузерчу пачхьалкхашка юхабоьрзу; изза стаг, изза дахьийтар, изза даьтта хьаькхна хилар, изза гIуллакхдаран кепаш, тIаккха масех адам бен корта лазарх а, букъан лазарх а, артритах а то ц ало. Стенна? Дерриг сийнан кхетамна гонаха хьийзаш ду! Цхьайолчу пачхьалкхашкахь, ас шуьга дийцинчу адамийн, боккха ларам барца терго йо. Цаьрга, Дала бахийтинчу божаршка а, зударшка а санна хьоьжу, тIаккха церан паччахьийн санна, терго а йо.

## Хьо Делан стаг ву, иштта дац и?

Масийттазза аса а гIуллакх дIакхехьна Африкехь, Кени а, Зимбабве а, Ангола а, кхин йолчу а пачхьалкхашкахь санна. Сих-сиха суна ур-атталла эхь хетара иштта тIеэцарца терго еш хиларна (церан эхьана а доцуш, дуьххьалдIа суна бегIийла дацара). Уьш соьца, шайна хьалха паччахь волуш санна, лелара. Цара со тоьллачу отелашка дIатарвора, ткъа суна хаьа, иза церан доккха финансови гIоьналла дара. Цара ерриге сан хIуманаш дIасакхоьхьура, ур-атталла Делан Йозанаш а. Цара суна тоьлла юург а лора, тIаккха уггар а гIолехь долчу адамаша гIуллакх а дора суна.

Суна дагадогIу, масех эзар адам гулделлачу аудиторина хьалха кхайкхам бина ваьллачул тIаьхьа, со кондиционер йолчу чоьнна чу вигнера (исттачу гуламашкахь кондиционер йолу чоьнаш — чIогIа наггахь бен доцург ду). Цхьа зуда, масех кхин зударий гонаха а болуш, суна тIе еара, гIуллакх дархьама. Голашна тIе а лахъелла, корта охьа а таIийна, иза тас лаьцна лаьттара, ткъа оццу хенахь кхин зуда тIе еара, куьйгаш дила хи чохь долу гIумгIа а йохьуш. Сан куьйгаш а дилина, кхин а цхьа зуда еара гата а дохьуш, тIаккха цо сан куьйгаш дакъадира. Цара суна дерриг а гIолехь дерг лора, сан ма-хуьллу ларам а беш.

Зуда суна хьалха голаш а саттош дIахIоьттича, суна чIогIа бегIийла доцуш хийтира тIаккха ас ойла йира: «Соьга сайга дилалур ду куьйгаш; ахь дан ца оьшу иза». Амма Дезачу Сино къовламе дIахьедира соьга: «Ур-атталла ойла а ма е дуьхьал хила. Хьайна гIуллакх дан магаде царна».

Сий дарна а, текъар дарна а юкъахь башхалла ю. Абаденна вай вешан Дела волчу Везачу Элана а, Паччахьна а бен текъар дац. Делахь а вай гуттара а сий дийр ду, сий дан хьакъ болчийн. Иштта ду низам Делан Пачхьалкхехь.

Суна дагадогӀу, 1990-чу шерашкахь суна озабезам хиллера цхьана чӀогӀа вевзаш волчу векалан хьалхабевллачарна кхайкхам бан. Цу стеган куьйгалла дечу ерриге а динан тобанашкахь пхи миллион гергга адам дара. Цуьнан динан тобанаш африкански континентан берхӀитта пачхьалкхехь ю. ХӀора шарахь февраль баттахь цо динан тобанийн берриге коьрта Ӏуналхой схьагулбо (ткъа уьш ялх эзар стаг ву, Ӏуналхойн гӀоьнчаш цу гуламашкахь ца хуьлу). Цо Америкера а, кхечу континенташкара а баьччанаш кхойкху царна кхайкхамаш бан. Суна дагадогӀу, иза дерриге а дезткъе итталгӀачу шерашкахь уггаре а чӀогӀачу динан гӀуллакхдарех цхьаъ дара. Ас ма-дарра кхечу дуьнен чуьра стага санна кхайкхам бора. Делан цигахь хилар цеваккхаре дара.

Гуламашна юккъехь, ас жимма лакхахь гайтина ма-хиллара долчу масалца догӀуш, суна гӀуллакх деш цхьа стаг вара. Иза дӀаваханчул тӀаьхьа, векало соьга а хьаьжна, элира: «Хьуна хӀинцца гӀуллакх дина волу стаг гирий хьуна? Иза дийнначу пачхьалкхан Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчийн Дуьненнаюкъарчу ассоциацин коьртехь верг вара хьуна».

Со Ӏадийна вара. Жимма метта а веана, ас ца тешаре шабар-шибар дира: «И дерриг а цо сан дуьхьа дира?». Со ца тешалора, иштта лараме дарж дӀалаьцна волчу стага, иштта дуьххьалдӀа сайна гӀуллакх дан даларх. Суна сий дар дара цунна юххехь латтар, тӀаккха цул совнаха цуьнга сайна гӀуллакх дан магор.

ТӀаккха цу сийлахьчу векало леррина соьга а хьаьжна, ца кхетарца элира: «Хьо-х Делан стаг ма ву, иштта дац и?» Ас тӀаккха ойла йира: «Тхо американцаш дуьххьалдӀа кхетар дац».

## Векал тӀе муха оьцу

Ткъа шо сов хан ю со Делан Дош кхайкхош лелаш волу. Ас даим а билгалдоху, долччул а атта гӀуллакх дар хьалакхуьуш йолчу пачхьалкхашкахь а, туьрмешкахь а, тӀеман базанашкахь а ду, цигахь уггар а дукха Ӏаламаташ а, билгалонаш а хуьлу дела; цигахь кхайкхам бан атта а ду, Дела хилар чӀогӀа хаалуш а хуьлу. Стенна? Цигахь долччул сиха олаллин сий а, кӀоргге ларам а бо дела.

ДагадогӀу, цкъа суна гира, гӀуллакх гӀуллакхдархо волуш санна соьца а доцуш, ткъа адамаша со тӀе муха оьцуш хиларца ду. Со Цхьаьнакхеттачу Штатийн къилба-малхбалерчу декъехь йолчу динан тобанехь кхайкхам

бан безаш вара. Оццу кIоштахь, шена чохь цхьаъ-ах эзар гергга чуьбоьхнарш болу, туьрме а яра лаьтташ. Динан тобанан коьрта Iуналхо иштта туьрмерчу динан ден гIоьнча а вара. Цо соьга кIиран дийнан Iуьйранна чуьбоьхкинчарна кхайкхам бар дехнера. Церан гIуллакхдар 8 сахьт даьлча Iуьйранна дIадолалуш дара, ткъа динан тобанера гIуллакхдар Iуьйранна 11 сахьт даьлча дIадолалуш дара. Тхан тоъал хан яра, шина а гуламе кхиархьама. Со воккхаверца реза хилира.

БIе сов чувоьллина стаг веара кIиран дийнан Iуьйранна гуламе. Iамалъяр инзаре дара: божарий доллучу даггара назма олуш бара. Суна кхоччуш дицделлера, суо къовламе низам долчу туьрмехь хилар, гуламан чаккхенгахь хастамаш бечийн хьалхаваьлла волчуьнга, иза чувоьллина мел хенахь латта веза, аьлла, хатталц. Цуьнан иштта цIена бIаьргаш а, самукъане юьхь а гуш хиларна, суна— шиъ я кхо шо, аьлла, жоп хезар ду моьттира.

Цо, тамашеначу синтеме хиларца соьга а хьаьжна, «Сэр, со кхаа валлалц чуволларан ханна кхелйина ву», элира. Дешнаш ца аьлча а къаьсташ ду, со Iадийна вара. Цо сан гайталун боцчу ларамца терго йора. Изза терго яр хааделира суна царех хIорраннан агIор а. Чубоьхкнарш баккхийбеш бара, кхечу гIалара гIуллакхдархо хан а карийна, кхарна Iийсах лаьцна дийца веана хиларна. Цара сан цецволу сий дира, цундела со кIоргге дог дешна вара цара тIеэцарх.

Микрофон сан карахь нис-ма-еллинехь, со кхечу дуьненара стаг волуш санна, хьеха а, кхайкхам бан а волавелира. ГIуллакхдар оццул чIогIа хиларна, со ницкъах вуьзна а волуш, шен команда чемпион хиларна ловза кечъеш волу футбольни тренер санна, сцени тIехула ведда лелара. Божарша чуьрабевлла маьхьарий хьоькхура. ТIехдика хан яра!

Ас сахьтехь кхайкхам бира, цул тIаьхьа Деза Са аудиторина тIедоьссира, кхин дIа долчу цхьаъ ах сахьтехь тамашийна хIуманаш хуьлура. Божарий кIелхьарбуьйлура, Дезачу Синах бузура, то а лора, царна кхоччучу ханна гIуллакхдарна тIекхайкхар а хезара.

Соьца дIасалелаш волчу сан гIоьнчано, гуламан чаккхенгахь суна тIе а веана, микрофон схьа а эцна, бIаьргех хиш а долуш, даггара элира: «Нагахь со кху кIоштахь вехаш велхьара, хIара сан меттигера динан тоба хир яра». Зала чохь чIогIа мохь белира, божарий баккхийбеш бара.

Тхо туьрмера 10.30 сахьт даьлча араделира. Динан тобанан Iуналхо а, сан гIоьнча а, со а иштта чу тамашийначу хьалаайаделлачу хьолехь

дуьсура. Тхо са цадетталуш Ӏаш дара динан тобанан Ӏуналхочун исбаьхьа гулам дӀаболабаларе сатуьйсуш. Ас элира: «Вай иштточу тамашийначу гуламехь хиллачул тӀаьхьа, кхин дӀа берг цецдохуш хила беза». Суна дуьххьалдӀа, тхо чоьхьа ма девллинехь, тхуна тӀехь долу сийлалла цу динан тобанерчу гуламе дехьадер дуйла, хаьара.

Суна цкъа а дицлур дац хӀетахь хилларг. Со гулам болчу чоьхьаваьлча, дош ца алалуш виснера. Гонахара хьал оццул дазделла а, охьатеӀош а хиларна, кхайкхам бан чӀогӀа хала дара. Ас даим а ойла йора: «ХӀара хӀун ду те, ши сахьт кӀезиг хан хьалха, аса кхечу дуьнен чуьра стаг волуш санна, кхайкхам а бира, гӀуллакх а дира. ХӀун ду те хуьлуш лерг?». Со ца кхетара, соьга сайна чохь цхьа а хӀума ца хийцалора. Со летта вогучуьра дӀавайначуха вара. Дезачу Сино сан дахарна тӀехь цӀаьххьана доза тоьхнера. Цу хенахь суна сий даран агӀонах лаьцна хӀинца а ца хаьара. Со хӀинца а Ӏемаш бен вацара. Амма хӀинца суна хӀорранна а цунах лаьцна довзийта лаьа!

Туьрмерачу гуламан истори кху тӀехь чекх ца яьллера. Ялхийтта шо дӀадаьллачул тӀаьхьа соьга Небраска Штатера Омаха гӀаларчу йоккхачу динан тобанехь кхайкхам бар дийхира. Суна цигахь сайга хӀун терго яр сатуьйсуш ду ца хаьара. Хьалхарчу гӀуллакхдарехь, суна тоххара кӀирандийнан Ӏуьйранна туьрмехь хастамаш баран тобин хьалхаваьлла хилла волу стаг вевзира. Со синан кӀорггелц Ӏадийна а, цецваьлла а вара. Ас цуьнга хьаттира: «Хьан цигара аравала аьтто муха белира? Хьо-х кхаа валлалц чуволларан кхелйина а, къинхетам бан цхьа а бакъо йолуш а ма вацара».

Цо, цу хенахь сурт хӀотто хала долчу, шен кӀелхьарвaларан Ӏаламатах лаьцна дийцира соьга. Цо, ялхийтта шо хьалха гулам юккъе баьллачу хенахь, ас шега деллачу пайхамараллин дешах лаьцна, дагадаийтира суна. Туьрмехь дӀакхехьна гӀуллакхдар пленки тӀе дӀаяздина дара, цу кепара цуьнан, цу гуламехь кхунах шех лаьцна долу дерриг а кехат тӀе яздойла хилира. Цу дерриге а шерашкахь цо дневник дӀаязъеш лелош яра. Цо со цу тӀехь долчуьнга хьажийтира, тӀаккха аса, айса хӀетахь туьрмехь цуьнга аьлла долу дерриг а дийшира. Дала цуьнга соьгахула иза Делан Пачхьалкхехь кхоччуш гӀуллакхдархо хилла дӀахӀуттур ву, ткъа цуьнан туьрмерачу беа пенна юкъахь долу гӀуллакхдар, цигара араваьлча кхин дӀа дан дезачу гӀуллакхдаран кечам бар бен дац, аьлла дара. Ас цуьнга и дешнаш сайна иза кхаа валлалц чуволларан хан тоьхна кхелйина хилар хаале хьалха аьлла дара. Со ма воккхавоь, сайна цуьнан хьал гулам

хилале хьалха хууш ца хилла хиларна, иштта дацахьара, луьра кхелйина хиларх дерриг хууш а долуш, суна хала хир дара иштта дешнаш ала.

Гой шуна цу туьрмерчу гуламехь Делан лелар, мел чIогIа дара, хIетте а цхьа сахьт хан дIа а ялале, вукху гуламехь динан тобанера атмосфера хила йиш йоцуш хала яра, тIаккха со цIе янне а йоцуш вара. Соьга кхайкхам халла балора. Цу дийнахь со, гIуллакх кхоччуш сайца а доцуш, ткъа со Делера ваийтинарг санна, тIеоьцуш вуй те, бохучух кхийтира. Чубоьхкинчара сан ларамца а, сий дарца а терго йира. Ткъа динан тобанехь гулбеллачара дерриг а шайн гарца ойла гойтура: «Тхуна и дерриг а хIинца хезна, тхуна кхузахь дукха гIуллакхдархой-хьеший гина, хьоьга кхин цхьа хIуъа а керланиг алалур дуй те?» Тайп-тайпаначу гIуллакхдаршна юкъахь йоккха башхалла ю, амма ма-дарра дерриг а цхьана дешах доьзна ду — сий.

## Ларам бе, ур-атталла хьайна халахетуьйтучу хенахь а

Пурба лойша суна Дезачу Йозанийн кхин а меттигаш гайта, цигахь къаьстташ боху, гIуллакх, гIуллакхдархо муха ву хиларца а доцуш, ткъа баьчча тIе муха оьцуш хиларца ду. Ширачу Весетан заманахь Елкана цIе йолуш цхьа стаг хилла. Цуьнан ши зуда яра Хьанат а, Паннана а. (Ма вок-кхавоь со кхин ши зуда хилар доцуш. Со чIогIа воккхавоь сайн цхьа зуда хиларна.)

Паннанин бераш дара, ткъа Хьанатан дацара, иза бер ца хуьлуш яра. Цу заманахь зударша шайн майранашка болу безам, царна бераш дарца гойтура, къаьсттина кIентий. Стенна? Божарийн тайпа кхин дIа хилийтар чIогIа лараме долу дела.

ХIора шарахь берриг а доьзал, Далла сагIа даккхархьама, Шиломе лелара. Паннанас кхин дIа а бераш дора, ткъа Хьанатан Везачу Элана хьалха дIахIотто цхьа а бер ца хуьлура. Хьанатан чIогIа дог духура, и доцург а, Паннанас иза хьийзо йолийра. Дезачу Йозанашкахь боху: «Везачу Эло цунна бераш ца далар бахьана долуш, Паннанас Хьанат кест-кестта сий-сазйора, цуьнга сагатдайтархьама» (Шам. 1:6). Сурт хIотталой шуьга, Паннанас деш хиллачу Iазапечу халахетарийн: «ТIаккха, сан доттагIа, хьанна веза вайшиннах майра чIогIа? Ас цунна оццул бераш делла, ткъа ахьа? Стенгахь ду хьан бераш? Хьо зуда яц, ур-атталла эханна а зуда яц. Хьан майрачунна хьо дIаюьжучохь хаа а лой те? Ахь хIун, дог керчадо цуьнан?

Дера, цунна со еза». Цо даим а хьийзайора иза.

Эххар а, цкъа Хьанатана кӀордийнера иза. Цо, Делан цӀа а яхана, Дела волчохь массо а Ӏазап хьегаршна генахь а йлуш, теяр каро сацам бира. Иза баланехь а йолуш, Везачу Эле доӀа деш яра, къаьхьа елха а йоьлхуш. Хьаната даггара бохура, цуьнан балдаш бен дӀасалелаш дацара, аз хезаш дацара. Цо Далла чӀагӀо йира. Нагахь Цо цуьнан бер хилийтахь, цо и бер гуттаренна а Далла лерина хуьлуьйтур ду, аьлла.

Иза шен дагахь доӀа деш яра: цуьнан балдаш хьуьйш дара, амма цо дуьйцург хезаш дацара. Цундела Ӏелина иза мелла ю моьттира. Цо цуьнга элира: «Хьо мелла ю! Малар дита деза!» (Шам. 1:13, 14). Юха эр ду ас, Хьанат американхо яцара. Иштта дацахьара Ӏелина тамехь доцург хезар дара. Долччул сиха, иза дарлур яра, иштта ойла а йина: «ХӀара хӀун динан да ву? Со сайн дог Далла хьалха далхош а, марха кхобуш а ю, ткъа иза со ехха лелаш хиларна бехке еш ву. ХӀан-хӀа, хуьлийла дац, хила тарло, суна харц хезна хир ду. Суна хетта бен хир дац, цо иштта аьлла хилар. Делахь а хӀан-хӀа, цо билггал иштта ала а аьлла. Ма къиза а, дог лазаме воцуш а ву. Ма эхьдоцург а ву. Динан цӀийнахь коьртаниг муха хуьлийла ду иза? Цунна таӀзар дан деза, иза балхара дӀаваккха веза, гӀуллакх дечуьра дӀаэккхо веза».

Цуьнан атта чуьра а яьлла, цунна мохь хьакхийла дара: Ахь элира суна ехха ю аьлла? Со марха а кхобуш, сайн дахарехь долчу хьаштана тӀера Далла хьалха сайн дог далхош ю, ткъа ахьа со ехха ю бохуш, бехке еш ю! Хьуна ур-атталла, цхьаммо ма-дарра даггара Дела маца лоьху, ца го! Хьо хӀун динан да ву?! ХӀара хӀун Делан цӀа а ду? Ас дерриг а сайн майрачуьнга дӀадуьйцур ду, тхан кхин ког а хир бац кхузахь! Тхо кхечу Делан цӀийне гӀур ду!»

Нагахь Хьанат иштта леллехьара, цунна цхьа а ял хир яцара. Цуьнан цкъа а бер хир дацара, тӀаккха цо Делан хьокъехь шен дог а чӀагӀдийр дара. Иза ишттачу, Далла цуьнан доӀа дӀа ца хезна, бохучу ойланца елла а хир яра. «Ас марха а кхебира, тӀейирззина доӀа а дира, амма Дала жоп ца делира». Делахь а Хьанат кхечу тайпана лийлира. Цо, шена халахетар дина волчу баьччане иштта жоп делира: «Иза иштта дац, сан эла. Аса я чагӀар а, я йий а ца мелла. Со сайн кийрара бала Везачу Эле дӀабелхош ю. Хьан ялхо йолчу сох вон зуда ма хеталахь. Аса оццул деха доӀа даран бахьана соьгахь лаьтташ болу бала бу» (Шам. 1:15, 16, шорд. гочд.).

Гой шуна, муха сий дира цо цуьнан. Хьаната цунах «сан олахо» элира, ткъа шех «лай» элира. Цо цунна боккхачу ларамца жоп делира, сий а

дира. ТIаккха Iелас элира цуьнга: «Марша гIойла хьо. Исраилан Дала хьан доIанна жоп лойла» (Шам. 1:17).

ТIаьхьабогIучу кхаа баттахь Хьанат берах хилира. Цо Делан цIийнахь доIа дина шо а далале, цо кIант Шамъал вира. Иза, Исраил-махке самадовлар деана волу, стаг хилла дIахIоьттира. Хьанатана лууш дерг а, цо доIа деш хилларг а, цо, шеца гIиллакхе ца хиллачу, коьрта динан ден лерам бинчул тIаьхьа схьаийцира, ткъа вукхунах Дала тIаьхьа иштта аьлла: «Аса цуьнга аьлла ду, цуьнан цIенна тIехь массо а тIейогIучу ханна таIзар дийр ду аьлла, хIунда аьлча цо шен кIенташа лелош долчу къинойх лаьцна а, цара лелош долчу дастамечу хIуманех лаьцна а шена хуъушехь, уьш саца ца бина дела. Аса чIагIо йо, цуьнан цIенна тIехь долу къинош муьлхха а тайпана даькккхинчу сагIанаша дIадохур дац аьлла» (Шам. 3:13, 14, вайн зам. гочд.).

Ма дан а ду! Шех а, шен доьзалх а лаьцна иштта дешнаш хазар, цхьанна хилийта луур дацара. Абаденна гечдар хир дац! ХIетте а Хьанатана Везачу Элера ял хуьлу, цо цу стеган сий дарна. ГIуллакх Iела муха хилла а, цо хIун дина хилла а бохучуьнца дац, амма Хьаната олаллица шел лакхара волчун терго яр муха хиларца, ду.

## КОРТА 5

# ОЛАЛЛА

Пайхамаран я баьччанан йолах лаьцна къамел кхин дӀа дале, вайн ша олаллин мехалалла ларамe хиларе хьовса деза. И билггал бакъдерг вайн дегнаш чохь чӀагӀделча, тӀаккха вайга лакхахь лаьттачийн даггара а, нуьцкъала а сий далур ду.

Сий бохучу дешан маьӀна дагадоуьйтур вай: «мехала ларар, цхьа ларамениг а, мехаланиг а санна тӀеэцар». Нагахь сийн объект олаллин стаг велахь, нийсса ишттачу хиламах лаьцна дуьйцур ду вай тӀаьхьабогӀучу кортошкахь, тӀаккха сийн ларам баран а, ур-атталла сий даран а маьӀна хуьлу. Уэбстеран дошамо (арахецар 1828 ш.) сий боху дош «сий дар, ларар; ларарца а, муьтӀахьхиларца а вистхилар, догӀуш долу тӀедилларш кхочушдар» санна, билгалдоккху. Кху билгалдаккхарера вайна, олаллина муьтӀахь хилар билггал долчу сий даран акт хилар, го.

Ваьш олаллин сий до а бохуш, амма и муьтӀахьхиларх а, ладогӀарх а дӀадоьрзуш хилар, шаьш шайн Ӏехор ду. Олалла ларар — олаллина муьтӀахьхилар ду; олаллин сий ца дар — цунна муьтӀахь цахилар ду. Дагаваийтийша римхойн бӀехо: иза олалла тӀеоьцуш а, цунна муьтӀахь а волу стаг вара. Иза цуьнан Ӏаламан кӀоргге даг чуьра дакъа дара. ТӀаьхьа цо чӀогӀа сий дира Ӏийсан, тӀаккха цунна шен кхочуш йоллу ял хилира.

## Олаллин биъ барам

Атта ду даха, Делан Пачхьалкхехь делегированни олаллина цхьа а терго а йоцуш, иза муха дӀахӀоттийна ду а, иза стенна оьшу а ондда кхетар а доцуш, къаьсттина вайн заманан юкъараллехь. Амма вайн дегнаш цу билггал бакъдолчуьнца чӀагӀдина хила дезаш ду. Вайга ма-дарра аьлла ду:

> ХӀора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтӀахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш Дала дӀахӀиттийна бу. Цундела Ӏедална дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг хуьлу. Ткъа иштта дерг долуьйтучара шайна тӀе кхел йоуьйту.
>
> – Римхошка дахьийтар 13:1, 2

Цкъа-делахь, билгалделаш, иза предложени а, хьехар а дац, амма буьйра ду. Иштта тидам белаш «хӀора адам» бохучу дешнийн. Кхечу дешнашца аьлча, берриш а, цхьа а юкъара а ца валуьйтуш. Ӏийсага кхойкхуш волу хӀорра а, цу дашна муьтӀахь хила декхарийлахь ву.

Муьлш бу и «лаккхара олалла дерш»? Кху текстехь ПахӀалан дагахь граждански а, урхаллин а олаллаш ду. Делахь а цу дӀахьедаран дешнех урхалла дечу лидерша эцна а ца Ӏаш, амма иштта кхечу векалдинчу олаллаша а пайда оьцу.

Керлачу Весетехь векалаллин олаллин еа тӀегӀанах лаьцна бохуш ду: граждански олалла, динан тоба, доьзал, социальни олалла. Социальни олаллах аларца, сан дагахь бу берриге хьаькамаш а, хьехархой а, тренерш а, иштта кхин дӀа а. Керлачу Весетехь олаллин хӀора кепах къаьсттина хьехам луш бу, делахь а долччул а сиха оцу я вукху ладогӀарх лаьцна дерриге хьехарш иштта векалаллин олаллин кхечу агӀонашна а догӀуш ду.

Дагадоуьйтур вай, пайхамар пайхамаран цӀеран дуьхьа тӀеэцарх лаьцна аларца, Ӏийсас изза бакъахьарчух лаьцна боху, тӀаккха чаккхенгахь кху кӀезиг болчарах лаьцна хьахадо. Ас хӀинца хьалха аьлла ма-хиллара, вайна кхузахь юкъараллин кхо тӀегӀа го, цаьрца вай иштта я вуьшта тӀеӀитталуш ду: вайна тӀехула берш, вайца цхьатерра берш, вайн олаллина кӀел тешна битинарш. Вайна тӀехула йолчу тӀегӀанах хьакхалуш, Цо динан тобанехь олаллин билгало ечу «пайхамарх» лаьцна боххушехь, агӀонаш а, низамаш а кху гонан дозанал арахьа а девлла, олаллин ерриге а

тIегIанашна тIехь дIасадаьржаш ду. ТIечIагIдарна Дезачу Йозанийн кхин а цхьа меттиг ялор вай:

> Цундела урхалчашна йогIу ял дIало, уьш и гIуллакх даим кхочушдан дIахIиттийна Делан белхалой болу дела. ХIоранна а хьакъ дерриг дIало: ял яла езачунна – ял, ясакх яла езачунна – ясакх, кхера везачух – кхера, лара везарг – лара.
>
> – Римхошка дахьийтар 13:6, 7 (вайн зам. гочд., курсив авторан)

Граждански олаллаш Дала дIахIиттош а, Цуьнан дуьхьа болх беш а ду. Церан сий дарца, вай, уьш ДIахIиттийначун сий до; тIаккха Дала вайн сий дийр ду. Сийн агIо иштта ю. Социальнин олаллин хьокъехь, вай хIара йоьшу:

> Оцу хьехамашна тIера дIа а бевлла, цхьаберш, даьссачу хабаршкахьа а бирзина, галбевлла.
>
> – Тимапига хьалхара дахьийтар 6:1
> (вайн зам. гочд., курсив авторан)

Вайна хIара байт кху кепара хезаш ю: «Хьаькамаллина кIел болчу берриге а белхалоша, шайна болх луш берш я хьаькамаш, муьлхха а сий даран хьакъ долуш лорийла». Я иштта: «Образовани схьаоьцуш болчу берриге студенташа, шайн хьехархой муьлхха а сий даран хьакъ долуш лорийла». Изза олийла ду спортсменех а, тренерех а, вуьшта, цхьаъ вукхуьнан куьйга кIел хилар юкъадалош, мулххачу юкъаметтигийн кепех лаьцна. Доьзалан олаллан хьокъехь, вай хIара йоьшу:

> Шайн да а, нана а лара – чIагIо тIетоьхна йолчу весетех хьалхарниг ду иза: хьайна дика хилийтархьама а, хьо лаьтта тIехь дукха вахийтархьама а.
>
> – Эпасхошка дахьийтар 6:2, 3
> (курсив авторан)

Да-нана ларарна долу совгIат весетаца дихкина ду. ТIаьхьо вай цуьнга ма-дарра хьовсур ду. ТIаккха, эххар а, динан тобанехь долчу олаллах лаьцна йоьшур вай:

> Динан вежарий, доьху шуьга, Везачу Элан гIуллакх дан шуна куьйгалла а деш, хьехамаш а беш, шуна юкъахь къахьоьгуш берш ларар. Церан болх бахьана долуш уьш тIехдика а, безамца а ларар доьху шуьга. Вовшашца бертахь Iелаш.
>
> – Тассалникахошка хьалхара дахьийтар 5:12, 13
> (вайн зам. гочд., курсив авторан)

ХIора олаллин кепана йогIуш, Дезачу Йозанашкахь дуккха а меттигаш ю, тIаккха тIаьхьа вай царех лаьцна къаьсттина дуьйцур ду. Дала вайга векалаллин олаллин хIора кеп лара боху, иштта бен пайда ца оьцу сий даран агIонах. Вай вешан, кхоччуш я ца кхоччуш йолу ял, ваьш олалла мел мехала а, ларам беш а хилла хиларца доьзна, схьаоьцур ю.

## Пачхьалкх

Вай дагахь латто деза, Делан Пачхьалкх, иза ма-дарра Пачхьалкх ю. Цу чохь барамаш а, низам а, векалаллин бакъонаш а ю. Ас кхунах лаьцна боху хIинца масийтта шо ду, амма дерриге дуьненахула, хIора континента тIехь (Антарктика юкъара а йолуьйтуш), Хаза кхаъ кхайкхош суна хааделла, Делан низамах лаьцна билггал бакъдерг уггаре а хала малхбузерачу дуьненахь ду. Стенна? Жоп уггар а дуьххьалдIа ду:

Вай, Пачхьалкхан агIонаш вешан демократически хьекъалца кхета гIерташ долу, халкъ ду.

Делан Пачхьалкх демократи яц. Цундела, нагахь вай вешан демократически хьекъалца Дела вовза гIертар делахь, вай цкъа а Цунах ур-атталла хьакха а лур дац. Вай Цуьнан олаллин лардар доцуш дехар ду, цундела Iаткъаме а долуш, атта нийсачу новкъара девр ду. Цундела аьлла-м дац те Iийсас, вайн тIаьхьенах берш Iехийна хир бу? Тахана, цкъа мацца а чул чIогIа, вай олаллехь берш тергал ца бо; амма кхин а алсам кхерамениг ду — уьш светски юкъаралло бен хилла ца Iаш, амма иштта тешачу адамаша а тергал ца бо. Вай даим а дагахь латто деза, дерриг а олалла Делера ду, тIаккха иза вайна лардархьама а, кхерамазаллина а, машар хиларна а делла ду.

Малхбузера ойлаяран кеп Америкехь дуккха йолчу динан тобанийн йохаран бахьана хилла дIахIоьттина, цундела ду иштта дукха адамаш шайн цIахь йолчу динан тобанашка дIаоьхуш. И номинальни тешаш

берш Ша Дала леррина къобалвинчу Іийсас дІахІоттийначу олаллина кІел хІитта лууш бац. Хила тарло, аша эр ду: «Амма, Джон, ерриг а китайски динан тоба дуккха а йолу цІера динан тобанаш санна болх беш ю». ХІаъ, и бакъду, амма уьш динан тобанаш иштта дІа ца хІиттийча ца бовлу, церан къайлададьккхина доцуш, вовшахкхета аьтто боцу дела. И доцург а, церан, Делан Дешаца кхоччуш догІуш долу, вовшахтохаран инзаре низам ду. Церан лелаш олаллин тамашийна структура ю. Кху шарахь соьга Китайхь къайлаха йолчу динан тобанан пхеа хьалхабевлла лелачаьрца цхьаьнакхета дехнера. Пхи лидер итт миллион синошна тІера жоьпалла дІакхоьхьуш ву. Церан инзаре низам ду. Тхан гІуллакхдаро церан динан тобанашна шиъ ах бІе эзар книгаш дІаяхьийтинера, тІаккха хІора книгина масех денна чохь шен меттиг карийнера. Церан библейски олаллица цхьана потокехь лелаш йолу, структура ю.

Америкехь гучуюьйлуш йолу цІера динан тобанаш, кхоччуш иштта яц. Церан ма-дарра долу ширачу весетан урхалла дар а, куьйгакІелхилар а дац. Нагахь шуна хааделлехь, кехаташ тІехь ПахІала даим а бохура, масала, Тите а, Тимапига а, уьш нисбархьама а, Іоттабаккхамаш бархьама а, тебархьама а, динан тобанаш кхоллархьама а хьовсийначу динан тобанашкахь, къанойш дІахІиттор. Цу кепара, Іийсас дІахІоттийна йолу олаллин структурехь муьтІахьалла хуьлийла дара. Америкин цІахь йолчу динан тобанашкахь цу тайпана структура карор яц. Долччул сиха халахетта а, емалбина а тІаккха эххар а динан тобанах дог даьлла тешаш берш тІеІитталур бу. Цара цІера динан тобанаш муьтІахьаллах кІелхьардовлархьама кхуллу. Вай дагахь латто деза, Динан тоба Везачу Эло кхоьллина, ткъа адамо а доцуш. Безачу Векалийн гІуллакхаш книги тІехь вай, тешаш берш хІора цІа чохь цхьаьна гуллора, аьлла, йоьшу. ЦІахь гулдалар дика ду, амма меттигерчу динан тобанашкахь дІахІиттийначу къанойн куьйгалла долу лидералла а, муьтІахьалла а хила деза.

## Дерриг а Іедалан олалла Делера ду

Римхошка дахьийтарера къаьсташ ду, вайх хІорра а лакхарчу олаллашна муьтІахь хила везаш ву. Стенна? ХІунда аьлча «Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу» (13:1). Дерриг дуьненахь Іедалан олалла Делан Курсера схьадолуш ду. Ма-дарра Делера дуьнен чу даьлла

долчу адамо олалла тIе а оьцу, лара а лору. Олалла тергал ца деш волу стаг гайта суна, тIаккха ас шуна Делера дуьнен чу ваьлла воцу стаг гойтур ву. Бен дац, къилахь волчун доIанца цо доIа динера те, хIора кIиранах динан тобанан цIийне лелий те иза. Стаг кIелхьарваьлла вац, нагахь иза дагахь олалла лоруш вацахь.

Аща хоттур ду: «Джон, ахь цунах лаьцна иштта майрра муха боху?» Iийсас аьлла, билггал бакъболу тешаш берш стоьмашца бевза, ткъа цо куьцана ден къилахь волчун доIа дарца а доцуш. Дела даггара везаш а, вевзаш а волу стаг, — иза Цуьнан олалла тIеоьцуш волу стаг ву, Дела вовзар — олалла довзар ду. Веза Эла а, Цуьнан олалла а вовшахдаккхалуш дац.

Кхин дIа Римхошка дахьийтарехь ПахIала боху: «болуш болу урхалчаш Дала дIахIиттийна бу» (13:1). Шуна, кхузахь, олаллаш адамаша хоржуш ду аьлла, ца хилар билгалделирий? Ша Дала дIахIиттош ду уьш. Кху байтехь ингалсан appointed дешан грекийн маттахь «тIедилла, цхьанна лара, дIахIотто» маьIна долу синоним дош tasso ду. Цу дешан жимма а «ларамазалле» леларан амат дац. Къамел ма-дарра дагахь долчу хьажорах лаьцна дац. Дерриге олаллаш Дала дIахIиттийна долу дела, вай царна тIаьхьа лаьтташ долу Олалла дIатотту, нагахь тергал а ца деш, сийларам а ца беш, царна муьтIахь хилар дIатоьттуш делахь. Вайна иза хаарх я ца хаарх доьзна доцуш, вай Делан низамна дуьхьалдуьйлу. Вай Дала векал динчу олаллина дуьхьалдиййлича, вай Ша Далла дуьхьалдуьйлу. Цундела яздо векало: «Iедална дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг хуьлу» (Рим. 13:2).

Суна дагадогIу, цкъа сайна и билггал бакъдерг хаар. 1992-чу шарахь Билл Клинтон Америкин Цхьаьнакхеттачу Штатийн президент хаьржина вара. Кхаа дийнахь со охьатаIийначу хьолехь а, оьгIазъоьхуш а вара. ТIаккха Дезачу Сино соьга элира, цхьаммо а Цунна ца хууш дарж дIа ца лоцу, аьлла. Дагца довзийтар хилча, со президентан Клинтонан критика ечуьра саца а сецна, иза лоруш хилла дIахIоьттира, цунна тIера доIанаш а деш, Далла баркалла а бохуш. Везачу Элас векал волчу ПахIалехула боху вайга: «Иштта, уггар хьалха ас доьху хьоьга Деле доIанаш дар а, дехарш дар а, кхайкхамаш бар а, Далла хастамаш бар а массо а адамашна а, паччахьашна а, массо а олалла дечарна а тIера. Иштта доIанаш де, вай ваьш мел хилало суьпа а, оьзда а хуьлуш, иштта тийна а, маьрша а дахар хилийтархьама» (1 Тим. 2:1, 2).

Билгалделаш, машаре дахар олалла ларар хиларан билламехь бен дIакхехьийла дац. Иза, Дала олалла лоруш волчунна луш долчу совгIатех, цхьаъ ду. Нагахь вай тешаш дерш хиларе терра олаллехь долу адамаш ца ларахь, вай ваьш ваьшна халонаш тIеийзор ю.

Ши тайпана лаьхкина лелор ду. Царех цхьаъ, вай ваьш лаьхкина лелор ваьшна тIеийзор ду; шолгIа кеп — нийсонна дуьхьа лаьхкина лелор. Векало Кипас шийа кеп хьахайо. Хьалхарчух лаьцна цо боху: «ХIун сий хир ду, нагахь шайн бехк буйла а хууш, деш долу таIзар ловш шу делахь?» (1 Ки. 2:20, вайн зам. гочд.). Кхечу дешнашца, нагахь вай цхьа нийса доцу хIума дахь, вайна цу тIера таIзар дина хир ду. Я кхин а атта аьлча, нагахь хьуна, хьо сигнал «стоп» йолчохь ца сецначул тIаьхьа, тIехьа дерг гойтучу куьзгана чохь, цIен а, сийна а басахь мигалка тхов тIехь йолу машен тIаьхьаяьлла йогIуш гахь, иблис бехке ма де. Стенна? Иза Дала олаллаш дIа хIунда хIитторан бахьанех цхьаъ ду. «ХIунда аьлча дика гIуллакхаш дечарна урхалчаш кхераме бац, зуламе гIуллакхаш дечарна бу. Iедалах ца кхоьруш Iен лаьий хьуна? Дика де, тIаккха Iедало хьо хастор ву» (Рим. 13:3, вайн заманан гочд.). Гуш ду, шена бала бинчу тIаьхьабевлла леларх кIелхьардовла атта ду, дуьххьалдIа олалла дечарна муьтIахьхиларца, тIаккха цхьа а халонаш хир яц.

Лаьхкина лелоран кхин кеп — нийсонна дуьхьа лаьхкина лелор. Олаллехь болчара вайна дика гIуллакхашна тIера таIзар дечу хенахь. Кипас боху: «Амма диканиг а дина, шу хало ловш делахь, иза Далла гергахь деза ду. Шу оцу балхана кхайкхина ма ду. Дала леррина Къобалвинарг а, шун дуьхьа баланаш а лайна, Шена тIаьххье шу дахкийта масала а гайтина ма ву» (1 Ки. 2:20, 21, вайн зам. гочд.).

Ваьшца вон хуьлучу хенахь, ткъа вай кхин дIа а дика белхалой а, студенташ а, гражданаш а, динан тобанан декъашхой а, иштта кхин дIа а хилахь, тIаккха иза уггар лаккхара сий гайтар ду. Вайн вешан даг чохь Делах кхерар хила деза, вешан вон терго ечаьрца, кхин дIа а боккхачу ларамца терго яр дIакхехьархьама.

Делла дешнаш чIоггIа кхочушдечу метта, дуккха болчара тахана дIахьедо: «Со маьрша стаг ву, со Iийсана тIаьхьахIиттинчарах ву, со маьршачу пачхьалкхехь вехаш ву, со муьлххачу кIадбоцчуьнца бертахь хила декхарийлахь вац!» ХIаъ, хьо маьрша ву, амма дагахь латтаделахь, Делан Дашо боху: «Ткъа шу, динан вежарий, Дала паргIатоне кхайкхина

ду. Амма ма битийша меттиг и паргIато зуламна хилийта, шайн хьарам лаамаш кхочушбарца» (Гал. 5:13). Вай, нийса йоцу терго нийса лархьама тIекхайкхина ду иштточу дахарна. ЛадогIийша, хIун боху Кипас: «Шу оцу балхана кхайкхина ма ду. Дала леррина Къобалвинарг а, шун дуьхьа баланаш а лайна, Шена тIаьххье шу дахкийта масала а гайтина ма ву» (1 Ки. 2:21, шордина гочд.).

Муха дара Iийсан масал? Олалла долчара Цунна зуламечу гIуллакхашна тIера таIзар динера, Цо дика гIуллакхаш бен деш хилла доццушехь. Иштта хьалаайало гуттара а долу хаттар: вай вон урхалчашна муьтIахь а долуш ур-атталла лоруш а хила дезий те, къаьсттина цара вайн нийса терго еш ца хилча?

## Вон урхалчаш?

Дуккха болчара соьца къовсаме а бевлла эр ду: «Амма, Джон, суна иштта вон а, ур-атталла къиза а урхалчаш бевза, тIаккха ахьа соьга уьш Дала дIахIиттийна боху? ТIаккха, и доцург а, вай царна муьтIахь хила а деза? Цхьа муьлхха а юкъарадаккхарш-м дац те цигахь?»

И бакъ ду. Дуккха къиза а, нийса боцу а урхалчаш — Iазапхой бу; ур-атталла Дезачу Йозанашкахь а иштточу урхалчийн дуккха масалш ду. Вай даим а дагахь латто деза, Делан Дешо хIун боху. Цо вайга боху: «Дерриг хьаькамалла Делера ду, амма дерриг хьаькамалла дац цIена».

Дала Керлачу Весетан авторш, Цуьнан берашна олаллина муьтIахьхиларх лаьцна хьехар деш, меттахбохучу хенахь, Цунна дуккха къиза урхалчаш хирг хилар хаьара. ТIаккха Дезачу Йозанашкахь, вай аьлла ма-хиллара, дуккха а къиза урхалчаш тIеIитталойла ду. Хьовсийша пирIуне. Иза къиза вара ИбрахIиман тIаьхьенашца, дийначу Делан халкъаца. Цо уьш охьа а теIабора, царна етта а еттара, ур-атталла церан бераш дайа а дойура.

Мичара даьлла пирIунехь и олалла? Дезачу Йозанашкахь яздина ду, Дала пирIуне аьлла: «Ас Сайн ницкъ гайта витина хьо» (Ара. 9:16). Шен дахьийтарех цхьанна тIехь ПахIала тIечIагIдо (хь. Рим. 9:17), ткъа билггал бакъдерг шина тешан тоьшаллица тIечIагIдеш ду (Яхьъя 8:17). Цхьа а шеконаш яц, адамо а, иблисо а доцуш, Дала хьал а гIаттийна, пирIун олаллин агIонна тIехIоттийна хилар. Иштта, «ткъа болуш болу урхалчаш

Дала дӀахӀиттийна бу» (Рим. 13:1), бохучу чӀагӀдарца, цхьа а цхьаьна цадогӀуш хилар дац.

Хьовсийша Набухди-Нецаре, Бавелан паччахье. Цо бохийна ЯхӀуд-мохк, Делан цӀийнан а, Делан халкъан дерриг бохург санна, цӀеношна талор дира. ТӀаьхьалонгахь дерриг а девзаш долу дуьне схьадаьккхина, импери дӀахӀоттийра цо. Иза шен некъашкахь оццул Деле ладугӀуш ца хиларна, ша урхалла дечу муьрехь хьекъалца телхира «Адамех дӀакъастийра иза. Бежано санна, бецаш юура цо. Цуьнан дегӀ стигалара тхино тӀундора. Цуьнан чоьш дахделлера, аьрзун пелагаш санна. Цуьнан, олхазаран санна, мӀараш яра» (Дан. 4:33). Дала къаьстташ адамах лаьцна бохуш доллушехь: «Ас Сан лай волчу Бавелан паччахье Набухди-Нецаре кхуза схьакхайкха бохуьйтур бу. Ас цуьнан паччахьан гӀант кхузахь Айса дӀадоьхкина долчу тӀулгаш тӀехь дӀахӀоттор ду. Цу тӀулгаш тӀехь Набухди-Нецара шен паччахьан четар дӀахӀоттор ду» (Ярм. 43:10, курсив авторан). Дала цунах юха а «Сан лай» олу, «ткъа болуш болу урхалчаш Дала дӀахӀиттийна бу», боху дела.

Хьовсийша паччахье Шауле. Суна хезна, дуккха болчу гӀуллакхдархоша бохуш: «Шаул адамаша хаьржина, Дауд Дала хаьржина». Иза, Делан Дашца цхьа а цхьаьнадогӀуш хӀума доцу, харц ойла яр ду. Цу тайпаначу боданечу дӀахьедарша Делан халкъана вон дохьийла ду, цара цхьадолу Ӏедалан олаллаш Дала а доцуш, ткъа адамо дӀахӀиттийна хуьлийла хиларан хаам бо дела. Цу кепара, адамаша хила деза сий дар ца до цхьаболчу урхалчийн, и дарца шайна вон а деш. ЛадогӀийша, Ша Дала цу тешаме воцчу а, акхачу а, дагца цӀена воцчу а стагах хӀун аьлла: «Со чӀогӀа дохковаьлла Айса Шаул паччахь вина дӀахӀотторах. Сох дӀа а вирзина, Сан дош цо кхочуш ца дина» (Шам. 15:11).

Билгалделаш, Дала аьлла: «Аса Шаул паччахь вина дӀахӀоттийна». Адамаша а доцуш, Дала дӀахӀоттийна иза. Юха а го вайна изза чӀагӀдар: «ткъа болуш болу урхалчаш Дала дӀахӀиттийна бу».

Делан Йозанашкахь «Делан дагна тамехь верг» аьлла волу, цхьаъ бен воцу Дауд, Шаулан олаллина кӀел хӀоттийна вара. ТӀаккха иза, Дала Ша Шаул паччахь дӀахӀотторна дохковаьлла аьллачул тӀаьхьа хилла дара. Истори ларамаза яц, иза Делан Ӏалашонан дакъа ду.

Шаула юьхьенца, Дауд цунна гӀуллакх деш волуш, йоллучу комаьршаллица а, диканиг лууш хиларца а терго йора. Дауд Шаулан

кхерамазаллина кхерам хилла дІа-ма-хІоьтти, Шаул сихха цуьнца къиза хилира, цо эмгаралле Дауд вен меттиг лоьхура, тІаккха вукхуьнан ур-атталла дІавада дийзира, цуьнан дахарна ма-дарра кхерам болу дела.

ТІаьхьадогІучу дейтта шарахь Дауд хьехаш чохь а, пана аренашкахь а, кхин йолчу геннарчу меттигашкахь а, ур-атталла хийрачу махкахь а вехаш вара. Ойла ейша, ялхиттанна тІера ткъе итт шо кхаччалц цуьнан цІахь хуьлийла ца хилла, ур-атталла кІезигчу ханна а. Иза шен доьзалх а хадийна, шен цІера дІавигна вара, берриге шен бераллин доттагІий а битина. Цуьнан шен тоьллачу доттагІчуьнца Йонатанца кхин уьйр хуьлийла дацара, тІаккха Шаула иза атта вуьйр волу дела. Къона стаг волуш цунна мел дезна долу дерриг а хІума: комфорт а, кхерамазалла а, бераллехь цунна тамехь хеташ хилла долу дерриг хІума а, дейтта шарна дита дийзира цуьнан, Дала цунна тІехь дІахІоттийначу хьалхаваьлла воьдучунна тІера. Везачу Элан Цуьнан дагна тамехь волчу стегаца иштта лелийла муха дара?

Ур-атталла Дала Ша Шаул паччахь дІахІотторна дохковаьлла аьллачул тІаьхьа а, Дауд хІетте а кхин дІа а сий а деш, шен паччахьна муьтІахь вуьсура. Цо Шаулна хьалха ша бехке ца хилар цкъа тешалла дина ца Іара, амма Шаул хІетте а иза верхьама меттиг ялар лоьхура. ДІаэккхийначул тІаьхьа масех шо дІадаьлча Даудан эххар а, цуьнан баьччано цунна бинчу берриге а бохамашца дерг чекхдаккхарна аьтто баьллера. Іейн-ГІади олучу яьссачу аренгахь Даудан Шаул вен аьтто баьллера. Паччахь шен эскарца Іейн-ГІади хьех йолчохь садаІа сецира, Дауд, герзах доьттина долчу шен адамашца, цу хьехан кІоргенехь лечкъина хирг хилар дагахь а доцуш. Даудан адамаша Шаул ве бохуш тІехьоьхура, цара ур-атталла Делан Дош а шайгахьа долчу агІор кхетадора, иза вон дан бертавало гІертачу хенахь: «ХІара ду хьуна Везачу Эло хьоьга дийцина долу де: „Аса хьан мостагІа хьан кара дІалур ву. Хьайна луъург де цунах»» (Шам. 24:5).

Цара доьхура цуьнга: «Дауд, паччахь Шаул — маньяк ву, цо вайн халкъ хІаллакдеш ду, цо бехке боцу доьзалш а, эвлаяаш а байина. Сийлахьчу пайхамара Шамъала хьо Исраилан тІаьхьавогІу паччахь хиларна дьтта хьаькхна ву, Везачу Эло иштта аьлла долу дела. Нагахь ахь и ца вехь, цо хьо вуьйр ву. Иза-х хьуо ларвар ма ду, муьлххачу суьдо тІе а чІагІдина, хьо бехке цахилар тІеоьцур ду!» Исбаьхьа аргументаш ю, гуш долчу ма-дарра долчух лаьцна ца аьлча а: цхьана а хІуманца бакъдина доцу Шаулан

бехкедар а, Даудана тӀелетаро а цуьнан дахар а, цуьнан адамийн дахарш а лалур доцчу дохура.

Амма церан бахьанаша тешна ца вира Дауд, цара иза дикачу ойланна тӀевалийнехь а. Шаулан духаран йист хадорца, цуьнан гуттаренна а массарна а хьалха шен бехке цахиларан тешалла дойла дара. Нагахь Шаулехь, Даудан иза вейла хиларан а, амма ша а, шен адамаш а цо сацийна хиларан а тешалла хиллехьара, Шаулна кхин цкъа а моьттур дацара Дауд цуьнан хьал а, олалла а лачкъо лууш хилар, тӀаккха цо цунна тӀаьхьаваьлла лелар а, иза вен гӀертар а сацор дара.

Дезачу Йозанаша боху, цо шен баьччин духаран йист ма-хадди, цуьнан дагна лазам хилира, сийно Ӏора а ваьккхира иза. Цо шен паччахь сийсазваьккхира. Цо муха дойла дара и саннарг? Цо сихха метта а веана, къовламе буьйра дира шен нахе: «Везачу Эло доьхкийла суна Ша къобалвина волчу сан олахочунна тӀе куьг дахьар, хӀунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву» (Шам. 24:6, 7, вайн заманан гочд.).

Делахь а иштта а лелла, паччахьан духаран йист хадорца, цо шен бехке цахилар гайтаран сацам бира. Цо шен баьччанан тӀаьхьа мохь туьйхира:

> Дауда Шауле элира: «„Дауд хьуна зулам дан гӀерташ ву“ – бохуш, хьайга мотт беттачу нахе ла хӀунда дугӀу ахьа? Тахана хьан бӀаьргашна гуш ма ду, эццахь йолчу хьеха чохь Везачу Эло хьо сан кара схьавелла хилар. Соьга, хьо ве бохуш, хьехарш деш берш а бара хьуна. Амма аса, хьох къинхетам беш, элира: „Аса сайн олахочунна тӀе куьг хьур дац, хӀунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву“. Сан да! Сан карахь йолчу хьайн бедаран кийсаке хьажахьа, аса схьахадийна йолчу. И аьтто сайна баьлла боллушехь, аса хьо ца вийра. ХӀинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хӀума а, я ямартло а йоцийла. Аса хьо бахьана долуш къа ца латийна, ткъа хьо сан синна тӀаьхьаваьлла ву, иза дӀадаккха лууш. Везачу Эло къастайойла вайшиннан юкъаметтиг. Дала бекхам бойла хьуна со бахьана долуш. Амма сан куьг-м хьакхалур дац хьох».
>
> – Паччахьех лаьцна хьалхара тептар 24:10-13

Нагахь бекхам барна бахьана хиллехь а, тӀаккха иза, дера, долуш дара, амма Дауда дерриг а Везачу Эле дӀаделира. Ткъа цуьнан леларан

хьокъехь, аьлча, цо Шаулан сий дира. Цо ур-атталла ша хIаллакван лууш волчу стагах, «шен да», аьлла, цIе яьккхира.

Даудан догдикаллах цецваьллачу Шаула, цунна жоп луш кхайкхира: «Хьо сол бакъ ву, хIунда аьлча хьо суна дика деш схьавеана, ткъа аса хьуна вонаш дина» (Шам. 24:18). ТIаккха Шаул шен нахаца дIавахара.

## Даудан сий дарна сийлахь тест

ХIинца, Дауда шен бехке цахиларан тешалла динчу хенахь, шуна, схьахетарехь, моьттур ду, Шаула иза паргIат витина. Амма иштта вацара и къиза баьчча. ТIаьхьо Шаулна Дауд Гахила гу тIехь къайлаваьлла ву, аьлла, хезира. ТIаккха иза юха а Исраилан кхо эзар тоьлла тIемалой схьа а эцна, Даудана тIаьхьавала волало, иза верхьама.

Даудан деган хьолан сиртхIотталой шуьга? Дукха хан йоццуш цо Шаулан хьалха шен бехке цахиларан тешалла динера, ткъа Шаул кхин дIа а цунна тIаьхьаваьлла а лелаш, вен гIерташ ву. Иза билггал долу тоьшалла дара, шена тIехь куьйгалла деш верг, собар доцу адам дуьйш верг хилар, бакъ хир дац бохучух, Дауд догдохуш хиларан. Иштта леларна атта дов эккхийталур дара: «Аса сайн баьччин сий дина, цунна дахар лар а деш, сайга суо ларваран Iалашонца иза атта велур воллушехь; тIаккха ас шен динчу сийнна, иштта мах луш бу цо?» Дуккха берш цуьнан меттехь хилча белакъежар бара: «Ткъа хIинца-м мах лур бу ахь цу тIера!»

Кестта Даудана дерриге эскарна Везачу Элера кIоргге наб кхетийтина хилар хиира (хь. Шам. 26:12). Цо шен нахе хаьттира, хьанна луур дара Шаул волчу меттаматте ваха. Тоьлла шен лаамерниг Абушай хьалхавелира, иза Йоабан жимахволу ваша вара (и шиъ тоъал къиза адам санна, вевзаш вара).

Иштта, Дауд а, Абушай а буьйсанна Шаулан эскаран меттаматте веара. Шаул четар кIелахь набъеш вара, цунна юххехь набъеш Абунар вара. ТIаккха Абушайс Дауде элира: «Дала хьан мостагIа хьан кара схьавелла. Соьга иза, цкъа гоьмукъ тоьхна, латтах дIалатавайтахьа. Аса цунна шолгIа тухур яц хьуна» (Шам. 26:8).

СуртхIоттало соьга, ма ойланаш керчаш хилла хир ю Даудан. Цо ойла йора: «Сан хIинца сайн дахарера дерриге а баланашца долу дерриг а чекхдоккхийла хир ду, тIаккха сайнчаьрца дерг хилла а ца

Iаш, амма берриге сан нехан а, вайн безамечу халкъан а баланашца дерг чекхдоккхийла хир ду. Суна даим а тешаме хиллачу, суна тIаьхьахIиттинчарах цхьаъ волчо, ерриге логикица догIуш, сан дуьхьа хилла а ца Iаш, амма суна тIаьхьахIиттина лелачийн а дуьхьа, нийса лелар доьху соьга. И тешаме нах шайн доьзалшна тIе цIа бахка сатуьйсуш бу. Со Шаулна тешаме стенна хила веза, царна а доцуш? Шаула аьшпаш боьттина суна. Цо сан репутаци лачкъийна, дерриге халкъана со ямартхо ву аьлла а дийцина. Цо сан ден цIахь а, Исраилан гражданинан а болу озабезам лачкъийна сан. Цо сан зуда лачкъа а йина, кхин майра велла цунна (хь. Шам. 25:44). Цо соьгара дерриг а схьадаьккхина».

Цуьнан ойланаш, цунна даим тешаме хиллачу а, шен дахар Даудан диканна лерина а болчарех цхьаъ волчу, Абушайн озо юкъахъехира. «Дауд, ахь хIун до? Хьелуш стенна лаьтта хьо, и монстр вен буьйра стенна ца до ахь суна?»

СуртхIоттадо ас, Абушайс кхин дIа бохучун: «ТIаккха хьайна и дан ца лаьа а ма баха соьга. Мосазза тешалла дина ахьа хьайн бехке цахилар. ДагадогIий хьуна, цигахь, Эн-ГIад-ди хьехахь, — иза хьан карахь вара, амма ахь цуьнан дахар лардира. Цхьа а шеконаш йоцуш, ахь хьайн цунна муьтIахь хиларан тешалла дина, амма иза хIетте а кхин дIа а хьуна тIаьхьаваьлла лела. Иза ша ларвар ду, муьлххачу суьдо тIечIагIдийр ду и».

Жоп дацара.

СуртхIоттадо ас, Абушайн собарх вала волаваларан. «Дауд, хьо сийлахьчу пайхамаро Шамъала паччахьалла дан даьтта хьаькхна ву, хьо Исраилан тIаьхьавогIу паччахь хилла дIахIотта везаш ву. Хьоьга бен кIелхьардаккхалур дац халкъ къизачу паччахьах. Хьуна дицделла ткъа, цо собаре хиларца Номвехь везткъе пхиъ динан гIуллакхдархо шайн зударшца а, берашца а, цара деккъа вайна даа бепиг делла дела, байина хилар (хь. Шам. 22) Иза боьха адамаш дойург ву!»

ТIаккха, эххар а, Абушайс эккхуьйту: «Дауд, Дала дийнна эскарна чIогIа наб стенна кхетийтина моьтту хьуна? Цо иза хьоьга пачхьалкх боьхачу паччахьах кIелхьараяккхаялийтархьама дина!»

Дауд тешамечу доттагIчун хьехар дустуш вара. Иза тоъал логика йолуш гуш дара, амма Делан хьехарца цхьаьнадогIуш дацара. Дауда Абушайн дешнаш а, ша-шен ларварх йолу ойланаш а дIа а теттина, къовламе буьйра дира: «Ма ве иза. Мила висина Везачу Эло къобалвинчунна тIе

куьг даьхьнарг бекхам ца хуьлуш? Дийна волчу Везачу Элах чIагIо йо ас, Цо Ша цунна бекхам бийр бу. Иза лийр волу де тIекхочур ду, я, тIам тIе а вахана, цигахь лийр ву иза. Ткъа Везачу Эло суна доьхкийла Ша къобалвинчунна тIе куьг дахьар» (Шам. 26:9, 10, вайн заманан гочдар).

Дауда шен ялхо сацийра, тIаккха и шиъ ший а цигара дIавахара.

Дала эскарна чIогIа наб хIунда кхетийтинера? Даудан дог зерхьама. Иза Делан даго къобалвеш волу стаг вуьсу те я Шаул санна хилла дIахIуттур ву те, дерриг а шен кара а лаьцна. Дела лерамах-м ца воккху те цо, Делан даьтта хьакхаран сий дарх а ваьлла? Даудна иза дахаре лараме мур бара.

Дауда паччахь лорура, паччахьо Даудан сий дайархьама дерриг а шена далуш дерг деш хиллехь а. СовгIат Даудна суртхIоттадалучул дуккхазза а алсам хир ду. Хьовсур вай, Везачу Эло оцу, къизачу баьччанан ларам бечу, кху стегах лаьцна хIун аьлла:

> Сан ялхо волу Дауд кара а вина, Ас цунах паччахь вира, цунна тIе Сайн деза даьтта а дуттуш, Аса иза къобалвира. Сан куьйго цунна ницкъ а лур бу, Сан пхьаьрсо иза чIагI а вийр ву. МостагIа цул тоьлур вац, вочу наха цунна гIело а йийр яц. Ас цунна хьалха мостагIий эшор бу, иза цавезарш хIаллак а бийр бу. Сан тешам а, Сан безам а цуьнца хир бу, Со цуьнца хиларна, цо толамаш бохур бу... Гуттаренна а цкъа Сайн возаллех Ас чIагIо йина: Дауде Аса цкъа а харцдерг дуьйцур дац. Цуьнан тIаьхье массо а хенахь хир ю, ткъа цуьнан тIаьхьенан паччахьалла лаьттар ду, стигалахь малх мел лепа. Иза хир ю абаденналц дIахIоттийна болу а, стигалшкахь тешаме теш болу а бутт санна.
>
> – Забур 88:21-25, 36-38

Даудна Шаулан къизаллел гена гора, цунна, цунна тIехь долу олалла гора. Иза сийнан агIонца вехара: нагахь цо Дала цунна тIехь куьйгалла дан хIоттийнарг ларахь, цуьнан маьIна хир ду, цо Ша Дела лоруш хилар. Ткъа нагахь цо Дела ларахь, Везачу Эло иза лорур ву. Аса, Дезачу Йозанийн хьалхайогIучу меттиго, Дала Даудан барам боцу сий дар гойту эр дара. ТIаккха совгIат а дара доккха!

Кестта цу хиламал тIаьхьа Везачу Эло кхел йира Шаулна: пIелаштамхоша тIамехь вийра иза. Даудана цуьнан валарх лаьцна махиъинехь, цо сихха Шауле а, Ионафане а болчу безамах лаьцна эшар

язйира, тӀаккха берриге ЯхӀуд-мехкан бахархошка иза лакха а лакхийтира. Цо лерам бира шен баьччина, ур-атталла цунна кхел йинчул тӀаьхьа а.

Вай, адамо я йилбазан ницкъаша а доцуш, ткъа билггал Везачу Эло адамаш хьаькамаллин агӀор дӀахӀиттош долчуьнга, къаьстташ гойтучу, масех масале бен ца хьаьвсира. Адамийн ерриге историхь Дала хӀора баьчча, цуьнан лелар вон я дика хиларх доьзна доцуш, дӀахӀоттош хилла. ХӀора баьчча ларамаза а доцуш, амма ма-дарра йолчу Ӏалашонна дӀахӀоттийна вара. Ас кхин цкъа а юха эр ду Делан билггал бакъдолу а, абаденна долу а Дош: «Ткъа долуш долу олаллаш Делера дӀахӀиттийна ду».

Къиза а, луьра а баьччин хиламехь цуьнан олалла Дала чӀагӀдина ду, амма цуьнан къизалла Делера яц. Баьччано дерригенах отчет лур ю, амма цуьнан олаллин кӀелахь болу нах, Дауд санна, зийна хир бу. Нагахь цара баьччанаш лоруш хилахь, тӀаккха церан совгӀат а доккха хир ду.

Иштта, вайна хьаькамалла деш берш билггал Дала дӀахӀиттош хилар гира. ТӀаьхьабогӀучу коьртехь вай олалла дечарна, ур-атталла уьш дера а, луьра а, къиза а урхалчаш белахь а, муьтӀахь хила дезий те бохучун, таллар кхин дӀа хьур ду.

## КОРТА 6

# ЛУЬРА ОЛАЛЛАШ

Хьалхабогӏучу коьртехь вай муьлхха а ӏедалца долу олалла, ур-атталла нагахь иза къовламе а, луьра а делахь а, Дала дӏахӏоттийна ду. Дикачу Везачу Эле къиза нах олаллин агӏонга муха дӏахӏиттало? Жоп дуьххьалдӏа ду. Дела олаллин автор ву, амма Иза къизаллин автор вац. Дела а воцуш, ткъа адам ду шен къизалле леларна тӏера жоп луш. Муьлхха а олалла Везачу Элера ду, амма муьлхха а олалла дац делаллин.

Хӏинца кхин а цхьа гуттара а долчу хаттаре хьовсур вай. Вай луьрачу олаллехь болчарна муьтӏахь хила дезий те, нагахь уьш вайца нийса лелаш бацахь? Жоп вайна, Делан лаам вайна – олалла дечарна, ур-атталла уьш цӏена бацахь а муьтӏахь хила дезар гойтучу, Даудан дахарера масале хьаьвсича карор ду. Кху темина къамел кхин дӏа хьор вай. Векалан Кипин дешнашна тӏедоьрзур вай:

> Леш (белхалой, студенташ, гражданаш, динан тобанан декъашхой иштта кхин дӏа а), шайн элашна (болх луш болчарна, хьаькамашна, хьехархошна, граждански олахошна) хила ма-деззара муьтӏахь хила, шайца дика а, эсала а болчарна хилла ца ӏаш, шайца буьрса болчарна а.
>
> – Кипин хьалхара дахьийтар 2:18 (курсив авторан)

Исбаьхьа ду дика а, эсала а хьалхабевлла лелаш берш хилар, уьш вайн хьалакхиарна оьшуш бу. Иштта делахь а, вай дика а, эсала а олалла

дечарна муьтIахь хилла а ца Iаш, амма иштта луьрачу олалла дечарна а муьтIахь хила дезарна, тидам тIебохуьйту Кипас, къаьсттина кIел сиз а хьокхуш.

Билгалделаш, Кипин омра даран маьIна кху дешнашкахь ду: «муьлххачу а кхерамца». ДагадогIий шуна, билггал бакъдолу сий даг чохь кхолла а лой, Везачу Элах кхерархь кхоллалуш хилар, бохура вай. Вайн, американцийн, олахошка иштта бахаран, марздалар ду: «Цкъа хьалха ас ларам бан хьакъ хила, тIаккха со шуна муьтIахь хир ву». Делахь а, ЕшаI-ЯхIу пайхамарца догIуш, Веза Эла ларар цунна тамехь хир ду. БIаьргашца гиначуьнга хьаьжна, цо гIуллакх къастор дац, лергашца хезначуьнга хьаьжна, цо нахана кхел йийр яц (хь. Еш. 11:3).

Цундела боху, адаман даг чохь бехаш болчу Везачу Элах кхерамо: «Суна, Делера схьадолуш долу, хьуна тIехь олалла го. Цундела хьоьгахь хIинца сан ларам а, сий а ду. Хьан уьш даха ца деза».

Тидам белаш Кипин тIаьхьарчу дешнийн: «шайца дика а, эсала а болчарна хилла ца Iаш, шайца буьрса болчарна а». Цкъа кху байта тIехь ойла ярца, ас ойла йира: «Собар дел цкъа минотана. Буьрсачарна? Паччахьан Якъубан Делан Йозанийн гочдарехь и дош тIех сецна гочдина-м дац те? Грекахойн вариантехь муьлхачу дешах пайда оьцу те?»

Ас дуьххьара дIабиллинарг Тайеран дошам бара, цу тIехь суна, «буьрсачарна» бохучу дешан меттехь грекахойн дош сколиос хилар карийра. Тайера сколиос дешан иштта билгалдаккхар ло «гамдина, харцхьадаьккхина, телхина, цIена доцу, атака ен». Вегаварца ас ойла йира: «И маьIна кхин а оьшуш ду! Амма, нагахь иза а тилавеллехь а, кхечу дошамна тIе хьожур со». Со дайдалар хиларан сатуьйсуш вара. ТIаккха ас У Е. Винсан, Керлачу Весетан грекахойн дешнийн кхечу экспертан, дошам дIабиллира. Цу дешан цуьнан билгалдаккхар: «ницкъ бен а, нийса боцу а хьаькамаш (баьччанаш)».

Ас лехамаш кхин дIа бира тIаккха суна и дешнаш кхечу гочдаршкахь паччахьан Якъубан гочдарехь чул а дуккха къиза хилар карийра. Керлачу БIешарийн гочдарехь ас дийшира: «Эсала а, дика а болчарна муьтIахь хилла а ца Iаш, амма цIена боцчарна а». Вайн заманан ингалсан гочдаро боху: «Иштта лела, дика а, тидаме а болчаьрца хилла а ца Iаш, амма къиза болчаьрца а». Керлачу американски стандартни Делан Йозанийн гочдарехь «хьекъале боцчарна» дIахIоттийна ду.

ХIинца кхин хаттар дала хан тIекхаьчна: «Дала Шен берашна халахетар

дой те?» ХӀан-хӀа, тӀаккха эзарзу а хӀан-хӀа! Иза уггаре а тоьлла Дада ву дерриге а дуьненахь! Иза безам болуш хилла а ца Ӏаш, амма Ша а безам бу! ХӀета хьовсур вай: «Иштта, сан безамечу стигаларчу Дас соьга, Цуьнан бере, буьрсачу а, къизачу а, телхинчу а, ницкъ бен а, цӀена боцчу а, хьекъале боцчу а баьччанашна муьтӀахьхила, бохуʼ». Цо иза ас дар дехна а ца Ӏаш, амма омра а хӀунда до суна? Дуккха а долчу бахьанашна, амма уьш дерриге цхьаьнатоьхча, цхьана чӀагӀдарца ала мегар ду: суна пайденна.

Буьрса олалчаш лараро вайна кхоъ озабезамехь дерг дохьу. Цкъа-делахь, шуьца нийса ца лелча, шун ладугӀушхиларо а, муьтӀахьхиларо а, шун гӀуллакх, нийса кхел ен Волчу, Делан кара дӀало (хь. 1 Ки. 2:21-23). Нагахь гӀуллакх вай вешан кара дӀаэцахь, Дала гӀулч тӀехьа йоккхур ю, тӀаккха вай Цуьнан гӀо доцуш дуьсур ду, ткъа иза чӀогӀа халахетаре ду. ГӀуллакх олаллах хьакхалуш долу дела, схьахетарехь, вай эшамехь нислур ду. Наггахь болчу хиламашкахь вайга толам баккхалур бу, амма вайн синехь йисинчу чевнаша а, орамаша а, тӀаьхьалонгахь халонаш а, ур-атталла, шайн стоьмаш тӀаьхьа гучубеврболу, сийсаздаккхар а дохьур ду.

ШолгӀа-делахь, Кипас боху вайга, вай вон леларна тӀера сий дар я декъалдар деш делахь, хӀара хуьлу: «Вонна дуьхьал вон ма даккха, сийсазварна дуьхьал сийсазвар, мелхо а декъалве шайна вон болх бинарг. ХӀунда аьлча шу цу балхана кхайкхина ду, ткъа шуна Делера декъалдар хир ду» (1 Ки. 3:9, курсив авторан, вайн заманан гочдар).

Вай ваьшка цӀена йоцу терго яр лан тӀекхайкхина ду. Мухачу кепара? Вайца дика боцчийн сий а деш, мехала хилар тӀе а оьцуш, царна муьтӀахь а хуьлуш, декъал а беш. Вай цунна хьовсийна стенна ду? Ваьш декъалдаран агӀонга дӀахӀитторхьама (совгӀаташ). Иштта, олалла дечарех цхьаъ шайн нийса терго еш вацахь, даккхийделаш, шаьш цу кепара совгӀат даран агӀонга хӀиттийна дела!

## Даржехь лакхаваккхарца совгӀат дар

Суна, со сайн хьалхайогӀучу книги тӀехь дагаваьлла волу, истори йийца лаьа. Иза, вай вешан нийса терго ца ечарна муьтӀахь хуьлучу хенахь, Дала вай муха декъалдеш хиларан, классически масал ду.

Сан юххера доттагӀ ву, Эл Брайс цӀе йолу динан тобанан Ӏуналхо. Масех шо хьалха иза Далласехь динан тобанан Ӏуналхо варара. Цхьана

кІирандийнан Іуьйранна иза Кипин дахьийтарна тІера кхайкхам беш вара. Эл шен кхайкхам бина ваьлча, динан тобанан цхьа декъашхо (цуьнан Брайан цІе йоккхур вай) хаттарца тІевеара цунна. Цо элира: «Іуналхо Брайс, со цхьана чІогІа йоккхачу страховой компанин лахара кхочушден директор ву. Ас дукха болх бинера, тІаккха со вице-президентан дарж дІалаца дезаш волу рогІерниг вара. Берриге а сан белхан накъосташна со хьакъ долуш хьалаваьллийла хаьара. ТІаккха со ма-дарра хьакъ долуш вара и дарж дІалаца. Амма и агІо дІаеллаеллачу хенахь, и дарж кхечу стагана дІаделлера».

— Иза иштта стенна хилла? — хаьттира динан тобанан Іуналхочо Эла.

— Важа стаг кІайн, ткъа со Іаьржа хиларний. Іуналхо, иза дискриминаци ма ю. Со теша, соьга тешалла далур ду цу долуш долчун, тІаккха со хІинца кху кІиранах документаш суьде дала воллуш вара. Амма хьан тахана Іуьйранна хиллачу кхайкхамо со кхетамах ваьккхина-кх!

Динан тобанан Іуналхо волчу Брайса, Брайане а хьаьжна, жоп делира:

— Хьуна и хало Делан кепара я хьайн кепара цхьалхаяккха лаьа?

Цо карчам боцуш жоп делира:

— Іуналхо, суна Дела доллучу сайн дагца веза. Суна цуьнан Делан кепара йист яккха лаьа, цундела ву со кхузахь хьоьца къамел деш. Соьца цхьаьна доІа дойла хир дарий-те хьан?

— ХІаъ, дера, — жоп делира Эла.

ТІаккха, кортош охьа а бахийтина, цара цхьаьна доІа дира, и хало нийса Кхелъечу, Деле дІа а елла.

ШолгІачу Іуьйранна, Брайан балха вахара, тІаккха цо дуьххьара дина гІуллакх, дукха хан йоццуш хьалхатеттина волчу, шен белхан накъостан ларам бира. Цо иза волчу офис чу а вахана, цуьнга куьг а кховдийна, шуьйрра вела а къежаш, элира:

— Суна хьо гІуллакхдарехь хьалхататтарца декъалван лаьа, тІаккха суна хьуна хууш хила лаьа, со хьан тоьлла белхало хилла дІахІотта воллу.

Шуьга суртхІотталой, мел бегІийла доцуш дара и гІуллакх цу къоначу стагана, цунна и хьалхататтар хила дезачунна ца хиллийла хаьа дела.

Нагахь чекхбевлла хиламаш ца хиллехьара, Брайан хІинца цуьнан босс хир вара, тІаккха кху стоьлана хьалха охьахиъна а волуш.

Масех кІира дІаделира, амма цхьа а хІума ца хилира. Кхета деза, наггахь доцуш иштта хила а хуьлу. Делан кхел а, паргІатдовлар а догІу, амма вайна луун долчул, сих-сиха тІаьхьо! Иштта, Брайан шеца ма

вон хиллачунна тIехь зацикливаться деш дIа ца хIоьттира. Цо ларам баран некъ хаьржира. Цо кхин дIа а шен декхарш лаккхарчу барамехь кхочушдора.

Цхьана дийнахь Брайане Далласехь филиал йолчу, тIехйоккхачу дуьненаюкъарчу страховой компани-конкурентера телефон тоьхнера. Телефонни зIенан вукху чаккхенгахь волчу стага элира:

— Тхо вайн юкъарчу клиенташца ахьа беш болчу балхе хьоьжуш дара. Тхуна иза чIогIа тамехь хийтира. Тхуна болх бан-м луур дацара те хьуна?

Дукха ойла а ца еш, Брайана жоп делира:

— ХIан-хIа, суна луур дацара. Суна сайн болх хийца ца лаьа. Со кху компанина болх беш волу дуккха шераш ду. Сан дика пособи а, клиентийн таме тоба а ю. Сан клиенташна а, белхан накъосташна а сан репутаци а, амал а евза. Со дикачу кепехь ву тIаккха суна хийцамаш ца оьшу. Баркалла шун схьахьедарна, амма со иза оьшуш вац.

Кхечу компанера стаг юха цаволура.

— Доьху хьоьга, цкъа мукъана а тхоьца цхьаьнакхетахьа. Цхьаьна делкъе а еш, къамел дер вай. ХIун ду цу тIехь вониг?

Брайана кхин а хаддош жоп делира.

— Ас боху шуьга, аша шайн хан эрна йойу. Со шун схьахьедаран хьашт долуш вац.

Иза, зIенан вукху йистехь волчу стагана хIара ца хезаш волчуха санна, гуш дара:

— Тоьар ду хьуна! Цкъа делкъе яр бен дац иза! Къийса кIад а велла, Брайана цунна жоп делира:

— Дика ду, со цхьаьнакхетар ву шуьца.

Делкъе ян йиллина хан тIекхечира. Брайан кхечу компанерчу адамашца гIиллакхе вистхилира, тIаккха цара шайна юучун заказ йира. Кхечу йоккхачу страхови компанин куьйгалхойх цхьаммо элира:

— Брайан, тхо хьоьга хьуьйсуш дара, тIаккха тхо ахьа болх муха бо даккхийдеш ду. Тхан компанерчу наха боху, шайна иштта белхало хила луур дара.

Брайана корта ластийра:

— Ас шуьга хьалха телефонехула аьллера. Аша эрна шайн хан йойу. Суна сайн белхан меттиг хийца ца лаьа. Суна стабильность тамехь ю. Суна тIедогIуш хIума ду. Ас дукха харж йина сайн компанина. Со шуьца болх бан хIуттур вац.

— Дика ду, Брайан, тхуна хьо хеза. Амма тхуна ахьа хIара дан лаьа. ЦIа дIа а гIой, хьайн зудчуьнца къамел де. Шиммо а сацам бе, оха мел ахча дала луур дара шуна. ТIаккха цхьа кIира дIадаьлча, цунах лаьцна дуьйцур вай.

Шен ойланашна дуьхьал а воьдуш, Брайана доккха са а доккхуш, элира:

— Мега хIета, дика ду.

Иза цIа вахара. Цо баккъал а иза ладаме тIе ца ийцира. Цо цунах лаьцна цхьаьнакхетар хиладезачул хьалхарчу суьйранна дийцира шен зудчуьнга. ЦIахь синтем хиллачул тIаьхьа, Брайана зудчуьнга элира:

— Бакъдерг аьлча, суна белхан меттиг хийца ца лаьа. Царна вай ваьшна алап хIотто лаьа. Со цу гIуллакхах кIадвелла, цундела со иштта дан воллу. Ас цаьрца къамел дийр ду, алапах лаьцна долчунна тIекхаччалц, тIаккха ас цаьрга цхьа лартIахь доццург эр ду. Ас цаьрга сайна айса хIинца схьаоьцуш долчул кхузза дукха алап деза эр ду! Уьш сох буьйлур бу, тIаккха тхан къамел чIогIа сиха чекхдер ду.

Цо, шен цу муьрехь долчул кхузза сов алап гойтуш йолу, йоцца записка язйира. Диц ма делаш, иза хIинца компанехь лаккхара дарж дIалоцуш вара. Иштта дукха ахча беламе хеталора.

ШолгIачу дийнахь Брайан делкъе ян вахара. Юучун заказ йинчул тIаьхьа, компанин куьйгалхочо Брайане хьаьттира, дуй те цуьнан алапан хьокъехь долу схьахьедар.

— О, ду, — жоп делира Брайана, пиджакан кисанара шен записка схьаэца а волалуш, амма вукху стага иза сацийра, иштта а аьлла:

— ХIан-хIа, хIан-хIа. Тхуна оха хьайна ахча мел дала лаьа ган ца лаьа. Цкъа хьалха тхуна тхаьш хьуна мел ахча дала лууш ду гайта лаьа.

Цо Брайане шен записка дIакховдийра. Брайана иза схьа а эцна, масех могIа бешначул тIаьхьа, кхетамах валлаза висира. Уьш цунна цо доккхуш долчул доьазза дукха долу алапа схьахьедеш бара! Цецваларна Брайан хIун ала ца хууш вара. Иза, кехатана тIевогIавелла, хиъна Iара. Кхечу компанера адамаш цуьнан вистцахуьлуш Iарх нийса ца кхеттера, шайн дIахьедар тоъал лакхара дац моьттуш. Цундела цара алапана тIе кхин а преми тIетуьйхира!

Эххар а, Брайана шен собаре хилар метта а хIоттийна, элира:

— Элий, со Iийсана тIаьхьахIиттинчарах верг ву, суна шун схьахьедар сайца цIа а даьхьна, цунна тIера сайн зудчуьнца цхьаьна доIа дан лаьа.

— Дера хIета, дера хIета, шун ойла йойла ду, — жоп делира цара.

Брайана цIа а вахана, цунах лаьцна шен зудчуьнга дийцира. Цара доIа дира тIаккха Дезачу Сино цаьршинга иштта дешнаш элира: «КIант, ахьа хьайн гIуллакх Сан кара деллера. Ас и гIуллакх цхьалхадаьккхира. ХIара Сан хьалхататтар ду. Схьаэца иза!».

Шераш дIадевллера, тIаккха Брайн хIинца Далласехь вехаш вацара. Иза Вирджинехь цу страховой компанин дуьненаюкъарчу офисехь коьрта президент ву. Кху компанино Брайна болх биначу, цуьнца нийса а ца лелла, тIаккха цунна хьакъ долу хьалхататтар ца хилийтинчу компанин хьалакххиорна новкъарло еш хиллера.

Муьлхачу жамIе дахкийла дара вайн? Дера, Брайанан ларлойла а ур-атталла шех бекхам бойла а дара. Цуьнан иза суьде лойла дара. Цуьнан и дан законни бакъо яра. Иза кIезиг вина вара, цуьнца вон хиллера, схьахетарехь, цо суьдехь толам баьккхина а хир бара. ТIаккха ур-атталла цо цу гIуллакхна тIехь толам баьккхина хиллехьара а, иза ша хIинца волчехь хир вацара. Цо цунна кечдина долу декъалалла юххехула чекхдалуьйтур дара! Амма цо, шега нийса терго ца йина хиларе ца хьоьжуш, олаллин сий дира, тIаккха бекхам а ца беш, гIуллакх, шена совгIат кечдина Волчу, Делан кара дIаделира!

## МуьтIахь хилар а, ладогIар а

Вай буьрсачу олалла дечарна муьтIахь хила хIунда тIекхайкхина хиларан кхоалгIа бахьана хIара ду. Делах тешна а долуш, ткъа ваьш лардеш ца хиларца, вай ваьшкахь делаллин амал хьалакххиадо. Кипас кхин дIа боху: «Дала леррина Къобалвинчо Шен дегIана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХIунда аьлча дегIана хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дIа а къаьстина,..» (1 Ки. 4:1).

Кху декъан духехь дерг — олаллехь болчийн ваьшца нийса ца леларна вай ловш болчу, баланашкахь ду. Кхузара догIу, вай оццу ойланийн герзах доьттина хила деза. Стенна? Вай олалла дечийн сий дан тIекхайкхина ду, уьш вайца вон лелаш белахь а.

Кипас чIагIдо, иштта леларца, вай къинош леточуьра совцу. Кхечу дешнашца, цо, вай синан лакхаллечу хьалакхиаре догIур ду, боху. ПахIала тIечIагIдо иза: «Цунах даккхийдийна а ца Iаш, ваьш баланаш хьегарх а даккхийдеш ду вай. Вайна хаьа, баланаш хьегаро доьналла

долуш хуьлуьйтийла. Доьналла долуш хиларо къобалдар дахьа, ткъа къобалдаро сатийсар ло» (Рим. 5:3, 4, вайн заманан гочдар). Амалан ницкъ хьалакхиаре терра, вайна сий дан хьакъ доцурш лара атта хуьлу. Цуьнан маьIна, вайн дахарехь, вайна доккха совгIат дохьун долу, Делах кхерар алсамдаьлла хилар ду.

ХIинца, ваьш стенах лаьцна бохуш хилларг, дIанисдер вай. Иштта, Делан Йозанаша дуьхьалдийлар доцуш олалла дечарна муьтIахьхила хьоьху, делахь а цара олалла дечаьрга билламза ладогIа ца хьоьху.

МуьтIахьхиларна а, ладугIушхиларна а юкъахь билгалйолу башхалла ю. МуьтIахьхилар вайн тергонца дихкина ду, ткъа ладугIушхилар вайн леларца дихкина ду. Цундела аьлла ду вайга: «Нагахь, Соьга ла а доьгIна, Ас бохург аша тIеэцахь, лаьтто кхиийна уггар диканиг дуур ду аша» (Еш. 1:19). Цкъа со Дезачу Сино нисвина вара. Со дог доьхна вара, гIуллакххаш сайна лууш ма-хиллара, дIадоьлхуш доцу дела. Ялх баттахь аса Делера сайн динан тобанехь цхьа а хIума схьа ца эцнера. Динан тобанан Iуналхочун кхайкхамаша ца вузавора со. ДоIанехь Дала суна цхьа меттиг гайтира, иза ахьа цхьа а хIума схьаэцна цахиларан бахьана ду а олуш.

Со дуьхьалгIертара: «Со ладугIуш ву! Ас динан тобанан Iуналхочо а, берриге сайл лакхахь лаьтташ болчара бохуш дерриг а до».

Дезачу Сино сихха жоп делира: «Ас ца аьлла, нагахь аша ладогIахь, лаьттан диканан чам боккхур бу. Ас, нагахь аша лаа а лиъна, ладогIахь, тIаккха лаьттан диканех чам боккхур бу, аьлла. ЛадогIар хьан леларца доьзна ду, лаам хьан тергонца боьзна бу. Ткъа хьан терго яр вон хьожа йолуш ду!»

ЦIаьххьана со деган тергонан маьIна долуш хиларх кхийтира. Билггал цигахь, вай хIинца аьлла ма-хиллара, Везачу Элах кхерар дехаш ду, ткъа кхерамах схьадолу сий.

Вайна цуьнан тIечIагIдар Керлачу Весетехь юха а го. ПахIала боху: «Делан дош шайна довзийтина болу шайн куьйгалхой дагахь латтабе. Церан дахаро кхиадиначуьнга хьовса, церан санна тешар хилийта» (Iеб. 13:17, курсив авторан). Тидам белаш, цо кIел сиз хьокху, вай, олаллехь ваьшна тIехула болчарна муьтIахь а, ладугIуш а хила деза, бохучунна. Кхин а билгалделаш, нагахь вай ваьшна тIехула болчийн ларам ца бахь, вай ваьшна бохам бо, баьччанашна а доцуш. Вай вешан совгIатах дуьйлу.

Ас хьалха аьлла ма-хиллара, Делан Йозанаша вайна дуьхьалдийлар доцуш олалла дечарна муьтIахьхила хьоьху, амма билламза ладогIа ца

хьоьху. Цкъа бен — ас юха а боху, — цкъа бен, Делан Йозанаша олаллехь болчаьрга ла цадогӀа хьохуш хилар дац. Иза ду, цара вайга къинош летаде бохучу хенахь (Делан Дешана дуьхьал долу цхьа хӀума де бохучу хенахь).

Кхунна дуккха а масалш ду Дезачу Йозанашкахь. Хьовсур вай царех цхьаьнга.

Набухди-Нецаро, Бавелхойн паччахьо, дерриге адамаша, мукъамийн гӀирсийн аз хезча, охьа а бегна, дашочу цӀуна Ӏибадат дан дезаш хиларан указ арахецнера. Указе ла цадоьгӀнарш, цӀеран алу йогучу пеша кхиссина хир бу.

Цу хенахь пачхьалкхехь кхо жуьгтийн кхиазхо вара: Мешак а, Шадрак а, Ӏабди-Нага а. Паччахь цаьрца дика вара, уьш похӀмане а, хьекъалалле а болу дела. И кхо къона стаг Делах кхоьруш вара, ткъа паччахьан указо Мусас Товрата тӀехь яздина шолгӀа весет дохош дара.

Цара паччахьан омране ла цадоьгӀнера. Хьалха я тӀаьхьа Набухди-Нецарна церан ла цадогӀарх лаьцна хаа дезаш дара. Церан леларна емалдар хилла волчу цо уьш барт хатта тӀебалабан омра динера. ЛадогӀийша, цара хӀун жоп делира паччахье: «Ва, Набухди-Нецар, цунах лаьцна хьоьга жоп дала оьшуш меттиг бац тхан. Нагахь санна тхо цӀийина йогучу пеша кхийсахь а, оха Ӏибадат деш волу Дела ницкъ болуш ву тхо цунах кӀелхьардаха. Хьан куьйгах а, ва паччахь, кӀелхьардохур ду Цо тхо. Нагахь санна Цо и ца дахь а, хаа ду хьуна, ва паччахь, хьан деланаш оха лорург цахилар а, ахь дӀахӀоттийначу дашо суьртана корта беттарг цахилар а» (Дан. 3:16-18, вайн заманан гочдар).

Уьш Делан весеташка ладогӀарна тӀехь чӀоггӀа лаьтташ бара, амма хӀетте а паччахьца лараме хабар дуьйцуш бара. Цара цуьнга иштта бохура: «Хьан сийлалла», ткъа ца бохура: «ХӀей хьо, ницкъ бен жӀаьла, оха цкъа а дийр дац ахь доьхуш дерг!» Паччахьца цу кепара къамел дар, иза куьйгалла дан дӀахӀоттийна волу, Дела ца ларар а, сий ца дар хир дара. Вай олаллехь болчарна муьтӀахь хила деза, ур-атталла ваьш церан буьйранаш кхочушдеш дацахь а.

Шадрака а, Мешака а, Ӏабди-Нагас а сий дира Делан а, паччахьан а. Долччул а хьалха, цара Делан сий дира, шаьш цӀеран алу йогучу пеша кхуьссур дуйла хуъушехь. ШолгӀа-делахь, цара паччахьан сий дира, цуьнан олаллина муьтӀахь а болуш, ларамечу кепехь хабар а дуьйцуш, иза цаьрца хьогӀе вистхуьлуш воллушехь. Жоп луш цара иза емал а ца вора, бийла а ца буьлура, цхьа хӀуъа долчуьнца кхерамаш а ца туьйсура.

Уьш сийн агIонца бехара. Цаьрга сатуьйсуш сийлахь а, хуьлийла доцуш хеталуш долу а совгIат дара.

Паччахьо сихонца уьш пеша кхисса буьйра дира. Иза оццул дераллах вуьзна хиларна, цо гуттара санна чул ворхIазза сов чIогIа пешахь цIе латаяран буьйра динера. Цо шен эскарера уггаре а ондачу тIемалошка Шадрак а, Мешак а, Iабди-Нага а дIа а бехке, йогучу пеша кхисса омра дира. Пеш оццул чIогIа йовхоно цIиййина хиларна, цIеро уьш пеша кхуьссуш берш байира. Кхин дIа вай йоьшу:

> Ткъа хIара кхо стаг, Шадрак, Мешак, Iабди-Нага а, вихкина а волуш, цIе летта йогучу пеша вуьйжира. Кхо доттагI кIелхьарваккхар Жимма хан яьлча, пеша хьоьжучу Набухди-Нецара, инзар а ваьлла, сихха хьала а иккхина, шена гонах болчу элашка хаьттира: «Кхо стаг вацара вай вихкина цIерга кхоьссинарг?» – аьлла. Цара жоп делира паччахье: «ЦIена бакъ ду-кх иза, паччахь!» – аьлла. Цара аьллачунна дуьхьал паччахьо элира: «ХIан-хIан, вихкина воцу виъ стаг го суна цу чохь цIарна юккъехула лелаш, цхьа а тайпана зен ца хилла царна, ткъа воьалгIачун васт маликачуха тера ду». Кхо доттагI даржехь лакхаваккхар Йогучу пешан кевне а вахана, Набухди-Нецара элира: «Шадрак, Мешак, Iабди-Нага, Веза Воккхачу Делан леш, арадовла, схьадуьйла!» ТIаккха Шадрак, Мешак, Iабди-Нага а цIеран юккъера арабевлира. Схьагулбеллачу тхьамданашна а, мехкадайшна а, куьйгалхошна а, паччахьна гонах болчу элашна а гира хIокху нехан догIмашна тIехь и цIе ницкъ болуш ца хилар. Коьртара месаш а ца ягийнера, тIера бедарш а хийца ца еллера, ур-атталла цIеран хьожа-м яцара царех йогIуш.
>
> – Даниил-пайхамаран тептар 3:23-27

Кхо жуьгтийн жима стаг цIеран алунах къизачу Iожаллах кIелхьарваьлла а ца Iаш, амма пешан цIергахь сийлахьчу стигларчу Маликаца дIасалелаш вара. ЦIеро тIийригаш дIакхаьллинера, амма церан духар хьадина дацара. Цаьрца ур-атталла ягаран хьожа а яцара. Цара шайн совгIат схьаийцира, цIергара арабевллачул тIаьхьа. Вай йоьшу:

> Цул тIаьхьа Шадрак, Мешак, Iабди-Нага а паччахьо Бавел-махкахь даржехь лакхабехира.
>
> – Даниил-пайхамаран тептар 3:30

Церан хьалхататтар хилира! Цхьа милла а олаллехь лаьтташ верг вайца нийса ца лелча, нагахь вай уьш ларахь, вай, цу страхови компанера стаг а, вай хIинцца шайх лаьцна дешна волу кхо жима стаг а берш санна, совгIат дина хир ду. Иза синан лакхалле Iедал ду: Везачу Эло ваьшна тIехь хIиттийначийн сий дарца, вай Цуьнан юхьша сий до. Жоп луш Дала шун сий дийр ду. Нагахь вай цкъа мукъана а вешан хьелел лакха а хьаьвсина, цу синан лакхаллин Iедална тIегуллахь, вай дог даьлла хир дац.

Кипас кхин дIа яздо: «Хьан дийр ду шуна зен, шу диканиг дан гIерташ хилча?» (1 Ки. 3:13). Кхечу дешнашца, нагахь аша цкъа шайн дагца ларам баран агIо тIеэцнехь, кхечу цхьаьнга хIун далур ду шуна? Муьлххачу шуьца нийса доцуш леларо, къаьсттина шуна тIехь олалла дан хIиттийна болчийн агIор, шу хьалхатеттарна я совгIат дарна тIедалор ду, нагахь шу цуьнца нийса ларадахь. Иштта, хатта шайга, ларам баран агIонах пайда ца эцарна, маса совгIат а, хьалхатеттар а тIехдалийтина аша?

# КОРТА 7

# ГРАЖДАНСКИ БАЬЧЧАНИЙН СИЙ ДАР

> ХӀунда аьлча дика гӀуллакхаш дечарна урхалчаш кхераме бац, зуламе гӀуллакхаш дечарна бу. Ӏедалах ца кхоьруш Ӏен лаьий хьуна? Дика де, тӀаккха Ӏедало хьо хастор ву. Урхалчаш Далла гӀуллакх деш ма бу. Уьш хьуна дика дан къахьоьгуш бу. Нагахь санна хьо зулам доккхуш велахь, кхералахь. ХӀунда аьлча цара эрна лелош дац тур: уьш Делан гӀоьнчий бу, зулам дечарна догӀу таӀзар цаьргахула деш ву Дела. Иштта, таӀзарх кхерарна хилла а ца Ӏаш, вайн дог цӀена хилийтархьама, вай урхалчашна муьтӀахь хила деза. Цундела урхалчашна йогӀу ял дӀало, уьш и гӀуллакх даим кхочушдан дӀахӀиттийна Делан белхалой болу дела. ХӀоранна а хьакъ дерриг дӀало: ял яла езачунна – ял, ясакх яла езачунна – ясакх, кхера везачух – кхера, лара везарг – лара.
>
> – Римхошка дахьийтар 13:3-7 (курсив авторан)

Кху байтехь граждански олалла дийраш «Делан гӀуллакхдийраш», аьлла, цӀе яьккхина бу, ткъа вайна церан сий дар а, ларам бар а тӀедиллина ду. Билгалделаш, ПахӀала царех цхьаъ а воцуш, ткъа уьш берриш а Делан гӀуллакхдархой хиларна кӀел сиз хьокху. ХӀоразза а, сайна цӀейойург а, полицейски а, гӀалин хьехамча а, мэр а, пачхьалкхан законхо а, суьдхо а, конгрессмен а, сенатор а я муьлхха а олалла дечарах кхин стаг гучу хенахь, сан сий даран а, ларам баран а синхаам хуьлу. Со цу синхаамо тӀехвуьзна хуьлу гӀала араваьлча а, пачхьалкхан я

правительствон офисашка вахча а. Со, иза сан даг чохь долу Делах кхерар дуйла, кхета.

Дукха хан йоццуш со цхьана ларамечу офисни гуламе кхиархьама сихвелла вара. Иза дешаран шо долалуш хиллера. ХьалхабогІучу шиъ ах баттахь, аьхкенан каникулаш йолчу хенахь, соьга тхан меттигашкахь сахьтехь ткъе пхийтта миля[1] йоккхучу сихаллица машен лелалора. Делахь а дешаран шо доладеллачул тІаьхьа, масех сахьтехь, уггар дукха магош йолу сихалла некъан цхьадолчу дакъошкахь сахьтехь ткъа миль[2] яра. Сихваларехь суна, суо чехкалла кІезиг йолчу зонехь хиларан дІахьедар ца хааделира, тІаккха ас машен сахьтехь 31 миля[3] йоккхучу чехкаллица хаьхкина юьгура. Суна, коьллашна юкъахь лаьтташ волу полицейски а, цуьнан мотоцикл а гира. Цо, аса машен сацорхьама, фаранаш латош, дІайойуш хаам бира. Со сихха некъа йистехь сецира.

Полицейски, машен лелон бакъо а, страховка а толлу, дукккха болу офицераш санна, ладаме а, ойла ца керчаш а вара. Со цуьнца лараме лелара, цо со стенна сацийна хаьийла а, тІаккха иза сайна халахетийла а гойтуш. Оха аса некъан низам дохорах лаьцна къамел дира. ТІаккха цо, дукхах долу адамаш латкъамаш а беш, бехказадуьйлуш хуьлу, ша уьш совцийча, элира.

Ас жоп делира: «Сэр, со бехке ву».

Цо соьга чехка вар тІехдаккхарна 220 доллар гІуда догІу элира. Амма, со цецваларна, сан машен лелорна бакъо а, страховка а юха схьа а елла, цо элира: «Де кхиаме хуьлийла!» ТІаккха юха а вирзина, шен мотоцикл йолчу вахара.

Іадийна волчу аса цуьнга лорах элира: «Хьо суна гІуда язъян ца воллу ткъа?» Иза вела а къежна, кхин дІа вахара.

Со и волчуьра тамаша баллал къинхетам хаалуш дІавахара. Со баркалле вара.

Амма иштта даим ца хуьлура. ХьалхадогІучу масех шарахь суна масех гІуданан квитанци яздинера, со офицерашка оццу ларам барца лелаш хилла воллушехь. Суна со тхайн цхьана керлачу белхалочуьнца аэропорте воьдуш хилла хилам дагабогІу. Чехка хаьхкина воьдуш хиларна, со сайн кІоштахь офицеро сацийнера. Сан гІоьнчас, со цуьнца

1 56,3 км сахьтехь. — Билгалдаккхар гочдархочун.
2 32,18 км сахьтехь. — Билгалдаккхар гочдархочун.
3 49,8 км сахьтехь. — Билгалдаккхар гочдархочун.

дика хир ву моьттуш, полицейскичух лаьцна кIоршаме забар кхоьссира, тIаккха Iиттаре иза кхета а еш. Иза дог доьхна вара, масех миляна бен чехкалла тIехъяьккхина йоццушехь, полицейскичо сацорна. Кхечу офицерана сан лелар ца хаадала а мегара. Со юха а дика а, лараме а вара полицейскичуьнца, амма иза, хьалхалерниг санна, тамехь а, могуьйтуш а вацара. Иза ладаме а волуш, суна гIуда тохаран квитанци язъян воллура. Аса кхетарца, цо и даллалц собар а дина, элира цуьнга: «Суна халахета, сэр, айса динчунна. Суна хаьа, со бехке вуйла. Баркалла хьан къахьегарна а, юкъараллина гIуллакхдарна а». (Суна, цо сайна шен компьютер тIехь гIуда дIаяздинчул тIаьхьа, цуьнан иза дIадоккхийла доцийла хаьара.)

Цуьнан леларан кеп кхоччуш хийцаелира, тIаккха аз а мелла а денделира. Иза кIеда хилира, шена сан цуьнан олаллина болу ларам гича. ХIинца иза ша и квитанци схьаэца луучуха лелара, амма тхойшинненна а иза дойла доцийла хаьара. Суна и стаг декъалван лаьара, со цуьнга, Римхошка дахьийтарца догIуш, Делан гIуллакхдархочуьнга санна хьоьжу дела. Оха тхаьшшиннан вовшахкхетар доттагIаллечу къамелаца чекхдаьккхира.

Офицеро тхо дIа-ма-хийцци, аса сайн гIоьнчехьа а вирзина, цуьнга элира: «Нагахь хьо, со хьан дешнашка дикане хьоьжу моьттуш велахь, хьо галваьлла». ТIаккха ас кхин дIа хьоьхура цунна.

Иза сихха, цо бохуш долчо полицейскичуьнга лараме терго яр кхиорна гIодеш ца хиларх, кхийтира. Цунна гIеххьа ду моьттуш долу лелар, Делан Дашо вай граждански олалла лоруш хила дезарх хьоьхуш долчуьнца, кхоччуш цхьаьна цадогIура. Цу хиламал тIаьхьа иза ларам баран агIонашна Iемира.

## Пачхьалкхан олалчийн совгIат

Вай граждански олалла дечийн сий дечу хенахь, совгIат даран агIонна кIел сиз хьокхуш долчу тоьшаллица шуьца декъа пурба лойша суна. Со 80-чу шерийн чаккхенгахь гездан волавелла. Хьалхарчу масех шарахь ас Мидвестехь йолчу динан тобанехь кхайкхамаш бира. Динан тоба цхьаъ ах эзар декъашхойх хоттаелла яра, иза стагнаци ловш а яра. Со цига шо моссазза долу воьдура, амма уьш цхьана меттехь лаьтташ бара. Со уьш болчу лелачуьра сецира. Масех шо дIадаьлча со церан хIора шарахь хуьлуш йолчу конференце кхайкхинера (церан хьалха цхьа

а конференциш хилла йоццушехь). Суна билгалделира, иштта кхайкхина бара гIарабевлла болу кхайкхамчаш, хьахийна болу конференцин векалш бархI эзар стаг вара. Со там болуш цецваьлла вара.

Сан хаа лаар меттахделира. ДоIа динчул тIаьхьа ас сайн гIоьнче, цаьрга со реза хиларх лаьцна хаам бе, элира. Со церан гIала вахара. Динан тобанан керлачу гIишлонан машенаш дIахIитточу метте кхочуш, суна, иза керлачу машенаша дIалаьцна хилар гира. Со зал чу ма-велли, цецваьлла вара, иза ерриг а адамех кхоччуш юьзна яра, бархIанна тIера исс эзарна тIекхаччалц стаг чохь а волуш. Дела цигахь хилар, ас хьалха цу меттехь лайначул, дуккха а чIогIа дара. Исбаьхьа гулам бара.

Гулам чекхбаьллачул тIаьхьа ас динан тобанан Iуналхочуьнца тхьаьшшиъ висинчу хенахь, цуьнга хаьттира:

— ХIун ду хилларг? Хьо хьайн динан тоба цхьана меттехь лаьтташ хилар ловш волу масех шо ма дара. Хьан динан тоба иштта сиха йоккха муха хилла? Со шу долчохь кхаа шарахь ца хиллера.

Хьем боцуш гIуллакх стенца дара дийцира цо соьга:

— Джон, со, адамаша шаьш налогаш яла езаш хиларх а, вайн пачхьалкхан баьччанаш мел нийса ца хиларх а болчу леткъамашка ладегIа кIадвеллера, тIаккха сан цу гIуллакхан цхьа йист яккха дезара. Цундела со доIа дан волавелира, тIаккха Дала суна ойла дагатесира.

Кхин дIа цо, ша гIалин олаллехь болчарна тIе а вахана, цаьрга церан уггаре а доккха хьашт хIун ду, аьлла, хаттарх лаьцна дийцира. Цара шайн цIе йойучу декъехь хьашт ду элира. Царна, шайна чухула куьрана юкъах чекх са гуш йолу, шатайпана масканаш оьшу. ЦIераца доьзна йолу дукхахйолу Iожаллаш, кIуьран бахьанина хуьлуш ю, ткъа багийна хиларна а доцуш. ЦIе йойучийн халонаш стенца ю аьлча, кIуьран оццул буькъа хуьлийла хиларна, цунах чекх ур-атталла цхьа гIулч хьалхара а гуш ца хуьлу царна. Иштта шатайпаначу масканаша цIе йойуш болчарна бохам хилларш ган а, сихха царна гIо дойла а хуьлуьйтур ду. Иза гIалин доккха хьашт дара, амма цу гIулкхана гIалин бюджетехь ахча дацара. Цхьана маскин мах ткъе пхи эзар доллар бара.

Юха кIирандийнахь Iуьйранна, кафедри тIе а ваьлла, динан тобанан Iуналхочо Римхошка Дахьийтаран 13-чу коьртера кхайкхам бира. Безамца хьоьхура цо шен динан тобанна пачхьалкхан олаллехь болчийн хьокъехь болчу латкъамех лаьцна. Цо шен тобанан декъашхошка уьш Делан гIуллакхдархой хиларх а, тIаккха тешаш берш шайн налогаш

сецаярехула а, граждански хьалхабевлла лелачийн ларам ца барехула а декъалхуьлийла ца хиларх а лаьцна элира. Ондда библейски бух биллинчул тIаьхьа, цо цIе йойуш лелачарна шатайпана масканаш оьшуш хиларан гIалин хьаштах лаьцна дийцира. ТIаккха цо дIахьедира, цара специальни сагIа лахьор ду, гIалина масканаш эца гIо хилийтархьама. Цо шен юкъаралле, иза Везачу Эло царна гIалин гонаха гIуллакхдан дIахIиттийначеран сий дарна дика кеп ю, элира.

Динан тобано шен нийса терго еш цахиларна дохко а яьлла, ткъе пхиъ эзар доллар схьалахьийра сагIина. Динан тобанан Iуналхочо мэре телефон а тоьхна, цуьнга берриге а гIалин бачанаш схьагулбойла хир дуй те аьлла, хаьттира, динан тоба царна маска эцархьама, ахча дала лууш йолу дела. ГIалин муниципалитетан гIишлонна чубаьхкича, динан тобанан Iуналхо а, цуьнан хьалхабевлла лелаш берш а цецбевлла бара, сий даран тамашийна ишар яр гархьама, дукха гулбеллачу чиновникех.

Чек дIаялале хьалха динан тобанан Iуналхочо Римхошка Дахьийтаран 13-чу коьрта тIера дийшира, цуьнан тобанан декъашхой гIалин олалла дийраш а, белхалой а лоруш а, цаьрга Делан гIуллакхдархошка санна хьоьжуш хиларх а лаьцна элира. Цо баркалла элира царна, уьш юкъаралла ларъярхьама а, цунна гIуллакхдархьама а, массо а хIума деш хиларна. Чиновникаш динан тобанан комаьршаллах а, сий дарх а цецбевлла бара. (Тоъал сих-сиха сий дар ахча даларца хуьлу, сий дар — иза мехала хIума долу дела. Вай вешан ахча, ваьшна баккъал а мехала хетачунна дуьллу.)

Динан тобанан Iуналхочо кхин дIа бохура: «Масех бутт дIабаьлча тхан динан тобанан керла гIишло дIаеллар а, язъяр а дара. Дуккха гIалин гIуллакхдархой а, чиновникаш а баьхкинера. Царех дуккха болчара кIелхьара а бевлла, тхан динан тобане лела сацам бинера. Джон, и ду-кх тхан динан тоба алсамъяьккхинарг.

Вай Iийсан дешнаш дагахь латто деза: «Муьлххачу а, пайхамаран цIеран дуьхьа, пайхамаран сий динчо, пайхамаран совгIат схьаоьцур ду». Цо динан тобанан бачанех лаьцна бохура, амма диц ма де, синан лакхалле законаш, олаллин дерриге кхечунна тIехь а дIасадаьржаш хилар. Кхузара догIу, вайн олийла ду: «Муьлххачу а граждански олалла граждански олаллин цIеран дуьхьа леруш хиллачо — граждански олаллин совгIат схьаоьцур ду». Муха ду церан совгIат? Жоп — юкъаралле а, адамашка а догIа. Уьш вайн яртийн а, гIаланийн а, регионийн а, пачхьалкхийн а Iаламехь болу гIаролхой бу. Иза царна Дала делла а ду.

Мел юкъараллаш а, къаьмнаш а дIаделладелла хуьлийла ду Хазачу Кхоана, нагахь берриге динан тобанан баьччанаш шайн урхалла критиковать дечу а, налогаш дIаяларх дIабоьрзучу а метта, ларарехь цхьаьнакхетча?

## Ремонт

Сан дика доттагI ву. Цуьнан цIе Денни ю. Иза Австралерчу Аделаида гIалахь йоккхачу динан тобанан Iуналхо ву. ДIадаханчу шарахь, со цуьнан конференцехь кхайкхам беш волчу хенахь, иза соьца исбаьхьачу историца дагавелира. Цо шен динан тобанна хьалха а ваьлла, царна гIуллакх а деш, уьш ларбеш болчарна ларам бан шен лаамах лаьцна дийцира. Дуккха ойланаш а, доIа а динчул тIаьхьа цунна, кху муьрехь доккха хьашт пачхьалкхан школьни система хьалакхиорехь хилар хааделира. ТIаккха цо гIалахь уггаре а тишъелла школа карийра, цуьнан гIишло а, гонахара меттиг а кхоччуш къепехь яцара. Цо гIалин олаллехь болчаьрга муьлххачу а шоьтан дийнахь динан тобанна цу школе а еана, цигахь ремонт ян бакъо ялар дийхира. Уьш баккхийберца реза хилира.

Динан тобанан Iуналхочо шена гIалин ларам муха бан лууш хиларан гарх лаьцна хаам бира. Цо дечиг-пхьерашка а, бизнесменашка а шайн похIмашца цхьана дийнахь гIуллакхдар дийхира. ТIаккха цо динан тобанан берриге а декъашхошка шайн къахьегарца гIоьналла дар дийхира. Масех кIиранах динан тобанан хьалхабевлла лелаш болчара масштабни акци йира. Цара, школа хийцаялийтархьама, оьшу материалаш а, керла чухIотто гIирсаш а ийцира.

ТIаккха цо соьга цу дийнан видео гайтира. Дечиг-пхьераш тишъелла а, телхина а, йоьхна а гIишлошъяран материалаш дIайохуш бара. Школа чуьра ширъелла шкафаш ара а йохуш, церан метта кхоччуш керланаш дIахIиттош яра. Дукхахдолу адамаш къахьоьгуш дара: гIум тосуш а, дIалетош а, басарш хьоькхуш а. Суна, цара школьни шира аннаш керлачаьрца хуьйцуш а, чу дIахIиттош болу керла гIирс хуьйцуш а, школана гонаха керла бай буьллуш а, дитташ а, зезагаш а дIадер а гира. Цо суна школа ремонт яле хьалха а, ремонт йинчул тIаьхьа а муха яра видео гайтира. Иза тамашийна хIума дара: иза кхоччуш керла гуш яра.

Динан тоба чIогIа йоккхаера гIалина гIуллакхдарна. Билггал бакъдерг хийца цалуш дуьсу — аша, цуьнан сатуьйсуш боцчийн ларам баро,

даккхийдеран дог дузу. Царна, церан къахьегарна долу совгӀат — иза, шен гӀалина Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀеран дуьхьа гӀуллакхдарна тӀера гучудаьлла тамхилар дуйла, хааделира. Мухха делахь а цаьрга сатуьйсуш кхин а доккха совгӀат дара. Австралин премьер-министр волчу Джона Хо-вардо, динан тобано гӀалина динарг дӀахезча, ша юьхьша динан тоба йолчу а веана, цунна баркалла ала воллуш хилар дӀахьединера. Соьга, шен кӀорггера баркалле хилар гайтархьама, динан тобанан цӀийнан сцени тӀе хьалаволуш волчу, пачхьалкхан премьер-министран видеокадраш гайтира. ЖамӀехь и динан тоба шен гӀалахь уггаре а лараме хилла дӀахӀоьттира. Цуьнан репутаци а, Ӏаткъам а гӀалахь санна, иштта пачхьалкхехь а алсамбелира.

Иза а хӀинца а дерриг дац! Динан тобанан Ӏуналхо Денни ремонтаца йолу шен истори кхечу динан тобанашца екъа волавелча, махка алсамдийларан мур беара. ЖамӀехь и динан тобанаш шайн долара проекташ ян йолаелира. Карарчу хенахь 200 сов школашна ремонт йина Австралехь а, Ингалсехь а, Швецехь а, Сингапурехь а, Малайзехь а.

Ӏуналхо волчу Деннин динан тобано долийна гӀуллакх кхин дӀа а хьош, меттигерчу зударийн туьрмехь ремонт йолийра. Цу проектан дӀаяхаран заманахь динан тобано Нисбаран департаментаца юкъаметтигаш хьалакхиийра, и бахьанехь царна «леларан де» делла дара, цу дийнахь зударийн динан тобане бахкийла дара. Дуккха болчу зударша кӀелхьардовлар тӀеэцнера, царна туьрмехь динан тобанан гӀуллакхдарш дӀакхоьхьура.

## Дика репутаци

Аша ойла ян мега, дика репутаци гӀалахь ишттта лараме стенна ю, аьлла. Бахьана дуьххьалдӀа ду. Цкъа-делахь, иза Дезачу Йозанашца ду. Векало ПахӀала чӀагӀдо, динан тобанан баьчча «Арахьарчу наха (динан тобанера боцчу) дика тоьшаллаш деш хила а веза иза, шена Ӏиттарш ца яйта а, иблисан гуре ша ца лацийта а» (1 Ти. 3:7, шордина гочдар). Вай Инжилана емалдо, нагахь динан тобанан арахьа дика репутаци яцахь, ткъа цо шен рогӀехь, декъалалла дӀадахарна новкъарло йо, ткъа иза цхьа кхин хӀума доцу, иблисан речӀа ю.

Ца тешачу римхочо хьалхарчу бӀешерийн Ӏийсах тешачарех лаьцна яздина: «Цара шайн денош лаьттахь бехаш дохуш ду, амма уьш стигалан

гражданаш бу. Цара дIаяздинчу законашка ладугIу, амма оццу хенахь уьш шайн дахаршца Iедал тIедожош бу» (Диогнетусе кехат, корта 5).

Векалийн гIуллакхаш книгано и Ярушалайман динан тобанах долу чIагIдар иштта тIечIагIдо: «Наха уьш лоруш белахь а, хийрачех цхьа а царна юкъа ваха ца хIуттура» (Век. 5:13). ГIалин бахархоша церан иштточу ларамца терго стенна йора? Ярушалаймера динан тоба дахаран лаккхарчу барамна тIекхиъна дела. Ойла а, дахар а Делан Пачхьалкхан бараме хьалаайа хьуьнар, — бакъйолчу эвлаяаллин агIонех цхьаъ ю.

Цхьа-хьаъа а хаттийла ду:

— Джон, вай, граждански олахой лarархьама а, тIекхиархьама а, компромиссе даха деза ткъа?

Билггал долуш ца деза! Хихчекхдохучу Яхьъяс ХIароде цуьнан Iедалехь доцчух лаьцна дIахьедира, ХIарода шен вешин зудчуьнца ямартло еш хилла дела. Ма-дарра долчуьнца иза бахьана хилира, цуьнан корта дIабаккхарна.

Суна, президентаца Клинтонца вовшах а кхетта, цунна а, къоманна а тIехь, нагахь цо а, цуьнан хьалхабевлла болчара а кхин дIа а бехкедоцу бераш дайар (абортaш яр) маршадаккхар дIакхехьахь, хин йолчу кхелах лаьцна дIахьедина волу гIуллакхдархо, вевзара. ГIуллакхдархочо иза, президентан и дIахьедар дарна боккха ларам хуьлучу кепара динера. Иштта ХIародан а Хихчекхдохучу Яхьъяга ларам гучубелира, цо иза Iораваьккхича.

ХIарод Яхьъях пайхамар волуш санна кхоьрура. Дуккха берш олаллехь болчарна сов хиларца, критикица а, емалдарца а тIебогIу — сий даран генарчу тергонца. Шадрака а, Мешака а, Iабди-Нагас а паччахьца сий дарца къамел дора, шаьш цуьнан цIушна Iамалъярна дуьхьал бевлла боллушехь.

## Контраст

Сан зудчунна, суна цкъа а дицлун доцу, гIан гинера. Иза Клинтона президенталла дIакхоьхьу зама яра. Сан зудчо, ега а еш, самаваьккхира со цхьана буьйсанна. Цо элира: «Джон, суна, аса хьоьга дийца деза, гIан гина». (Дала сих-сиха Лизига гIенашкахула олу.)

Иза дийца хIоьттира: «Вайшиъ, кхайкхамче ладоьгIуш, йоккхачу аудитори чохь дара. И гIуллакхдархо мила вара суна ца хаьа, амма иза

Іийсах тешачарна юкъахь чІогІа гІараваьлла вара. Иза президентана Клинтонна дуьхьал кхайкхам беш вара. Цо тІаьхь-тІаьхьа кхин дІа алсамдоккхуш, иза мел вон хиларх лаьцна дуьйцура. Дукхахболчара айадаларе мохь хьоькхура „амин», бохуш, цуьнан дешнаш ойуш. Вайшинна иза чІогІа бегІийла доцуш хетара».

Цо кхин дІа бохура: «ТІаккха суна, ІиндагІера цхьа стаг хьала а гІьттина, йоккхачу залан тІехьарчу араволийла долчу воьдуш, гира. Суна со цунна тІаьхьахІоьттина яха езаш хилар хааделира. Со гІишлонан фойе чу елира, иза юха а вирзина, соьга хьаьжира. Иза президент Клинтон вара. Иза дог доьхна, къахьаллах а, гІайгІане хиларх а тІехвуьзна вара. ТІаккха иза гучуьра дІавелира».

Кхин дІа цо элира: «Джон, сайн гІенахь суна иза динан тобане гІо оьшуш веанийла хаьара. Амма динан тобано иза тергал ца вира, билггал болчу безамах а, къахетарх а ваьккхина. Дала, вай Цуьнан дог чІагІдеш хилар гайтира суна, иза цунна шена а, къомана а хІун оьшучух дІа а верзуьйтуш».

Дустар дер вай цуьнан гІенан а, цхьана сан доттагІчун тергонца — Малхбузерчу Америкера йоккхачу динан тобанан Іуналхочун. Цу дерригенна а тІе, иза, вайн пачхьалкхан коьртачу гІалахь йолчу, Къоман доІадаран центрехь куьйгалла деш ву. Дала цуьнан даг чу диллина Сенатана а, правительствон ЦІенна а, Вашингтонерчу кхечу организацишна а гІуллакхдар. Цо Вашингтонехь, Колумбин меттигехь, мел лахара а шарахь 22 кІира доккху, амма цу гІуллакхе ца хьоьжуш, масех эзар стаг волу цуьнан динан тоба кхин дІа а хьалакхуьуш ю.

Цкъа иза соьца дагавелира: «Джон, со цу берриге а баьччанашца цхьа бахьана, деккъа цхьа бахьана долуш бен, цхьаьнакхеташ вац: вайн пачхьалкхана гІуллакхдарна баркалла алархьама а, сан царна тІера доІа дойла дуйла хаттархьама а».

Цо, шен сих-сиха динан тобанан Іуналхошна а, хьалхабевлла боьлхучарна а шаьш долчу богІучу олаллин векалшца муха лела дезаран, хьехамаш бан безаш хилар, дуьйцура. Уьш цаьрца цхьаьнакхетале хьалха, цуьнан церан олаллехь болчаьрга йолу емалдаре терго зеназа ян дезара, Іуналхоша пачхьалкхан хьалхабевлла лелаш берш либералаш лору дела, цу гІуллакхо, Дала уьш лара безаш а, царна тІера доІанаш дан деза бохуш долчу ма-дарра долчунна, уьш бІаьрзе бо.

ТІаккха цо элира, динан тобанера адамаш дукхахьолахь баьччанийн

кIеда а, дIабеллабелла а хиларх цецбевлла хуьлу. И дерриг а стенна ду аьлча, динан тобанийн векалш уьш болчу алсам ларам бан лела, цаьрга цхьа хIума еха я церан ойланна Iаткъам барна а доцуш. Суна, цо сайга дийцинчу, шина тоьшаллица дагавала лаьа шуьца. Шаьш уьш доьшучу хенахь, доьху шуьга, кхеталаш, шайх лаьцна къамел хин долу баьччанаш, чIогIа либеральни лоруш бу.

Кху цхьаьнакхетарал хьалха со цу конгрессменца масийттазза цхьаьнакхетта вара. ХIетахь соьца университетски хенара мукъамчийн тоба яра. Конгрессмена тхо шен офисе кхайкхинера, тхо цуьнца а, цуьнан белхан накъосташца а цхьаьнакхетархьама. Тхан къамел гуттара санна доладелира. Оха конгрессменна цуьнан меттигерчу а, махкарчу а адамашна тешамечу гIуллакхдарна тIера баркалла элира.

ТIаккха иза цхьайолчу ойланашца тхоьца дага а ваьлла, масех хаттар дира тхоьга.

Цул тIаьхьа ас цуьнга хаьттира, эшар а лекхна, тIаккха цунна тIера доIа дан мегий, аьлла. Цо лаамца жоп делира, ша дуьхьал вац, аьлла.

Лакха дуьйладелча, тхуна кхузахь, чоь юзуш волу, Дела вуйла хааделира, тIаккха кхузахь болчийн бIаьрхиш гучудевлира. Патриотически а, хаза кхаъ кхайкхоран а эшарш а лекхна, тхо доIанца чекхдевлира. Иза оццул чIогIа хиларна, иза чекхдаьлча цхьаьнгге а дош ца алалора, конгрессмен цу юкъа а вогIуш.

Эххар а, иза соьга а хьаьжна, шена хааделларг кхето гIоьртира. Цуьнга и ца даделира. Эххар а, цо элира: «Хаьий хьуна, Iуналхо, сан цIахь жима ши бер ду. Сан уьш динан тобане дало деза, иштта дуй и?»

И дарца цо тхо дахкарна шен кIорггера пусар дар гайтира.

ХIара, иза соьца дагаваьлла йолу, кхин истори ю.

Кхечу конгрессменца со дуьххьара, тхо дехар дечийн а, динан тобанийн Iуналхойн а пхийтта стаг волчу тобанца цуьнан офис чу доьлхучу хенахь дуьхьалкхеттера. Цуьнан леларх со кхийтира, иза шех тешна вацара, шегара хIун оьшу ца хуу дела. Иза Къоман доIадаран центран векалш болу, динан тоба яра.

Иза чIогIа гIиллакхе вара, тIаккха цо шен тхуна хIун гIодойла ду хаьттира. Ас жоп делира, тхо цхьа хIума дехархьама ца даьхкина, мелхо а тхо хьуна ахь вайн пачхьалкхана деш долчу гIуллакхдарна баркалла ала тIаккха доIа дан даьхкина.

Цо шен гIанта тIехь малваларца элира: «Иза суна совгIат ду». Кхин дIа

цо, адамаша шен офисе а догӀий, ахча доьхучу хенахь, ша хӀора денна ловш долчух лаьцна, дийцира. Шен офисан коридор чохь цо терахьийн дисплей дӀахӀоттийнера, цо дӀаделлачу ахчанан барамна хӀора денна доьхуш дерг тӀетохар гойтура. ТӀаккха цо тхоьгахьа а вирзина, элира: «Амма шу тахана со волчу, суна цхьа хӀума далархьама даьхкина. Иштганиг цкъа а ца хиллера».

ТӀаьхьа оха цунна тӀера доӀа дира. Тхо девллачул тӀаьхьа, цо дийхира: «Иштта сан белхан накъосташна тӀера а доӀа дойла хир дарий те шун?» Цо шен белхан накъостий схьакхайкхира, тӀаккха оха иштта царна тӀера а доӀа дира.

ТӀаккха цо шен сахьтана тӀе а хьаьжна, элира:

«Сан хӀинцца цхьаьнакхетар дӀадаьккхина. Шу дуьхьала-м хир дац, нагахь вай цхьаьна Капитоли чухула дӀасадевлча, ас шуна иза гойтур яра-кх?» (Иза конгрессменан тӀедилларшна юкъадогӀуш дац, дукха хьолахь иза интернаша я лахарчу белхан накъосташа деш дара.)

Цхьаъ ах сахьтехь тхан Капитолихула тамашийна экскурси хилира. Чаккхенгахь оха тхайн визитни карточкаш вовшашца хийцира, тӀаккха олалла дечийн векал дӀавахара.

Цхьа ши кӀира гергга дӀадаьллачул тӀаьхьа, цу динан тобанан Ӏуналхочуьнгара со воккхавоьйтуш йолу телефонни звонок еара. Иза соьга дийца волавелира, цуьнга оццу конгресмена телефон а тоьхна, ша тӀедогӀучу кӀиран дийнахь цуьнан динан тобане ван мегардарий, аьлла, хоьттуш. Оха цуьнца иза муха лела веза къамел дира. КӀирандийнахь конгрессмен шен зудчуьнца а, офисни куьйгалхошца а схьавеара.

Декъалдар чекхдаьллачул тӀаьхьа динан тобанан Ӏуналхочо конгрессмен а, цуьнан зуда а довзийтира, цаьрга къамел дан а магош. Цул тӀаьхьа цара цунна тӀера а, дог дешна йолчу, цуьнан зудчунна тӀера а доӀа дира. И дерриг а офисехь конгрессменан сий дарна а, цунна тӀера доӀа дарна а жамӀехь хилла дара.

Сан доттагӀчун динан тобанан Ӏуналхочун цу тайпана историш чӀогӀа дукха ю. ХӀинца аша хатта мега: «Вешан бaьччанашна билггал бакъдерг дӀакхехьа дезий те вай?» Деза, иза Хихчекхдохучу Яхьъяс а, президенте Клинтоне дӀахьедина волчу гӀуллакхдархочо а, вайл хьалха кхечара а дина ма-хиллара а, кхин дӀа дийриг ма-хиллара а. Делахь а нагахь вайн бaьччанаша динан тоба безамехь а, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан къинхетамаллехь а ехаш хилар тӀеэцна ца хилахь, цара вайн дешнашка

ладугIур дац. Вай билггал бакъдерг дийца деза, амма иза безамца а, Везачу Элах кхерарца а ала деза.

Дала граждански баьччанашна Шен ялхой бохуьйтун болу хенаш хир ю, Ширачу Весетан заманахь паччахьаш болчу пайхамарш богIуш ма-хиллара. ХIун диканиг ду, вай вешан баьччанаш цIахь, кухнишкахь, цIерачу тобанашкахь, динан тобанийн гуламашкахь критиковать беш, иштта лелаш болчарна гIо деш а хилча? Иза вониг алар доцург, кхин хIума дац. Вай къайлаха бохуш дерг, безамах цIе летта догучу дагца а, сий дарца а вешан баьччанашна хьалха юьхьа-дуьххьал ала кийча хила деза. Нагахь иштта хуьлуш дацахь, цу гIуллакхо вайн са дIаьвше дина хир ду, тIаккха хIетте а вайн баьччанаш болчохь гучудаьлла хир ду.

## Паччахь ларар

Векал волчу Кипин дешнашка ладогIийша. Цо боху: «Делах а кхера, паччахьан сий а де» (1 Ки. 2:17).

Кипас боху: «Шун, шайна гуш воцчу, Везачу Элах кхоьру бохийла муха ду, нагахь шуьга, Цо Шен олалла делла волчу, шайна гуш волчу баьччанан сий далуш ца хилча. Нагахь вай Делах кхоьруш делахь, вай баьччанийн сий дийр ду, граждански я юкъараллин, я доьзалийн, я динан тобанийн хуьлийла уьш.

Ас баханчу коьртехь бохуш ма-хиллара Америкехь вай баьччане олу: «Цкъа хьалха сан ларам хила хьакъ долуш хила, тIаккха со хьуна муьтIахь хир ву». Делахь а Везачу Элах кхерараро боху: «Суна хьуна тIехула Делера схьадогIуш долу олалла го. Цундела хьан хIинцале а бу сан ларам а, сийдар а ду».

Ас жимма таллам бира, муьлхачу паччахьах лаьцна боху те Кипас. Дера те, Дезачу Йозанашкахь кхетор дац, амма иза хенан дозанашкахула, вай вешан пачхьалкхан баьччанийн тахана сий дархьама, берриге а тешачаьрга дерзийна ду. ХIетте а, Кипица болчу хиламехь, иза, чIогIа коррумпированни а, ша-шен везаш а баьчча волу, паччахь ХIарод АгIриппа I хилла.

И стаг олалле веана Машахь Дуьнен чу ваьллачул тIаьхьа (в. з.) 37-чу шарахь, Дала леррина къобалвина Iийса денвеллачул тIаьхьа. Цо иза, ала деза, хааран а, хIилланан а билггалчу декъаца дина. Геннара хIума гуш хиларца, цуьнга ша хьалхатоьттун волу, муьлхха а гIирс ларалора.

Римхойн император Калигула веллачул тӀаьхьа коьрта политикан маневр Клавдина римхойн паччахьан гӀанта тӀе охьахаа гӀодар дара, иза ХӀарода дан а дира. Император хилла дӀахӀоьттинчул тӀаьхьа, Клавдийс совгӀат дира цо динчу гӀуллакхна, АгӀриппа урхалла даран агӀонгахь чӀагӀ а веш, ЯхӀуд-мохк а, Шамран-мохк а цуьнан куьйгаллин кӀел а бохуьйтуш. Иза цуьнан деден, Сийлахьчу ХӀарод санна, хиллачу, йоккхачу пачхьалкхан урхалча хилла дӀахӀоьттира.

Ша урхалла дечу заманахь ХӀарод АгӀриппа I иудаизмана а, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчийн а юкъарчу къийсамехь цхьана агӀонгахь нисвала везаш вара. Сихонца цо Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш лаьхкина лелоран къаьхьа роль ийцира шена тӀе. Вай йоьшу Керлачу весетехь: «Оццу хенахь ХӀарод-паччахь Ӏийсах тешачийн тобанна таӀзар дан волавелира, царах цхьаберш дӀа а лецийтира цо. Омра а дина, Яхьъян ваша Якъуб тур тоьхна вейтира цо. Жуьгташна и гӀуллакх хазахетийла хиъча, Кипа а дӀалацийтира цо» (Век. 12:1-3). И урхалча къиза вара тешар долчаьрца, иза цуьнан политически Ӏалашонашна пайдехьа а долуш, яхӀудхошна са йоккху дела. Ӏийсан уггар а юххерчу кхааннах цхьаъ волу, Якъуб верца, иза Кипа а вен воллура.

ДоӀанашца а, муьтӀахь хиларца а Кипа веран Ӏалашо йохийна яра (Век. 12:5-19). Кипа кӀелхьарваларо тешаш берш чӀагӀбинера. Церан муьтӀахь хиларна долу совгӀат Дезачу Йозанашкахь го вайна: «Цу хенахь Делах долу Дош дӀасадаьржаш дара» (байт 24).

Безачийн гуттара а деш долчу доӀано а, церан олаллехь болчийн сий дарехь муьтӀахьхиларо а дикка Ӏаткъам бира хиламийн дӀабахарна. Кхин дӀа ешарца вайна карадо, ХӀарода АгӀриппас I-чо де билгал а даьккхина, паччахьан духарца нахана хьалха ара а ваьлла, паччахьан гӀанта тӀе а хиъна, къамел дира. ТӀаккха цхьа хӀума хилира: «Наха маьхьарий хьаькхира: «Иза Делан аз ду, адаман аз дац!» – аьлла. Амма ХӀарода Дела ца лерира, цундела цу сохьта Делан малико, цамгар а тоьхна, вожийра иза. НӀаьнаша ваарна, хӀаллакьхилира иза» (Век. 12:22, 23).

Кхел хилар деара, амма Делан адамашкара а доцуш, ткъа Делан туьрера. Веза Эла — олалла деш болчарна тӀехь кхел еш Верг ву. Вайга доӀанаш де а, цу бацчанийн сий де а, аьлла ду. Нагахь кхелъяран хьашт делахь, Дала, вайга цунна меттиг кечъе, боху. Вешан доӀа дан а, бацчанийн сий дан а ца лаарца, вай Цуьнан бакъахьара кхел хиларан нигат сецадо. Цундела, шен духехь, вай вешан махкана а, юкъараллина а оьшуш дерг генадоккху — Делан юкъагӀортар.

## Вайн заманара масала

Нийсса изза хилам хиллера вайн заманахь Нигерхь. ЦIена воцу Сани Абача цIе йолу баьчча 1993-чу шарахь юкъара харжамаш дIабахарехула а, хила тарлун волу толамбаккхархо Мас-худ Абиола туьрме чуволларехула а олалле веанера. Цул тIаьхьа цо дукхахболчу демократически хьалхабевлла лелачарна байаран таIзар а дина, шен диктаторски урхалла дар цIий Iанорна тIера дIадолийра. Цуьнан куьйгаллин кIелахь дуккха а бехке доцу адамаш дайина дара. Оццу хенахь кхо миллион доллар Европехь цуьнан счеташ тIе даьккхинера.

Сан юххера доттагIчо Марка сих-сиха гездо Нигере. Цо Нигерехь шина хьалхе дIакхоьхьучу динан тобанийн Iуналхошца доттагIалла теснера: И. А. Адебойица а, керстанийн баккъал а боккхачу боламан жоьпаллечу, епископ волчу Давид Ойедепоца а. Дукхахьолахь цхьа миллион тешаш берш лела церан хIора баттахь хуьлучу доIа даран гуламе. Шарахь шозза цара шатайпана доIа даран гулам дIакхоьхьу, июнехь а, декабрехь а, цигахь шишша миллион стаг хуьлу.

Цу пачхьалкхехь сих-сиха хуьлучу сан доттагIчо а, кхечара а Нигерехь тешачара лерам а бо, кIорггера сий а до шайн олалла дечийн, бохуш дуьйцу соьга. Кхечу агIор, цара шайн баьччанашна а, церан пачхьалкхана тIехь бакъахьаралла дIахIоттарна а тIера доIанаш до.

Динан тобанан Iуналхочо Марка, 1998-чу шеран юьхьенгахь хIора баттахь дIакхоьхьучу доIа дарехь, пачхьалкхан къилбаседерчу вевзаш волчу кхоалгIачу Iуналхочунна, Эммануэль Куренна, ах марханан дакъа а, цу юкъахь даьхкина даккхийнчу таррашца долу маликаш гинчуха дийцира соьга. Дала Абачин денош дагардина хилар гайтира цунна. Ма-дарра аьлча, цо иза кхаа баттана чохь и хирг хиларан, пайхамаралла дора. Нагахь иза дохко цавалахь, цхьа а цIанвалар хир дац.

Динан тобанан Iуналхочун, Эммануэл Курен дешнаш президентана тIекхечира. Цундела Абачас «машаре дIахьедар» дахьийтинера, дуккха ахча, пайхамаралла юханехьа дерзоран сатийсарца. Динан тобанан Iуналхо Куре, Везачу Эло шега аьллачуьнца, Маркаца дагавелира: «Ахчанах ма хьакхалолахь, Абачин чкъуран дIайоьрзуш йоцу цамгар хьайна тIе сехьа ца ялийтархьама». ТIаккха Iуналхочо Курес презеденте дош дахьийтира, иза дохко а ваьлла, Везачу Элехьа верза веза, аьлла.

Дала, доIа даран гуламаш дIакхоьхьучу динан тобанан Iуналхочунна И. А. Адебойина, цо президентаца Абачица къамел дархьама, неI

дӀайиллира. Ӏуналхочо президенте дӀахьедира, нагахь иза дохко цавалахь, шен даржера дӀавоккхур ву, лийр волу дела.

1998-чу шарахь июнь баттахь доӀа ден боккха гулам болчу хенахь, динан тобанан Ӏуналхочунна Курена маликаш гинчул тӀаьхьа кхо бутт дӀабаьлча, гулам дӀакхоьхьуш волчу Ӏуналхочо Адебойис, гулбеллачаьрга вовшашна тӀе дерзий, «ирсечу Керлачу шераца» декъалде, элира. Цигахь долчу адамашна жимма эхь хийтира. Амма цо элира, дукъ дохийна, тӀаккха адамаш урамашкахь хелхадуьйлур ду.

Ткъе деа сахьат чохь президент деган лазар тӀедарах цӀеххьана дакхелхира. Ас керланашкахь (Интернетехь) йийшира: «Меттигерачу керланашкара схьаэцначу, пачхьалкхан радион Би-Би-Си-н хаамашкара, нигерихойн халкъ гӀалин урамашкахь диктатор валаран керланиг даздеш бу». ДоӀа даран гуламехь долу адамаш, Адебойис цуьнан урхалла даран дукъах лаьцна бохуш хилла хиларх кхийтира.

ХӀара книга язъечу хенахь нигерийски президентан аппаратехь Ӏийсах тешачарах верг ву болх беш ву, цо пачхьалкхан шиъ коьрта Ӏуналхо шен синан лакхалле бахьчанаш лору. Пачхьалкх Делан сийлахь болам ловш ю. Абачин урхалла долчу хенашкахь хаза кхаъ кхайкхош волчу Рейхардна Бонкена пачхьалкхе ван магош дацара. И веллачул тӀаьхьа керлачу президенто Олусегун Обасаньос Рейхард шен инаугураци кхайкхинера. ХӀетахь дуьйна президенто цунна шен халкъана тӀе ван неӀ дӀайиллинера.

Хьалхара крусейд Рейхарда Бонкес 1999-чу шарахь октябрехь йинера. 2006-чу шеран октябрехь цуьнан крусейдехь Нигерехь шайн дахарш Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана шайн Веза Эла а, КӀелхьардохург а санна, дӀаделла волу 42 миллион стаг регистраци йинера. Иза йоза яздинчу карточкашца тӀечӀагӀдеш ду. Иштта суна цунах лаьцна, Рейхардан Бонкен гӀуллакхдарехь исполнительни директоран дарж дӀалаьцна волчу, сан доттагӀчо дийцинера.

2000-чу шараь Нигерехь 123.337.822 адам дара. Шовзткъе ши миллион стаг — иза, ма-дарра, дийнначу пачхьалкхан халкъан кхоалгӀа дакъа ду! Иза 1999-чу шарахь дуьйна Нигерехь къахьоьгучу динан тобанийн Ӏуналхойн а, хаза кхаъ кхайкхорхойн а, кхечу тешачийн а стом бу (тамашийна билгалдаккхар ду, Нигерехь дийнна Африкански континентан халкъан доьалгӀ дакъа дехаш ду). Ас иза тамашийна синойн ялта схьалахьор ду эр дара. Дагадаийтийша, ХӀарод веллачул тӀаьхьа хилачух лаьцна хӀун боху Дезачу Йозанаша: «Цу хенахь Делах долу Дош дӀасадаьржаш дара» (Век. 12:24). ХӀунда веллера иза? Цкъа-делахь,

Везачу Элах кхоьруш лелачу эвлаяашна тIехула (цу юкъадогIу лидершна муьтIахь хилар), тIаккха доIанаш дечу динан тобанан тIехула, шолгIа-делахь.

Делан халкъо олаллехь берш лоручу а, царна тIера доIа а деш, Везачу Элан Даше ладугIу а хенахь, вайна вешан ярташна а, гIаланашна а, халкъашна а Делан Синан сийлахь охьаIенаш хилар го. ХIета стене сатуьйсуш Iа те вай?

# КОРТА 8

# СВЕТСКИ БАЬЧЧАНИЙН СИЙ ДАР

Лоллехь бохкучу леша а, хьакъ мадду кхоччуш лара беза шайн олахой. И дан деза Делан цIе а, вайн хьехамаш а емал ца байта.

– Тимапига хьалхара дахьийтар 6:1
(вайн заманан гочдар)

Дезачу Йозанийн кху меттигехь ПахIала светски олалла дечарех лаьцна боху, цу юкъабогIу вайн болх луш берш а, хьаькамаш а, хьехархой а, тренерш а иштта кхин дIа а. Ас хIинца лакхахь аьлла ма-хиллара, тахана и аьлларг кху кепара хезаш хир дара: «Берриге а белхалоша шайн хьаькамаш а, белхаш луш берш а муьлххачу сий дарна хьакъ долуш хилар лорийла». Я иштта: «Берриге образовани схьаоьцуш болчу студенташа, шайн хьехамчаш муьлхха а сий дарна хьакъ долуш хилар лорийла». Изза догIуш ду спортсменашна а, тренершна а, муьлххачу кхечу юкъаметтигашна светски юкъараллехь цхьа стаг вукхунна муьтIахьхилар дагахь долуш.

Билгалделаш, ПахIала Везачу Элан цIерана а, Инжил хьехарна а «лер ца хилийтархьама», вай светски олалла дийраш лара беза, боху. Делан Йозанийн шординчу гочдарехь бохуш ду: «Делан цIеро а, (Цунах лаьц-на) болчу хьехамо а вон цIеяхар а, лер а цадархьама» (курсив авторан). Вон цIеяхаран «юкъараллехь вон терго яр а, кхоччуш ларам цахилар а»

маьІна ду. Леран «Деле а, вайн дезачу хІуманашка а лерам боцу а, кІоршаме а терго яран» маьІна ду.

Дерриге дешнаш цхьаьнатоьхча, вайн къаьстташ кхетийла ду, нагахь вай, тешаш дерш хиларе терра, вешан белхаш луш болчаьрга а, хьехархошка а я кхечу светски баьччанашка лерам барца а, сий дарца а терго еш ца хилахь, вайна юкъараллехь цхьаммо а Делан Пачхьалкх лоруш цахилар гур ду, и дарца вай Деле а, вайн дезачу хІуманашка а лерам боцу терго хуьлийтийла ду.

Юкъаралло Делан а, дезачу хІуманийн а мухачу кепара терго йо? Школашкахь доІа дар ца магийна, итт весет тІехь долу плакаташ кхелъяран залаш чуьра араяьхна; хІинцалерчу самукъадаккхарийн дукхах долу дакъа вуно боьха а, мунепакъалле а ду; мукъаман дукхах долчу дакъано Дела кІоршаме емалво; вайн образовательни системано кхоьллина долчух тешаш берш кІезиг ойла еш а, ур-атталла Іилма хьалакхиорна кхерам болуш санна а, хьалхатоьтту; список чаккхе йоцуш кхин дІахьойла ду. Иштта хуьлийла-м дацара те, вай, тешаш долчара вайн юкъараллин мунепакъалле леларна, вешан светски олалла дечийн лерам ца гайтарна а, сий ца дарна а гІо деш хилар? ПахІалан лакхахь далийначу дешнашца, иза билггал хуьлуш дерг ду, вай билггал бакъ долу сий дар сацийча.

## Цхьаммо Инжил пайда ца хуьлучу серлонгахь гойту

Соьга кху темина дуккха масалш далалур дара, амма ас сайца масех шо хьалха хилла истори бен юьйцур яц, цо ПахІалан дешнаш долччул гІолехь гойту. Со цхьана йоккхачу гІалара кеманахь вогІура. Сан расписани цу муьрехь чІогІа дукха хиларна, со хьалхарчу классаца вогІура. Суна юххехь, стоьмийн мутт а молуш, дика тІедуьйхина духар а долуш, бизнесмен вара охьахиъна. Суна сайн цуьнца вовзар а, Инжилаца дагавалар а хиларан лаам хаабелира, цундела ас сихха хабар дІадолийра. Тхан сихха къамел тасаделира, вовшашца тайп-тайпана ойланаш а, хаамаш а хуьйцуш. Ала мегар ду, тхан дуккха а хІума цхьаьнадогІуш нисделира, тІаккха тхойшиннан сихха доттагІалла дІатасаделира.

Цуьнан озехь тоъал специфически интонациш яра, тІаккха со сихха

иза куьйгалхо хиларх кхийтира. Со иза хIун лелош ву, аьлла, тидаме хилира, тIаккха цо соьга ша гIалахь йоккхаллица шолгIачу меттехь йолчу таксомоторни компанин долахо хиларх дийцира. Цул тIаьхьа ас къамел цо компанина тIехь куьйгалла муха дора бохучунна тIедерзийра. Цуьнан балхах лаьцна къамел динчул тIаьхьа, цо со хIун лелош ву, аьлла, хаьттира. Ас жоп делира, «со Везачу Элана болх беш ву, Инжилан гIуллакхдархо а волуш».

Цуьнан юьхьан доттагIаллин гар цу сахьта тIекере доцуш а, хийра а хилла хийцаделира. Иза цхьа бур-бур а дина, дIавирзира. Со Iадийна вара. Оха хIинцца тамехь доттагIалле къамел деш волчу стага, цIаьххьана со вовза а ца луу кеп хIоттийра. Делахь а тхан къамел кху муьрралц чIогIа дика дIадоьдуш дара, цундела суна билггал иза кхин дIахьойла дуйла, хаьара. Цундела ас доттагIаллечу озехь хаьттира: «Сан жоп цхьа мухха а хьакхаделла те хьох. ХIун ду хилларг?»

Цо юьхьан ладамечу гарца соьгахьа а вирзина, элира: «Хаьий хьуна, мухха делахь а, суна хьо тамехь хийтира, цундела ас, сайна я динан гIуллакхдархошца а, я вуьшта керстанашца а гIуллакх стенна хила ца лаьа, дуьйцур ду хьуна».

Со чIогIа хаа лууш хилира.

Иза дийца волавелира: «Сан белхало яра. Иштта цIе йоккхуш йолу „лаккхара дуьнен чу яьлларг». Балхахь хIора денна иза сан берриге а бисина болчу белхан накъосташка кхайкхамаш а беш, церан „кIелхьардовла» дезарх лаьцна бохура. Цо шен болх вон кхочушбеш хиларал совнаха, кхечарна болх бан новкъарло йора.

Эххар а цо балхара дIа а яьлла, компанира масех хIума шеца дIаяьхьнера, и доцург а, цо шен кIанте Германи дуьненнаюкъара телефон етташ хилла, бархI эзар доллар мах балаза счет йитинера». (Истори дезткъе итталгIачу шерийн юккъехь хиллера, дозанал арахьа етта звонокаш чIогIа еза йолчу хенахь.)

Со инзарваьллера. ХIинца цу компанехь хIора стагана чIогIа хала хир ду Делан Дош тIеэца, цо шен леларца, Далла лер дина дела. Шен болх бечу метта, кхайкхамаш а бина, ирча къола а дина, цо цхьа а тайпана сий дар ца дина я шен хьаькаман а, я компанин накъостийн а. Иза уггаре а тешаме а, дика а белхан накъост хила езаш йоллушехь. Цундела боху ПахIала берриге белхалошка:

> Лешна а хьеха шайн олахошна муьтIахь хила безарх а, цара олахошна массо а хIуманна тIехь там бан безарх а, олахошна уьш дуьхьал лен ца безарх а лаьцна. Къола а ца деш, тешаме уьш хила безар а хьеха царна, цара лелош долчу дерригено а вайн КIелхьардохург волчу Делах лаьцна хьехамаш хазбархьама.
>
> – Тите дахьийтар 2:9,10 (шордина гочдар)

Цо ша шеконе диллина ша кхайкхош дерг. (Вайн гIуллакхаша дуккха а чIогIа мохь хьоькху вайн дешнаша чул.) Цу зудчо Инжилана тIе IиндагI даийтина. Нагахь иза Делан Дешаца лелаш а, шен хьаькаман лерам беш а елхьара, иза кхоччуш кхечу тайпана терго еш хир яра шен белхан. Сий дар, иза мехала хетар а, муьтIахь хилар а, цхьана дезачун терго яр а бохург ду. Цуьнан терго яр а, лелар а кхоччуш кхин тайпа хир дара, нагахь иза сий дарх дуьзна дог долуш хиллехьара. ТIаккха иза шен болх автоматически уггаре а гIолечу кепара кхочушбеш хир яра, ткъа шен цIена хиларца цхьаьнадогIуш кхин а чIогIа тIеийзор бара Инжиле болу тидам а, хьашт а.

Компанин долахочуьнца тхайн къамелан ерриге йисина хан аса цу зудчун леларна тIера бехк цабиллар дехарна хьажийра. Цо соьга ладугIура, амма хIетте а гуш дара, сан дешнаша цунна доккха дайдар ца дохьура. Цунна боккха бохам хиллера, тIаккха цунна гIо дан чIогIа хала дара. Дерриг а тхан кхин дIа долу хабар чIогIа хийцаделлера.

Масех шо дIадаьлча, аса и истори сайн кхайкхамийн цхьана кхайкхамехь юьйцура. Тхан финансий партнерех цхьанна тIаьхьо диска тIера кхайкхаман запись хезнера, тIаккха цо тхан гIуллакхдаре запрос дIаяхьийтинера. Цо цу стеган компаних лаьцна хаам а, и стаг муьлхачу адресца каравойла ду а хаийтар дийхира. Цуьнан бехк цабиллар дехаран лаам тIехь болу кехат а яздина, Делан безаман тоьшаллин билгалонна, цунна бархI эзар долларна чек а язйина, иза цунна дIаяхьийта лаам бара.

Аса тхайн партнерна воккхаверна, бохам хилла компанин долахо кара а вина, цунна хилла долу зен меттахIотторхьама, юьхьша и гIуллакх дар сайна тIеийцира. Лехаран процессехь суна и бизнесмен ах шо хьалха даге лазар а иккхина, велла хилар хиира. Иза рогIера

тохар дара суна. Ас ойла йора, дӀахезирий те цунна хӀетахь кемана тӀехь сан дешнаш; делахь а, бакъдерг аьлча, суна цуьнца Инжилах дагавалархьама, тӀевоьдийла ца карайора, оццул чӀогӀа дӀакъовладелла дара цуьнан са. Сан, цуьнан новкъахь кхин гӀуллакхдархо а нисвелла, цо дог дӀадоьллург хиларх сатуьйсийла бен дацара. Тоъал вехха ойла йира аса, карийнерий те цо Делаца машар Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула. Со кхетара, иза баккъал а Ӏаламат хир дара, цуьнан хиллачу белхан накъост йолчо лелийнарг лелийначул тӀаьхьа.

Мел атта хилла хир дара хӀетахь кемана тӀехь цуьнца Инжилах лаьцна долчух декъар, нагахь цу зудчо цуьнан а, цуьнан компанин а сий дина хиллехьара. Цунна тӀеэца атта хир дара. Муха? ЧӀогӀа дуьххьалдӀа, цо эр дара: «Джон, со кхета ахь бохучух. Сан уггаре а тоьлла белхалой Ӏийсах тешачарех бара. ХӀинца сан дахарехь кхоччуш бардак ю. Суна, сайна абаден дахар лун долу, Ӏийса оьшу. ХӀаъ, суна хьоьца доӀа дан лаьа».

Вукху агӀор, суна хезна, тешаш боцчу хьаькамаша сайга шен белхан накъосташкахь ма-дарра долу керсталла го, церан кхайкхамашкахь а доцуш, ткъа уьш тайп-тайпаначу хьелашкахь нисбелча а, балхахь церан леларехь а, Дала леррина Къобалвинчун амал гучуяларехь. Цара, ишттачу белхан накъосташа кхечарел гӀоле болх бо, бохура, уьш берриге белхалойл уггаре цӀена а, тешаме а берш бу, цара цкъа а къийса а ца къуьйсу, латкъам а ца бо, дуьхьал а ца лоь.

Цу белхалошна, вукху зудчо санна болх ца бан, хьуьнар стен ло? Жоп дуьххьалдӀа ду — вайн дегнаш чохь Далла безаш а, шайх лаьцна гӀайгӀа беш а болчийн билггал бакъдолу сий дар а, лерам а хуьлуьйту, Везачу Элах кхерар ду.

## Классехь

Дуккха шерийн дохалла суна дуккха а, тешачара шайн леларца сий дар деш я, бӀостанехьа, муьлхха а ларам ца беш йолу, — и дарца дика битам буьтуш я, мелхо а, Инжилах лаьцна вон цӀе яхар юьтуш йолу, историш хезна. Дуьххьара со теш хилира оцу а, вукху а хиламийн, со школехь доьшуш волчу хенахь.

Ас Дала леррина къобалвина Ӏийса сайн Веза Эла тӀеийцира, Пурду

Университетан студент волчу хенахь. Со католически доьзалехь хьала а кхиъна, шен рогIехь динан тобане лелара, амма хIетте а со ма-хуьллу кIелхьарвалар оьшуш вара. Суна дагадогIу, сан тидам студентех цхьаммо шена тIебахийтина хилар. Цкъа-делахь, суна, цуьнан безаме, амма оццуьнца чIогIа амал хилар хааделира. Иза дика спортсмен а, чIогIа дисциплина йолу къона стаг а вара. Суна, студенчески самукъадаккхаршка иза юьхьенгахь бен ца вогIуш хилар хааделира, тIаккха берриш а малар мийла а буьйлалой, шайна тIехь терго яр яйа йолаелча, дIавоьдура. Самукъадаккхаршкахь цуьнга кIенташца а, йоIаршца а атта ийза цалуш а, самукъане а къамел далора, деккъа содин хи а муьйлуш.

Цунна со дин долуш кIант вуйла, амма цуьнца цхьаьна Далла гена хилар гора. Иштта, цкъа хьалха цо соьца доттагIалла тесира, тIаккха цхьа хан дIаяьлча цхьана суьйранна цо сан неI туьйхира. Иза Делан Дашах соьца дагавелира тIаккха цIаьххьана цо соьга хаьттира: «Джон, соьга Штатийн Цхьаьнатохарийн президентах лаьцна дерг дийцалур дарий хьоьга?»

Ас жоп делира: «Дера, цуьнан цIе Джимми Картер ю, цуьнан зудчун цIе Розлин ю. Иза цкъа-мацах Джорджия штатан губернатор вара, ткъа цул хьалха иза шен фермехь арахис кхиош вара».

Цо элира: «Дика ду. Ткъа хIинца хьоьга Дала леррина къобалвинчу Iийсах лаьцна дийцалур дуй соьга?»

Ас элира: «Дера ду. Иза йоIстагах дуьнен чу ваьлла, Цуьнан лаьттара да Юсуп вара, Цуьнан шийтта мурд вара, тIаккха Иза жIара тIехь велла».

Цо элира: «Исбаьхьа ду. Ткъа хIинца ала соьга, хьуна президент Картер хьайн хьоме нана санна вевзий?»

Ас ойла ца еш жоп делира: «ХIан-хIа».

Цо соьга хаьттира: «Башхалла стенца ю?»

Ас элира: «Нана — иза нана ю. Суна иза юьхьша евза. Цхьаьнакхеттачу Штатийн президентаца со ур-атталла вевзаш а вац».

ТIаккха цо элира: «Иштта, хьан адамийн терго ю ненаца, ткъа президент хьуна ца вевза. Хьуна цунах лаьцна дуккха дерг девзаш делахь а, хьан цуьнца шеца юкъаметтигаш яц».

Ас жоп делира: «Бакъду».

Тlаккха цо элира: «Ткъа хьуна Дала леррина къобалвина Іийса, хьайн нана евзаш санна, вевзий те?»

Со юьхьІаьржачу хІоьттина вара. Со, хІун жоп лур дара ца хууш, охьахиъна Іара. ТІаккха цо суна, Іийса ваийтаран ерриг а Іалашо вайх динан тобане лелаш дерш дар а йоцуш, ткъа вайх хІорранца а юьхьша юкъаметтигаш хилийтархьама ю, Цунна вай деза дела а, вайх хІорра а Цунна волу дела а хилар, гайтира. Со инзарваьлла вара, Дала со стенна кхоьллина хиъча.

Дерриг а тІаьхьадогІу шо ас сахьташкахь Делан Йозанаш доьшуш даьккхира. Со царех ца Іебара. Суна Делан Дош хаа лаьара. Ас сайн дахар Іийсана дІадаллалц, Делан Йозанаш суна историшца а, низамийн гулдар тІехь долу а книга яра. Ткъа хІинца иза юьхьша соьга бохуш долу а, сан даг чохь денделла долу а Делан Дош хилла дІахІоьттинера.

Инженерни факультетан студент хиларе терра, цхьайолу предметаш сан харжийла дара. Йисинчу ерригенна юкъахь спискехь иштта, даим а университетски гІалахь вехаш волчу, профессоро хьоьхуш йолу, Нотр-Дамера предметаш яра. Ас Ширачу Весете хьажаран 101 курсе дІаязвала сацам бира. Со хІетахь хІинца а къона студент вара тІаккха Ширачу Весетан хьехамех хала кхетара, цундела ас ойла йира, юкъара сурт гархьама, цу курсах чекхвалар дика хир дара-кх, аьлла. Тхан тобанан занятеш оршотан деношкахь кхоккха сахьтехь хуьлура. Хьалхарчу занятехь суна профессор гира, тІаккха ма-дарра аьлча Іадийна а вара. Цо, Делан Йозанашкахь ялх бІе сов дуьхь-дуьхьал долу хІуманаш ду, тІаккха Дала леррина къобалвина Іийса беллачарна юкъара денвелла хиларан исторически тешалла дойла дац, элира. ТІаккха Муса Исраилан кІенташца ЦІечу хІордах чекхволучу хенахь, иза Іам бен ца хилла.Ткъа Делан Йозанашкахь иза ишттачу кепе далийна, и истори тІаьхьенашкара-тІаьхьенашка йолуш, ма-дарра дерг алсамдаьхна, и Іам боккха хІорд хилла хийцабаллалц.

И семестр сан дахаран уггар а тийна мур хилла ца хиларх дийца а ца оьшу. Суна, айса даим а профессорца а, кхечу студенташца а къийсар, дагадогІу. Цкъа цхьана занятехь оха профессорца шина сахьтехь къийсам латтийра. Ерриг а цу хенахь со чекхваллалц ондда сайн агІонна тІехь лаьттара, амма оццу хенахь ас цуьнан хьехархочун агІонан сий даран терго йора.

Семестран юьхьенгахь тхуна боккха талламан болх язбан задани еллера, тӀаккха дешар чекхдолуш, иза дӀабала безара. Бинчу белхан жамӀ, жамӀерчу мах хадоран кхоалгӀа дакъа дара. Ас леррина болх бинера сайн талламна тӀехь. ТӀаьххьарчу занятехь профессоро таллам бина белхаш тхоьга дӀасабийкъира. Сайн болх схьаэцча, оценкин метта суна «І» элп гира. Со гуттара санна доцуш цецваьлла вара. Заняти чекхъяьлча, со профессорна тӀевахара, цо соьга элира: «Джон, хьо со волчу кабинете ван веза, тӀаккха ас цу оценкех дерг кхетор ду хьуна».

Масех де дӀадаьлча со и волчу кабинете веара. Цо соьга элира: «Джон, вайшиъ тайп-тайпаначу дуьненашкахь вехаш ву. Цундела суна сайн хьан белхан мах хадабойла доцийла хааделира. Ас хьан балхана тӀехь „Г” билгало йина, цуьнан маьӀна ду, иза хьан жамӀин оценкин тергонехь а доцуш, ткъа кху семестрехь ши экзамен дӀаелла хилар лоруш ду».

ТӀаккха цо элира: «Джон, сан тобанашкахь дуккха суна халонаш еш болу „фундаменталисташ» хилла. Цара массара бохург санна, тобанехь кегаре кхолладолуьйтура, я уьш тобанера дӀабохура, я ур-атталла шайн тешнахиларх юхабуьйлура».

ТӀаккха цо шен аз кӀеда а дина, элира: «Джон, хьо кхоччуш кхин вара. Хьо хьайн тешна хиларх юха цавелира. Хьо айхьа бохучунна тӀехь висира, амма хӀетте а сан ларамца терго йора. Ахьа иштта хьайца тобанехь болчийн лерам хилардаьккхина. Со чӀогӀа баркалле ву хьуна, ахь сан хьокъехь гайтинчу доьналлина а, лерамна а тӀера».

Дала суна цхьацца-хӀума гайтира цу къамелехь. Нагахь вай Цуьнан Дешан къайленашкахь ондда лаьтташ хилахь, амма оццу хенахь баьччанийн сий а дахь, тӀаккха вайна Дела билггал бакъдолчун дуьхьа муха лела гур ду. Долччул сиха, цуьнан тобанашкара берриге «фундаменталисташ» лаккхара дуьнен чу бевлла тешачарех берш хилла. Амма церан тоьшалла нийсса дуьхьал дара церан гӀуллакхашна, цара шайн тобанхошка а, хьехархочунна а Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах лаьцна дийцар бен ца до дела. Долччул сиха цара билггал бакъдолу Инжил хьехархочун а, тобанхойн а бӀаьргаш чохь дискредитировать дора лерам боцчу а, къийсамах дуьзначу а шайн леларца, цу гӀуллакхо классехь низам дохор даладора. Исбаьхьа аьтто тӀехбалийтина бара, царна сий даран агӀо ца евза дела.

Вай цкъа а Делан Дешана тIера довла ца деза. Вай ондда латта деза. Амма, и доцург а, вай ваьшна дуьхьал бирзинарш корректировать бан беза, тIаккха иза эсалаллица а, муьтIахьхиларца а дан деза. Хуьлийла иза вайн хьаькам я тренер, я хьехархо, вай Дала леррина Къобалвинчух тардалар гайта деза. Ткъа аьтто баьлча, тIаккха бага а гIаттийна, вешан баччанашка безамехь а, лерамехь а къамел дан мегар ду.

## Светски олаллаш ларар

Вай светски олаллехь болчийн сий муха дойла ду? Кхин цкъа а хьовсур вай сий бохучу дешан маьIне. Ларар, цхьана дезачу а, маьIнечу а хIуманан лараме терго яр, Дезачу Йозанашцa конфликт гучуяллалц, муьтIахь а, ладугIуш а хилар.

Нагахь вай цу билгалонна тIехь ойланаш а, доIанаш а дахь, вайн балхахь а, школехь я институтехь а, спортзалехь я кхин а миччанхьа делахь а долу лелар — дикачу агIор хийцалур ду. Нагахь вай Деле вешан дегнаш светски олаллехь болчийн лерам барх дузар дехахь, вайн цаьрга йолу терго кхоччуш кхин хилла дIахIуттур ю. Вешан бакъонаш ларъечу метта, вайна церан лаамаш озабезамехь хир бу. Вай муьлхха а хилам лоьхур бу, царна гIо дархьама, ваьш тIеоьцур делахь а, я дацахь а доьзна доцуш, вешан къахьегаршна хьакъ долуш я доцуш мах лахь а. Вай муха кхиалур ду цу тIе? Дезачу Йозанаша боху вайга:

> Леш (белхалой), адамаш долчу олахошна (болх луш болчарна а, хьаькамашна а) кхерамца а, ларамца а цIеначу дагца муьтIахь хила, Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь шаьш ма-хиллара. Царна муьтIахь хила, мотт хьоькхучу адамаша санна, моттаргIанаш а ца еш, ткъа Дала леррина Къобалвинчун леша санна, даггара Делан лаам кхочуш а беш. Хазахетарца, Везачу Элана деш санна, гIуллакх делаш, адамашна деш санна а доцуш. Лай я маьршаниг велахь а, нагахь цо диканиг дахь, цунна изза Везачу Элера юхакхочур дуйла хууш, делаш шаьш дийриг.
>
> – Эпасхошка дахьийтар 6:5-8
> (вайн заманан гочдар, къовларшкахь авторан дешнаш)

Кху аларан тидам белаш «Хазахетарца, Везачу Элана деш санна, гIуллакх делаш». Нагахь иза вайн дегнашкахь дийна хилахь, вайн леш долчуьра ялхой хилла хийцадолийла хир ду. Аша эр ду: «Ткъа со лай вац». Кху чIагIдарна жоп далале хьалха, лена а, ялхочунна а юкъара башхалла кхето пурба лойша суна. Лене уггар кIезиг тIедахкарш ду, ткъа ялхочун лаккхара потенциал ю. Лена къола до, ткъа ялхочо ша дIало; лай болх банза цаволу, ялхо ша болх бан хIутту. Ялхочо аьттонаш лоьху, ткъа буьйранашка ладоьгIуш а ца Iаш. Цунна ша гIуллакхдеш волчун хьашташ хьалххе дуьйна го, тIаккха цо уьш шега дехале хьалха кхочуш а до.

Нагахь шуна шайн хьаькамо шайга нийса воцуш а, кIоршаме а терго еш хилар хетахь, шу жоьпана деш-лела деза, ткъа вон хиларан терго а ца еш. Реакци еш волу стаг леткъамаш бан бан волало шен муха вон терго еш хиларна, иза кхоьлина хилла дIахIутту, массо а хIума бен а доцуш, цо вон болх бо. Диканца вонна тIехь толам баккхарца деш-лелаш волу стаг, (хь. Рим. 12:21), шен тIекере воцчу хьаькамна тIе а вахана, эр ду, масала, иштта дешнаш: «Суна, хIинца а дуккха болх бан безаш хилар го, цундела суна хьуна хууш хила лаьа, тIедогIучу кIиранахь со шина сахьатна хьалха балха а вогIуш, сайн болх чекхбоккхур бу, хьан суна тIех болх барна мах бала а дезар дац».

Нагахь шу конфликт ишттачу кепара цхьалхаяккха дуьйлалахь, аша кестта Делан къинхетам боккхур бу, тIаккха эххар а хьаькаман а. Суна иза мичара хаьа бохий, ахь? Кицанаш книги тIехь (3:3, 4) къинхетамалла а, билггал бакъдерг а деган экъанаш тIехь дIаяздан деза, тIаккха «Безам а, тешаме хилар а хьох цкъа а дIа ма доьрзийла. Хьайн логах уьш дIа а хьарчаде, хьайн даг тIехь уьш дIа а язде. ТIаккха Дела а, нах а реза хир бу хьуна, цара хьо къобал а вийр ву».

Нагахь шуна, шаьш лара а лоруш, сий дарца терго еш йоллушехь, шайн хьаькам шайца дика хилар ца карадахь, Дала кхечу метте неI дIайоьллур ю, цигахь къинхетам а, шуьца дика хилар а хир ду, вай хьалха болчу коьртехь хьаьвсинчу историхь, страхови компанин директор лелла ма-хиллара. Цо шена болх белла волчун сий дира, ур-атталла цо иза цхьа а тайпана ца леринехь а. ТIаьхьалонгахь Дала цунна кхин а йоккхачу компанин неI дIайиллира, тIаккха хIинца цунна кхоччуш совгIат хилла, баккхийчу директорех цхьаъ а хилла.

Иза закон ду. Нагахь аша шайн дахарехь юкъараллин олаллаш ларахь, Дала шун сий дийр ду, тӀаккха аша кхоччуш совгӀат схьаоьцур ду. Хила тарло, иза хьаькамера, хьехархочуьнгара я тренерера догӀур дац, амма иза ца догӀуш дуьсур дац. Дела Шен Даше хьоьжуш ву, иза кхочушхилийтархьама!

## КОРТА 9

# ЦIЕРАЧУ БАЬЧЧАНИЙН СИЙ ДАР

Вешан тидам доьзална тIебохуьйтур вай. Берашна тIера дIадолор вай. Дезачу Йозанаша вайга боху: «Шайн да а, нана а лара» – чIагIо тIетоьхна йолчу весетех хьалхарниг ду иза: «хьайна дика хилийтархьама а, хьо лаьтта тIехь дукха вахийтархьама а» (Эпа. 6:2, 3).

Шайн да а, нана а лара — и предложени а, рекомендаци а яц, ткъа весет ду. Я, хила тарло, цхьанна дицделла те, вай а, Керлачу Весетан тешаш дерш хиларе терра, весеташ лардан дезаш хилар? Иза, Делан безам баккъал а вайца хиларан тешалла ду. Iийсас боху: «Ас тIедиллина гIуллакхаш тIе а оьцуш, уьш кхочушдеш верг ву Со везарг» (Яхьъя 14:21). Векало Яхьъяс юха а тIечIагIдо: «Иза шуна юьхьанца дуьйна а хезна долу весет ду, и лардеш шу лелийтархьама» (2 Я. 6).

Вай Дала леррина къобалвина Iийса вешан Веза Эла хилар тIе ма ийцци, вай хийцаделла: хьалха дехаш хилла долу адам, кхин дац. Вай ма-дарра керла кхолладелларш хилла дIахIиттина. Вайн дегнаш керладевлла, цаьрца Делан кхерам а, Цуьнан безам а бу. ХIинца берриге а вайн лаамаш Везачу Элехь бу – вай Цунна тамехь хиларх хьогах ду, вайн билггал бакъдолу Iалам иштта долу дела. Вай, «коьртаниг ду Делан парзаш кхочушдар», долчуха дехар ду[1] (1 Ко. 7:19).

---

1 Делан Йозанийн ингалсан маттахь гочдарехь: «Делан весеташ кхочушдар — и ду маьIна дерг». — Билгало гочдархочун.

Кхечу дешнашца, марздаларехь кхин дІа а Делан весеташ тергал цадинчара, Дезачу Синехула Дала леррина къобалвинчу Іийсаца ма-дарра долу дуьхьалкхетар ца лайна. Хила тарло, цара керсталла даре до, амма, Іийсас бохуш ма-хиллара, вай вайн гІуллакхашца девзар ду (хь. Мат. 7:20). Нагахь уьш Делан весеташ тергал ца деш я тІехула хьоьжуш белахь, тІаккха, церан Цуьнан дог дац. Яхьъяс яздо: «Шена Дела (Дала леррина къобалвина Іийса) вевза а бохуш, парзаш лардеш воцург харцлуьйш а ву, цуьнца бакъдерг а дац (иза тилавелла ву)» (1 Я. 2:4, курсив авторан). Яхьъяс къаьстташ боху, иштта стаг Делан бер дац, иза тилавелла. Хила тарло, цунна моьтту, ша кІелхьарваьлла ву, амма ма-дарра аьлча и бакъ дац.

Кхин цкъа а дагадоуьйтур вай сий бохучу дешан маьІна: «лара, сий дар, лерам бар, дика терго яр, боккхачу тидамца». Нагахь вешан дай-наношка сий даран призмехула чекх хьежча, цуьнан маьІна, вай цаьрца лерам беш а, безамца а лела дезаш хилар ду. Дагадоуьйтур вай, сий дар гІуллакхашкахула а, дешнашкахула а, ур-атталла ойланашкахула а гойтийла ду, амма билггал бакъдолу сий дар даг чуьра арадолу. Иштта, нагахь къона кІентий а, йоІарий а шайн дай-наношца даим а тамехь доцуш а, ледара а, бехказа доцуш а лелахь, иштта цара шаьш цхьа а тайпана шайн дай-наной лоруш цахилар гойтур ду. «Стеган даг чохь дерг матта тІехь ма хуьлу» (хь. Мат. 12:34). Церан ца лору лелар озан кепехула а, бІаьргаш къерзорехула а, цадашаран хьежарехула а, дехар кхочушдан дезачу хенахь, меллашчу боларехула а, леткъамашкахула а, иштта кхин долчуьнгахула а гойла ду.

Дай-наношка ца лору терго яр Америкехь гІеххьа дерг хилла дІахІоьттина. Вайн культурехь гІиллакхан доза дІадайар алсамдуьйлуш ду. Аса сайн берашна цкъа а хьовса магор йоцу, дуккха а гІараевлла «доьзалан фильмаш» ю. Цхьаерш ур-атталла уьш «тешамечу кинокомпаниша» яьхна хиларна «G» элпаца билгало йина ю. Аьлча а уьш кхерамазалле лоруш ю. Дукхахьолахь церан сюжетни историш чІогІа доглазаме ю. Делахь а берийн дай-наношца уьйр хиларан кеп — кхоччуш кхин истори ю. Цара, шайца гІуллакх хуьлийла доцчу, цхьана сонтачеран санна, терго йо дайн-нанойн. Цара кІоршаме хабар дуьйцу дай-наношца, ла а цадугІу цаьрга, тІаккха фильм бераш турпалш хилла дІахІиттарца я церан лаамаш кхочушхиларца чекхйолу, ерриге фильман йохалла цара шайн дай-наношка цабашаран терго яр гойтуш хилла доллушехь. Шуна моьтту, ас тІеххаддош боху, амма Дала хІун боху ладогІийша: «„НеІалт

хуьлда шен да я нана сийсаздаьккхинчунна!“ Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“» (Кар. 27:16, шордина гочдар).

Шу кхетий, мел ницкъ болуш ду неӀалт боху дош? Дала неӀалт кхайкхийна хилар — иза ладаме хӀума ду. Вай сатуьйсу хаза: «НеӀалт хуьлда адам ден воьдучунна а, къола дан воьдучунна а, адам хьийзочунна я холмачалла дечунна». Амма Дала боху, неӀалт хуьлда шен да я нана сийсаздаьккхинчунна. Хьовсур вай сийсаздаккха бохучу дешан маьӀне: «цхьана гуттара санна долчу, маьӀне доцчун терго яр, лешка санна». Мелла а алсам эмоцица иза кху кепара хезаш ду: сийсазван, кӀезиг хета.

## ТӀаьхьенашкахь дахделла неӀалт

Дезачу Йозанашкахь, адамаша, шайн дай-наной сийсазбарна, шайн дахарна неӀалт далийна, дуккха масалш ду. Къеггинчу масалех цхьаъ — Хьама ву, Нохьин уггаре жимахволу кӀант.

Хи тӀедалар дӀадаьллачул тӀаьхьа Нохьа ферманалла дӀакхехьа волавелира. Цкъа цхьана суьйранна цо ваххалц малар меллера. Стенна динера цо иза? Хила тарло, иза депрессин синхаамца къуьйсуш хилла, дерриге лаьтта тӀехь цхьаъ бен воцу да висина дела, я, хила тарло, иза шена тӀедижинчу охьатаӀорах дайдалар лоьхуш хилла хир ву, цуьнан дуккха долу хӀума юхадан дезаш дара хи тӀедалар дӀадаьллачул тӀаьхьа. Муьлххачу хиламехь, гуш ду, иза дайдалар лоьхуш хилла я чӀогӀа охьатаӀийна хилла Амма цо нийса йоцу кепаш хаьржина. Малар а мелла, шен четар чу а ваханa, верзина а ваьлла, наб кхетта цунна.

Хьама цуьнан да дӀавижина волчу четарна чоьхьаваьлча, цунна иза верзина волуш гира, тӀаккха цо иза массаьрга а дийцира (оццул дукха адамаш дацара цу муьрехь гонаха, Шама а, Япат а бен). Сурт хӀоттадойла ду сан, ма веларца аьлла цо шен вежаршка: «ХӀей, кӀентий, шу тешар дац-кх, вайн дада хьакха санна мала а мелла, верзина Ӏуьллуш ву! Даха а гӀой, хьовсийша».

Шимина а, Япатна а вешин велар хезча, кхоччуш кхечу тайпана жоп делира. Цара тӀеюху бедарш схьа а эцна, шайн белшаш тӀе а йиллина, букъ берзийна ден четарна чоьхьа а бевлла, Нохьин верзина хилар дӀакъевлира. Царна шайн ден эхь ган ца лаьара.

ШолгӀачу Ӏуьйранна самаваьлча Нохьина Хьамас динарг хиира. Яздина ма-хиллара:

> НеІалт хуьлда КанаІанна. Шен вежарийн лешна хьалха а лай хир ву иза», – аьлла. Кхин а элира цо: «Декъала ву Веза Эла, Шимин Дела, ткъа КанаІан Шимин лай хуьлийла. Япатан тІаьхье Дала беркате а йойла, Шимин четарш чохь а Іойла Япат. Ткъа КанаІан Япатан лай хуьлийла.
>
> – Доладалар 9:25-27 (вайн заманан гочдар)

Нохьин багара даьллачу пайхамараллечу дешо дуккха йолчу тІаьхьенашна Іаткъам бинера. КанаІанхой, Хьамин тІаьхьенаш, неІалт хилла бара, уьш Делан Дешаца даим а Исраилан кІенташа ялхой бора.

Хьамас шен ден сий цадира тІаккха цо шен дахарна а, шен тІаьхьенийн дахарна а неІалт деара. Нохьа мелла хилла воллушехь, Дезачу Йозанаша цунна цхьа а тайпана таІзар дарх лаьцна ца боху. Цул совнаха, Іебархошка Дахьийтарехь, 11-чу коьртехь Дала патриархаш хестабо. Царех цхьаъ, Нохьа ву, муьйлуш лелла волу стаг. Гуш ду, иза шен къинна дохковаьлла, тІаккха цунна гечдина. Делахь а Хьамех лаьцна цу коьртехь цхьа а хІума ца яздина, тІаккха вуьшта а, шуна Делан Йозанашкахь Хьамех лаьцна цхьа а диканиг гур дац.

Нохьин моральни вожар цуьнан, цу муьрехь дегнаш дІаделладеллачу, кхаа кІентан сий зер хилла дІахІоьттира. Цхьаммо сий ца дира, бунт яр бен, вукху шиммо лерам бар гайтира, муьлххачу кхелъярх а совцуш, дена кхелъяр церан жоьпаллехь доцу дела. Нохьин лелар цІена дацара, амма цуьнца дерг цхьалхадаккха дезаш Дела вара, ткъа цуьнан кІентий а боцуш. Цуьнан ши кІант цунах кхийтира, тІаккха цара шен дега болу лерам ларбира; кхоалгІачу кІанта ден леларан кхелъярна майралла шена тІеийцира, и дарца цо иза сийсазваьккхира тІаккха иза неІалт хилла дІахІоьттира.

Кхин а цхьа тамашийна дерг, Хьама шен билгалдаккхарна тІехь чІогІа нийса вара. Логикица цуьнан лелар бакъдан мегар дара: цо шена гинарг юхаалар бен ца динера, цо «бакъдерг» бохура. Амма сий даран а, олаллин а агІо Пачхьалкхехь кхоччуш кхечу тайпана дІахІоттийна ю.

## Хан мел йолу лерам ца бар чІагІло

Дезачу Йозанашкахь кхин а цхьа стаг ву, шен ден сий ца динарг, — Раабан, Якъубан дуьххьарлера кІант; цуьнан нана Леа яра. Раабана шен ден сий муха ца дира? Иза шен ден езарца Баллица дІавижира.

Делахь а со тешна ву, иза шен ден доларчу ялхочуьнца дӀавижаран бахьана кхин а кӀорггера хӀума хилла. Якъубан ши зуда хилла: йижарий Леа а, Рахьал а. Балхьат Рахьалан ялхо яра. Рахьал а, Леа а вовшашца къийсалуш яра. Церан къийсар тӀаьхь-тӀаьхьа чӀагӀлуш дара, Якъуба Рахьалехьа озабезам беш хиларна. Шен зуда-мараллин дахар доладелчхьана дуьйна а, иза чекхдаллалц а цунна Рахьал езара.

Далла Леа шен майрачунна езаш ца хилар гича, цо цуьнан кӀант хилийтира, Раабан. ХӀара элира цо Раабан дуьнен чу волуш: «Везачу Элана гина аса хьоьгу бала: хӀинца мукъана а со езаяла мега сан майрачунна» (Дол. 29:32).

Леа юха а доьзалхочух хилира, кхин цхьа кӀант вира цо. Цуьнан цӀе цо ШимӀа тиллира (иза «хезна» бохучух терра ду). Леас бохура: «Везачу Элана хезна, со майрачунна ца еза аьлла, цундела Цо суна кӀант велла» (Дол. 29:33, курсив авторан).

Кхин цкъа а доьзалхочух а хилла, кӀант вира Леас. Цо цуьнан цӀе Леви тиллира (иза «цхьаьнакхета» бохург ду). Леас бохура: «ХӀинца сан майра суна уллохь хир ву, ас кхо кӀант ма вина цунна» (Дол. 29:34, курсив авторан).

Ша берах ца хуьлуш йолчу Рахьала, шен йишин кхиам а гина, иза малбархьама Ӏалашо дагаяийтира. Цо Якъубана шен ялхо дӀа а елла, цуьнга элира: «Сан ялхочуьнца Балхьатца дӀавижа. Нагахь санна цо суна бер дахь, сан а цуьнгахула доьзал хир бу» (Дол. 30:3). Бер дуьнен чу даьлча, Рахьала элира: «Дала бахьана а хӀоттийна, сайн йишица къовса а елла, толам бaьккхи ас» (Дол. 30:8).

Раабанна, уггаре а доккхаха бер хиларе терра, шен нанна а, Рахьална а юкъахь болу къовсам а, къийсар а гора. Иза, шен дас тергал ца ечу шен ненан лазамах кхеттал, тоъал воккха вара. Раабан кха тӀе вахча, цунна цигахь шен нанна дудаъ-орамаш карийра. Леас шен кӀантера и орамаш схьаэцча, Рахьал хьаьгнера, шена а и орамаш дезарна, тӀаккха цо йишица бертаяхар дӀахьедира, цхьа буьйса Якъубца яккхар цунна дӀа а луш.

Якъуб цу суьйранна кха тӀера цӀа веача, Леас цунна дуьхьал а кхетта, элира: «Тховса хьо соьца дӀавуьжур ву, – элира цо. – Ас сайн кӀентан дудаъ-орамаш делла хьох» (Дол. 30:16). Кхузара гуш ду, Якъуба сих-сиха буьйсанаш Рахьалца йохуш хилар. Леан цуьнца мах белча бен, хуьлийла дацара.

Раабан лазамца хьоьжура шайн доьзалехь хуьлуш долчуьнга.

Со тешна ву, ден нене цабезамечу тергонан бахьанехь халахетар а, эргІадвалар а цунна чохь хІора де мел долу алсамдуьйлуш хиларх.

Иза цуьнан ялхочуьнца дІавижарца ца сецира. Цуьнан халахетар массо а хІуманна тІехь хаалуш дара. Хан дІаоьхура, тІаккха Якъубан итт кІант хиллачул тІаьхьа, Рахьала а эххар кІант вира цунна, Юсуп. Раабанан цабезам кхин а алсамбелира, да Рахьалан цхьаъ бен воцчу кІантаца дика хиларна. Юсупна дерриг а уггаре гІолехь дерг кхочура, иза берриге а вежарел дукха везара, цунна, ден озабезам билгалбоккхуш долу, хаза духар деллера.

Доьзал Леан а, Рахьалан а да волчуьра дІабахча, цаьрга хабар кхечира, царна дуьхьал, шеца виъ бІе стаг а волуш, Іесав вогІуш ву, аьлла. Якъуб воьхна хьаьвзира, хІунда аьлча цунна дика дагадогІура, цуьнан вашас шегара дуьххьарчу доьзалхочун бакъо лачкъорна иза вен чІагІо йинера.

Якъуба шен дахар а, шен тІаьхье а кІелхьаръяккхархьама, доьзал бийкъира. Цо Іесавна дуьхьал шена хьалха цхьа дакъа дІахьажийра, ткъа шолгІа дакъа жимма тІаьхьа дан дезара. Цуьнан Іалашо муха яра аьлча, нагахь Іесава хьалха бевлла боьлхурш байахь, Юсупан бисинчаьрца дІаводийла хир ду, шен а, цунна уггаре а юххерчу адамийн а дахар кІелхьара а доккхуш. Хьовсур вай, цо доьзал муха бийкъира: «Ялхой-зударий а, церан бераш а хьалха хІиттийра цо, Леа а, цуьнан бераш а царна тІехьа хІиттийра, ткъа Рахьал а, Юсуп а массарна а тІехьа даьккхира» (Дол. 33:2, шордина гочдар). Раабанан дераллин а, эргІадваларан а сурт хІотталой шуьга? ХІара ненаца далийта хьалха хІиттийна, ткъа да, Рахьална а, цуьнан кІантана а дика а деш, ша а цаьрца цхьаьна тІехьа дІахІутту.

Хан дІайоьду, эргІадвийлар алсамдуьйлу. Рахьала шолгІа кІант во, ткъа ша и дуьнен чу волуш дІакхелха. Якъуб къаьхьа воьлху и елча, тІаккха цо цуьнан каш долчохь, ерриге тІаьхьенашна латта безаш болу, беза тІулг дІахІоттабо. Тамашийна ду, аша цхьанххьа а Леана тІулг дІахІотторах лаьцна цхьаннххьа а доьшур дац, цо иза Рахьална бен ца хІоттийна. Схьахетарехь, тІулг боккха а, хаза а хилла. Долччул сиха, хІинца Раабанан садеттаран кад тІехбуьзна хир бу, иза къахьалло а, догдохаро а дІалаьцна хир ву.

Делан Йозанаша боху, Рахьал еллачул тІаьхьа «Раабан шен ден ялхочуьнца Балхьатца дІавижира» (Дол. 35:22). Раабан шен къийсамхо муха хьалакхуьу гарца, бала хьоьгуш а, Іазапехь а вехара. Иза, дена Рахьал езаш, ткъа цуьнан нана ца езаш хиларца берта ца валора.

Схьахетарехь, цуьнан Балхьатца дIавижар хьайна хиларна а доцуш, ткъа дас шена динчу лазарна а, бала хьегийтарна а тIера мухха а мах белла, Рахьалан четаран сий дайархьама а, сийсаздаккхархьама а динн дара.

ХIинца вайна го, тIаьхьо, берриге вежарий беллачул тIаьхьа, Дала Раабанах лаьцна хIун боху: «Исраилан дуьххьарлера доьзалхо волчу Раабанан кIентий хIорш бара. (Иза дуьххьарлера доьзалхо вара, амма цо шен да дIавуьжу мотт сийсазбаьккхина дела, дуьххьарлера доьзалхочун бакъонаш Исраилан кIант волчу Юсупан кIенташна дIаеллера. Иза бахьанехь Раабанан цIе дуьххьарлерчу доьзалхочун санна дIаязйина яц» (1 Ше. 5:1, курсив авторан, шордина гочдар).

Уггаре а тамашийна дерг хIун ду, Якъуб ша а нийса ца лелара, Рахьал езарца, Леа тергал ца еш. Делан гарехь иза дика дац, вай йоьшу: «Везачу Элана гора Якъубана Рахьал Леэл чIогIа езаш хилар, цундела Цо Леин бераш хилийтира, ткъа Рахьалан ца хилийтира» (Дол. 29:31). Делан Йозанийн шординчу гочдаро боху: «Везачу Элана Леах цавашар гича», Дала Леа шен майрачуьнна тIехула ирс доцуш хиларна, декъалйира.

Раабан хьолах къаьстташ кхийтира. Цо шен ден мах хадор хIумма а доцчуьнна тIера дагадаийтина дацара, дерриг а ма-дарра дара. Делахь а, цо шен даг чу дитинчо, тIаьхьа иза хIаллак а вира. Цо, Дала хIорра а беран даг чу дуьллуш долу, сий дар дитинера, тIаккха дIатеттина хиларе а, халахетаре а шена тIехь толам баккха магийтира, цо сий дайарна меттиг елира. Цуьнан халахетар оццул хьаладаларна, цуьнга шен ден сий ца даран терго яр бакъ яелира. Амма ишттачу тергонан беза мах бара. Иза шен дуьххьарлерачу доьзалхочун бакъонах велира.

Дагаяийтийша книгин юьхьенгахь йолу Хьанатах лаьцна истори, иза емалйинера динан дас Iелас, хIетте а цо лерам боцчу леларе цунна тIехь толам а баьккхина, вай олалла дечийн сий дан деза бохучу, Деле ла цадогIа ца магийра. Цо кхоччуш долу совгIат схьаийцира. Раабан, мелхо а, шен совгIатах а велира, шен тIаьхьалонах а велира. Иза шен мах хадорехь жимма а гал цаваьллера, амма иза кхоччуш галваьллера шен реакци ярна тIехь.

## Шайн харцлеларца шайна цхьаьнгга а Іаткъам бан ма магаде

ТІаьхьарчу масех шарахь со, вайн, кхечу адамийн вон леларо вешан хаарна а, кхетамна а нийса муха лела дезарна Іаткъам бан магадойла ца хиларх, алсам кхеташ хилла дІахІоьттира. И билггал бакъдерг чІогІа къаьстташ гуш ду Мусан дахарехь.

Исраилан бераш, Якъуб санна, даим а Везачу Элана тамехь доцуш лелара. Якъуб ца вашара шен зудчух, ткъа уьш даим а леткъара. Раабана санна, Мусас бала хьоьгура церан нийса ца леларна. Шовзткъа шеран дохалла иза ваІда динчу лаьтта тІе ца кхачийтинера, уьш бахьана долуш гІум аренгахь а волуш.

ХІинца уьш юха а леткъара, церан хи доцу дела. ТІаккха Дала Мусага тархана буьйра де элира, тІаккха цу чуьра хи догІур ду, аьлла. Амма цу муьрехь Муса церан леларх оццул кІадвелла хиларна, цо берриге исраилхой цхьаьна схьа а гулбина, мохь хьаькхира: «ЛадогІа, карзахдаьлла халкъ! ХІокху тархах даккхий ас шуна хи?» Шен куьг хьала а айина, тархах шозза Іаса туьйхира цо. Дуккха а хи доладелира цу тархах. Наха а, даьхнино а мелира иза» (Лел. 20:10, 11).

Шен иштта леларна тІехула Муса халкъ сатийсинчу лаьтта дигаран озабезамах ваьккхина вара. Дуккха шераш дІадаьлча назмаалархочо яздийр ду: «Мерибан хиш долчохь адамаша Веза Эла оьгІазвахийтира, ткъа уьш бахьана долуш, Мусана бохам баьккхира. Цара Мусан синна халахетийтира, ткъа цо, ойла а ца еш, бага туьйхира» (Заб. 105:32, 33).

Муса кІадвеллера церан вон леларна. Цуьнан Делан Дешаца цадогІуш лела дийзира. Цуьнан беза мах бала дийзира! Ас сайн Делан Йозанашкахь цу байтана юххехь билгало йира: «Вайн вешан вон лелар кхечу адамийн вон леларца бакъдойла дац». Иза вайна массарна а чІогІа чолхе урок ю.

Раабанан ден лелар цуьнан ненан хьокъехь лараме дацара, амма хІетте а цо цхьа а тайпана, Раабанан шен ден хьокъехь лерам боцуш лелар бехказа ца доккху. Дала вайга ден а, ненан а сий де боху, уьш вайн гарехь дика я вон хиларх, я церан лелар сий дарна хьакъ долуш ду я дац доьзна доцуш.

Кхин цкъа а пурба лойша суна хьалха дІабаханчу коьртера чІогІа лараме агІо дагаяийта. Вай даим а олалла лара а деза, цунна муьтІахь

хила а деза; вай иштта олаллехь болчаьрга ладугIуш а хила деза, нагахь ваьшка Делан Дешана дуьхьал дерг де бохуш буьйра деш дацахь бен. Масала, нагахь дас-нанас шайн бере хьехархочунна аьшпаш боттар доьхуш делахь, беро, лерам лар а беш, олийла ду: «Нана а, да а, ас шун сий до, амма сан аьшпаш боттийла дац, иза Делан дуьхьал къа долу дела». Я кхин а кхераме масал, да шен бер хьийзо гIерташ велахь, кIанта я йоIа кхечу олаллехь болчаьргара гIо леха деза. Церан агIор сий ца дар хир дац, нагахь цара цунна а, шайна а гIо дар доьхуш делахь.

## Шалха совгIат

ХIара тема дIайолийначу Дезачу Йозанийн метте кхин цкъа а хьовсур вай: «Шайн да а, нана а лара» – чIагIо тIетоьхна йолчу весетех хьалхарниг ду иза: «хьайна дика хилийтархьама а, хьо лаьтта тIехь дукха вахийтархьама а» (Эпа. 6:2, 3).

Сий даран совгIат шалха ду, кху байтера къаьстташ гуш ма-хиллара. Цкъа-делахь, цо дуккха долчунна тIехь гIо дийр ду шуна. Шуна шайн дахарехь кхиам гур бу, иштта машар а, даккхийдер а, безам а, чIоггIа могшалла а. Шу, совгIат хила хьакъ долчу, дахарх марзо оьцуш хир ду. ШолгIа-делахь, шу лаьттахь дехха дехар ду. Шун, шаьш цхьана Iожаллечу цамгарх а, автомобильни катастрофехь а, я бохаман хиламехь хенал хьалха лийриг ца хиларан сатийсар ду.

Шуна мотта тарло: «Амма суна иштта адамаш девза, цара шайн дай-наной лорура, амма уьш къоначу хенахь белла». Хила тарло, и бакъ ду. ТIаккха аша хоттур ду: «И нигат церан дахарехь лелаш хIунда дацара?» Уггаре дуьххьалдIа долу жоп стенца ду аьлча, Делан нузарш автоматически лелаш дац, уьш тешарца жигара даха дезаш ду. Хила тарло, шу Iадор ду иштта аларо, амма ас шуна Делан Йозанашкара масалш гойтур ду.

Дала ИбрахIимна нигат дина, цуьнан кIант волчу Исхьакхехула, тIаьхье хуьлуьйтур ю аьлла. Дала билггал дош делла: «Аса цуьнца Сайн барт бийр бу, цуьнан ерриг а тIаьхьенашна гуттаренна а болу барт хир бу иза» (Дол. 17:19). И лакхахь аьлларг тIечIагIдеш Римхошка дахьийтарехь йоьшур вай: «Хьан тIаьхье Исхьакхах схьабевллачарах лерина хир ю» (Рим. 9:7). ТIаккха хуьлу, муьлххачу хиламехь а Исхьакхан бераш хила дезара, иштта дац и?

Исхьакхана зуда хьан хьаьржина? Ша Дала. ИбрахIиман гергарчарна юкъахь Исхьакхана зуда лаха вахана волу ИбрахIиман лай дагаваийтийша. Иза новкъа ваьлча, цо доIа дира:

> Веза Дела, – аьлла, дийхира ялхочо, – Хьо сан элан ИбрахIиман Дела ву, цунах къинхетам а бай, таханлерачу дийнахь цуьнан кIантана зуда каро аьтто бехьа сан! ХIокху шовданна йистехь лаьтташ ву со. ГIалара мехкарий богIу кхуза хи эца. Исхьакхана леринарг муьлха ю хьоьжуш, цхьана билгалоне сатуьйсуш Iа со. Ас эр ду йоIе: "Хьайн кхаба охьаерзаехьа, хи мер дара ас".
>
> Нагахь цо: "Мала ахь, ас хьан эмкалшна а лур ду хи", – алахь, суна хуур ду, иза цунна леринарг юйла а, Хьо сан элах къинхетам беш вуйла а.
>
> – Доладалар 24:12-14 (курсив авторан)

Билггала, чIогIа ма-дарра доIа ду. Цахууш хуьлийла долу меттиг яц. Эмкалша дукха хи молу, тIаккха бевзаш боцчу нахах кIезиг болчарна луур дара оццул хи хьаладаккха, нагахь уьш Дала лелош бацахь. ИбрахIиман ялхо кхоччуш тешна хила лууш вара, цундела цо шен доIа иштта ма-дарра а, чолхе а динера. Иштта билгалделаш, цо аьллера, и гIуллакх дар шена тIеэцнарг, хьажийнарг хир ю. Кхечу дешнашца, иза Дала Исхьакхана хаьржина зуда хир ю.

Иза шен дехаран доIа дина валале, ИбрахIиман гергарчийн йоI, Ребикха, кIудал белша тIехь а йолуш, араелира. ИбрахIиман ялхочо сихонца цунна тIе а вахана, дийхира: «Хьайн кIудал чуьра жимма хи малийтахьа соьга» (Дол. 24:17). Билгалделаш, цо эмкалех лаьцна цхьа а хIума ца элира. Цо нийсса, ша цуьнца цхьаьнакхетале доIа деш аьлла ма-хиллара, дийхира. Цо йоккхаерца реза а хилла, хи малийтира цуьнга. Ткъа хIинца хьовсалаш, хIун хуьлу кхин дIа: «Иза хи мелла ваьлча, йоIа элира: «Ас тоъал хьан эмкалшна а малор ду хи» (байт 19).

Дериг а ИбрахIиман ялхочо доIанна тIехь доьхуш ма-хиллара хилира. Иза инзарваьлла а, воккхаверах тIехвуьзна а вара. Иза воккхавера цуьнан доIа иштта сиха дIахезна хиларх, делахь а гIуллакх хIинца а чекхдаллалц кхочушдина дацара. ХIинца Дала Исхьакхана бина харжам тIечIагIбаран чаккхенан тIай дилла дезара. Цуьнан доьзало, шайна цкъа а хьалха гина воцчу стагаца, иза бевзаш боцчу махка дIаяла, магор дуй те?

ИбрахӀиман ялхочо ерриг а истори Ребикхин доьзале дӀа-ма-йийци, цӀа чуьра берриге а божарша жоп делира: «Тхуна го и гӀуллакх Везачу Элера хилар, цундела оха хӀун эр ду цунна дуьхьал» (байт 50). ШолгӀачу дийнахь доьзало иза новкъаяла дӀахийцира, тӀаккха ИбрахӀиман ялхочо иза Исхьакх волчу схьаялийра, цигахь цо иза шена йигира.

ХӀинца догӀуш историн тамашийна дакъа ду. Дала исбаьхьачу кепара зуда хаьржина Исхьакхана. Амма и шиъ майра а, зуда а ма-хилли, къаьсташ хилира, Ребикха бер хуьлуш яцара. ХӀун? Дала бер хуьлуш йоцу зуда стенна хаьржина Исхьакхана, Цо цунах тӀаьхье хир ю аьлла ваӀда дина хилча? Жоп стенца ду аьлча, Делан ваӀданаш автоматически кхочушхуьлуш дац, уьш тешарца схьаэца дезаш ду. Вай йоьшу: «Исхьакхан зуда бер ца хуьлуш яра. Амма Исхьакха Везачу Эле шен зудчух лаьцна дехча, Везачу Эло цуьнан доӀина жоп а делла, Ребикха доьзалхочух хилира» (Дол. 25:21).

Делан Йозанийн шординчу гочдаро боху: «Исхьакха Везачу Эле чӀогӀа доӀа дора шен бер хуьлуш йоцчу зудчунна тӀера; Везачу Элана дӀахезира цуьнан доӀа, тӀаккха Ребикха, цуьнан зуда, берах хилира». Цо доӀа муха дора? Цо доьхура: «Дела, Ахь ваӀда дина, сох халкъаш а, паччахьаш а схьабер бу аьлла, тӀаккха сан тӀаьхьенех тӀаьхьенаш а схьаевриг хиларан. Иза муха хуьлийла ду, сан зуда бер хуьлуш ца хилча? Ас доьху, Веза Эла, бер хилийтахьа Ребикхин, Ахь ваӀда дина ма-хиллара, тӀаьхье дӀайолаялийтархьама».

## Синан лакхалле закон

Вайна хаа а, кхета а дезаш долу, синан лакхалле закон ду. Дезачу Йозанаша чӀагӀдо: «Нийсса ду гуттаренна а Хьан дош, Веза Эла, стигалшкахь иза чӀагӀдина лаьтташ ду» (Заб. 118:89).

Тидам белаш, цигахь аьлла дац: «Гуттаренна, Веза Эла, Хьан дош стигалашкахь чӀагӀдина ду, ткъа лаьттах лаьцна цхьа а хӀума аьлла дац». ХӀан-хӀа, цигахь къаьстташ аьлла ду, Цуьнан дош стигалшкахь чӀагӀдина ду, ткъа лаьттах лаьцна цхьа а хӀума аьлла дац. ХӀета Цуьнан дош лаьттахь муха чӀагӀдеш ду те? Деза Йозанаш кхин дӀа таллархь вайна го: «ХӀорра а бехкевар шина я кхаа тоьшалла дечеран багахула бен чӀагӀдийр дац» (2 Ко. 13:1, курсив авторан). Тидам белаш, шина я урatталла кхаа тоьшалла дечеран багахула бен чӀагӀдеш дац дешнаш. Ткъа

хIинца, Дала хIун боху хьовсур вай: «Иштта ду Сан багара схьадолу дош а – иза даьсса юха ца доьрзу Суна тIе. Цо Суна луург кхочушдо, Ас даийтина дош Iалашоне кхочу» (Еш. 55:11, курсив авторан).

Цуьнан дош Цуьнга юха муха доьрзу? Жоп дуьххьалдIа ду — вайн багара. Хьалха Дала, тIаккха вай. Иштта, вай вешан багаца Цуьнан багара арадаьлла Цуьнан дош бохучу хенахь, вай иза лаьттахь чIагIдо! Шу кхетий цу тамашийначу билггал бакъдолчух? Дала Исхьакхана цунах хIу схьадер ду аьлла вaIда динера, амма и хилархьама, Исхьакха шен багахула ала а аьлла, и дош лаьттахь, шен дахарехь а, шен доьзалехь а чIагIдар оьшу.

Дала боху, нагахь вай вешан дай-нанойн сий дахь, Цо вайна дехха дахар хилийта ваIда до. Нагахь вай вешан багаца тешар хиларца ваIда дахь, вай Цо вешан дахарх лаьцна хIинцале аьлларг чIагIдо. Вай, дош кхузахь, лаьттахь чIагIдеш йолу шолгIа бага ю. Со воккхавина ца волу цу гучудаьллачух! Иза, вайн майрра цамгаран юьхьа тIе а хьаьжна, лаьттарчу деххачу дахарх Делан весетан ваIданах лаьцна дIахьедойла ду, тIаккха иза муьтIахь хила езар ю, бохург ду. Вайн вешан дIасалеларехь а, цIахь а, муьлххачу кхерамечу меттигашкахь а кхерамазаллех лаьцна майрра олийла ду. Вайн тешнахиларца дIахьедойла ду: «Сайна го бинчу ээарнаш мостагIех кхералур вац со» (Заб. 3:7), цуьнан дахар деха а хуьлуьйтур ду, цунна кIелхьарвалар а лур ду (хь. Заб. 90:16).

Вайн а ваьшца дерриг а дика хирг хиларх долчу ваIданах лаьцна бохийла ду. Вай халонашна, вешан цу чуьра арадовлийла дац аьлла хетачу хьелашна тIеIиттаделча, вайн майрра олийла ду: «Ас даим а сайн ден а, ненен а ларамца терго йо, Делан ваIда суна ду, соьца дерриг а дика хир ду! Iийсан цIеран дуьхьа ас къийсаман а, хьаштийн а, депрессин а пенашна а, дерриге халачу хьелашна а охьа а дегий, дIасадовла буьйра до!»

Вайн иштта лелийла ду Делан весетан муьлххачу а ваIданца. Шортонан дахарца бехаш болчийн а, цхьа кхачамбацаран бала хьоьгучийн а юкъара цхьаъ бен йоцу башхалла, вай иза вешан багахула аларехь ю. Дала боху: «Ас тахана тIекхойкху стигал а, латта а, аша бен болчу харжаман тешаш хила. Ас шуьга харжийта дIало дахар я Iожалла, декъала хилар я неIалт кхайкхийна хилар. Шайна дахар харжа шу а, шун тIаьхье а яхийтархьама» (Кар. 30:19). Тидам белаш, вай дахар харжа дезаш хиларан. ХIунда? Вай дахар харжа деза (весетаца долу декъалаллаш), хIинца лаьттахь Iожалла лелаш йолу дела. Вай дахар муха харжа деза? Юха а йоьшу вай: «Дахар а, Iожалла а стеган маттах доьзна

ду. Цундела вистхила дезаш верг аьллачун тIаьхье тIелаца а кийча хила веза» (Киц. 18:21, шордина гочдар).

Вай я Делан весетаца долчу ваIданашна, я кхачамбацарех а, цамгарех а, Iожаллах а лаьцна долчу иблисан неIалтана тIетан деза. Иштта дуьххьалдIа ду цу билггал бакъдолчух тасадалр. Билггал цундела яздина Якъуба:

> Дашаца цкъа а къа ца латош верг кхачаме стаг ву, цуьнга шен дерриг дегIан дола дало. Вай говрийн бага гаьллаш йохку, уьш вайга ладугIуш хилийта, тIаккха церан догIмаш леладо вай. …
> Иштта, матто а, кIезиг меже елахь а, доккхачу гIуллакхашна тIехь куралла йо. Хьажал, жимачу цIаро мел йоккха хьун ягайо!
>
> – Якъубан дахьийтар 3:2, 3, 5 (вайн заманан гочдар)

Жимачу суйно дийнна хьун ягайойла ду. Билггал иштта, кхерамехь аьллачу дешнаша, шун дахар дохадойла ду. Хаза кхаъ стенца бу аьлча, вайн Делан весетан ваIданаш хиларца. Уьш дагчу чекх-ма-делли, вайн багано ала деззарг эр ду. Кхин дIа Якъуба боху, мотт хи чохь долчу фонтанах тера бу: цу чуьра цхьана хеннахь керла а, къаьхьа а хи догIийла дац. МаьIна фонтанаца дац, ткъа лаьттаца а, хинан хьостанца а ду. Билггал иштта гIуллакх маттаца дац, ткъа, вайн дегнаш чохь долчу, хьостана чохь ду. Iийсас боху: «Стеган даг тIехь дерг цуьнан матта тIехь а ду» (Лак. 6:45).

Дала дика а, дехха а дахар ваIда до, нагахь аша шайн дай-нанойн сий дахь. ХIинца, аша хIара могIанаш доьшучу хенахь, Дезачу Сино билггал бакъдерг дIадуьйш ду шун дагчохь, тIаккха шу баха дезарг баха дуьйлалур ду. Шайн Делах тешар кхечеран сагатдаршна тIехь а доцуш, ткъа Делан Дешан билггал бакъдолчунна тIехь дIахIоттаде. Суна со хенал хьалха лийр воцийла хаьа; и ваIда кIоргге орам тесна ду сан дагчохь, тIаккха Дела Шен Даше хьоьжуш ву, иза кхочушдархьама.

## Зуда, майрачун сий дархьама хьажийна ю

Зудчун хьокъехь аьлча, вай хIара йоьшу: «шух хIоранна а шен зуда, ша-шена ма-веззара, езаш хила еза, ткъа зудчо шен майра лара веза» (Эпа. 5:33, шордина гочдар).

Ма список а ю! Гой шуна, ПахIала ма леррина боху дерриг а зудчунна хаа дезачух лаьцна, тIаккха цо шен майрачун сий муха дан деза а. (Кхин дIа ас книги тIехь зударшца мухачу сий дарца лела беза майранаш,

бохучух лаьцна алсам бохур ду, амма кху коьртехь вай ма-дарра, ваьшна тІехь олалла долчарех лаьцна къамел дийр ду.)

Майра — цІа чохь коьрта ву. Иза шовинисташа дагадаийтина дац[1], иза Дала кхоьллина иштта. ЦІахь бакъболу машар а, декъалалла а хуьлийла дац, зуда массо а хІуманна тІехь куьйгалла а деш, цуьнан ойла уггаре а коьрта елахь, ткъа майра коьрта лошуш вацахь. Мелхо а, Делан зудчо шен майрачун сий деш хилча, цуьнан, доьзалан корта болуш санна, терго еш хилча, цунна юкъарло йоцуш майрачуьнгара совгІат хир ду я цхьана кхечу некъашца хилла а, амма совгІат цунна хир ду.

Дукха хан йоццуш со Европехь цхьана йоккхачу динан тобанехь гІуллакхдеш вара. Цхьана зудчо элира соьга: «Джон, со динан тобанехь хьан дуьхьа бен яц».

Суна жимма эхь хийтира. ТІаккха цо суна шен истори йийцира. Масех шо хьалха цуьнан динан тобанехь коьртехь болчийн юкъахь цхьаболу хийцамаш хиллера. Цуьнан майрачуьнца гуламашка чІогІа гена лела дийзира, цундела цара, дика хир дара-кх царна цІенна уллехьа динан тоба карийча, аьлла, ойла йира. Масех тайп-тайпаначу динан тобанийн гуламашкахь хиллачул тІаьхьа, цо шайн цІенна дукха гена йоцу жимо динан тоба хаьржира. Делахь а майра уьш цу динан тобане лела ца дезаш хиларх кхийтира, цунна шаьш хьалхалерчу динан тобанехь диса дезаш хилар хаалора. Зуда цуьнца лелара, амма чІогІа лаам боцуш, тІаккха оццу хенахь кІиранан дийнан суьйренашкахь кхин дІа а жимачу динан тобане а лелаш.

Иза цигахь алсам дІа а тасаелла, гІуллакхдаршкахь дакъа лаца йолаелира. Эххар а жимачу динан тобанан хьалха бевлла болчара цуьнга элира: «Ахьа эххар а хьайн майрачуьнца къамел а дина, иза Делан лелош хиларе ла а доьгІна, вайн динан тобане лела веза маца эр ду те?» (Иштташу хьалхабевлла лелачийн кепо со Іадоре валаво.)

Церан дешнаша цунна чІогІа Іаткъам бинера. Цо майрачуьнга ша чаккхенца кхечу динан тобане дІайоьдуш хиларан шен сацамах лаьцна элира, тІаккха цо хьалхарчу динан тобанан Іуналхочуьнца цхьаьнакхетаран хан йиллира, ша ур-атталла шен майра вуьсуш воллушехь, динан тобанера дІайоьдуш хилар дІахьедархьама. Суьйранна цхьаьнакхетарал хьалха цо сан «Веза Воккхачун къайлаваккхарехь» цІе йолу книга схьаийцира, цу тІехь ас олаллехь болчарна муьтІахь хила дезарх лаьцна бохуш ду.

1 Кхечеран кураллица терго еш долу адамаш, масала шайн зударийн я берриге а зударийн. — Билгалдаккхар гочдархочун.

Цо соьга элира: «Джон, ас ерриге буьйсанна хьан книга йийшира. Со ца соццуш йоьлхура, айса иза йоьшучу хенахь, со, айса Далла а, сайн майрачунна а дуьхьал бунт еш хиларх, кхийтира. ШолгӀачу дийнахь со сайн майрачунна а, динан тобанан Ӏуналхочунна а хьалха дохкоелира».

Иза, ша дӀаяха гӀерташ йолчу, динан тобане йоккхаерца юхайирзира. Масех бутт дӀабаьлча Ӏуналхочун зудчо иза динан тобанерчу кхечу зудчуьнца йовзийтира. И шиъ ший а цхьатерра бизнес лело лууш хилар нисделира, тӀаккха цара иштта дан а дира. Кху муьрехь уьш баккхийчу кхиамашна тӀекхиъна, тӀаккха цара шайна тӀедогӀучух Делан Пачхьалкхана дуккха а ахча дуьллу.

Цо элира: «Джон, нагахь со кху динан тобанера дӀаяханехьара, чаккхенан жамӀехь со майрачух ер яра, тӀаккха сайн дахарехь хьажийна хилла бизнес лело цкъа а хӀуттур яцара». ТӀаккха цо, со майрачуьнга ла а цадугӀуш, цуьнан сий ца дарна тешош, хьалхабевлла лелаш хиллачийн жима динан тоба кхин яц, элира. Цо шен майрачун сий дора тӀаккха цунна гӀодаккхар а, совгӀат а хилира.

## КӀелхьарбевлла боцчу майранийн зударий

Векало Кипас ПахӀала санна яздо:

> Зударий, шу а шайн майранашна муьтӀахь хила [цара боххург а де, церан гӀоьнчаш а хила, царех доьзна а хила]. Нагахь цхьаболу майранаш Делан Даше ладугӀуш ца хилахь, шайн дахарх масал а луш, дист а ца хуьлуш, Делах тешарна тӀебалабе уьш, шайн цӀена а, Делах кхоьруш а долу дахар а гайтий, ткъа цуьнан маьӀна ду: [ларар, лакхара мах хадор, сий дар, кхетар, даккхийдер, тешаме хилар, чӀогӀа безам хилар, царех марзо эцар].

Кипин хьалхара дахьийтар 3:1, 2 (шордина гочдар)

Кипас гойту, ур-атталла зудчун кӀелхьарваьлла майра вацахь а, цуьнан цӀена леларо, ткъа кхайкхамо а, хьехамо а доцуш, иза кӀелхьарваларна тӀевалавойла ду. Суна, шайн зударийн билггал иштточу леларо, Везачу Элан дола баьхна болу божарий бевза. Исбаьхьа масала — Смит Виглсворт, Делан сийлахь божарех цхьаъ, иза ткъоалгӀачу бӀешеран юьхьенгахь Европехь вехаш вара.

Виглсворт хидалорхо вара тӀаккха хан мел йолу цуьнан Деле йолу

шийла терго чIагIлуш бен яцара. Цунна керсталлех лаьцна хаза а ца лаьара. Цуьнан зуда Поли, мелхо а, чIогIа хьажийна зуда яра. Цуьнан Деле даггара хилар чIагIлуш бен дацара. Цуьнан хьажийна хилар майрачунна цабезаме хилла дIахIуьттура, ур-атталла иза юххехь хиларо а и алсам карзахвохура.

Иза цуьнца цуьнан тешар бахьанехь къиза вара тIаккха тIаьхьалонгахь цо ур-атталла динан тобане лелар а дихкинера цунна. Цо цуьнан буьйране ла цадуьйгIира, иза Делан лаамна дуьхьал долу дела (юха а юха боху аса, вай муьтIахь хила деза, цара вайга, Делан Дашехь язбина болу, Цуьнан лаам бохор деххалц).

Цунна пхьор а кечдой, иза кIиранан деношкахь динан тобанан суьйренан гуламашка дIауьдура. Цкъа суьйранна иза гулам чекхбаьллачул тIаьхьа, гуттара санна долчул тIаьхьа цIа еара. Иза цIенна чоьхьаяьллачул тIаьхьа, Смита буьрса элира цуьнга: «Со ву цIахь олахо, тIаккха суна хьо ца оьшу, нагахь хьуна хьо хьайна ма-лиъи, цIа ян мега моттахь!»

Полис меллаша жоп делира: «Суна хаьа, хьо сан майра ву, амма Дала леррина Къобалвинарг сан Веза Эла ву».

ЧIогIа дар а велла, Виглсворта неI дIа а йиллина, цIа чуьра аратеттира иза, тIаккха цунна тIаьхьа неI дIакъовларца догIа дIа а тухуш.

Амма Полис юха цайоллуш кхин дIа а Деле ла а дугIуш, шен майрачун сий дора, цу гIуллакхо башха Iаткъам бира цунна. ТIаьхьалонгахь иза оццул ладаме Везачу Элехьа а вирзина, кхоччуш ша Дала леррина къобалвинчу Iийсана муьтIахь варна, цуьнан гIуллакхдарх хIинццалц а чIогIачу ларамца олу. Цуьнан гIуллакхдарехула дуккха болчарна кIелхьардовлар а хилла, тобалар а хилла, дуккха берш ур-атталла беллачарна юкъара ден а белла.

Полин совгIат Дала леррина Къобалвинчун кхелъяран меттехь доккха дара, цуьнан майрачун гIуллакхдаран жамIехь бIенаш эзар адамийн дахарш хийцаделла дела. Цунна шен майра радикально хийцавларан гарехь хилла а ца Iаш, амма иштта хин долчу дахарехь сийлахь ялта лахьорна а схьаэцна.

ХIинца кхетий шу? Вайга сий дан дезаш болчийн дуьхьа сий де аьлла а ца Iаш, амма иштта вайн вешан дуьхьа а аьлла ду. Вай ваьш а дуккха дерг дойур ду, нагахь сий дан хьакъ волчун сий ца дахь.

# MessengerX

***ХIора денна дешарна шун юххедиллар***

## Дуьйцийла йоцуш маьхза!

Дуьххьалдlа шайн мобильни гlирсана чу а яккхий, пайда эца дуьйлало!
Я сайта тlехь веб-версих пайда эца:

MessengerX.com




**115+ меттанаш, тlаккха иза хlинца а доза дац**

- Хьовса а хьовсий, материалаш 115 сов меттанашкахь чу яккха.
- Материалех доттагlашца дага а довлий, дешаран тоба дlайолае.
- Керла материалаш даим а тlекхеташ ю.

# Хьовса. Еша. ЛадогIа.

Шайн хьовсийла а, ешийла а, ладогIийла а долу, шайна юкъа курсаш а, электронни книгаш а, аудиокнигаш а, йоцца фильмаш а, и доцург а догIу, гIирсийн йоккха библиотека талла.



## Уггаре а ларамечу агIонашкахь кхиар

Доьзал а, дика юкъаметтигаш а, шун дахаран Iалашо а, порнографех паргIат хилар а, шайн тешар чIагIдар а, Делан озе ладогIар а, бизнес лидералла а и доцург а санна, йолу теманаш талла!

## Шун кхиарна тIе болу некъ

**MessengerX**-н Iалашо шуна дахарехь шолгIа гIулч яккха гIо дар ю. Оха шуна кху некъа тIехь диса гIо ден долу, дешаран некъ а, нуьцкъала гIирсаш а кечбина.




## Шуна тамехь хин йолу, алсам исбаьхьа функциш!

- Шуна кху материалашца дагадийла гIо ден долу а, ур-атталла дешаран тобанаш йоло а дуьххьалдIа а, атта а болу гIирсаш.
- Chromecast а, AirPlay а шун безамечу смарт телевизорш чохь хьовсарна.
- Шайн прогресс берриге а шайн гIирсашна тIехь ларъе. Шайна тамехь хетта материалаш шайн сихха тIекхочийла йолчу библиотекехь латтае.
- Офлайне хьажархьама материалаш шайн гIирсашна чу яха.
- Билггал аша лоьхуш дерг карорхьама, хьекъале лехар а, фильтр а.
- Аудио книгийн рогIаллин кортош а, Делан Йозанийн аудиош а, ур-атталла шайн маттахь гIарадаккхаран эшарш а лекхийта автоматически!

# MessengerX - 1-2-3, алар санна, атта ду!




**1** Apple Store-ра а, Google Play-ера а **MessengerX** юхxедиллар чу даккха

**2** Учетни запись а кхоллий, шайн маттарчу юхxедилларх пайда эца

**3** Шайна тамехь хеттачу гIирсашка хьежа а хьежа, еша а еша, ла а догIа, царех дага а дийла

## Дешархой хилла дIахIитта, дешархой бе

**MessengerX**-ан дакъа хиларе терра, аша тхуна гочдина гIирсаш дерриге дуьненахула дIасабала гIо дийр ду.

***ХIорра а хаа хьакъ долуш волу дела!***

MessengerX.com

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

</> Available on all browsers

## КОРТА 10

# ДИНАН ТОБАНЕХЬ ЛИДЕРШ ЛАРАР

Ас хIинца хьалха аьлла ма-хиллара, Делан Пачхьалкх — иза Пачхьалкх ю. Цундела динан тобанехь даим а олаллехь берш а хир бу, къаьстташ низам а хир ду. Динан тобанехь Iуналхочун сий даран терго ярца, вай цу кепара Iийсан сий дар гойту, ткъа Iийсан сий дарца терго ярца, вай Да Делан сий до (хь. Мат. 10:40,41). Вай баьччанан тергонехь муха леларо а, вай цуьнца хабар муха дийцаро а, ур-атталла вай цунах лаьцна хIун ойла еш хиларо а, и баьчча ХIоттийначуьнга вайн юкъарло йоцу терго гойту.

Дала боху: «Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цIе сийсаза йоккхуш верг юьхьIаьржачу а хIуттур ву» (Шам. 2:30). Вай Деле терго яр вайн динан тобанан куьйгаллехь болчаьрга ечу тергонехь гуш ду. Цхьаьннан а ша Делах кхоьруш ву олийла дац, нагахь цо динан тобанехь олалла лоруш дацахь.

### «Со Делах кхоьру, адамах а доцуш»

Суна цкъа а дицлур дац гIуллакхдарех цхьанхьа хилла гуттара санна доцу цхьаьнакхетар, цо лакхахь аьлла долчун билггал бакъхилар гойту. Халахетарх паргIатдовлар мел лараме хиларх лаьцна болу кхайкхам чекхбаьллачул тIаьхьа, дуккха адамаш сан кхайкхамна жоп а луш, доIа дан хьалхадевлира. Царна юкъахь къона стаг вара, суна сихха хааделира,

цо дахарехь дуккха баланаш хьегна хилар. Ас цуьнга сцени тIе хьалавалар дийхира, цунна тIера доIа дархьама. Иза хьала ма-велли, цунна тIаьххье адамийн тобанна юкъара кхин а цхьа стаг хьалха а ваьлла, сцени тIехь цунна юххе дIахIоьттира. Цуьнан, цIога дина дIайихкина, еха месаш яра, иза джинсаш а, футболка а, Iаьржа цIоканан куртка а юьйхина вара, цуьнан куьйгашна тIехь массанхьа а татуировкаш яра. Цуьнан акха хьажар дара, гуш дара, иза хьеравала кийча вара. Суна билгалделира, къона стаг цу гIулкхана Iаламехь доцуш вуьйлина хилар, цуьнга хIинца хIумма а ца далора.

Ас шолгIачу стагехьа а вирзина, лараме сцени тIера охьавоссар дийхира.

Цо соьга а хьаьжна, дералле элира: «ХIан-хIа!»

Цуьнан сан дехарна ирча жоп даларна йоццачу хенахь Iадорал тIаьхьа, ас ойланаш тIе а гулйина, кхин цкъа а кIеда дийхира цуьнга: «Стаг, ас гIуллакхдар кхин дIахьур дац, хьо сцени тIера охьавоссалц».

Цо юха а элира: «ХIан-хIа!»

Со хIинца жимма син тем байна дIахIоьттира, ойланехь сайга хаттар а деш, организаторша суна гIо дархьама хIумма а хIунда ца до те, и стаг сцени тIера дIаваккха. ТIаккха со кхийтира, уьш шаьш а кхерабелла бара. ТIаккха со кхета волавелира, суна хьалха лаьтташ цхьа а олалла тIеоьцуш воцу стаг ву, хIетте а со тем болуш виса веза, олалла лар а деш, Везачу Элах тешна а волуш. Сайна къоначу стагана цхьа а тайпана гIо далур доцийла а хууш, ас хIетте а юха цаволуш элира: «Стаг, ас хьоьга сцени тIера охьавосса буьйра до».

Цо юха а соьга хьажарца элира: «ХIан-хIа!» ТIаккха жимма хан юкъа а йолийтина, цIаьххьана элира: «Со Делах кхоьру, адамах а доцуш!»

Амма иза Делах кхерране а ца кхоьрура. Иза, цо ша шена дагаваийтинчу а, шен даг чохь лелош хиллачу а Делан вастах бен ца кхоьрура. Ткъа ма-дарра долчунна тIехь цу вастан стигалан а, лаьттан а билггал бакъволчу Везачу Элаца цхьа а цхьаьна догIуш дерг дацара. Нагахь иза баккъал а Делах кхоьруш велхьара, цо сан Делан ялхочун санна, ларам а гайтина, сан дехарна муьтIахь хир вара.

Амма со юха цаволура, ойланца со гIо дайта Дезачу Синехьа вирзира. ЦIаьххьана, цхьаммо сайга аьллачуха санна, иза, ас доIа дан дезаш волчу, къоначу стеган да хиларх кхийтира со. Ас цуьнга хаьттира цунах лаьцна, тIаккха цо тIечIагIдира, ша баккъал а цуьнан да ву аьлла. Ас элира: «Стаг,

нагахь хьуна хьан кIантана хIинцца Везачу Элера гIо хила лаахь, хьо сцени тIера охьавосса веза; нагахь ахь и ца дахь, хьо жоьпаллехь хир ву, Делан товаран ницкъана хьан кIантах хьакхабала ца магорна».

Хеталора, сан дешнаш цуьнан дагах кхеттера, тIаккха, кхин дIа а бIаьрган негIар ца тухучу хьажарца соьга а хьоьжуш, ца лууш сцени тIера охьавоьссира. Цуьнан кIанта мал а велла, шен дог дIадиллира, соьга цунна гIуллакхдайтархьама, тIаккха Дела вуно чIогIа хьакхавелира цунах. Тамашийна ловш хилар гар дара, Веза Эла цунах муха хьакхало. Иза кхоччуш холчухIоьттина а волуш, воьлхуш лаьттара.

ГIуллакхдар чекхдаьллачул тIаьхьа со цуьнан деца цхьаьнакхийтира Iуналхочун кабинетехь. Иза гIалахь байкерийн тобанан декъашхо вара, тIаккха и оццул дера гуш хиларна, цхьана а хIуманца кхетавойла дац аьлла, хеталора, амма со юха цаволура. Со цуьнца чIогIа кIеда хабар дуьйцуш воллушехь, тхойшинна дуьхьалваьлла латтар алсам хаалуш хилла дIахIуттура, цхьана муьрехь ас ур-атталла ойла йира, иза суна тоха воллу, аьлла.

Ас цуьнга элира, Делах коьрийла дац, оццу хенахь Цуьнан ялхой тергал а ца беш. Везачу Элах кхерар — Цо дIахIоттийначу олаллан сий дар ду. Ас цуьнга иза стенна тIехь нийса вацара дийцира, иза сцени тIера охьа ца вуссучу хенахь.

Эххар а иза жимма кIеда хилла дIахIоьттира. Амма аса хIетте а юха а ца волуш кхин дIа бохура цуьнга, Делан Дешана тIе а гулдеш. Эххар а иза холчу а ваьлла, хинкIаш ян хIоьттира. Къаьсташ хилира, цуьнан дас бераллехь кIоргге чов йинера цунна. Иштта чу кIоршамечу тергонан жамIехь цуьнан дахаре а, олалле а, Деле а билггал хьажар кхолладелира. Цо шен дена геч цадарна, цо шен кIентан хьокъехь изза гIалаташ юха дора, нийсса иштта цунна халахетарш а деш. Со чекхваьлла валале, иза хIинца бер санна воьлхура.

Иза шен гIалаташ стенца ду ма-кхийтти, цо динан тобанан Iуналхо а, со а баьччанаш санна тIе а эцна, гечдар дийхира тхоьга. ТIаккха цуьнга Везачу Элера шортонца тIеэцалора. Самукъане ду, амма тхан цхьаьнакхетар хиллачул тIаьхьа, цо сан турпалхочун санна, терго йора. Юьхьенца суна зулам дан гIиртина волчу стага, эххар а безаме а хилла, ма-хуьллу дукха сан лерам бар гайтира.

## ДІакъевлина долу цаларар

Лакхахь далийна долу масала, — экстремальни хилам бу, делахь а тешачарна юкъахь иштта лелар, вайна моьттучул, дуккха а сих-сиха тІенислойла ду. Цу стеган лараме доцу терго яр кхоччуш гуш ду. Цо хІумма а лечкъа цадора, билггал цундела цуьнан даге хабар дийцар иштта атта дара. Цо къаьстташ схьагойтура шен терго, делахь а, кхоччуш кхечу тайпана лела дуккха адамаш а ду: цара шайн ларам боцу терго яр къайладоккху. Шаьш Іора а даьхна, кхетам-кхиор доцуш а, шайна тІехь урхалла ца далун а адамаш санна тІеэцарх ларлуш, уьш маска тІе а юхий, хІумма а ца хилла йогІучу кепехь лела, шайна чохь сий ца дар а, лерам ца бар а гулдеш доллушехь. Иштта кІоргге къайладоккху цара шайн тІехулара амат.

Ас хІинца, шайн багахь баьччанийн сий а деш, ткъа церан дегнаш Дала дІахІиттийна ялхой ларарна генахь долчарех лаьцна боху. Ерриг а церан терго яр сагІина хІума яларна а, дахарехь хийцабаларна а, я баьччанийн тайп-тайпаначу дехаршна а тІекхайкхарехь дІаеллало. Динан тобанан Іуналхочо динан тобанан декъашхошка къаьсттинчу Іамалъяран гуламе дахка дехча, итталгІа дакъа а бен ца догІу. Я цо динан тобанан декъашхошка баттахь цкъа хаза кхаъ кхайкхо дахка дехча, динан тобанан пхоьалгІа дакъа схьадогІу.

Со дуккха а динан тобанашкахула дІасалела, гуламашка масийтта эзар стаг вогІу, гуттара бохург санна оха шинна тІера беанна тІекхаччалц кІирандийнан гуламаш бо. ХІорра а гуламехь зал тІехъюьзна хуьлу. Амма нагахь динан тобанан Іуналхочо юкъара доІа дарна оршотан дийнахь суьйранна тІекхайкхича, долччул кест-кеста ши бІе стаг вогІу. ХІунда ду иштта? Іуналхочун цхьаммо а сий ца дарна ду.

Шуна моьттур ду: «Джон, ма ала а эли ахь». Ас шуна кхин а цхьа масала далор ду, тІаккха шу суна тІетовр ду. Сурт хІоттадейша шайна, Іуналхочо динан тобанан берриге а декъашхошка кІиранан дийнахь дІахьедо: «Кху баттахь вай оршот деношкахь суьйренан доІанаш даран гуламаш дІакхоьхьур бу. Оршот дийнахь суьйранна тІаьхьадогІучу деа кІиранах вай езачу чоьнна чохь ворхІанна тІера бархІ сахьт даллалц гуллур ду». Мел лахарчу а барамехь динан тобанан 80 процент адамаша жоп лур дац цу дІахьедарна. Къаьсттина нагахь гуламийн хан футбольни матчашца цхьаьна нислуш елахь.

Хуьлуьйтур вай, Іуналхочо шен дІахьедарна тІетухур ду: «ТІаьххьарчу гуламан чаккхенгахь аса берриге беа гуламе веанчу хІорранна а пхи бІе эзар долларна чек лур ю».

Шуна муха моьтту, берриш а богIур буй? Со тешна ву, зала чохь паргIат меттиг хир яц. Адамаш хьалхxе догIур ду, меттиг лацархьама, шаьш езачу чоьнна чу ца кхачарна кхоьруш.

ХIинца шун жоп муха ду? Шаьш-шайн Iеха ма делаш, Делана шайн даг чохь хIун ду гайта магадейша. Шиъ дуьххьалдIа долу хаттар дейша шайга. Хьалхара: шу цу доIа даран гуламашка гIур дарий, нагахь Iуналхочо чеках лаьцна ца аьллехьара? ШолгIа: шу гIур дарий цу гуламашка, нагахь шайна ах миллион дIахьединехьара? Ойла ейша, шун эххар а шайн цIенах а, машенах а ахча дIатакхалур дара, тIаккха кхин а дуккха ахча дуьсур дара кхечу хьашташна.

Нагахь аша хьалхарчу хаттарна «хIан-хIа» тIаккха шолгIачунна «хIаъ» жоп деллехь, хIета хIинца шуна хаьа, мел кIезиг мах хIоттабо аша шайн Iуналхочун дешан. Дагахь латтаделаш, сий дар — мехала ларар ду.

Дала боху: «Шайн куьйгалхоша бохург а де, царна муьтIахь а хила, хIунда аьлча уьш массо а хенахь шун гIайгIа беш бу» (Iеб. 13:17). Иза Делан Шен халкъана хьехам бу; вай вешан динан тобанан баьччанашна муьтIахь хила деза. Иштта, шу ахчанах царна муьтIахь хир ду те, ткъа шун Iуналхочо, Дала леррина къобалвинчу Iийсан векало санна, дуьххьалдIа шайга цхьа хIума де бохуш хилча, аша цхьа а тайпана жоп лур дац? ХIета сан шуьга хатта деза, мила ву шун олахо? Iийсас боху, цхьанна бен гIуллакхдойла дац: Далла я хьолана (хь. Мат. 6:24).

Дохкур вай ваьшна хьалха чолхе хаттарш: шу шайн хеннахь схьадогIий гуламе? Шуна шайна чохь дуьхьалдовлар хаалой, динан тобанан Iуналхочо шайга цхьа-муьлхха а къаьсттина гIоьналлина хIума ялар доьхучу хенахь? Аша берийн гIуллакхдарехь а, низаман гIуллакхдарехь а, машенаш дIахIитторехь а я хаза кхаъ кхайкхорехь а гIо дарна баьччанан тIекхайкхар даим тергал ца деш дуьтий? Шу цхьацца бахьанаш каро гIертий къаьсттинчу доIа даран гуламашка ца дахкархьама? ХIинца шайга хаттар дейша, нагахь шайга пхи бIе эзар доллар дала схьахьедича, муха хир бара шун сацам? Стенна? Жоп дуьххьалдIа ду: ахча шуна шайн дахарехь дIахIоттийначу Делан векалал алсам мехала долу дела. Дагадаийтийша Iийсан дешнаш: «Шу тIеоьцуш волчо Со а тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу» (Мат. 10:40). ТIаккха кхин цкъа а ала мегар ду: «Шу лоруш волчо, Со лору, ткъа Со лоруш волчо, Со Ваийтинарг а лору». Нагахь аша динан тобанан Iуналхочун дош мехала ларахь, аша Делан дош мехала лору, иза Дала шайга дахьийтина долу дела.

ХIинца къаьсташ ду, иштта дукха адамашна шайн дахарехь дика

чекхдийлар стенна ца хуьлу. «Везачу Элан цIенна уллохь доьгIна дитт санна, вайн Делан керташкахь заза доккху цара» (Заб. 91:14). Нагахь вай меттигерчу динан тобанехь дIадегIна делахь, вай дахарехь хьалакхуьуш хир ду, хIинцца санна а, иштта Дала леррина Къобалвинчун кхелъяран меттехь а. Тидам белаш, назмаалархочо ца боху: «Делан цIа богIуш берш». Динан тобане лелийла-м ду, амма цигахь дIадегIна а доцуш. ДIадегIна хилар — иза, ахьа хьайн дахар Далла гIуллакхдарна охьадуьллун долччохь, хилар ду. Циггахь закат дIадалар а, гIуллакхдар а, баьччанашка ладогIар а. Вай дIадегIна хилча, вай вешан меттигера динан тоба мехале а лору, дитто, шена дахарна оьшу массо а хIума луш долчу, лаьттан мах хадош санна.

Хила тарло ур-атталла, хьалакхиаран а, кхиаман а, ирсан а билгалонаш меттигерчу динан тобанехь кIаргбелла боцчийн гуш хир ю, амма царех дехха марзо эца аьтто бер бац церан. Вайн ларамаза декъалдарш леха ца оьшу, амма еххачу ханна дуккха а шерашкахь тамхилар а, марзоэцар а дохьучунна тIегIерта деза, къаьсттина Дала леррина Къобалвинчун кхелъяран меттехь, цигахь дерриг а къайлаха дерг а, гуш дерг а дIадиллина хир долу дела.

Нагахь шу динан тобанехь кIаргделла делахь, аша шайн баьччанийн дешнаш лорур ду. Аша церан дешнаш гомха тIеоьцур дац. Шу Делах кхоьруш а, Везачу Элан кхерамца Цо дIахIиттийна баьччанаш лоруш а хир ду. Цо дIахIиттийна баьччанаш ларарца, аша, Дала шайна кечдина, кхоччуш долу совгIат схьаоьцур ду.

## Царах лаьцна лаккхара ойла е

Вайга аьлла ду: «Динан вежарий, доьху шуьга, Везачу Элан гIуллакх дан шуна куьйгалла а деш, хьехамаш а беш, шуна юкъахь къахьоьгуш берш ларар. Церан болх бахьана долуш уьш тIехдика а, безамца а ларар доьху шуьга. Вовшашца бертахь Iелаш» (1 Та. 5:12, 13, вайн заманан гочдар).

ГIуллакхдаран ткъе пхеа шарех, царех ворхI шо аса меттигерчу динан тобанашкахь даьккхина, ткъа дисина шераш дIасалеларехь даьхна, тIаккха суна, Дезачу Синах буьзна, шайн машар а, ирс а, шорто а, кхиам а, шайн динан тобанийн баьччанех лаьцна лаккхара ойла еш а, царна шайн безам а, хьажийна хилар а луш болу, тешаш берш хилар билгалдаьлла. Везачу Эло хьоьху вайна иштта терго яр, цундела церан тоьшаллехь цхьа

а тамашийна хӀума дуй те? Иштта бӀостанехьа а.

ГӀуллакхдаран дерриге а шерашкахь суна дуккхазза а лерина а, лерина доцу адамаш дуьхьалнисделла. Суна, шаьш шайн динан тобанан Ӏуналхочуьнца цхьабосса лоруш болу, тешаш берш дуьхьалнисбелла. Цара кхечу баьччанашка могуьйту терго йора. Цу адамашна шаьш динан тобанехь царел кӀезиг лараме боцу болх беш ду моьттура, хила тарло, ур-атталла шайга, и гӀуллакх дӀакхехьа хӀиттийна болчу гӀуллакхдархошкачул а гӀолехь динан тоба йигалур ю моьттура. Сих-сиха цара дуьхьалдӀа дикачу хиламе сатуьйсура, Дала уьш гӀуллакхдарехь «хьалхатетталц». Уьш динан тобанан Ӏуналхочуьнга, атта дӀататталун волчу а, хийцалун волчу а стаге санна хьоьжу, тӀаккха цара цуьнан муьлххачу кхечу стеган санна, терго а йора.

ГӀуллакхдарх цхьа а даккхийдер доцуш долу адамаш а нисло, уьш шайн компанишкахь белхаш беш а болуш, деккъа иштта хила деза дела бен ца лела динан тобане. Кху адамаша, хьалхалерчу тайпанан адамех къасталуш, шайн динан тобанан Ӏуналхо, цуьнан метта муьлхха а кхин стаг хуьлийла долуш, цу юкъа богӀу уьш а, тӀеоьцу, дуьххьалдӀа хӀокхара карьера светскичарна юкъахь хаьржина-кх. Цара динан тобанан Ӏуналхочух лаьцна, иза интеллектуальни бараман лакхаллехь шайл лахара хиларан ойла йо, билггал цундела иза гӀуллакхдарехь цхьана меттехь лаьтташ ву а моьтту.

Муьлххачу хиламехь а, шуна и нах кхиаме болуш а, кхоччучу ницкъана тӀекхиъна а кароp бац. Хила тарло, цара дика бизнес йо я гӀуллакх до, амма уьш меттигерчу динан тобанехь кӀарг цабелла, тӀаккха царна шайн динан тобанан Ӏуналхочуьнгахь Дала делла мехалалла ца го. Долччул сиха цара бракехь а, бераш хьалакхиорехь а халонаш лов, церан сих-сиха халонаш хуьлу могушаллица а, ахчанца а, дахаран дуккха а кхечу агӀонашкахь а.

## Дог малден истори

Соьга, шайн баьччанаш мехала а ца лоруш, ур-атталла царех цадешаш долчу адамийн масалш далалур дара (вай кху хаттаран дикачу агӀонах лаьцна а къамел дийр ду доцца), делахь а аса, бохаман къаьстташ сурт дуьллучу, цхьана шина хиламах лаьцна бен дуьйцур дац. Сан доттагӀ ву, йоккхачу динан тобанан Ӏуналхо. Итт шеран дохалла со тоъал виллина гӀуллакхдеш вара цуьнан динан тобанехь, тӀаккха суна иза хӀинца ткъа шо геpгга хенахь вевза. Иза динан тобанехь лоруш ву, тӀаккха дуккха болчу

кхечу къоман а, дуьненан а баьччанашна вовза а вевза, лара а лору иза.

Масех шо хьалха цо цхьана къоначу стагана дахарехь Делан хьажорах кхета гІо динера. И къона стаг, Билл цІе йоккхур вай цуьнан, Делан Дешан дуккха мехала долу билггал бакъдерш тІе ца оьцучу, деноминационни тобанехь синан лакхалле хьалакхуьуш вара. Сан доттагІчо, Рэнди цІе йоккхур вай цуьнан, Деза Са тІедоссарна тІевалийра иза. Цуьнгахула иза, дуккха стом бохьуш долчу, чІогІачу гІуллакхдаре чоьхьавелира.

Кестта Билл, цо хих чекхваларца Деза Са а, Цуьнан совгІаташ а тІеэцарна, динан тобанера дІаэккхийнера, ткъа ерриге а цу деноминацера цуьнан хІуманаш ара дІакхиссинера. Динан тобанан Іуналхо Рэнди шен командица Билл волчу а веана, цуьнан хІуманаш схьа а эцна, квартира лецира цунна.

Эххар а тІаьхьа Билл кхечу гІалахь сихха йоккха хуьлуш йолчу динан тобанан Іуналхо хилла дІахІоьттира. Дерриг а кІезиг долчунна тІера дІадоладелира, амма цуьнан дахарехь Везачу Элан шортонан совгІатан бахьанехь динан тоба сихха хьалакхуьуш яра. Ши шо дІадаьлча иза кинотеатр а эцна, лаьцна йолчу чоьнна чуьра ремонт йинчу гІишлонна чу велира. Цо динан тобанан Іуналхо Рэнди кхайкхира шена и гІишло гІуллакхдарна лара гІодархьама, Рэндис цуьнан дахарна чІогІа Іаткъам бина дела. Хилам инзарваккхаре хилира.

Динан тоба кхин дІа а йоккха хуьлура, амма Билл вахо малар маларан возуш хиларна кІелваха волавелира, цу хьоло гІуллакхдарна вуно чІогІа новкъарло йора. Цуьнан возуш хилар тІаьхь-тІаьхьа чІагІлуш дІахІуттура, жамІехь динан тобанан къаношна цунах лаьцна хиира.

Билла хан хене мел ели Рэндига телефон а тохий, ша гІуллакхдар дІатасаран ойла еш ву олура, амма бахьанах лаьцна ца олура. Динан тобанан Іуналхочо Рэндис Билл иракарахІиттавора, цкъа динан тобанан къанойх цхьаммо телефонехула Биллан возуш хиларх лаьцна шега дийццалц. Рэнди, и волчу а вахана цунна гІодархьама, сихонца кеманна тІехиира. Халахетарна, къаношна Биллан халонах лаьцна хуъушехь, хІетте а цо кхин дІа а гІуллакхдар дІакхехьа лаьара.

Рэндина къанойн дешнаш хезча, цо элира: «Нагахь шу Биллана кхайкхамаш бан маго гІортахь, аса кІиранан дийнахь гуламехь а висна, дерриг а хуьлуш долчух лаьцна нахала доккхур ду. Аша цуьнан доьзалх лаьцна ойла янне а ца йо. Аша шайх а, динан тобанах а лаьцна бен ойла ца йо. Нагахь шу иза гІуллакхдечуьра дІаваларна тІетахь, соьга динан тобанна иштташ тохарх меттадарна гІо далур ду».

Цу дийннахье Іуналхочо Рэндис Билл а, цуьнан доьзал а кІелхьарбаьк-кхира, уьш динан тобанан цІенна юххехьа бахкийтархьама, чохь Іарна мах а белла, Биллана дика алапа долу болх а карийра. Цхьа хан дІаяьлча Билл Іуналхо Рэнди волчу динан тобананехь гІуллакхдарехь меттахІоьттира.

ТІаьхьо Рэндис Билл шен гІоьнча вина хьалаваьккхира. Динан тобанан Іуналхочун гІоьнча хилла дІахІоьттича, иза юха а эмгаралле Везачу Элана тІаьхьахІоьттира. Цу хенахь керстанийн арахецаршкахь Билл паргІатваларх лаьцна историш гучуевлира, хІора де мел долу шен тоьшаллин бахьанина иза алсам вевзаш хилла дІахІуттура. Цхьа хан яьлча цунна кхечу гІуллакхдарехь болх схьахьебинера, цигахь цуьнан хьехамаш бойла, ткъа тІаьхьалонгахь гездеш лелачу кхайкхамчин шен гІуллакхдар доладойла дара. Іуналхочун Рэндин, Билл хІинца а ишттачу хийцамашна кийча ца хиларан, синхаам бара тІаккха цо цунна цу гІуллакхна реза ца хила хьехар дира. Билла и хьехар контроль яр санна а, цуьнан кхолламехь новкъарло яр санна а тІеийцира, цундела цо Рэндин хьехар тергал ца дира, схьахьедарна реза а хилла, дІавахара.

Хан дІайоьдура, цкъа сан Биллаца а, кхин а шина баьччанца а пхьор дуучу хенахь цхьаьнакхетар нисделира. Хенан дукхахдолчу декъехь Билл Іуналхочунна Рэндина леткъамаш беш вара. Цо иза, динан тобанан Іуналхо санна, критиковать вора, цуьнан офисан белхалошка терго ярна леткъам бора, тІаккха Рэнди цуьнан дІавахарна реза ца хиларх лаьцна а бохура. Суна къаьстташ сайн даг чохь хааелла маячок дагайогІу. Со, иза халахетта хиларх, кхийтира, билггал цундела иза шена оццул дукха хІума дина волчу стегах лаьцна, вон дуьхьал вистхуьлуш вара.

Пхьор дуучу хенахь аса сайга ма-даккхало гІодоккхура Рэндигахьа, амма цхьа а жамІ хир доцийла кхетара. Иштта, Рэнди а воцуш, цуьнан агІор дерг а ца хезаш, цунах лаьцна дийцар дика доцийла а хаьара суна. Цундела ас дискусси чекхъяьккхира, Биллана тешарехь иза цуьнан да хилар дага а доуьйтуш, тІаккха нагахь ур-атталла иза цхьана хІуманна тІехь нийса вацахь а (со иза кхето гІоьртира, ма-дарра аьлча иза иштта ца хиларх), Биллан агІор цунна критика яр а, иза сийсазваккхар а нийса дац, аьлла. Ас цунна масех библейски историш дагаяийтира, шайх лаьцна ас хІинца кху книгин агІонашна тІехь йийцина йолу, амма Билла кхин дІа а критика йора шен Іуналхочун.

Масех бутт дІабаьлча соьга Іуналхочо Рэндис телефон туьйхира. Суна хІинццалц а дагадогІу цуьнан сингаттаме аз. Цо, цхьаъ веллачуха санна, бохура. Билла, динан тобанехь баьччанийн контролана жоп муха дала

деза бохучу темина дийнна корта лерина, книга арахецна. Рэндис элира: «Джон, суна Биллан керлачу книги тІера йиъ агІо еша лаьа хьуна». Иза, Билла Іуналхочух Рэндих а, цуьнан баьччанех а, цуьнан динан тобанах а лаьцна емалден дешнаш деша волавелира. Цо цІераш йохуш ца хиллехь а, хьанах лаьцна яздеш ду, кхеташ дара, Билл Іуналхочун гІоьнча Рэндин динан тобанехь бен ца хилла дела. Биллан книги тІера, Іуналхо Рэнди, динан тобанан хІорра декъашхочун контроль еш волу, ирча монстр ву аьлла, битам кхоллалора. (Хьаххийначуьра ас билгалдийр ду, со Рэнди волчу динан тобане мел лелачу дерриге а итт шарахь, цуьнан тоъал дуккха болу баьччанаш хийцалуш бацара, цуьнан берриге гІоьнчашна иза кІорггера везаш а, лоруш а волу дела.)

Ерриге йиъ агІо ешна ваьлча, Рэндис элира: «Джон, ас-айса-м иштта тохар ловр дара, амма суна, и книга йоьшун болчу, динан тобанан декъашхошна тІера (уьш-м эзарнаш ма бай) лазам бу, ткъа царех дуккха болчара иза деккъа Билл кхузахь Іуналхо хилла дела йоьшур ю. Книга царна дІовш хир ду, уьш хІинца тхан динан тобанехь Делан Дашца кхин атта бузалур бац».

Со деган кІорггелц холчуваьлла вара. Со сайн лергех ца тешалора. Рэндис Билл, цунна цхьаьнгга а гІодалун доцчу хьолера араваьккхинера. Цо цуьнан гІайгІа а бора, иза хьала а айинера, меттаван гІо а дора. Биллан иштта лелийла муха дара? Суна цо цІена доцу хІу теснийла хаьара, тІаккха цуьнга хьагам боцу ялта лахьор сатуьйсуш а дара. Долччул сиха, цуьнан дахар хІаллакьхир ду, нагахь иза дохко цавалахь.

Масех шо дІадаьлча Билл юха а динан тобанан Іуналхо хилира. ТІаккха юха а цуьнан дахарехь Везачу Элан похІма хиларан бахьанехь динан тоба хьалакхуьура. (Делан похІма лелаш а, кхиам бохьуш а хир ду, ур-атталла вай Делан дагна гена довлуш делахь а.) Делахь а ялта хІинца а сатуьйсуш дара цуьнга. Иза юха а ширачу къила вахара. Кху муьрехь хьал дуккха а ирча дара, кхечу доьзална бохам хилла дела. ТІаьхьало динан тобанна а, иза вехаш волчу кІоштана а тІехь дІасаяьржира. Динан тоба лазийнера, дуккха долу адамаш халахетта а, дог доьхна а дара. ХІинца Билл гІуллакхдар дІакхоьхьуш вац.

Нагахь цо шен синан лакхаллечу баьччанан сий динехьара, со теша, иза шен гІуллакхдар а долуш, рогІера къила вахана хир вацара, тІаккха хІинца Везачу Эле вай паргІат а даьхна, къинах кІелхьара а даьхна, метта муха хІиттадало бохуш, Далла хастамаш беш хир вара. Делахь а, цо шен синан лакхалле баьчча сийсазварна, шех кІехьарвалийла долу, хиллачу

балано, цунна шена а, гонаха долчу адамийн а дахаршна Iаткъам бина. Ас сатуьйсу, шух дуккха берш, хIара истори а хезна, шайн дахарехь ишттачу баланах кIелхьарбовлалур бу.

Биллан Делан Дош хьеха инзаре похIма дара. Со ур-атталла цунна хуьлучу гучудийларех цецвуьйлура. Сих-сиха, цуьнан гIуллакхдарехь долчу кхечу адамашкара а хезара суна цуьнан хьехаман нуьцкъалаллах лаьцна. Ма сингаттаме ду. Нагахь цо шен синан лакхаллечу ден сий динехьара, цуьнан дахарехь дерриг а кхоччуш кхечу тайпана хилла хир дара, тIаккха кхоччуш кхин Iаткъам а хир бара адамийн дахаршна.

Векало ПахIала яздо: «ХIунда аьлча Дала леррина Къобалвинчуьнца долчу дахарехь шун итт эзар верас велахь а, шу цу дахаре даьхна болу дай дукха бац шун» (1 Ко. 4:15). Вай дагахь латто деза, Везачу Эло боху, нагахь вешан ден сий дешан дацахь, вай неIалтан кIел доьлху. ТIаккха, дера, иза вайн лаьттарчу хилла а ца Iаш, амма синан лакхаллечу дайшна а догIуш. Со-суо-м теша, нагахь вешан дегнаш чохь даггара ларам а, сий дар а кхолладолуьйтуш, ваьш халахетарех лар а деш делхьара, къаьсттина вешан синан лакхаллечу дайн а, нанойн а хьокъехь, дуккха бохамечу исторех кIелхьарадийлийла хилла хир дара.

## Шиъ я кхоъ теш

Со динан гIуллакхдаре валийна волу стаг, ша ваьлла бархI эзар декъашхой болчу динан тобанах. Тахана и динан тоба яц, Iуналхочо къона йоI ялорхьама, шен зудчуьнца дIасакъастаран бахьанина. Цо берриге а гуламе ша зудчуьнца дIасакъаста воллуш хиларх лаьцна дийцинера, тIаккха и тамехь ца хетачу массаьрга а дIахьедира, — динан тобанера дIадовла я кхечу динан тобане гIо, аьлла. Иза чIогIа тохар дара. Сингаттаме ду, амма дуккха болу божарий цуьнан масалица шайн зударшца дIасакъаьстина.

Оха цхьаьна болх беш дуккха а болу гIуллакхдархой цунна критика еш дIахIиттира. Со а юьхьенца церан масалица лелара, со дог даьлла а, цунна оьгIазвахана а волу дела. Ас цуьнга сайн даг чохь еххачу хенахь ларбина болу ларам, сихха дIабала болабелира. Со и хилларг хилале пхи шо хьалха динан тобанера дIаваханера. Цо декъалдарца со Лизица кхечу штате гIуллакхдан дIахийцира, амма цу динан тобанехь хилаза дуккха хан яьллехь а, со хIетте а, алсамдуьйлу дог дохар а, цунна оьгIазъэхар а хаалуш вара.

ТIаккха шина кIиранах герга суна доьазза гIан гира сайн хиллачу динан тобанан Iуналхочух лаьцна. Суна наггахь дагадогIу гIенаш. Амма шина кIиранах доьазза гIан гар вуьшта суна догIуш дацара, суна ур-атталла кхунах лаьцна яздан а бегIийла дац, амма юха а доьазлагIа сайна изза гIан гича, со кхийтира, Дела соьга цхьа хIума ала лууш ву. Ас доIа дан а волавелла, хаьттира: «Дада, хIун ду Ахь суна цу гIенашкахула гойтуш дерг?»

Цу сохьта суна сайна чохь къовламе аз хезира: «Иза Сан ялхо ву, дIасаца Сан ялхо емалвечуьра!»

Сан вуьшта, сайна да хилла волчу, цхьа а бакъо яцара сайн хилла волчу Iуналхочунна критика ян а, иза емалван а. Сайн гIалат стенна тIехь дуйла ма-кхийтти, сихха дохко а ваьлла, къинтIера валар доьхуш кехат яздира цуьнга.

Зудчуьнца дIасакъаьстина ши бутт дIабаьллачул тIаьхьа цо къона блондинка ялийра, тIаккха кестта динан тоба веа бIе декъашхошна тIекхаччалц яцъелира. Иза динан тоба кIелхьаръяккха гIиртира, амма хIинца цхьа а хIума нисдойла дацара. Динан тобанера дIаваха везий те, нагахь Iуналхо къайлла ца доккхуш къа летош а, шен къинна тIера дохковуьйлуш а ца хилча? Жоп цхьа маьIна долуш ду: «хIаъ». ПахIала яздо:

> Аса сайн кехата тIехь, сийсаза лелачаьрца тIекаре ма хила аьлла, яздинера шуьга. Дера суна-м ца лиънера ала, кху дуьненахь сийсаза лелаш мел болчаьрца а, сутаралла мел йолчаьрца а, хьарамло мел лелош болчаьрца а, цIушна Iамал еш болчаьрца а тIекаре ма е. ТIаккха-м хIара дуьне дита дезар дара аша. Ткъа аса шуьга яздинарг хIара дара: ша шун динан ваша ву а бохуш, амма я сийсаза лелаш, я сутара волуш, я цIушна Iамал еш, я мотт бетташ, я вехна лелаш, я хьарамло лелош иза велахь, шун цуьнца тIекаре хила ца еза бохург. Иштточу стагаца ур-атталла пхьор а ма даа.
>
> – Коринтхошка хьалхара дахьийтар 5:9-11
> (шордина гочдар)

ПахIала къаьстташ боху, вайн, къилахь бехаш болчу, «керстанашца» уьйр хуьлийла дац. Къона йоI ялорхьама, шен зудчуьнца дIасакъаьстинчу, баьччанца болчу кху хиламехь, — иза гIиллакхдацар, къа ду. Iийсас а иштта чIогIа къаьсташ боху цу хьокъехь: «Ткъа Аса боху шуьга: зуда сийсаза лелар бахьана а доцуш, кхин хIума бахьана долуш иза йита а

йитина, шена кхин зуда ялийна волу стаг, ямартло еш ву» (Мат. 19:9).

Иштта, нагахь вайна, шаьш къилахь баха лууш болчу «керстанашца» юург яа мегаш дацахь, тӀаккха вайн церан синера хӀума билггал эцийла дац; вайн, шайн баьчча къинан дахарца вехаш волчу, гӀуллакхдарехь хуьлийла дац. Нагахь иза дохковалахь, вайн юха а цуьнгара схьаэцийла ду.

Аша хоттур ду соьга: «Амма, Джон, вай иза цу кепара емал ца во?» Жоп лур ду, долччул сиха вай цуьнан гӀуллакхдаран стом емалбо. Вай стом емалбан беза — адаман леларш, — ткъа деган ойланаш а йоцуш. ПахӀала боху: «ХӀунда аьлча сан хӀун гӀуллакх ду динан тобанан юкъа ца богӀу нах бехке бан?» (1 Ко. 5:12, вайн заманан гочдар).

Деталашка ца хьожуш, аса сайн Ӏуналхочун деган ойланашна кхел йира, тӀаккха билггал цундела Дала гӀенашкахула дӀахьедира соьга. Делан бен кхел йойла дац деган ойланийн. ПахӀала боху:

> Цундела хенал хьалха, Веза Эла схьаваллалц, цхьанна а кхел ма елаш. Цо серладоккхур ду боданехь къайладаьлларг, деган Ӏалашонаш а гучуйохур ю (ойланаш).
>
> – Коринтхошка хьалхара дахьийтар 4:5
> (къовларшкахь авторан дешнаш)

Билггал цундела сайн хилла волчу Ӏуналхочун дахарехь хийцамаш хирг хиларх сатуьйсучуьра ца соцу со.

Ма-дарра селхана, конференцехь цхьана гӀуллакхдархочун дахьийтар дӀогара тамехь ца хеттачу, стагаца къамел дира аса. Сан доттагӀчо кхайкхаман духехь дерг телефонехула дийцира соьга, тӀаккха цу кхайкхамехь гӀалат стенца дара гайтархьама, Дезачу Йозанашна тӀевирзира. Со кхайкхаман бахьанехь дерриге а цунна хетачуьнца реза хилира (цуьнца реза боцу кхин болу гӀуллакхдархой а бара). Амма сан доттагӀ телефонехула баха волавелира: «Суна схьахетарехь, цу гӀуллакхдархочо дахьийтаран иштта тема, шен шатайпана хиларца дуккха йолчу яккхийчу динан тобанийн а, конференцийн а неӀарш шена дӀаеллархьама, специально хаьржина».

Ас сихха иза саца а вина, элира: «ХӀинца хьо цуьнан ойланаш емалъеш ву, ткъа иза дан ца мега».

Ас сайн доттагӀчуьнга элира, стоьмийн кхел йойла ду - аьллачун я диначун, кху хиламехь – дахьийтар, амма ойланаш а доцуш. Делан бен кхел йойла дац ойланийн. Билггал сайн Ӏуналхочун ойланийн кхел йора аса, цундела дина суна Дала иштта къовламе дӀахьедар. Сан хиллачу

Iуналхочун баьччаллин кIел висина виъ бIе стаг, цо къона йоI ялийначул тIаьхьа, дIогара уггаре гIолечу хьолехь ца нисвеллера. Цара хIинца библейски тешаме хилар ца гойтура. Уьш Дезачу Синан а доцуш, ткъа цхьана нийса доцчу синан атмосферехь биснера.

Ас тахханалц а сий до сайн хиллачу Iуналхочун, иза хIинца кхоазлагIа зуда ялийна воллушехь. Нагахь цуьнан хIинца динан тоба елхьара, со цуьнан баьччаллин кIел хIуттур вацара, амма даг чохь аса сайн дахар мел ду цуьнан сий а дийр ду, иза лорур а ву. ДагадогIий шуна, ур-атталла Дала Шаулан кхел йинчул тIаьхьа а Дауда хIетте а лорура иза безаман иллица, тIаккха ЯхIуд-махкахь дерриге адамашка изза а дайтира. Нагахь сан хиллачу Iуналхочо тахана соьга телефон а тоьхна, гIо дехча, ас ойла а ца еш, сайга далуш долу гIо дийр дара цунна. Цо сайга Делан Дашера оццул исбаьхьа билггал бакъдерг дийцина хиларна, со тахханалц а царех мехала къайленаш схьаоьцуш ву; иза сох тийшира, тIаккха и, сан аьтто бина, цхьаъ бен воцург ву. Со хIинца а къона а, зедалар доцуш а волчу хенахь, ас дуккха а гIалаташ дора, цо суна геч а дора, со иракара а хIиттавора. Ас даим а сий дийр ду цуьнан. Ур-атталла хIинца а, ас хIара могIанаш, ишттачу хьелашкахь нисделлачу, кхечу адамашна гIо дархьама бен доцуш яздечу хенахь, ас даг чохь, цо шен а, дуккха кхин долчу адамийн а дахар талхорна, лазам зоь. ЧIогIа сатуьйсу, иза дохко а ваьлла, юха а, ша мацах ма-хиллара, сийлахь баьчча хилла дIахIуттур ву. Дезачу Йозанаша боху, Делан сатийсаро, цкъа а саца а ца соцуш, массо а хIума лов (хь. 1 Ко. 13:7).

Вукху агIор, Iуналхочо къа латош хилар ма-хеззи, эзарнаш тешаш берш динан тобанера дIабовда кийча бу. ХIан-хIа, хIан-хIа, тIаккха а, хIан-хIа! Иштта хила ца деза! Вай хабаршка ладегIа ца деза! Яздина ма-хиллара: «Динан тобанан тхьамда бехкевар шиъ я кхоъ теш волуш бен тIе ма лаца» (1 Ти. 5:19).

Теш — иза, шегахь, цуьнга кхелъечохь тIечIагIлур долу, юхатохалур доцу тешаллаш дерг ву. Къамел шайна юкъахь барт бинчу шина адамах я, хабар дIасадаржочу, жимачу тобанах лаьцна дац, ткъа шина я кхаа, вовшашца доьзна доцчу шайн кийтарлонаш йолчу, адамех лаьцна ду. ПахIала стенна яздо цунах лаьцна? Вай лардархьама.

Ойла елаш цунах лаций. Нагахь вай баьччанех лаьцна дерриге хабарех тешаш хилахь, вай и дарца шеконашна а, харцонашна а, боьха долчунна а неI дIайоьллур ю. Сийдоцург чIогIа атта чоьхьадолу вайн дегнашчу. Нагахь вай вешан баьччанан сий ца дахь, вай, Дела баьччанехула дала лууш долу, совгIат схьаоьцур дац. Малхбузехьара дуккха болчу тешачарна Делера схьаэца цундела ду иштта хала. Вайн тIаьхьенехь динан гIуллакх-

даршкахь иштта дукха девнаш дуьйлуш хиларна, адамийн дегнаш чохь шеконаш дІайоь. Динан тобанашкахь дукккха болу тешаш берш тешарехь малбала буьйлало, дог эшна хуьлу, сийсаза хилла дІахІуьтту; иштточу тергоно ларам а, сий дар а кхоллане а ца кхуллу. Иза мостагІчун дагалацам бу — вайга, баьччанашкахула цхьа а хІума схьа ца эцийтархьама.

Хьанатана Іелигара схьаэцаделира, тІаьхьалонгахь Іелин ца Іеба а, сутара а амал кхоччуш дІа а еллаелла, цуьнан цІа кхел еана хиллехь а. Цо шен дог сутарачу тергонах сацийра, ур-атталла Іелин амалехь цхьа вон дерг хааделлехь а, цо иза ехна ю аьллачу хенахь. Иза терго а ца еш, деш-лелаш лелара жоп луш. Тахана дукккха а болчу тешачара динан гІуллакхдархойн аьттонаш цахиларан а, охьабегаран а терго йо, малхбузехьара динан тобанийн цхьаболу баьччанаш ма-дарра ладамечу атакашна кІелбоьлху.

ГІуллакхдаран дукккха а шерашкахь суна баьччанех лаьцна вуно дукха тамехь йоцу историш хезна, амма ас сайна къаьстташ, сайна тІехь, ас хІинцца лакххахь далийначу, Тимапига Хьалхарчу дахтийтарера дешо куьйгалла дийриг хилар, билгалдаьккхина. Автоматически аса вон хаам дІатотту, нагахь санна иза цхьана стагера а бен бацахь я мел лахара а шина стагера чІоггІа тоьшаллаш дацахь. Суна шина стагера мукъа а хаза деза, со тешархьама. Нагахь со цхьана минотана а иштточу дийцарех тешахь, ас сихха стигалашкара декъалдаршна некъ дІакъовлур бу. Берриге а баьччанаша стигалашкара совгІат хьош ду шайна тІехь. Суна юьхьша, Делан сайна дерг, тІехдалийта ца лаьа, суна схьахетарехь, шуна а ца лаьа.

## Важа агІо

Вукху агІор хьажарца, суна динан тобанехь шайн баьччанийн сий деш а, даггара царна безам а, лерина хилар а дІалуш долу, дукккха адамаш девзина. Царех цхьаберш динан тобанийн офисашкахь болх беш бу, цхьаберш баьччанийн гІоьнчаш хилла дІахІиттина, дукккха берш дуьххьалдІа динан тобанан декъашхой я цхьа-муьлххачу а гІуллакхдарийн партнераш бу.

Мел тамехь ду Дала и адамаш алсам лакхадохуш хилар гар. Нагтахь цара лакха хьала а буьйлуш, алсам жоьпалла схьаоьцу, цкъцццкъа иза хаа а цалуш хуьлу, амма итт а, ткъа а, ур-атталла ткъе пхеа а шерашкахь цаьрга хьежарца, суна церан дахарехь массо а хІуманна тІехь гуттара а долу хьалакхиар го.

Суна дагадогІу, дукккха болу тешаш берш оьгІазбахана бара сан Іуналхочунна, цара сий дарх лаьцна цхьа а кхетам боцу терго

кхоллаялийтинера. Уьш критични хилла дIахIиттинера, тIаккха царах дуккха болчара дахарехь ладаме бохамаш лайнера, цхьаболчара дIасакъестарш, кхечара баланаш хьегнера шайн берашна тIехула, цхьаверг ахчанца халачу хьолехь нисвеллера. Шайн динан тобанаш дIайиллинарш а бара, амма дуккха а шерашкахь тIетаьIIина къахьегначул тIаьхьа динан тобанаш бIе я шина бIе стагал хьала цаевллера. Суна, соьца телевиденехь болх биначу, цхьана зудчуьнца хилла, цхьа ирча хилам дагабогIу, цо (дийнна динан тобанах ваьллачу) Iуналхочунна дуьхьал дуьйцура. Цуьнан ондда могушалла яра, амма ши бутт дIабаьлча иза цIаьххьана корта лазарх еллера. Ларамаза цхьаьнадар ду иза? Аьлла ца хета суна. ПахIала боху, дуккха болчу тешачара Везачу Элан ДегIах лаьцна ойла ца йо, цундела «шух дукхахдерш гIораза а, цомгуш а хуьлу, цхьаберш бала а ле (хеназа)» (1 Ко. 11:30, къовларшкахь авторан дешнаш). ПахIала и дешнаш бепиг кагдаран контекстехь яздина. Делахь а билггал долу бакъдерг Iийсах тешачийн дахаран ерриге а агIонашкахь пайда эцийла долуш ду. Везачу Элан ДегIах лаьцна ойла яр — дуьххьалдIа кемсийн мутт маларал а, бепиг даарал а дуккха а алсам маьIна долуш ду.

Вукху агIор, суна, сайн хиллачу Iуналхочун тIехула бохам хилла дуккха а божарий а, зударий а гина, амма хIетте а, Дауда санна, шайн дегнаш чохь цуьнан хьокъехь безам а, сий дар а лардина болу, тIаккха тахана церан массеран а дахарехь дерриг а дика ду. Церан бракаш чIоггIа а, ондда а йисина, церан бераш кхин дIа а Везачу Элана тIаьхьахIиттина а, Иза везаш а ду. Уьш кхачамечу а, дуьззинчу а дахарца бехаш бу, церан дегнаш чохь кIорггера сий дар а, даггара хилар а долу дела. Цара шайн дегнаш лар а дора, уьш шаьш бохучуьнга а хьовсура. Цара Везачу Элан дагна там бинера.

Вайх хIорранна а, Далла вайна дала лууш долу, иштта исбаьхьа дахар хилийта хIунда луур дацара? Я критични а, сийсаза а хила деза? Вай хIун стом ло? Хиндолчуьнга генна хьажарца, суна сайн баьччин адресе жимма а критика хилийта ца лаьа, тIаккха бен дац, цо сан муха терго йо. ДуьххьалдIа и дан ца оьшу. ТIаккха, аса сайн даг чохь жимма а критика хIунда хуьлуьйтург цахиларан, уггаре а коьрта бахьана: Делан Йозанашкахь берриш а шайн баьччанийн сий динарш Делан дагна юххера хилла. Суна иза сийлахь совгIат ду — Цуьнан дог довзар а, Цуьнца юххера юкъаметтигаш хилар а. Дахарехь цул гIоле цхьа а хIума дац.

## КОРТА 11

# ШАЛХА СИЙ ДАР

Iийсах тешначийн тобанна дика куьйгалла деш болу тхьамданаш шозза а (ингалс вариант — шалха) лара хьакъ долуш бу. Хаза кхаъ кхайкхорна тIехь а, хьехамаш барна тIехь а къахьоьгурш къаьсттина лара беза. ХIунда аьлча Делан Йозано хIара боху: «Оруш болчу стеран бага дIа ма къовла». Кхин а боху: «Къахьоьгург шена догIу алапа схьаэца хьакъ долуш ву».

– Тимапига хьалхара дахьийтар 5:17, 18

ХIара Делан Йозанашкахь, шалха сий дарх лаьцна бохуш йолу, цхьаъ бен йоцу меттиг ю. Цо, вай Инжилан гIуллакхдархой кхечарел шозза алсам лоруш хила дезар хьоьху.

Иза ма-дарра долчунна тIехь хIун ду? Вай вешан керстанийн баьччанаш лоруш хила деза, цаьрга «Iуналхо» а, «сэр» а, «мистер» а я «миссис» а алий бен, кхечу тайпана дист а цахуьлуш. Юкъара далийтар хуьлийтийла ду, нагахь цара шайх кхечу тайпана цIе яккхар дехахь. Къамел дечу хенахь вай церан бIаьргаш чу хьежа деза, и къамел чекхдаллалц.

Баьччано вайна Делан Дош хьоьхучу хенахь, вай цуьнга леррина ладогIа деза. Телхина ойланаш а, мархашна юкъахь хьийза хьекъал а, — сий цадаран гайтам бу. Даим а дагахь латтаделаш, сий дар леларехь а, дешнашкахь а хилла а ца Iаш, амма ойланашкахь а гуш хуьлу. ПахIала вай тедо: «Со хьо волчу дIакхаччалц, нахана юкъахь Делан Йозанаш а доьшуш, Делан дош дIа а кхайкхош, нахана хьеха а хьоьхуш, дикка хан яккха» (1 Ти. 4:13).

Гуламан хенахь лулахочуьнца кІеда-мерза къамел дар кхайкхам бечун хилла а ца Іаш, амма Ша Дезачу Синан а ларам цабар ду. Муьлххачу а юьхьша юкъаметтигаша гулам чекхбаллалц собар дан мегар ду. Иштта собар дан мегар ду вайн доттагІчийн смс-ийн хаамаша а, мобильни телефонах пайда эцаро а, я гуламера цуьнан официальни чекхбалар хилале хьалха араваларо а. Гуламашка тІаьхьадисар а дика дац. Муха терго йийр яра вайна болх луш болчара, нагахь вай хІора Іуьйранна балха догІуш, пхийтта минотана тІаьхьадуьсуш хилча? Вай и ца до. ТІаккха вай гуламе вешан баьччанаша хІоттийначу, нийсса шен хенахь, стенна ца догІу те?

Шайн баьччанашна гІуллакх дан аьтто леха, ур-атталла цара цунах лаьцна шайга бохуш доццушехь. Цуьнан Іалашо хьалххе дуьйна е, тІедиллинарг лаккхарчу барамехь кхочушдан а гІерташ. Дерриг а церан дуьхьа тІехдика де.

Нагахь шайна цхьаъ дан тІедиллинехь, иза сихха а, уггаре гІолечу а кепара кхочушде. Амма деш дерг хиламна доггІу духар дуьйхина я цІеначу машенна тІехь де, вайн вешан баьчча дика гайта веза дела. Аэропортехь сайна, нехаша а, юуш йисинчу хІуманаша а бехйинчу машенахь дуьхьал баьхкича, ас ойла йора: «Нагахь гІуллакхдаран баьччина, цуьнан белхалочо хьаша исттачу машенахь валош хилар хаьахьара, цунна хІун моьттур дара? Цу гІуллакхца цо со вина а ца Іаш, амма шен динан тобанан Іуналхо а сийсазво».

Сан а, Лизин а исбаьхьа белхалойн штат ю. Уьш шовзткъе итт гергга стаг ву. Со церан тхоьга йолчу тергонах цецваьлла ву. Офисе веача, суна даим а сайн стоьла тІехь цІена хи чохь долу стака го. Дуккхазза а, суна ца гучу хенахь, цара сан машенан догІанаш схьа а эций, машена чу бензин дуттура, цу чохь хІинца а тоъал дагадан иза доллушехь. Цара сан машен муьлххачу хенахь цІена латтайо. Сан машен дІахІоттош йолу официальни меттиг яц, хІетте а тхан белхалоша суна а, Лизина а коьртачу чуволучу неІарна юххехь меттиг юьту. Уьш, со чоьнна чоьхьа волуш я конференц-зал йолчу воьдучу хенахь, хьалагІовтту, соьга «сэр», алий, бист а хуьлуш. Со волчу гІуллакх дохьуш тІебахкале хьалха, цара даим а иза леррина толлу.

Ас лун долу хаттарш хьалххе дуьйна шайна довзарна, цара, ас уьш далале хьалха, царна жоьпаш кечдо. Муьлхха а сан дехар даим а сихха кхочушдо. Нагахь болх бечу хенахь новкъахь дуьхьало гучуяьлча, уьш цунах чекхбуьйлур бу, болх кхочушбина баллалц. Кхочушданза аьттонаш боцу тІедилларш бен ца дуьсу. Амма и керла суна дІаделлале

хьалха, цара ерриге а хила тарлуш йолу варианташ толлу. Цара ас тӀедиллинчунна альтернатива хьалхахӀоттайо.

Цара тхан деш долу сий ондда а, Ӏалашоллин а ду. Ас даим а дагахь латтадо, цкъа-делахь, сан сий дарца, цара Ӏийсан сий до. ШолгӀа-делахь, со тешна ву, цара совгӀат схьаоьцур ду. КхоалгӀа-делахь, цара тхуна гӀуллакх до, оха, тхаьш хьовсийна долчунна тӀера дохуш долчу хӀуманашна, тхайн ницкъ байа ца лаьа дела. Со Лизица тхешан хьовсийна долчунна алсам тӀегулделла мел хуьлу, тхан алсамчу адамашна гӀуллакхдойла хир ду. Делан Пачхьалкхехь гӀуллакхдаро коьрта роль ловзайо, вай вовшийн сий дечу хенахь (ваьшна юххехь болх бечийн сий муха дан деза бохучух лаьцна, вай тӀаьхьабогӀучу кортошкахь дуьйцур ду), вайх хӀорра а Далла дика гӀуллакхдеш хуьлий дӀахӀутту.

Оха Лизийца сийдар ца лоьху. Сий дар лоьхуш я тӀедуьллуш волу лидер, Делан деган лаамехь ца лела. Ӏийсас аьлла: «Адамашкара сий дар ца оьшу Суна» (Яхьъя 5:41, шордина гочдар). Иза Цуьнан Ден сийлалла бен лоьхуш вацара. Цо коьртехь болчарна дихкинера, иштта а бохуш: «Муха тешар ду шу, цхьаммо шайн сий дича, аша иза хазахетарца тӀеоьцуш хилча? Ткъа цхьаъ бен воцучу Делера сий аша ца лоьху» (Яхьъя 5:44). Цу баьччанаша, шайн шаьш дезар а, дозалла а, кхин уггаре гӀоле доцу амалан сизаш а кхиорхьама, адамийн хестор а, сийлалла а лоьхура. Ӏийсас божаршкара а, зударшкара а сий дар церан шайн дуьхьа а, Шен Ден дуьхьа а тӀеоьцура.

Иштта вай а дагахь латто деза, ваьшна дина сий дарш, вешан даг чохь Ӏийсана а, Дена а дӀаделла хила деза, ткъа вай, ваьш лоруш болчийн дуьхьа даккхийден деза. Вай кхоччуш тешна ду, Дас жоп луш, вай леринчийн сий дийр ду, тӀаккха цара шайн совгӀат схьаоьцур ду. Ма лаьара суна шу тешо, бен дац шу муьлш ду, нагахь шу муьлххачу бахьанехь сий дар лоьхуш делахь, шу шаьш дахарна а, цӀена хиларна а тӀедалон доцчу некъахула догӀуш хиларх.

## Шалха финансаш

Сан Инжилан гӀуллакхдархошна къаьсттина сий даран дуккха сценариш язъйойла ду. Делахь а со хӀинца а Дезачу Сино векал волчу ПахӀалехула Тимапига Хьалхарчу дахьийтарехь (5:17, 18) билггал стенах лаьцна бохучух, ца хьакхавелла. Кхин дӀа ешча, вайна гур ду, хӀара байт

нийсса финансашца йихкина ю. ПахIала иза кху дешнашца чекхйоккху: «Къахьоьгург хьакъ долуш ву шен совгIатан». Ингалсан Делан Йозанаша Керлачу Гочдарехь чIагIдо: «Шайн болх дика кхочушбечу динан тобанан гIуллакхдархочунна, дика мах балар а догIу». Вайн заманан ингалсан версихь аьлла ду: «Шайн болх дика кхочушбеш болу, динан тобанан баьччанаш, шозза алсам мах бала хьакъ долуш бу, къаьсттина нагахь уьш дашехь а, хьехарехь а къахьоьгуш белахь». Таханлерчу Ингалсан Гочдаро боху: «Шайн болх дика кхочушбечу динан тобанан Iуналхойн гIоьнчашна, баьччанаш хиларе терра, шозза сов хила беза». ТIаккха эххар а, ингалсан Делан Йозанийн Шординчу гочдарехь вай йоьшу, Шайн болх дика кхочушбеш болу динан тобанан Iуналхойн гIоьнчаш, шозза алсам мах бала хьакъ долуш бу, «адекватни финансови гIоьнан».

Вайна и закон Iийсан, Шен мурдашка дерзийначу дешнашкахь карор ду: «Баккъалла боху Ас шуьга: Ас Вохуьйтург тIеоьцуш волчо Со тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу» (Яхьъя 13:20). Тидам белаш «Ас Вохуьйтург» дешнийн. Iийсас васте дерзадо и дешнаш. ПахIала оццу кепара гойту пхи агIо йолчу гIуллакхдарна хьажор:

> Цо Ша (Дала леррина къобалвинчу Iийсас) дIахIиттийнера цхьаберш векалш (къаьсттина хьажийнарш) бина, шолгIанаш пайхамарш (иракарахIитто кхайкхамчаш а, тидамчаш а) бина, вуьш хаза кхаъ кхайкхорхой (Инжил кхайкхораш а, гезден миссионераш а) бина, кхинаш, Iуьно жа санна, динан тоба Iалашйийраш а, динан хьехамчаш а бина.
>
> – Эпасхошка дахьийтар 4:11 (шордина гочдар)

«Цо Ша дIахIиттийнера» дешнийн маьIна, пхи агIо йолчу гIуллакхдарна Iийсас Ша дIахIиттош хилар ду. Уьш Дала леррина Къобалвинчуьнца болу пресвитерш, «Iийсах тешначийн тобанна дика куьйгалла деш болу тхьамданаш» бу (1 Ти. 5:17). Дала хаа а хууш, уьш «шозза дукха» лара безаш хиларна кIел сиз хьокху.

Ткъа шо сов гездеш леларан хенахь суна цкъа а ца гина, цу омрина юкъарадалар хилар. ХIетте а со, динан тобанан Iуналхошна а, церан гIоьнчашна а кIезиг мах лучу, динан тобанашкахь хилла. Уьш тиша машенаш хоьхкуш лелара, аренда йинчу я бегIийла доцчу цIеношкахь бехара, оццу хенахь динан тобанан декъашхой гIоле долчу цIеношкахь бехаш а, тоьлла машенаш хоьхкуш а лелара, церан бераша гIолечу

школашкахь доьшура иштта кхин дӀа а. Делахь а ирони стенца ю аьлча, динан тобанан финансови хьал теллича, церан дукхах долу дакъа бохамечу хьолахь хилар гучудолу. Бизнесменаш даим аьттонаш цахилар а, ур-атталла дуккха долчух бовлар а ловш бу. Цу жамӀехь дуккха берш декхарийла бахана бу. Дуккха болчу доьзалийн шайн гулдина долчуьнца баха деза. Хетало, цхьаьнггахь а гӀо оьшучарна дала ахча дац, аьлла. Баьччанашна дика алапа хила деза боху Делан омра тергал цадаран хьокъехь хуьлийла-м дац те иза?

Кху темина кхин а алсам серло Ӏанор вай, цуьнан бӀостанехьа йолчу агӀор а хьаьвсина. Со, динан тобанан Ӏуналхошна а, церан гӀоьнчашна а дика мах лучу, динан тобанашкахь хилла. Уьш берриш а дика машенаш хоьхкуш а, хазачу цӀеношкахь бехаш а бара, церан бераш цхьа а хьашт оьшуш дацара, церан шайн доьзалшца цхьаьна дика отпуск хилар магадойла дара, список кхин дӀа йойла ду. Динан тобанерчу адамаша царна совгӀаташ цкъа эцна ца Ӏара, царна къаьсттина шун хӀиттадора я кхин комаьрша ишарш гойтура. Вуьшта доьзалш, нагахь уьш динан тобанехь орам тесна белахь, кхиамечу дахарца хьалакхуьуш бехара. Бизнесменаша даим а кхиаме гӀуллакххаш дола а деш, са йоккхура. Цара даим а бисина Ӏаш болчу а, шаьш бераш кхобуш болчу зударшна я динан тобанан хьашташ долчу доьзалшна гӀо деш сихо йора, церан даим а совнаха хьал хуьлу дела. И динан тобанаш миссина алсам дала хьуьнар долуш ю, шайн Ӏуналхошна кӀезиг мах лучу динан тобанел. Суна цхьа а юкъарадаккхар ца гинера. Цецволийла дац, иза-х сий даран агӀонца дихкина ма дай.

Ойла елаш цу тӀехь. Ас хьахийначу динан тобанийн хьалхарчу тобано, шайн Ӏуналхочунна а, цуьнан гӀоьнчашна а хьакъдолу алапа хилийта шайн ахча дойуш ца хиларан дозалла до. Царна, тӀаккха шайга Делан Пачхьалкхана алсам хӀума лойла а, миссина далийла а, къечарна гӀо дойла а, иштта кхин дӀа дерг дойла хир ду, моьтту. Вуьшта, шайн баьччанийн къахьегарна дика мах бала безаш хиларан, Делан омранах кӀелхьарбийларца, — уьш кхечеран хьашташна тӀекхиа хьуьнар долуш ца хуьлу, церан бизнесменаш хала бохкуш а, динан тобанийн проекташкахь дакъа лоцуш а боцу дела. Вай, Делан хьекъалалло ваьш даим а ма-дарра кхиамечу некъа хьийсош хиларх, хӀунда ца кхета те? Вай, ваьшка Далла алсам дерг далург хиларх а тешаш, Цуьнан Дош кхочушдарх соьцучу хенахь, ма-дарра долчунна тӀехь — иза дозалла а, харц муьтӀахьалла а ду. Цу гӀуллакхца вай, Веза Эла алсам вевзаш хиларан, лач хаам бо, хӀунда

аьлча Цунна мисканаш беза, амма оццу хенахь вайга Делан Деша тӀехь къахьоьгуш болчарна шозза алсам мах бала беза боху дела.

Ас кхетадо, хӀара билггал бакъдерг тергалдеш цахилар, тӀаккха иза дӀогара кӀезиг процент яц Америкерчу гӀуллакхдархойн. Суна халахета, баьччанаша даим а ахчанах а, материальни хӀуманах а лаьцна бохучу хенахь. Церан дахар хьал долуш дац, уьш, дайначу а, чевнаш хиллачу а синошна тӀекхуьучул а, цкъачунна долчу а, дахаран там хуьлучу а хӀуманашна алсам тӀегулбелла бу. Билггал бакъдерг а долуш, цара гӀуллакхдаран догдеттадалар дайина, тӀелецначу белхалойн некъа дӀа а бирзина. Церан кхайкхамаш агӀор бирзина, цара шайн эффект яйина. ЛадогӀийша, Дала ишттачу хьалхабевлла лелачарех лаьцна хӀун боху:

> Исраилхойн хехой бӀаьрзе а, хӀумма а ца хууш а бу, уьш берриш
> а мотт ца хуу жӀаьлеш ду, лата а ца хууш, Ӏахка а Ӏохкуш, гӀенаш
> а гуш, набъяр а дезаш. Уьш Ӏебар доцу а, сутара а жӀаьлеш ду.
> Уьш кхетам боцу Ӏуй бу: массо а шен новкъа дӀавирзина ву,
> хӀора а шена пайда лоьхуш ву.
>
> – ЕшаӀ-ЯхӀу-пайхамаран тептар 56:10, 11
> (вайн заманан гочдар)

Хьовсийша кху дешнашка: «шена пайда лоьхуш». Вайн заманан ингалс версихь бохуш ду: «Шу шаьш-шайна дезаш хиларан Ӏалашонийн дуьхьа шайн уьстагӀашца вон долу, Ӏуй ду». Масех баьчча ву (уьш дукха ца хиларх хаам бан воккхавоь со), шаьш-шайн там хиларан дуьхьа зударех а, ахчанах а, гӀуллакхдаран кхин долчу хӀуманех а пайда оьцуш волу. Цара сий дарх лаьцна билггал бакъдерг харцхьадаьккхина. Церан ойла кхоьлина, Делан дагалацам когашкара коьрта тӀе Ӏункар берзийна, цара динан гӀуллакхдарх шайна гӀуллакх ден агӀо йина. Уьш – Делан халкъана гӀуллакдаран а, байна болчарна тӀекхиаран а – керстанийн гӀуллакхдаран юьхьанцалерчу маьӀна тӀера дӀабевлла. Нагахь уьш ца хийцалахь, церан чаккхе боданехь хир ю.

Дера, со сайн гӀуллакхдаран шерашкахь сий даран агӀонийн зулам дарна тӀе а Ӏиттавелла, Делан Йозанашкахь цу тайпаначу хиламех лаьцна еша а ешна. Амма хоттур вай ваьшка, цу гӀуллакхо ваьш Делан ялхошна шалха мах баларца сий дан дезарна тӀера дӀадерзо бакъо лой те вайна? И ши йист цкъа а бакъйина хир яц Делан бӀаьргашна чохь.

## Хиламийн тамашийна юханехьа берзар

Суна сайн бIаьргашца гина, Делан гIуллакхдархошкара финансийн декъалаллех сецоран жамIехь хIун хуьлу гойту, уггаре а къеггина дахаран масала, сан гIуллакхдаран хьалхарчу шерашкахь хилла. Суна со Лизица 120 стагах хоттаеллачу динан тобанан гIуллакхдархо волчун дахар дагадогIу. И динан тоба шерашкахь лаьтташ яра, делахь а цуьнан декъашхой 35-на тIера 120 стагана тIекхаччалц болчуьра сов ца бовлура. Иза гонахарчу юкъараллин кхиамийн керлачу бараман эффективносте ца ялалора, церан гIалин бахархой 250 000 адам доллушехь.

Тхо уьш болчохь диъ де даккха дезаш дара. Динан тобанан Iуналхочо тхоьга ша волчу цIахь совцар дийхира, динан тобанна тхо хьешан цIахь дIатардар чIогI харже долу дела. Тхо реза хилира, иштта хилча, тхо тхешан гIуллакхдар доладалале хьалхе дуьйна доттагIий хилла дIахIуьттур долу дела.

Шоьтан дийнахь суьйранна схьадаьхкича, тхуна уьш цIахь а доцуш, аренде эцначу квартирехь бехаш хилар хиира. Церан тиша машен а, жимма бахам а бара, иза цара тхан хьашташна тхоьгахь битинера. Iуналхочун зудчун хьеший тIелацар чIогIа дика дара, уьш комаьрша а, къинхетаме а ши адам дара. Со цецваьлла вара, зудчуьнан хIинццалц а командировкашка лела дезаш болу, болх хиларх. Иза пхийттанна тIера берхIитта денна тIекхаччалц гIалахь ца хуьлура.

Гуламан дIабахар вон ца хилира, амма гонаха дуьйлина хилар хаалуш дара. Тхо Дела кхузахь хилар хаалучу ца кхачалора. Некъахь шлагбаум лаьтташ хилар хеталора. Амма хIетте а динан тобанера адамаш даггара дара, тIаккха уьш чIогIа Веза Эла везаш хилар а, хеталора. Со ойланашка вахана вара.

Гуламийн кхоалгIачу дийнахь ас дуккха хан доIа деш яьккхира. Сан са гIайгIане дара, суна и хало цхьалхаяккхар ца карадора, амма иштта цунах кIелхьара а ца валалора со. ДоIа дарца, ас ойла йора, динан тобано Iуналхочун а, цуьнан доьзалан а гIайгIа стенна ца йора те. Эххар а, суна сайга бохуш долу, Iийсан аз хезира: «Ахь цу халонца дерг тахана суьйранна цхьалхадаккха деза».

Муха, аьлла, Везачу Эле хаьттича, суна, и дуьхьало йохорхьама, хIара дан деза, аьлла, жоп хилира: адамашна, церан Iуналхочун финансови хьал дика хилийтар лараме хилар хьеха. Сан цунна юьхьша гIоьнна хIума гулдан дезаран синхаам бара. Амма суна хIинца а и нийса муха дийр ду ца хаьара.

Суьйранна гулам болабалале хьалха динан тобанан Iуналхочо соьга элира: «Джон, аса хьан гIуллакхдарна сагIа гулдийр дац. Иза айхьа де».

Вела а къежна, со, сайна хьалха неI дIайиллина хиларх кхийтира. Тхан гуламна сагIа гулдечу метта, со адамаш Iуналхочунна а, цуьнан доьзална а гIоьнна хIума гулдарна тIекхайкха воллура. Цу суьйранна, Iуналхочо, со вовзийтинчул тIаьхьа, со сцени тIе хьалаволучу хенахь, соьга меллаша элира: «Джон, виц малолахь, гIоьнна хIума гулъечу хенахь, паргIате хилалахь».

Со велакъежара, иза, цунна хезан долчух, цецваьлла хир волу дела. Кафедрина хьалха дIа а хIоьттина, ас динан тоба Тимапига Хьалхара дахьийтар (5:17) дIаделла тIе а кхайкхина, шовзткъе пхеа минотехь шайн Iуналхочун финансови гIайгIа баран лараме хиларх лаьцна хьийхира царна.

Соьга цунах лаьцна даздар доцуш яздалур ду: иза динан тобанна къовламе Iорадаккхар дара. Ас элира: «Шун Iуналхочун зудчун динан тобанан арахьа болх бан стенна деза, ах баттахь цIахь а ца хуьлуш? Аша цуьнан доьзалх лаьцна гIайгIа бан беза, зуда, шен майрачунна уллохь, цIахь хила йиш йолуш хилархьама».

Iуналхочо сагатдора, цуьнан юьхь алсам цIийлуш лаьттара. Иза, адамашна цунах лаьцна дийца соьга ша дехна моьттург хиларх а, тIаккха масех доьзалш динан тобанера дIагIуриг хиларх а кхоьрура. (Кхето лаьа: динан тобане веача, аса, баьччa сан дешнашца реза воцуш хилар хууш йолчу доктринех лаьцна, хьехамаш бийр бац. Кху хиламехь суна, иза реза ву я вац, ца хаьара, суна дуьххьалдIа цуьнан юьхьа тIехь синтем бар хааделира ас кхайкхам бечу хенахь.)

Ирсана, сан олийла ду, цу юкъаралло Везачу Эло сан даг чу диллина долу дешнаш тIеэцна хилар. Гуламан чаккхенгахь ас элира: «Тахана суьйранна соьга вайн гIуллакх дарна гIоьнна хIума гулъяр дехнера. Делахь а вай и дийр дац. Тахана вай Iуналхочунна а, цуьнан доьзална а гIоьнна хIума гулдийр ду, тIаккха, хьаххийнчуьра, цу тIера налогашна хIума а ма сацаде. Дала шайна веллачу – шайн Iуналхочун, шаьш пусар дар гайтийша».

Оха гIоьнна хIума а лахьийна, гулам чекхбаьккхира. ТIаккха, адамашца къамел деш, суна Iуналхо динан тобанан офисни чоьнаш чу къайлаволуш хилар хааделира. Иза зала чуьра аравалар а гина, со цунна тIаьхьа ваха сихвелира. Иза карийча, суна билгалделира, цуьнан юьхь хIинца цIийелла

яцара. ХӀинца иза кӀайн яра. Цхьана хӀумано дуьйцура соьга, цо сайга бен болу керлачух лаьцна хаам, дика хирг хилар. Вела а къежна, ас хаьттира: «Мел хӀума гулйина аша?»

Цо дерриг а схьаэлира. Со дог кӀадделла, охьавожжаза висира. Иза, цара мацца а уггуре а боккхачу гуламехь кӀиранан дийнахь гулдеш хиллачул, кхузза сов дара. Дера, суна гӀоьнна луш дерг дикка хир дуйла хаьара, амма цо схьааьлларг, соьга ишттачу барамехь йолчу динан тобанехь ур-атталла сурт хӀотталур долчул дуккха а сов дара.

Юха оршот дийнахь соьга телефон туьйхира. Иза и Ӏуналхо вара, самукъадаьллачу озаца цо соьга элира: «Джон, ас кӀирандийнахь хиллачу гуламан запись тӀехь дӀаязйина кассета йохьуьйту хьуна».

Со къаьсттина реакци яран сатуьйсуш вацара, цундела ас жоп делира: «Дика ду, ас ладугӀур ду хьан кӀирандийнахь хиллачу кхайкхаме».

ТӀаккха суна жоп хезира: «Джон, ас кхайкхам ца бина. Сан динан тобанан тешачара шина сахьтехь Ӏалашоне диллина доцуш хьалха а буьйлуш, церан доьзалшкахь а, бизнесехь а хиллачу тамашийначу финансийн Ӏаламатех лаьцна тоьшаллаш дора. Со цецваьлла вацара, сийлаллин кхераме веанехь а. Суна, Везачу Эло цецволуьйту хӀума дийр дуйла, хаьара, амма иза иштта сиха хир ду ца моьттура».

Масех шо дӀаделира, тӀаккха со цу динан тобанехь юха а хилира. Цара шайн гуламаш хӀинца кхин туьканан фойе чохь ца бора, уьш, школан гӀишлонна ремонт а йина, цу чохь гуллора. ТӀаккха иза хӀинца а дерриг а дацара. Динан тобано школа аренде эцна яцара, цо иза дола яьккхинера! Декъашхойн дукхалла пхоьазза сов даьллера. Ӏуналхочун гӀайгӀабаран тӀаьхьало санна, цуьнан зуда балхара дӀаяьллера, доьзалш а, бизнесменаш а кхиаме хуьлуш бара.

## «Ма ала, хӀара суна тамехь ду»

ХӀара билггал бакъдерг цкъаъа а хийцалур дац. Вешан синан лакхалле баьччанаш лараро вайн дахаршка дика хьалакхиар дохьур ду. Со, Къилбехьарчу Кореян Сеулехь йолчу, дуьненахь уггаре а йоккхачу динан тобанан Ӏуналхочуьнга, докторе Дэвиде Йонги Чога хьоьжу. Цо шен динан тоба, хӀаллакьхиларечу хенахь, дуккха шераш хьалха, йолийнера. Дукха хан йоццуш цуьнан динан тобанан урхаллерчу шиммо, церан юкъараллехь кху муьрехь шовзткъе итт миллионер ву, аьллера соьга.

Со масийттазза цуьнан улловаьлларг хилла, тхо цхьаьна гольфах а лоьвзина, цуьнан компаньонашца цхьаьна ресторанехь делкъе а йина. Гуттара санна цо гездаре шеца масех бизнесмен а, партнер а схьаоьцу, цуьнга дика юург яийта а, дерриг цунна оьшург эца а гІайгІа бен болу. Ас тидам бира, уьш цкъа а стоьла хьалха, иза хьалха охьахиъна валлалц, охьа ца ховшура. Цара лакхара ларам бо цуьнан. ГІалин къечу кІоштахь йолаелла йолу динан тоба, хІинца шена юкъахь иштта дукха хьалдолу нах болуш хиларан бахьана иза хуьлийла дуй те?

Сан юххера доттагІ ву, Эл Брайс, иза в Америкин Цхьаьнакхеттачу Штаташкахь динан тобанан Іуналхо а, тхан гІуллакхдаран административни советан декъашхо а ву. Эл 1980-чу шарахь гольфан любительски турнирехь дакъа лоцуш вара, иза тІехдика ловзархо ву. Йонги Чона шен гІоьнчашца а, доттагІашца а цхьаьна цу ловзарх ловза безамехь хуьлу, цундела Эл тамехь хилира цунна.

Цхьана рогІерчу крусейдехь Йонги Чо а, цуьнан компаньонаш а Цхьаьнакхеттачу Штаташкахь болчу хенахь, цара, гольфах ловзархьама, Элаца цхьаьнакхета Іалашо хІоттийнера. Йонги Чоца гездечарех волчу цхьаммо, аренде лаьцна йолчу машен чуьра араволуш, шен гольфана йолу клюшка схьаэцнера. Цо иза а, керла модин дизайн йолу гольфан сумка а хІинцца масех эзар доллар делла, ПхоьалгІачу авеню урамехь нью-йоркски туьканахь эцнера. ГІиллакхна Эла цуьнан хаза хилар комментировать дира. ЦІаьххьана и стаг шен керла клюшка керлачу сумки чуьра схьаяккха волавелира. Иза ясса а йина, и Элан клюшканаш схьа а эцна, шен дизайнерски сумки чу яхка хІоьттира. Дага а деана, Эла элира: «Сацахь, ахь дийриг хІун ду?»

«Ас хьо лору, — дара корейцан дешнаш. — Суна хьуна сайн керла клюшка яла лаьа». Сан доттагІ иза сацо гІоьртира, амма иза эрна дара.

Масех бутт дІабаьлча, хІара Корее вахана волчу хенахь, Эл юха а Йонги Чоца а, цуьнан компаньонашца а гольфах ловза воллура. Гольфан товарийн профессиональни туьканахь волуш, хаза мачаш а гина, Эла элира: «Ма хаза мачаш ю!»

Цу сохьта Йонги Чонан нахах волу цхьаъ, и мачаш схьа а эцна, кассехьа вахара. Эл дуьхьалвелира: «О, хІан-хІа, хІан-хІа. Суна мачаш ца оьшу, ас дуьххьалдІа, уьш ма хаза ю элира».

«ХІан-хІа, сэр, ас хьо лору, тІаккха суна, хьан иштттанаш хила лаьа».

Соьга и дуьйцуш, Эла вела а велла, элира: «Со, Йонги Чон нах юххехь

болуш, «суна хIара хаза хета» боху дешнаш ца ала, Iемира, цара сайна иза оьцур йолу дела». И теша адамаш лаккхарчу бараман сий дарехь лелаш ду, тIаккха и бахьанехь декъалалле а ду.

## Декъалалле дахар

Сан, хIинца Везачу Элаца стигалшкахь волу, кхин доттагI а вара, Джек. Иза чIогIа кхиамечу а, онддачу а дахарца вехаш вара. Цуьнан дахаро а, гIуллакхдаро а бIе эзарнаш адамашна Iаткъам бина.

Джек къона а волуш, хIинцца бен шен гIуллакхдар дIадолонза волчу хенахь, цуьнан Iуналхочун Цхьаьнакхеттачу Штаташкахь кхиаме а, шуьйрра гIараяьлла а йолу динан тоба яра. Джек, шен Iуналхочунна гIуллакх деш масех шо даьккхинчул тIаьхьа, пачхьалкхан кхечу декъе вахийтина вара, цигахь динан тоба дIайолорхьама.

Масех шарахь цуьнан динан тоба пхи эзар стаге кхаччалц алсамъяьллера. Ас сих-сиха и волчохь кхайкхамаш бора, тIаккха тхуна цхьаьна хан яккхар тамехь хетара. Суна къаьстташ дагадогIу цо сайга, цунна шен Iуналхо мел везара а, мехала хетара а, ларам бора а, дийцар. Цо, ша цуьнан шен синан лакхалле ден санна, терго йора, бохура. ТIаккха цо иштта дешнаш элира: «Джон, хIорразза а суна сайн Iуналхо гича, аса, низамехь долуш санна, эзар долларна чек ло». Со цецваьлла вара цуьнан сий даран барамах.

Цуьнан дешнаша, иза вехачу сийлахьчу совгIатах лаьцна, ойла яйтира соьга. Динан тобанан декъашхошна чIогIа везара иза. Цуьнан тезет динан тобанан цIийнахь деа сахьтехь а сов дIадахара, иза адамех тIехдуьзна дара. Пхи эзар сов стаг веанера, динан тобанан декъашхой хилла а ца Iаш, амма, динан тобане лелаш боцу, гIалин белхалой а. Юкъараллехь чIогIа дуккха болчара лорура иза.

Джекан динан тобано а иштта сий дора цуьнан. Царна чIогIа цунна мах бала лаьара, амма хьекъалалле ахча дуьллуш хиларна, Джекана динан тобанера алапа ца оьшура. Мелхо а, цо шена тIедогIург динан тобане дIалора. Суна дукха нах ца гинера, и санна, иштточу декъалаллехь лелаш долу. Цуьнан зудчунна а, берашна а даггара везара иза. Иза исбаьхьачу цIено чохь вехаш а вара, цуьнан дуккха доттагIий а бара. Джека шен синан лакхаллечу ден ахчанца сий динера, тIаккха цу гIуллакхо иза дахаран дукха а йолчу сферашкахь шортонан совгIаташ хиларан агIонга хIоттийнера.

## Тхан гуламашкахь

Дерриге дуьненахула гездеш а, кхайкхамаш беш а леларца, суна, тІехдика хьеший дина гІайгІа барца тхо тІелоцуш йолчу а, гуттара санна болчу гездархойн санна терго ярца тІелоцуш йолчу а динан тобанийн гІуллакхдаран жамІашна юкъахь башхалла хилар, билгалделира.

Цхьайолчу меттигашкахь суна ур-атталла со стенна кхайкхина хааран хьашт дара. Тхо цхьана тишделлачу хьешан цІеношкахь дІатардора, цигахь я хи а, я дайн даар а ца хуьлура, офисехь цхьа а тхан хьашташка хьовсар а ца хуьлура. Іуналхочун кабинета чохь со схьавар йовхонца а, баркаллица а доцуш, ткъа долччул а сиха кху тергонца хуьлура: «ХІара ду ас хьоьгара сатуьйсуш дерг». Царех цхьаболчара кху кепара терго йора: «Кхузахь тхо чІогІа лараме гІуллакх деш ду, хьуна тайна тхо долчохь кхайкхам бан дезарна».

Ишттачу меттигашкахь со хьалхахІотточу хенахь, динан тобанера нах соьга бен доцуш хьоьжура. Сан церан ойланаш хозийла дара:

«Тхуна хІинца берриш а хезна, ахьа хІун къаьсттина дерг дуьйцур дара те тхуна?» Ишттачу адамашна кхайкхам баро суна таІзар дар дагадоуьйту.

Цу тайпана гуламаш чекхбевллачул тІаьхьа суна суо лимонах мутт даьккхича санна, хеталора. Ишттачу гуламашкахь сан ерриг а хенахь, хьогах долчу дегнашка дІакхийдачу метта, дуьхьалхІиттарх чекхвийла дезара. ТІаккха цул тІаьхьа Іуналхочо соьга, динан тоба кІиранах а яхалур йоцу, кІезиг ахча лора. Со чІогІа воккхавоь билгалдаккха, иштта сих-сиха ца хуьлура.

Со кхин а цхьана гІуллакхдархочуьнца конференцихь дийнна кІиранах кхайкхам бан кхайкхаран хилам дагабогІу суна. Динан тобанан Іуналхо тхоьца дагавелира, берриге гуламаш дІабаьхьча царна сагІийна делларг шиъ ах бІе сов эзар доллар дара, аьлла. Со воккхавоьра царах. Делахь а дІадоьлхуш суна тхан гІуллакхдарна лерина ялх бІе долларна чек елира. Иза ур-атталла чайнна луш дерг ду а олийла дацара, итт процент ткъе пхи эзар доллар хир дара. Иза иттаннах ши процент яра (0,2%).

Амма со дуьххьалдІа йолчу урокана Іемира — Везачу Эло муьлххачу хиламехь а гІайгІа бийр бу тхан гІуллакхдаран, тхан хьашташ кхечу каналашкахула кхочуш а деш. ХІоразза а динан тобанаша тхуна иштта «чайнна» догІург лочу хенахь (иза кхечу тайпана ала дешнаш ца карадо суна, ур-атталла чайнна йогІу тІеэцна стандарташ царел дуккха а сов

йолу дела), оццу кIиранахь оха доккха гIоьнна догIург схьаоьцура, оха кхайкхам бинчу, кхечу динан тобанера. Суна тамехь хета иза, цу гIуллакхца Дала, суна схьахетарехь, вайга иштта бохуш санна хета дела: «Суна хьал девза».

Суна тхаьшна хIума латторна тIехь Делан тешаме хилар гора, тIаккха цу тIера сагатдеш цхьа а буьйса ца яьккхира аса. Суна, тхаьшна цуьргаш деллачу нахах, халахета, цара сийлахь совгIат схьаэцийла хиларан аьтто тIехбалийтина, Iийсас шайна бахийтинчийн сий а ца дина.

Вукху агIор, аэропортехь сайна дуьхьалбахкарна тIера, со юха а дIавигарна тIекхаччалц йолчу муьрехь, сайн чIогIа дика а, даггара а долчу хьаша тIеэцаран терго ечу, гуламашкахь а хилла со.

Хьешан цIийнан номерехь соьга сатуьйсуш чохь стоьмаш а, муттан маларш а, тIекхоллург а долу, шайца со дийнна кIиранах кхабалун волу, доккха тускар дара. Царна ур-атталла сан белхан накъосташкахула, суна муьлха тIекхалларш гIоли хета хаьара. Номерехь соьга иштта совгIаташ сатуьйсуш хиларан меттиг а йогIура: даго чIурамаш а, хаза шарикови ручкаш а, кучамаш а, IатIарш а. Со кIоштахь уггаре а тоьллачу хьешан цIийнахь дIатарвора, номерехь кхин тIе оьшу хьашташка хьовсар а хуьлура, некъахь шаьш цIахь долуш санна хетийта магош долу. Уьш иштта соьца хилла а ца Iаш, амма соьца болчу сан гIоьнчашца а бара.

Исттачу динан тобанашкахь со сцени тIе хьалаволучу хенахь, адамаша со чIоггIа тIараш деттарца а, хьалагIиттарца а маршалла хоттуш тIеоьцу. Уьш Далла баркалле бу, Цо царна Цуьнан векал вахийтарна, тIаккха Везачу Элан Даше ладогIа кийча а бу. Гуламехь цхьа а меттахъхьуйш а, дIасалелаш а вац, сан цхьа а дош тIехдалийта ца лаьа дела. Шайн леларца цара Дела гIуллакхдарехь хиларан маршалла хотту, ткъа гулам чекхбаьллачул тIаьхьа уьш, тхан гIуллакхдаран книгаш тIера а, кхечу продукци тIера а «кенаш лахьорхьама», книгийн гIопастана тIебаха сихло.

Исттачу динан тобанаша кхин дIа а беттанашкахь я ур-атталла шерашкахь уьйр латтайо соьца я тхан белхалошца, иштта а бохуш: «Тхо хьо веанчул тIаьхьа кхечу юьхьарлацарца дахана», я «Тхан белхалой а, динан тоба а кхин хилла дIахIиттина, тхо керлачу бараме хьаладевлла». Цкъаццкъа со сайна чохь воьлу, уьш болчу вахале цхьа кIира хьалха со, тхо гуттара санна гездархой долуш санна, тIеэцна, кхечу динан тобанехь хилла хилар а, хууш. Со оццу дахьийтаран кхайкхам бан а, оццу Iалашонца а веана вара цу динан тобане, амма цигахь жима жамIа а дара, со дIаваханчул тIаьхьа цхьа а баркалле аьлла дешнаш а дацара.

Іийсас аьлла: «Шу тIеоьцуш волчо, Со тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцуш волчо, Со Вахийтинарг тIеоьцу». Аша Іийсан муха гIайгIа бийр бара, нагахь Иза шун динан тобанан Іуналхо велхьара я кIирандийнех цхьана дийнахь Иза гIуллакхдан шун динан тобане веанехьара? Бакъдерг стенца ду аьлча: вай Цо бахийтинарш лоруш ма-хиллара, иштта вай Иза а лору. Вай Цуьнан сий ма-дарра, билггал иштта вай Ден а сий до.

## Веза Эла лара

Кхин цкъа а хьовсур вай сий даран агIонга. «Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цIе сийсаза йоккхуш верг юьхьIаьржачу а хIуттур ву» (Шам. 2:30).

Дезачу Йозанийн хIара меттиг вайн синошна тIехь яга еза. Дала Шен сий динчун, сий дийр ду. Хезаш ала: «Нагахь ас Везачу Элан сий дахь, Цо сан сий дийр ду». Юха-юха ала хIара дуккхазза а, цу дешнашна тIехь ойла е, цара шун даг чохь кIоргге орам тассалц. Делан сий дар — Цуьнан сий дар шайна тIеозор ду. Ма тамашийна ма-дарра дерг ду! Кхин дIа толлур вай и хаттар:

> Везачу Элан сий де хьайн долахь мел долчуьнца. Айхьа мел бинчу белхан дуьххьарлерчу ялтица сий де Цуьнан.
>
> – Кицанаш 3:9

Вайн бахамна тIера Везачу Элан сий дарх лаьцна тедо вай Делан Дашо. Ингалсан маттерчу шординчу Делан Йозанаша боху: «Хьайн капиталах а, тоамах а (бакъахьарчу къахьегарех), хьан тIедаьллачух хьалхара долчух а Везачу Элан сий де». Вайн заманан гочдарехь долчу Ингалсан Делан Йозанаша чIагIдо:

«Везачу Элан сий де, Цунна хьайн ахча даларца». Финансови луш дерг — иза Делан сий даран кепех цхьаъ ю. Хаттар стенца ду аьлча, вайн Цунна ахча муха лойла ду? Цуьнан вайн валютех пайда эцийла-м ма даций. Жоп дуьххьалдIа ду — вешан ахча, Цо вахийтинчунна далар.

Нагахь аша дистин а, сагIанаш а даларан хаттар Дезачу Йозанашкахь леррина таллахь, шуна уьш даларан кхо бахьана карор ду. Цкъа-делахь, Цуьнан гIуллакхдархойн хьашташ кхочушдархьама, тIаккха вай кху коьртан юьхьенгахь аьлла ма-хиллара, уьш шалха мах баларна хьакъ

долуш бу. ШолгӀа-делахь, гӀуллакхдархойн хьаштийн церан гӀуллакх даран балхахь кхачо ярхьама ду. ТӀаккха, кхоалгӀа-делахь, гӀуллакхдархошна къечарна а, бисина Ӏаш болчу зударшна а, байлахь болчарна а гӀуллакх дарехь гӀо дархьама ду.

Суна дуккха а йолчарах цхьайолчу байтийн хӀорра пунктаца дагавала луур дара шуьца. Хьалхара байт вайна ПахӀала коринтхошка бохучу дешнашкахь гур ю: «Шун синошна оьшуш долу хӀу оха тесна хилча, тӀех зен дой те оха шуна, тхайн дегӀана оьшуш долу ялта шуьгара хьаькхча?.. Иштта хаза кхаъ кхайкхош болчарах лаьцна Везачу Эло тӀедиллина, хаза кхаъ кхайкхош кхаьчначух баха беза уьш аьлла» (1 Ко. 9:11, 14).

Керлачу Дийначу Гочдарехь и аят иштта хезаш ду: «Везачу Эло, Хаза кхаъ кхайкхош болчарна, цо пайда бохьуш болчара гӀо дар тӀедиллина. Изза агӀо гуш ю Ширачу Весетехь а. Динан дайн а, левихойн а дакъа — халкъан закатана луш долчух дахар ду. Церан, Исраилан кхечу гарийн санна, латта дацара.

ШолгӀачу бахьанин тӀечӀагӀдар ПахӀала Пилапхошка дахьийтарехь карадо:

> Пилапхой, шуна хууш ду-кх, со Македон-махкара ара а ваьлла,
> хаза кхаъ дӀакхайкхо волавеллачу хенахь, шу доцучара цхьана
> а динан тобано суна хӀума ца кховдийра, аша суна гӀо ма-
> дарра. Аша-м со Тассалник-гӀалахь волуш а, суна хӀума эшча,
> мосуьйттазза гӀо динера... ХӀинца шортта хӀума ду сан. Оьшург
> ерриге а йолуш ю, аша мел даийтина совгӀаташ (дерриге гӀоьнна
> делларг) Эпар-Падатис соьга схьакхачийна. Далла доккху хаза
> хьожа йогӀу сагӀа санна ду и совгӀат, Дела цунна реза а ву.
>
> – Пилапхошка дахьийтар 4:15, 16, 18
> (шордина гочдар)

Шуна ма-гарра, церан ахчанца луш долчо ПахӀалан ша тӀекхайкхина болх кхочушбан аьтто бина. ДуьххьалдӀа аларца, адамашна гуш-хезаш гӀуллакх дарна ахча оьшу. Ша «комаьрша кхачо йина» вара, аьлла волчу, ПахӀалан дешнаш эр ду аса. Шаьш луш долчуьнгахула пилапхой ПахӀалан партнераш хилла дӀахӀиттира, цуьнан адамашна тӀекхиаран балха тӀехь.

КхоалгӀачу бахьанин хьокъехь, вайна Ширачу Весетехь, Дала шайн дистин левихошна (гӀуллакхдархошна) а, тӀебаьхкина болчарна а, байлахь болчарна а, бисина Ӏаш болчу зударшна а даларна омра деш йолу, меттиг

карайо (хь. Кар. 26:12). Керлачу Весетехь берриге баьччанаш тІетайра: «Деккъа цхьа дехар дира цара: мисканаш дагахь латтабар. Изза дан со а чІогІа гІертара» (Гал. 2:10).

Мискачарна юкъабогІу тІебаьхкинарш а, байлахь берш а, бисина Іаш болу зударий а. ГІуллакхдархошна луш долчуьнгахула вайн ваьшна цкъа а дуьхьалкхетта боцчарна гІо дойла ду.

ХІинца лакхахь аьлла ма-хиллара, вай вешан ахча Дала гІуллакхдарна хаьржинчарна даларехула, Делан сий до. Цундела вай хатта деза, мел адамаша, гІуллакхдарна лойла долу ахча сецадарца, Дела сийдоцуш во? Дуккха болчара, церан дахарехь синан лакхалле билггал бакъдерш дІадийначу белхалошна, дистин а, сагІина хІума а цало. Уьш леткъа, гІуллакхдархоша, иштта дІахьедарш а деш, ахча дехарна: «Цаьрга кхайкхамаш бар бен хІунда ца дало, сагІа даларх лаьцна а ца бохуш? Сан иштта а дерриг а вон ду тІаьхьарчу беттанашкахь». Амма, церан дерриг а вон хиларан, церан дешнаш хуьлийла дуй те? Делан Дош шайн дахарехь хьалхарчу метте дІахІоттийний те цара? Духенгахь, цара Делан чул а, шайн сий алсам до.

> Цундела хІинца иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
> „Шайн дегнаш леррина тІедерзаде шаьш бечу некъаш тІе. Аша дуккха а дІадоь, амма кІеззиг схьагулдо. Аша юург йоу, амма шу дуза а ца дузу. Аша мала а молу, амма шу хьогах дуьсу. Аша тІе бедарш юху, амма шу дох ца ло. Аша доккху алапа Іуьрг долчу кисана доьду“. Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
> „Шайн дегнаш леррина тІедерзаде шаьш бечу некъаш тІе. Лаьмнаш тІе а довлий, дитташ а хедадай, уьш схьада, тІаккха Делан цІа юхаметтахІоттаде. И гІуллакх Суна хаза а хетар ду, иштта Сан сий а ойур ду“, – боху Везачу Эло. „Аша дуккха а долчу хІумане сатуьйсу, амма кІеззиг бен ца хуьлу шуна. Ткъа аша шайн цІа деанарг, Аса Сайн садеІарца дІадаьккхина. ХІунда ду иза иштта? – боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – Шу хІорра а, сихло, шайн-шайн цІа доьлхучу хенахь, Сан цІа хІинца а доьхна лаьтта дела ду иза.
>
> – Хьагай-пайхамаран тептар 1:5-9

Кхин а кхеташ муха хир ду? Сурт хІоттадейша, нагахь Дезачу Йозанийн турпалхойх цхьаннан гІуллакхдархойн хьокъехь тахана дуккха болчийн санна, шайна хала хан йолчу хенахь ахчанах лаьцна дуьйцуш болчу,

изза терго яра. Эли-ЯхӀун заманахь, мацалла йолчу хенахь белла, дуккха бисина Ӏаш болу зударий бара. Делахь а цхьаъ дийна йисинера сий даран агӀо бахьана долуш. Цуьнан а, цуьнан кӀентан а тӀаьххьара цкъа даъал бен сурсаташ дацара, тӀаккха уьш бала безара. ХӀетте а пайхамаро хьалха цунна хьокхам батта аьлла, дехнера. ЭхӀ, ма тӀаьхьабевлла лелар бара цунна тахана, динан тобанехь санна, иштта массийн хаамийн гӀирсашкахь а! Дуккха болчара критика йийр яра: «Хьоьга мацалла леш йоллуш йолчу йисина Ӏаш йолчу зудчуьнгара тӀаьххьара дерг схьа муха эцаделла? Иза хьалхара яра, цунна дала дезачарех». Иштта доллушехь, пайхамарна Везачу Элера юьхьарлоцуш долу дош хилира, цо Дела, Цуьнан ялхо вузорца, хьалхарчу метте хӀотторхьама. Нагахь цо Делан цу кепара сий дахь, Дала цуьнан сий дийр ду. Цо, шега пайхамаро аьлларг, дира. Ткъа Везачу Эло, Ша пайхамарехула дийр ду аьлларг, дира цунна. Йокъо йолчу хенахь, дама а, даьтта а чекх цадолура (хь. Сул. 17).

Везачу Эло ваьшна бахкийтинчарна даларх сецорца, вай ваьшна бохам бен ца бо, и дарца вай Дела сийлалле ца во дела. Цо ша боху пайхамарехула:

> Адамна мегий те Далла къола дан? Ткъа аша Суна къола до. „ХӀун деш къола до оха?“ – хаттар до аша. Шайн долахь долчух уьтталгӀа дакъа Суна цадаларца а, Суна догӀу сагӀанаш цадахарца а до.
>
> – Малъаки-пайхамаран тептар 3:8

Нагахь суна хьалха харжам хӀоьттина белхьара, ас Ша Везачу Элера дӀадоккхучул, долччул сиха банкана талор дийр дара. Стенна? Со адамах чул, Везачу Элах алсам кхоьру дела. Со воккхавоь, сан иштта харжам бан дезаш ца хиларна, цул совнаха, со цкъа а талорхо хила лууш вацара. Амма мухха делахь а, Дала боху: «Аша Суна къола до!» Билгалделаш, Цо ца боху: «Шу Сан гӀуллакхдархошна къола деш ду!» ХӀан-хӀа, вай, Цуьнан ялхошна дистин а, сагӀа а дӀа ца даларца, Далла къола до. ЛадогӀийша кхин дӀа бохучу Цуьнан дешнашка: «Схьадайша шайн долахь долчух уьтталгӀа дакъа дерриг а чӀоьнашна чу, Сан дезачу цӀа чохь кхача хилийтархьама. Оцу тӀехь зейша Со, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – Ас дӀайоьллур яц ткъа шуна стигалан неӀарш, тӀеӀанор дац ткъа Ас шуна тоъал декъалдарш? (ингалс вариант — иза тӀеэцархьама, тоъал меттиг хир яц)» (Мал. 3:10).

Тидам белаш, Ша Везачу Эло чIагIдо, дIаделлачу дистинашна тIера декъалалла оццул доккха хиларна, «цунна меттиг хир бац». Иштта, шен духехь, декъалалла чутарлуш доцу сурсат хир ду. Шерашкахь, гIуллакхдархоша, Дала вай, вешан и дIатардан меттиг ца хиллал, ахчанца а, бахамца а декъалдийр ду бохуш, кхайкхамаш беш хезна суна. Суна къовсаме дилла луур дара и чIагIдар. Ахча — иза чутардойла йолу продукт ю. Нагахь сайн дуьненахь мел долу ахча делхьара, соьга иза дIатарлур дара. ТIаккха Везачу Эло, луш долчунна тIера совгIат вайга дIа цатардаллал хир ду бохучу хенахь, Цуьнан дагахь дерг хIун ду те? Цу хаттарна жоп вайна Кицанаш книги тIехь карор ду:

> Везачу Элан сий де хьайн долахь мел долчуьнца (иза динан гIуллакхдархошна шун совгIаташ я сагIанаш ду). Айхьа мел бинчу белхан дуьххьарлерчу ялтица сий де Цуьнан (иза шун закат ду). ТIаккха хьан кIа чохь латтош долу цIа тIех дуьзна хир ду, ткъа керла чагIар пхьегIийн йистошкахула тIехъоьхуш хир ду.
>
> – Кицанаш 3:9, 10
> (курсив а, къовларшкара дешнаш а авторан ду)

ЧIанош — иза вайн хазна ю. Уьш банкан карточкаш а, шкафаш а, ягорган бакаш а, гаражаш а, иштта кхин дIа дерг хуьлийла ду. Цигахь, вай, ваьшка чутарйолийталур йолу, хIуманаш Iалашйо. Цундела декъалдо Цо вай ахчанца. ТIаккхаа вайга чутардалийталур доцу декъалалла муьлхург ду? Кхин дIа ешча, вайна жоп гур ду: «ТIаккха хьан черманаш керлачу чагIарх тIехъоьхуш хир ду». Черма — иза чагIар Iалашдарна лерина, доккха боьчка ду. Хьовсийша, и бу и Делан декъалалла чохь сацалун боцу чухоам, аьлла ма-хиллара, иза тIехъоьхуш хир болу дела. Керла чагIар бохург хIун ду? Делан Йозанашкахь керлачу чагIаро даим а Деза Са керла хилар гойту. Везачу Эло боху, вай Цуьнан сий дар динан тобанан баьччанашкахула дечу хенахь, — церан динан тобанашна а, гIуллакхдаршна а ахча даларца, вай Цуьнан керла хиларан кхоччуш совгIат схьаоьцу! Иза массарел уггаре воккхавоьйту совгIат ду!

Масийттазза со теш вара, шайн баьччанаш ахчанца комаьрша сий дарца бузош болу тешаш берш, шортоне материальни декъалаллаш а, дуккха дерг кхочушдан хьуьнар долуш а бара. Амма, цул совнаха, суна, уьш Делаца болуш лелаш берш хилар, хааделира. Вай цец стенна даха деза цу гIуллакхо, иза Дала Цуьнан Дашехь ваIда дина ма ду, иштта

дац и? Цу билггал бакъдолчух кхетаро хаттарна жоп лора, со, сий дар сецош а, Іуналхой цхьана хІуманца къовсам латтош а я сан гуттара волчу кхайкхамчин санна терго ечу меттигашкахь, — суна чІогІа Делан юххехь хилар ца хаалора. Адамаш дуьххьалдІа комаьрша дацара. Делахь а уьш маьрша ма-хилли, церан динан тобанехь Деза Са хилар чІагІлуш хилла дІахІуттура.

Нагахь аша кху коьртера билггал бакъдерг схьа а эцна, Делан Йозанаш кхоччуш дешча, массанхьа а, Делан адамаша шортонца луш долчохь, Іаламаташ а, паргІато а, кІелхьардовлар а, Цуьнан юххехь хилар а, хьалакхуьуш хилар а шортоне хилар, хаалур ду шуна. Вайга Делан декъалдар эцалур дац, амма хІетте а, иза Дала Шен ниІматца цхьаьнатоьхна, синан лакхалле агІо ю. ЛадогІийша, ПахІала Македонски динан тобане хІун аьлла: «Ткъа хІинца, динан вежарий, оха дІахоуьйту шуьга Македон-махкарчу динан тобанашна Дала деллачу диканах лаьцна. Шаьш баккхий баланаш хьоьгуш боллушехь, цу тобанийн доккха хазахетар а, йоккха къоьлла а хьалдолчу комаьршалле делира. Со теш ву цара доггах, шайн дала йиш йолччул а, сов а деллачунна» (2 Ко. 8:1-3).

ПахІал церан комаьршалле Делан дикан нийса жамІ долуш санна хьоьжу. Билггал Цуьнан ниІмато дала а делла царна «ницкъ болчул сов» сагІа дала хьуьнар. Вайга Делан ниІмат эцалуш ма ца хиллара, вайга Дела ваьшца дика хилар а ца эцало, амма вайн билггал иза схьаэцийла ду. Вайна Делан Дош кхайкхош болчеран шалха финансови сий дарца, вай ваьш, Дала вайн сий дечу агІонга дІахІиттадо, цу юкъадогІу Цуьнан ниІмат а, вайца дика хилар а.

# КОРТА 12

# ША САННА ВОЛЧУЬНГА ЛАРАМ ХИЛАР

Шу тIеоьцуш волчо Со а тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу. Пайхамар пайхамаран дуьхьа тIеоьцучунна, пайхамарна санна ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчун санна, ял хир ю. Царах лахара волчунна а гIо диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а.

– Инжилан Маттайс дIаяздина дакъа 10:40-42
(перефразировать дина авторо)

ХIинца тIееана вайца цхьатерра меттиг дIалоцучу нахах лаьцна дийца деза хан. Тхо церан куьйгалхой дац, уьш а тхан куьйгалхой ца хиларе терра. Ишттачу тобанах лаьцна Iийсас иштта олу: «Делан лаамехь верг цуьнан дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю».

## Шалха совгIат

Цу тайпанчу ларам барца доьзна, билггала долу масаллин сурт дIа-доьллуш долчу сайн дахарера тоьшалла далорца дIадоло луур дара аса хIара къамел. ХIокху масех шарахь тхайна шарна йогIу мукъа хан яккха

круизе доьлху тхо доьзалца. Тхан бераша цкъа а шаьш реза ца хилар ца хаийтинера тхуна, кест-кеста дуьне мел ду Делан Дош дІасадаржош тхан девлла лела дезаран хьокъехь. Уьш кхетам хиларца хьоьжура оцу агІоне, цаьргахьара гІо лацар а хуьлуш. Тхуна хазахета Дала тхайн гІайгІа бар, хІора шо чекхдолуш шатайпана долчу оцу дІасадаха йиш хиларца совгІат а деш. Тхан кІенташна там хуьлу оцу круизехь йоккхучу хенах, хІунда аьлча цигахь телефонийн зІе а, электронни почта а ца хуьлу болх беш. Оха барт бина: компьютераш юьстах яха а, цхьа а тайпана болх ца бан а йолчу агІонца. Цхьана кІиранах тхо кхоччуш тхайн берийн долахь хуьлу.

Масех шо хьалха, тхо круизера цІа дирзича, аса сайн белхалойн менеджере телефон туьйхира. Цо сан деган синтем бойу керланиг элира соьга. Тхо круизехь долчу хенахь, суна вевзаш волчу цхьана пасторо тхан дика белхало лоруш йолу цхьа зуда ша волчу балха дІайигнера. Оха язъеш йолу книгаш кхечу меттанашка гочдора цо. Ша бечу балха тІехь и болх бовзар, хаарш хилар хила дезара цуьнан, цо дуьне мел ду болчу зорба тохархошца болх бо дела. Цаьрца уьйр хилар, хьо-со хила дезар коьртаниг дара оцу балха тІехь, цунна дуккха а хан езара оцу агІонна.

Со догдоьхна вара, и бахьанехь оцу пасторна дуьхьал сайна тІегІертачу ойланашца къийсам латто безара аса. Оха исс баттахь Іамийнера и зуда и болх бан, ткъа оцу динан тобанан Іуналхочо ур-атталла гІиллакхна а ца хаьттинера соьга телефонехула, иза ша волчу балха эцча сан балха тІехь новкъарло-м хир яц-те, аьлла. Цо динчух со кхетар вара, Делах тешар а доцуш, кху дуьнен чуьра кхиберш санна иза велхьара, амма Далла лерина гІуллакх деш волчо, ша санна къахьоьгуш волчуьн белхало ша волчу дІайигар, кхечу лидерех дагавалар а доцуш, Делаца волчо дечех дацара. Цу тІе иза сан накъост вара.

Цхьана шина дийнахь аса билггал болх бора сайна тІееанчу оьгІазаллина тІехь. Муха карор вара суна цуьнан метта балха эца стаг? Керла эцна белхалочунна и болх бан Іамош хан яйа езарх кхерарна, сайна тІегІертачу вочу ойланашца къуьйсура аса. Оцу накъосто динчух кхета со гІерташ, иза нийса ду аьлла хетарна цхьа а агІо ца карайора суна. Оццул ца кхеташ муха хилалора иза? Цхьа ши-кхо де даьлча Везачу Эло доІанна тІехь сан даг чу элира: «КІант, хьайн эцна долу керла сахьт цунна дала лаьа Суна ахьа».

Ямайке со вахана волуш, туькнахь керла сахьт эцнера аса. Иза, хаза а долуш, кхоччуш цІена сахьт дара, маьлхан йовхонца доьзна доладалар а долуш, «Citizen» цІе йолчу маркех дара иза. Масех шарахь сахьт ца оьцуш Іийнера со, цундела хІинца там хиларца леладора аса и керла хаза дизайн йолу сахьт.

Амма Дала и бохуш хилча, суна дукха хан ца йийзира, Делан хьекъалаллех кхетархьама. Сан даг чу еанчу нийса йоцучу ойланех со паргӀатваларна меттиг а луш, цуьнан метта кхечуьнга болчу ларамах со вузар хилийтира Цо. Дала со дегабаамах вуьзна хиларх а ларвеш, Шеца а, оцу Ӏуналхочуьнца а сан йолу уьйр аса кхидӀа а латтор Ӏалашдора. Айса доӀа деш, со велакъежа волавелира, эххар а иза велаваларе а долуш. Со цецваьллера сан стиглашкара Ден хьекъалаллах а, безамах а, Шен шина а кӀентан агӀонгахьа волчу. Цо аьллачунна тӀе а тайна, цу сохьта цу стагана оьгӀазвахар а, дарвалар а сох дӀакъастар хааделира суна. И паргӀатвалар сихонца хилира. Суна хазахийтира сайна езна йолу хӀума сайн динан вешина яла йиш хилар.

ШолгӀачу Ӏуьйранна оха къамел дира. Дагна паргӀато хилла волу со кийча вара цуьнца къамел дан. Эххар тхан къамел цунах даьллачу гӀалатана тӀедирзира. Цо бехказваларца тӀеийцира ша нийса ца хилар, оцу гӀуллакхах лаьцна ша массо а агӀор ойла йина ца хиларх къера а хуьлуш. Делахь а, нагахь Дала сан дагна дӀа ца диллинехьара, ирча а, зуламе а хир долу къамел хир дара тхан телефонехула. Сан реза ца хилар гойтучу озо а, оцу гӀуллакхе нийса ца хьажаро а цабезаман суй тосур бара тхошиннан юккъаметтиге.

Оцу меттехь хӀара ала луур дара суна: дуьхьал дерг дог нийса долуш бен ала мегар дац. Иза, вайн дуьхьа а доцуш, кхечун дуьхьа хила деза иштта. Иза нийса хӀунда вацара бохург дӀа а доьллуш, аса и дешнаш билггал болчу безамца элира, цундела аса ша нисвар тӀеэца атта дара цунна. Тхан къамел чекхдаьлча, со цуьнан офисе ван мегар дуй хаьттира аса, цо мегар ду аьлла, хан билгалъяьккхира оха.

Со варан хӀун бахьана хир ду те, бохуш, соьга ладоьгура цо шен офисехь. Тхошиннан хила деза къамел чекхдаьлла дела, со хӀунда веана-те хаа лууш вара иза. Сайн деган лаам кхочуш а беш, хьуна совгӀатна сахьт дала лаьа суна, элира аса. ЧӀогӀа цец а ваьлла, цо элира: «Джон сан сахьт дацара, суна оьшуш дара сахьт». Иза а хезна, суна воккхавер деара. Аса гӀутакх чуьра сахьт схьа а даьккхина дӀакховдийра, цо шен пхьаьрсах дихкира иза. Сахьтан зӀе цунна йоца хилира, сан пхьаьрс цуьнан чул оза хиларна, ткъа цунна тӀеоьшу зӀе оха Ямайкера туьканахь йитинера. Аса оцу компане яздина йоуьйтур ю и тӀеоьшу зӀе элира аса. Со сацо гӀоьртира иза, ша хьожур ву и зӀе эца, аьлла, амма суна ца лиира и совгӀат цу хьолехь дала цунна.

Цу хенахь дуьйна тхошиъ хьалхачул а уллора а хилла дӀахӀоьттира. Тхо-

шиннан юкъахь вовшашка боккха ларам бу. Цо и сахьт лелош хилар дага а догIий, дагна там хуьлу суна. Цуьнан пхьаьрсан тIехь и сахьт гича, иза сайчунна тIехь хиларал а сов хазахета суна. Со вокккхавоь сайн хилла белхало шен балха тIехь кхиаме хиларх. Масийттозза вовшийн гар хилира тхан.

Ткъа долуш дерг долуш дара, тхуна хIинца а белхало оьшура. Суна хаьара Дала оцу агIонан гIайгIа бийр буйла, цундела Цо дийр долчунна неI дIайиллина латтайора аса.

ТIаккха хIара хилира. Масех кIира даьлча белхалойн менеджеро Дарси цIе йолу белхало ийцира тхан офисе. Цунах лаьцна айса олуш, иза стен лом ду олу аса. Цул хьалха веккъа масех стаг бен ца гинера суна, цу тайпана боккхачу лаамца а, дIагIертарца а дуьне мел ду Делан Дош дIасадаржош волу. Цо цу сохьта шен болх дIаболийра. Цуьнан меттахь болх бинчу кхечара, шаьш балха баьхкича, шена дан тIедуьллун долчуьнга ладоьгIура, амма Дарси иштта яцара, иза, доIанаш а дой, дуьненан юкъарчу зорбатохархошна тIейоьдура, тхан книгаш зорба тоха дIаэцийтархьама.

Хьалха хиллачу белхалочо дика болх бинера. Исс баттахь цо берхIитта маттанна тIера ткъе кхаанна тIекхаччалц шординера гочдар. Дарсис хьалхарчу исс баттахь тхан книгийн кхечу меттанашка гочдар ткъе кхаанна тIера шовзткъанна тIе кхаччалц болчу барамехь совдаьккхира! ХIаъ, аша нийса дийшира. Хьалхалерачу белхалочо исс баттахь тхан книгаш пхеа кхечу меттанашка гочдинера, ткъа Дарсис оццу хенахь кхузза совдаьккхинера книгийн гочдар, вуьрхIитта маттахь гочдар тIе а тухуш. Йолуш йолчу хенахь Дарсин дахарна тIехь Делан дика хилар бахьанехь тхан книгаш шовзткъе пхеа матте гочдеш ю.

Иза иштта дIадерзаран бахьана, и тхан белхало шен офисе дIайигна волчу пасторан аса ларам барца доьзна хиларх тешна ву со. Тхуна совгIат дар хилира: кхин а дуккха а долчу адамашна Делан Дош дIакхачор. Цуьнан кхиаме хиларан цхьа агIо ю – тхан книгаш иттаннийн эзарнашкахь Хаза Кхаъ кхайкхорна къевлина йолчу дуьненан массо а маьIIехь болчу лидерийн кара кхачор. Билггал аьлча, тхайца болх беш болчаьрга и книгаш дIакхачийначу оцу меттигийн цIераш йохийла дац сан, оцу регионашкарчу динан тобанийн Iуналхошна тIаьхьабовларан кхерам ца хилийтархьама.

Делан Дош дуккха а долчу адамашна дIакхачо йиш хиларал гIолехь долу совгIат дан а дац. Ткъа иза а дерриг дац. Дала кхин а цхьа совгIат кечдинера суна, шех лаьцна суна дага деана а доцу. Масех бутт баьлча цхьана мукъачу дийнан Iуьйранна цхьана гIаларчу динан тобанехь динан

хьехамаш беш вара со. И гӀуллакх чекхдаьлча цигарачу пасторца цхьана ресторане делкъе ян дахара тхо. Динан тобанера цхьа бизнесмен веара тхоьца. Ресторанехь оцу бизнесмено хаттар дира соьга: «Джон, муьлха сахьт дезар дара хьуна?»

Цуьнан хаттар цӀеххьана дина дара. Ма-аьлла сихха жоп а ца даладелла, эххар а, ас элира: «Хьуна иза ца хаар гӀолехь ду».

Иза тӀаьхьара ца волура: «ХӀан-хӀа, Джон, суна билггал хаа лаьа. Муьла ха сахьт дезар дара хьуна?»

Иза къар ца валарна жоп дала дийзира сан: «ТӀаьхьарчу масех шарахь «Брайтлинг» цӀе йолу сахьт дезаш вара со.

И цӀе йолу сахьт «Бентли Мотор Компани» дӀасаекъаеллачул тӀаьхьа дан долийнера. Уьш тӀех беза мах болуш дара, эца атта а дацара и сахьт. И санна долу сахьташ муьлххачу а гӀаланашкахь духкуш а дацара. Суна чӀогӀа дезаделлера цхьана вевзаш воцучу стагехь суна гина долу и сахьт. Цу сахьтан тӀехулара дизайнах бӀаьрг кхийтира сан, ма дика хир дара и санна сахьт сан делхьара бохург дага а тосуш. Суна хазахета кеманаш тӀехь дӀасавахар (со кема лелорхо вацахь а), и «Брайтлинг» цӀе йолу, юьхьанца кемалелорхошна лерина дина долу и сахьт хазаделлера-кх суна. Цкъа яккхийчу гӀаланашкахь цу тайпана долу сахьташ духкуш йолчу цхьана туькана нисделлера тхо. Церан мах тӀех лакхара бара, сахьтана дойур дац аса иштта дукха ахча, аьлла сацам бира аса, сайна иза деззашехь.

Сан жоп а хезна, шен тӀийрачу пиджакан пхьош хьала а дерзийна, пхьаьрсан тӀера ша дукха хан йоццуш эцна долу шена чохь «Navitimer» олу хронограф йолуш, тӀаьхьарчу моделехь дина «Брайтлинг» цӀе йолу и сахьт схьадаьккхира цо. И сахьт сан пхьаьрсах а дихкина, цо велакъажарца элира: «Джон, ахьа тахана Ӏуьйранна хьехамаш беш, Дала хьуна дӀало элира соьга и сахьт». Со вогӀавелла, цхьа дош а ца алалуш висинера. Нагахь Дала цунна хаам ца бинехьара, кхечу тайпана хуийла а дацара цунна и «Брайтлинг» цӀе йолу сахьт суна дезаделлачех хилар. Кхоллархочо хаза совгӀат динера суна – тӀаьххьарчу моделех долу кемалелорхошна лерина долу сахьт делла. Муха хуьлийла дара, оцу бизнесменан пхьарса тӀехь цу тайпана долу сахьт хилар?

Масех сахьт даьлча, цецваларх метта а веана, суна дагадеара масех бутт хьалха аса кхоччуш цӀена керла эцна долу сайн сахьт даларца кхечун ларам бар. ХӀинца со меттавеара, Ӏийсас Шен Дашан тӀехь

аьлларг кхочуш деш, аса бинчу ларамна дуьхьал сайна совгІат дарх а кхетта. ДагадогІий шуна Цуьнан дешнаш: «Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий» (Шам. 2:30, вайн заманан гочдар). Шун дуьхьалдовлийла ду: «Амма, Джон, ахь Делан сий ца дина, ахь динан тобанан Іуналхочун сий дина», аьлла. Іийсас боху: «Сан ялхо лоруш волчо, Со лору, Со лоручо, Да лору» (Мф. 10:40, перефразировать дина авторо).

ХІоразза а сайн сахьте хьожуш, - иза сан куьйга тІехь ду хІинцца а, аса хІара могІарш дІаязбеш, - цо сан Дас суна дина инзаре совгІат дагадоуьйту суна. Цо дина совгІат дуккха а мехала ду суна, иза аса айса туьканахь эцна хуьлучул. Иза дуккха а беза мах болуш ду, нагахь оцу стага тІе а веана, шена дага а деана, и совгІат дина хуьлучул а. Коьртаниг оцу сахьтаца доьзна а доцуш, муьлхачу ойланца делла дара и сахьт бохург ду. Дала изза дийр ду Везачу Элан ларам бинчарна, церан Цуьнан ялхошка ларам хиларна.

## Дезачу Синца накъосталлехь болу безам

Суна теша лаьа, ларам бар – иза даггара безам хилар ду бохучух, шун хІинца кхетам хиларх. Вайга аьлла ду:

> Шун безам даггара хуьлийла. Вониг ма дезалаш, ткъа диканиг ларделаш. Вежаршка санна хуьлучу безамца вовшийн дезалаш, вовшийн алсам ларалаш.
>
> – Римхошка дахьийтар 12:9, 10

Оцу шина аятан кІорггера чулацам бу. Цкъа делахь, ПахІала чІагІдо, даггара болчу безаман шалхалла яц бохург. Шалхалла хилар бохург ду «шен билггал йолу амал а, лаам а къайлабаккхар» (Вебстеран дошам, 1828 ш.). Цу тайпана долу лелар иштта билгалдоккхур ду вай: хьовсур вай хІокху агІонга, цхьана стага тІехула шуьга шен ларам хилар гойту, амма шен даг чохь критикех а, хьагІ хиларх а вуьзна хуьлу иза, ур-атталла ца вашар а хуьлуш. Къилбера Америкехь дІахІоьттинчу ламасташа адамийн дегнаш чохь шалхалла кхоллаяларе даладо. Вайна массарна а хезна къилбехьа бехачу нехан хьешана тІера хиларх лаьцна, цигарчу кегирийн гІиллакхе хиларх а, церан хаза мехкарий хиларх а лаьцна. Оцу агІонийн чулацам бу, цу махкахь деха адамаш оьзда амал йолуш, цІена дегнаш долуш ду бохург. Амма хІун хир дара-те, нагахь цхьаммо, уьш иштта беха, цаьргара

уьш иштта хила безаре ладоьгІу дела, билггал аьлча уьш цу тайпана боццушехь, аьлча.

Дикка зама хьалха аса оцу Къилбера Америкерачу цхьаболчу нахана хьалха тешалла динера. Цара тІаьхьашха вон дешнаш олура кхечу адамех лаьцна, ткъа тІаьхьо уьш шайна хьалха лаьттачу хенахь, цу нехан ларам бора цара, сий дора, цаьрца безаме хуьлура уьш. Ткъа Америкин кхечу декъехь бехаш берш кхечу тайпана хуьлу. Уьш шалхо йолуш хир бу аьлла ла ца доьгІу, цундела цара шаьш эриг нийсса дуьххьал дІа олу. Суна дагадогІу къилбаседехьа бехаш болчу наха со шайн цІа чуьра араваккхар. Шайн хьоьга безам бацахь, цара иза дуьххьал дІа эр ду. Уьш моттаргІанаш ян ца Іамабо, мелхо а билггал долуш дерг тІеэца дезарца Іамабо уьш.

Билггал бакъ долу сий дар гайтар, шалхо йоцуш бен хуьлийла дац. Ларам бар, моттаргІа яр доцуш бен хуьлийла дац, хІунда аьлча тІаккха пуьташ боттар догІур ду, цу тІе иштта тІехула бинчу ларамна дуьхьал цхьана а тайпана совгІат дар ца догІу. ПахІала иштта кхидІа а дІадоьллу цуьнан маьІна: «Безам моттаргІане ма хуьлийла. Вонна дегаза хета диканах дІалата». Вон дар дегаза хетар, ткъа диканах дІалатар – иза ду и Везачу Элах кхерар. Кицанаш цІе йолчу тептаро (8:13) боху: «Везачу Эле ларамах вуьзна хилар – вониг цадезар ду». Иштта, Везачу Элах кхерарο вай Іехадаларх лардо. Цо вай лардо моттаргІанаш лелош болчарах вай Іехадаларх. Хьовсий вай цунах лаьцна Дала бечу хьехамашка. ЕшаІ-ЯхІус чІагІдо: «ХІара халкъ баганца Суна тІекхочу, маттаца Со лору цо, амма церан дегнаш Суна дукха генахь ду. Суна хьалха беш болу ларам адамаша Іамийна долу парз бен дац» (Еш. 29:13, вайн заманан гочдар). Дагахь Іамадар бохург ду «дешнаш я аьзнаш юх-юха алар, церан маьІнийн кІорггера ойла яр а, бухе кхачар а доцуш». Дала чІагІдо, адамаша шайн багахь а, дечу гІуллакхашца а сий до, (цунах лаьцна яздина ду ЕшаІ-ЯхІу-пайхамаран тептаран кхечу декъехь), амма церан дегнаш генахь ду, бохург. Иза моттаргІанаш еш дечу сийнах лаьцна ду, ткъа иза данне а дац сий дар. ХІунда до те цара иза цу тайпана? Иза цара до Везачу Элах кхерар шайн доцу дела, «церан Суна хьалха дегадар» хІумма а доцург ду, иза хІора денна дан Іемина долу хІума санна ду.

Цу тайпана долу лелар дуккха а гойла хуьлу динан тобанехь болчарна юкъахь а. Вайн тидам оццул тІебоьду вай гІиллакхе хила дезарна тІе, цуьнан кІорггера долу маьІна дар а доцуш: вай олуш дерг билггал даггара олуш хила деза. Цхьа масал далор дара аса. Стив динан гуламе ваха сихвелла. Иза пхеа минотана тІаьхьавуьсуш ву, ткъа и шен хеннахь кхача

везара цига. Дуккха а адам дІасалелачу урамехула дІавоьдуш ву иза, цІеххьана ураман вукху агІор воьду динан тобанерачу вешах бІаьрг кхета цуьнан, нийсса дуьхьал болчу некъахь воьдуш волчу. Цо ойла йо: «Вай, хІан-хІа, Джимана со гуш вац аьлла хета суна. Сан хан яц цуьнца къамел дан, цу тІе шеца къамел дан сан лаам болу стаг а вац иза».

ЦІеххьана вовшех бІаьрг кхета цушиннан, тІаккха шен динан веше вист хилархьама, Джим шен некъа тІера сехьа вала волало. Стив кхета, ша Джимаца къамел дан дезарх, хІунда аьлча кхечу тайпана лелча гІиллакхе хир дац иза. Цундела машинийн некъах сехьа волучу вешина дуьхьал воьду иза, цуьнга вистхилархьама. Ша сиха волу дела, иза хьалха вистхуьлу Джиме: «Джим, Далла бу хастам, суна хазахета хьо гина».

Джима дуьхьал вистхуьлуш, хьал муха ду хотту Стиве.

Стива жоп ло: «Дерриг а дуьххьалдІа исбаьхьа ду, амма, гой хьуна, со гуламе ваха сихвелла ву. Ас зІе тухур ю хьоьга, тІаккха, делкъе еш, цхьаьнакхетар вайшиъ? ТІаккха уьш, шайн-шайн некъа а бевлла, дІабоьлху.

Стиван Джимаца хилла къамел цхьалхадоккхур вай. Цкъа-делахь, цо боху: «Далла бу хастам, хьо гина хазахийти суна». Стивана оцу минотехь Дела дагахь а вацара, иза иштта ала марзвелла вара, шена вевзаш волу динан тобанера верг гича, шен воккхавер а, шен тешар а гайтархьама. ШолгІа-делахь, башха воккхавер а дацара цуьнан Джим гарх, иза шена ца гуш санна чекхвала дагахь вара Стив. Цу тайпана, ша дуьххьара аьллачу дешнашкахь мекарло а йо, харц дерг а олу цо, хІумма а вохар а доцуш.

Стива тІаьххьара аьлла дешнаш дара: «Аса зІе тухур ю хьоьга, тІаккха, делкъе еш, цхьаьнакхетар вайшиъ». Иза дагахь а вацара цуьнга зІе тоха а, цуьнца делкъе ян а. Иза дара, мухха а ваьлла, оцу хІоьттинчу бІегІийла доцучу хьолах чекхвала гІортар. Кхин а цхьаъ харцдерг дара иза.

Стива хуъушехь аьлла харцдерг дарий-те иза? Схьахетарехь, иза иштта дац. Оцу харцоно Іорадаккхаран дукъо вожа хІунда ца во те иза? Хила ма-дезза Везачу Элах кхерар ца хиларна Стиван дахарехь, иза моттаргІа ярца болу безам хила Іемина. Иза цо дагахь Іамийна болу дахаран хІоттам бу, адамашка тІехула болу безам, ларам бар гойтуш долу, ткъа билггал аьлча цхьа а маьІна доцу безам гайтар ду иза.

Везачу Делах кхерам хиларо вайна кхетам ло, Далла билггал вайн даг чуьра хІора ойла йовзар а, вайн даг чу теснарг а, вай аьлла долу дешнаш а хаьа бохучух. Ур-атталла вайн багах девллачу даьссачу дешнех а кхел хин йолчу дийнахь жоп дала дезар ду вай (хь. Мат. 12:36). Вай йоьшу: «Ойла а

еш, бераш, соьга хIинца ладогIа. Везачу Элах кхоьруш хила хьоьхур ду аса шуна . . . Реза боцу мотт зуламна аша бехкалаш. Ткъа мекара долу дешнаш шайн багара ма довлийта. Сацалолаш зулам дарх шу, ткъа цуьнан метта диканиг де! Цу гIуллакхна къа а хьоьгуш, машар аша лехалаш» (Заб. 33:12, 14, 15).

Вайн безам билггал бакъдолчуьнца хила беза, ткъа иза даггара болчу лаамо а, Везачу Элан хьалха кхерам хиларца леларо а кхоллаболуьйту! Мел ирча хIума ду Iехаваларца лелар а, моттаргIанаш еш вахар а: Делах кхерам хиларо бен лардийр дац вай оцу речIанах.

## Кхиберш хьайл лакхара ларар

Римхошка долчу дахьийтарехь ПахIала кхин дIа боху: «Вежаршка санна хуьлучу безамца вовшийн дезалаш, вовшийн алсам ларалаш» (I2:I0). Ларам хиларо кхиниг хьалхавоккху, кхечеран лакхара мах а хадабо, уьш шел лакхара а лору. ПахIала кхин цкъа а цунах лаьцна кхечу кехат тIехь боху:

> Дала леррина Къобалвинчуьнца хилар бахьана долуш иракарахIуьттур дуй те шу? Цунна шу дезарх синтем хир буй те шуна? Цуьнан Синца мелла а тIекаре дуй те шу? Вовшийн догъэцар а, къахетар а дуй те шун. Делахь хилийтийша сан воккхавер дуьззина, цхьатерра ойланаш а йолуш, цхьа безам а болуш, цхьа барт а болуш, цхьа Iалашо а йолуш. Цхьа а хIума шена пайда леха а, дозалла дан а ца деш, хIораммо а ша-ша эсала а хуьлуш, вовшийн лакхара ларалаш. ХIораммо а, шен-шен бен гIайгIа йина а ца Iаш, кхечун а гIайгIа е. Шайн дегнаш чохь Дала леррина къобалвина Iийса санна хилалаш.
>
> – Пилапхошка дахьийтар 2:1-5

Кхиберш шел лакхара хетар – иза уьш ларар бохург ду. Вай дечу массо а гIуллакхашна тIехь, вайн леларехь цунах лаьцна ойла яр, кхета гIертар, доIанаш дар хила деза вайн. Нагахь ваьш кхечарал лакхара ду аьлла а ца хеташ, муьтIахь хиларе вайн дегнаш чохь кIоргга орам вай хецийтича, вай доккхачу декъалаллехь лелар ду, иза ду билггал долу сий дар.

Тидам белаш, ПахIала боху: «Шайн дегнаш чохь Дала леррина къобалвина Iийса санна хилалаш». Суна цкъа а диц лур дац, со къона волу,

Іийсана тІаьхьахІиттанчех волчу хенахь, Везачу Эло сан даг чу аьлла дешнаш. Со машин тІехь воьдуш волуш, Цо сайга иштта олуш хезира суна: «Джон, Аса хьо Сайл лакхара хІоттош вуйла хаьий те хьуна?»

Суна хезначу дешнаша синтем а байина, со инзарваьллера, и аьлларг Далла дуьхьал дерг суна чу диллархьама а, сан даг чохь куралла кхоллаялийтархьама а мостагІчо аьлла моьттуш. Муха хуьлийла дара, дерриг дуьне а, цу тІехь мел долу хІума а кхоьллина Волчо, кІезиг волчу Іаьржа белхаш беш волчу соьга Шена со Шел а мехала хета эр ду бохург? «ДІадала суна уллора, иблис, соьга къа латадайта доллу хьо», – алланза висира со. Амма сан деган кІоргенехь суна хаьара, иза Іийсан аз дуйла. Делахь а со тешна хила везара цунах, хІунда аьлча со къона волу Іийсах тешачарах волуш дуьйна суна хаьара, Делан Дашо «синош таллалаш» бохуш дуйла (Яхь. 4:1).

Ойла а йина, аса жоп делира: «Веза Эла со тешар вац цунах, Ахьа Керлачу Весет тІера кхо меттиг билгал ца яккхахь». Сан аз дегош дара, амма суна хаьара, аса дийриг нийса дуйла.

Сайн даг чохь со кхийтира, Везачу Эло аса доьхург къовсаме ца даккхарх. Билггал аьлча, Иза реза а вара аса динчу хаттарна. Цо сихха деллачу жоьпан дешнаш хІорш дара: «ХІун аьлла ду Пилапхошка долчу дахьийтаран (2:3) байта тІехь? Суна и аят девзара, цундела ас чІоггІа дІаэлира иза, Цунна жоп луш: «Цхьа а хІума шена пайда леха а, дозалла дан а ца деш, хІораммо а, ша-ша эсала а хуьлуш, вовшийн лакхара ларалаш».

Іийсас соьга элира: «ХІара хьалхара тоьшалла ду».

Со дуьхьалвуьйлура: «Амма, Веза Эла, ПахІала цунах лаьцна ца бохура. Цо пилапхошка, цара вовшийн шел лакхара хІитторах лаьцна ма бохура. Цо Ахьа сан муха терго йо бохучух ма ца яздора», бохуш.

Везачу Эло сихха жоп делира суна: «Аса Сайн берашка, Ас-Айса ца дийриг де ца боху!»

Со къера хилира, со нийса ца хиларна.

ТІаккха Цо элира: «Цу тІехь ю халонаш дуккха а болчу доьзалийн. Дай-наноша шайн берашка шаьш деш доцург де боху. Дуккха а болчу дай-наноша шайн берашка девнаш ма де олу, ткъа шаьш даим а царна хьалха девнаш деш хуьлу. ТІаккха дай-наной цецбуьйлу, шайн бераша девнаш хІунда доху-те, бохуш. Со иштта ца лела».

Жимма сайн дагахь кхиниг а долуш, аса элира: «Иза Дезачу Йозанийн цхьа меттиг бен яц, суна кхин а шиъ еза».

ТӀаккха суна хезира: «Мила ву жӀара тӀехь велларг, хьо я Со?»

Со инзарваьллера.

Суна кхин дӀа хезна долу дешнаш хӀорш дара: «Хьан къинош а, цамгарш а, гӀорасизалла а, къоьлла а, емалдар а Сайна тӀе а эцна, Со вара жӀара тӀехь дӀаоьллина, Аса хьо Сайл а лекха вина дӀахӀоттийна дела». (Дезачу Йозанашкара Иза тӀетевжаш йолу меттиг, Кипин хьалхара дахьийтаран 2:24 яра.)

Суна кхетар деара, суна хезнарг билггал Везачу Элан аз хиларх. Цо сан сий динера (со лакха а воккхуш) Шен чул а, иза кхечу тайпана хилча, Цо Шена тӀе оьцур дацара со бехке вар, сан меттана лийр а вацара. Суна хаьара Дезачу Йозанийн кхоалгӀа меттиг схьакхача гергахь юйла, юха хаттар а ца деш, сайн даг чохь суна хезира: «ХӀара ду кхоалгӀа тоьшалла: «Вежаршка санна хуьлучу безамца вовшийн дезалаш, вовшийн алсам ларалаш» (Рим. 12:10). Цул тӀаьхьа Цо сан даг чу элира: «…дуккха а болчу динан вежаршна юкъахь Иза дуьххьарлера доьзалхо хилийтархьама (хь. Рим. 8:29), тӀаккха Ас ларамца Сайн вежарий а, йижарий а Сайл лакхара дӀахӀиттабо».

Билггал аьлча, иза дуккха а болчу вежаршна а, йижаршна а догӀуш ду, веккъа суна хилла а ца Ӏаш. Вайн КӀелхьардохург Волчо билггал вайх хӀорра а Шел лакхара дӀахӀоттаво. Иза ду билггал болу Делан безам хилар.

Аша ала там бу: «Амма, Джон, иза-х Дала леррина къобалвина Ӏийса ма ву». Тхан цкъа а цу тайпана безам хуьлийла дац. Тамашийна хӀума ду иза, амма иза билггал хуьлийла ду. Дезачу Сино Делан безам вайн дегнаш чу биллина (хь. Рим. 5:5). И чӀагӀдар вайна ПахӀалан дешнашкахь карадо. ЛадогӀийша цуьнан хӀокху дешнашка:

> Дала леррина Къобалвинчуьнца а волуш, билггал бакъдерг боху аса. Со харц ца лоь. Делан Синан карахь долчу сан даго а тоьшалла до суна: Исраилан халкъах йоккха гӀайгӀа а, лазам а бу сан даг чохь. Дала леррина Къобалвинчух со дӀакъастийна хила луур дара суна сайн вежарийн дуьхьа, сан къомах болчу исраилхойн дуьхьа.
>
> – Римхошка дахьийтар 9:1-3 (вайн заманан гочдар)

Со вегаво ПахӀалан иштачу дешнех. Билггал, и дешнаш моттаргӀа еш аьлла дацара, иза кийча вара Дала леррина Къобалвинчух а, шен кӀелхьарвалархь а, Делаца хин йолчу абаденах а дӀакъаста, шен махкахой

болу божарий, зударий кIелхьарбаьхна хилар гархьама. Муха лелалур вара, вай санна волу стаг, цу тайпана болчу безамца а, кхечун сийдарца а? Вайна хетарехь хуьлийла а дац иза иштта. Амма хуьлийла ду ПахIална Дала луш болчу безаман гIоьнца. Шен даг чохь цу тайпана болу безам, сий дар кхоллабалийта хиънера цунна. И безам гучубелира шен халкъах лаьцна цо дечу доIанаш тIехь. Дала цкъа а магор дацара ПахIалан йозанашкахула и дешнаш довлар, уьш билггал бакъ долуш дацахьара. Ахь Деза Йозанаш яздечу хенахь – хьан харцлоьйла дац.

ХIинца кхетий шу, керла дахар кхолладеллачу вайна массарна а чохь Делера болу ницкъ хиларх? ПахIала Римхошка долчу дахьийтарехь (5:5) хаддош чIагIдо: «Оцу сатийсаро дог доьхна ца хуьлуьйту вай, хIунда аьлча Ша вайна деллачу Шен Синца вайн дегнаш чу Дала Шен безам Iанийна». Цундела боху Iийсас вайга: «ХIинца керла гIуллакх тIедуьллу Ас шуна: вовшийн дезаш хила. Суна шу ма-деззара, иштта шуна а дезийла вовшийн» (Яхьъя 13:14). Иза керла весет дара, хIунда аьлча Ширачу Весет тIехь адамийн иштта болу безам хуьлийла дацара. Делан безам хIинца а Iанийна бацара церан дегнаш чу. Тидам белаш кху дешнийн «Суна шу ма-деззара», Цо Ша вайн дуьхьа кхоччуш дIавелла, Иза Дех дIакъастийна вара, Цо кхойкхура: «Ва, Сан Дела! Со хIунда вити Ахьа?» (Мат. 27:46). Iийсас кийча хиларца тIеийцира къен хилар, Делах дIакъаставар, вайн цкьа а чекхдер доцу дахар хилийтархьама. Цо лаккхара долу сий дира вайн. ПахIална а дан делира шен халкъан сий. Ва, тхан Да, гIо дехьа тхуна иштта болчу безамца лела! Ахьа ницкъ белла тхуна, хIинца Дезачу Синан гIоьнца и дегнаш чохь безам кхио.

Иза ду, сан вежарий, йижарий, сан билггал долу сий дар: тешар долу сайн вежарий а, Iийса тIеэца лаам берш а сайл лакхара ларар. Цаьрга, уьш мехала а, лараме а, хьомсара а хетарца вай хьажаро, Делан Олаллехь массо а агIор гIуллакх дарна тIедерзор ду вай:

вай дечуьнца а, доIанашца а, ахчанца а. Македанхой санна, гIуллакх дарна тIедерзор ду цо вай. Уьш Дала леррина Къобалвинчух тера бара, церан болчу безамехула коринтхошна гIо дан лаам кхоллабелира церан.

> Ткъа хIинца, динан вежарий, оха дIахоуьйту шуьга Македон-махкарчу динан тобанашна Дала деллачу диканах лаьцна. Шаьш баккхий баланаш хьоьгуш боллушехь, цу тобанийн доккха хазахетар а, йоккха къоьлла а хьалдолчу комаьршалле делира. Со теш ву царах доггах, шайн дала йиш йолччул а, сов

а деллачунна. Шайн лаамца цара чӀогӀа дийхира тхоьга, шайна там хилийтархьама, Ярушалаймехь болчу Делан нахана дан леринчу дикачу гӀуллакхехь шайга а дакъалацийтахьара бохуш. Тхуна хила ма-лаъара хилла а ца Ӏаш, уьш хьалха Везачу Элана тӀе а боьрзура, тӀаккха Делан лаамца шаьш тхуна къобал а бора. Цундела оха Тите чӀогӀа дийхира, ша долийна долу и дика гӀуллакх доладаре терра, чекхдаккха шуна гӀо де аьлла. Ткъа шун кхиамаш алсамбуьйлу тешарехь а, дашехь а, кхетамехь а, даггара хиларехь а, шайн тхоьга болчу безамехь а. Массо а оцу гӀуллакхашца шу тӀехдуьйлуш хиларе терра, шаьш дечу оцу дикачу гӀуллакхна тӀехь а тӀехдовлуш хуьлийла шу. Иза шуна тӀедуьллуш ца боху аса, амма, кхиболчеран даггара хилар а гойтуш, шун безам билггал доггах буйла зуьйш ву со. ХӀунда аьлча вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан дика девза шуна. Ша хьал долуш воллушехь, шун дуьхьа къий а велла, Шен къоьлла бахьана долуш шу хьал долуш хилийтархьама, дина Цо иза. Цу тӀехь шуна пайденна долу цхьа хьехар до аса, хӀунда аьлча стохка и дика гӀуллакх долийна а ца Ӏаш, и доло лаам а хилла шун. Шаьш дан долийна гӀуллакх хӀинццехь кхочушде. Цу тайпана шун хӀетахьлерчу доггах хиллачу лаамах тарлур ду шайн долчу хьолах цу гӀуллакхна аша дакъа дӀадалар. Нагахь цхьаъ шен долахь долу хӀума дӀадала доггах лаам болуш велахь, Дала иза, цуьнан дала йолчу тароне хьаьжжина, тӀеоьцур ду, дала таро йоцург а ца хьехош. Шуна хало еш, ткъа кхечеран аьтто хилийта деш дац иза, амма массарна а цхьабосса хир ду. Ткъа тӀаьхьо церан совдаьлларг шун эшам болчун метта хир ду. Цу тайпана шуна массарна а иза цхьабосса хир ду. Делан Йозанаш тӀехь яздина ма-хиллара: «Дуккха гулдиначун совнаха а ца хуьлура, ткъа кӀезиг гулдиначунна тӀеоьшуш ца хуьлура.

– Коринтхошка долу шолгӀа дахьийтар (8:1-14)

Коринтехь бехачу тешар долчийн, церан дегнаш чу Ӏанийна болчу Делан безамца баха лаам кхоллабалийтархьама, масаллина эшамехь болчаьрга ларамах буьзна болу македонхой балабо ПахӀала. Вайн дегнаш чохь Делан безам бу. Вай Дезачу Синца цхьаьна дан деза вешан гӀуллакхаш, и безам хилар кхиорхьама. Ма ала шаьш шайга: «Со цу тайпана стаг вац, суна иза далур дац». Шун дахар кхачаме долуш хиларна новкъарло хир ю цунах, шун даккхийдер хиларх а дохуш, иштта,

кху дахарехь шуна хин долу доккха совгIат аша схьаэцарна дуьхьало йина а ца Iаш, тIедан дезачу дахарехь а дуьхьало хир ю цунах. Юха ма довлалаш, шаьш санна болчу шайн вежарийн сий делаш. Абаденгахь шун даккхийдер хир ду, шу иштта дахарна.

## КОРТА 13

# ВАЙХ ТЕШНА БИТИНАРШ ЛАРАР

Шу тIеоьцуш волчо Со а тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу. Пайхамар пайхамаран дуьхьа тIеоьцучунна, пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю. Царах лахара волчунна гIо диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а.

– Инжилан Маттайс дIаяздина дакъа 10:40-42
(перефразировать дина авторо)

ХIокху коьртан чулацамехь вай дуьйцур ду, тхан куьйга кIел болх беш болчу нахах лаьцна. Цу тайпана болчу нахах лаьцна Iийсас иштта дешнаш олу: «Аса билггал боху шуьга, Сан муьрдан дуьхьа, кIезиг хетачех цьаьнга ларам шу хиллехь, цо деккъа кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а, шена йогIу ял кхочур ю цунна».

### Лахара берш

Делан Йозанаш тIехь «кIезиг хетарш» кегийчу берашца я тхан куьйга кIел болчаьрца бусту. ХIоккхул тIаьхьа хин болчу коьртехь вай леррина дуьйцур ду бераш ларарх лаьцна. «КIезиг хетачех» дукхаха болчаьрца нийсонца а ца лела, ур-атталла гIело а йо царна, церан

куьйгаллехь болчара. Цу агIоно Дела оьгIазвохуьйту, хIунда аьлча Iийсас билгалдаккхарца дIахьедо цунах лаьцна:

> Амма Сох тешаш болчу царах лахара волчуьнга къа латадойтуш волчу хIора стагана, хьеран тIулг коча а тасийтина, ша хи чу а кхоссийтина, хIорда буха вахар гIоле ду. Ма декъаза ду-кх дуьне, къа латоран бахьанаш шена чохь хиларна. Къа латоран бахьанаш хила дезара, амма декъаза бу къа лато бахьанаш дохуш болу нах… Варелаш, цхьана а оцу лахара болчарна вас ма елаш. Аса тоьшалла до шуна, церан маликашна стигалахь волчу Сан Дена юьхь го аьлла.
>
> – Инжилан Маттайс дIаяздина дакъа 18:6, 7, 10

Ма меттавар доуьйту дIахьедар ду иза! Iийсас «бала» бохучу хенахь, ма-дарра болу «бала» хирг хиларх тешар гIолехь ду. ХIунда ву теша Иза иштта къовламе?

Дала олалла дар делла вайна. Иза Ша безам бу, Цуьнан олалла безам хиларна а, Iалашдарна а делла ду. Амма цуьнан метта оцу олалла долчо шен лаамехь дерг дар, зуламе дерг дар, ша лакхара хетар гойтуш хилахь, иза билггал Дела емалвар хуьлу. Аша ойла ян мега: «ХIаъ, ткъа иза Дела емал вар ма дац, иза Цуьнан халкъ емалдар ду», – аьлла. Иза иштта дац! ХIунда аьлча Iийсас боху: «Аса баккъалла а боху шуьга: гIо оьшучохь хIокху Сан вежаршна, царах уггар ледара волчунна а, аша мел динарг Сан дуьхьа дина ду шуна» (Мат. 25:40, курсив авторан). Вайх а тешна, вайна деллачу адамашка, Iийсага санна болу ларам хила беза вайн. Дагахь латтаделаш иза, нагахь и гIуллакх шун берашца, майрачуьнца, зудчуьнца, шун белхалошца я студенташца иштта кхидIа а долчу адамашца доьзна делахь.

Олалла карахь долчара жоьпаллица хьехамаш бан а беза, низам лело Iамо а беза шайн кара беллачарна. Цхьаболчу лидерша гIалаташ довлийтар магадо оцу «кIезиг хетачарна». Цара уьш нис а ца бо оьшучу хенахь. Ша шен лаамехь лела дитина долу бер, тешна, нийса боцучу некъа тIе дала тарло, нагахь иза нис ца дахь. Дала хIоттийна низам лелор мехала хилар гойту ПахIала Коринтхошка долчу дахьийтарехь: «Нагахь аса, шун гIуллакх дохорна а доцуш, ткъа иза тодархьама, Везачу Эло тхайна деллачу олаллех долу дозаллаш кхин а совдаьхна хилча а, тIаккха а юьхьIаьржачу хIуттур вацара со» (2Кор. I0:8, вайн заманан гочдар). ПахIала коринтхошка дахьийтинчу кехат тIехь дерг дешча, вай атта кхета ПахIала тIевирззина уьш

Іаморна тІехь болх бина хиларх. Цо ларам бора оцу «кІезиг хетачийн», уьш нис а беш, Іама а беш. Цо кхеттош билгалдаккхарца чІагІдо, олалла дар – иза кхолларалле хилар, Далла лерина гІуллакх дар, уллорачийн дола дар ду бохург. Шаьш шайга, динан тобанан Іуналхочуьнга санна, хаттар дейша: «Дуй те иза сан Іалашонехь», аьлла. Нагахь оцу «кІезиг бу аьлла хетачийн» ларам беш, царна гІуллакх деш, уьш ларбеш шу делахь, шун Іалашо нийса ю, аша нисбийр а бу уьш, оьшучу хенахь.

## Динан тобанан хьалха латтар

Дуккха а долчу шерашкахь эзарнийн динан тобанашка оьхуш, динан тобанийн тайп-тайпана Іуналхой бевзира суна. Къаьсттина кхолларалла долу Іуналхой бовзарх воккхавер со. Цара шатайпана болх бо Делан цІа дІахІоттош. Церан белхан кеп йовзар хуьлу дуьнен чуьра тешар доцучу адамашна. Оцу Іуналхоша тешар доцучу адамашна бІегІийла йолу агІо лоьху шаьш бечу хьехамашкахь, хьалхалерачу заманахь хилла долу, царна хийра хетарг юха а доккхуш. Цара хьалха хилла долу духар лелор, ткъа шо хьалха лекхна йолу хастам баран эшарш лакхар, бевзаш боцу шира мотт лелор дІадоккху динан тобанашкахь. Цара мультимедиаш юкъайоху, динан тобанехь доллучух лаьцна хьалха хилла йолу дІахьедаран кеп дІайоккху, иштта кхиндерг а до. Иза Делера долчу хьекъалаллица деш хиларх тешна ву со.

Вай дуьйцуш долчух жимма юха а ваьлла, хІара дуьйцур ду аса. Хаалаш, Далла кІеда-мерза хуьлу кеп еза, иштта кІеда-мерза долчу дахьийтаршна дуьхьал а ву Иза. ПахІала кхеттош чІагІдо: «Ткъа хІинца нахана хьалха диканиг хилар лоьху-те ас я Далла хьалха диканиг хилар лоьху? Адамашна хьалха диканиг хилар лоьхий-те ас? Нагахь аса адамашна хьалха со дика хетар хІинца а лехахьара, Дала леррина Къобалвинчун гІуллакх деш верг хир вацара со» (Гал. 1:10). Цкъа а ма делаш Делан Дашна дуьхьал дерг, дуккха а долу адам Далла тІедалорхьама. Цу тайпана шу лелахь, аша моттаргІанех лаьтта динан тоба кхуллур ю, Кхел ечу къематан дийнахь Іийсас шайга аьлла иштта дешнаш хазарна кхерам болу: «Суна шу цкъа а девзина а дацара, дІадовла Суна уллора» (хь. Мат. 7:20-23). Церан цІий вайн куьйгаш тІехь хир ду. ПахІала дин долчу нехан тобане бохура: «Цундела ас тахана дІахоуьйту шуьга, со жоьпехь хир вац, шух цхьаъ кІелхьар ца валахь, хІунда аьлча, шеко а йоцуш, хІумма а лечкъа а ца деш, ас шуна Делан

лаам кхайкхийна» (Век. 20:26, 27). Вайн йиш яц Дезачу Йозанаш тIера деккъа дикачу агIор долу дакъош а дийцина дита, вай иштта адам харцдолчух лардан а деза, нисдан а деза (Кол. 1:28).

Іийсас кхеттош боху вайга, Дезачу Сино «Ша веача, Цо гучудоккхур ду дуьненна цуьнан къинойх а, бакъонцалеларх а, кхелах а лаьцна йолчу агIор дуьне тиладалар» (Яхьъя 16:8). Шайн кIеда-мерза чулацам болу дахьийтарш дарца къилахь лелар гучу ца доккху тобанаш, хIумма а къаста ца ло, Довзийтар цIе йолчу тептар тIехь йийцинчу Лаодикера динан тобанах. И тоба Іийсас Шен хьалхара дIаэккхаяллал долчу хьолехь яра, Цуьнан Деза Са шайна чохь хиларехула, шаьш Цуьнгахула Дала ма-бохху цIандар цара тIе ца эцарна. ЖамIехь Цо цу динан тобане дIахьедира: «Со, неIарах пIелг а бетташ, лаьтташ ву», аьлла (Дов. 3:20). Цо гойту кIеда-мерза дина дIахьедарш чIогIа кхераме хилар.

Ишттачу кIеда-мерза дечу дIахьедарех лаьцна ПахIала иштта олу:

> Массарах а паргIат воллушехь, массарна а хьалха лолла вахана со, царах дукхахберш тIеберзорхьама. Жуьгтий болчохь со жуьгти санна вехира, уьш Дала леррина Къобалвинчунна тIеберзорхьама. Товрат-хьехамийн бакъонаш ларъеш болчаьрца а бакъонаш ларйийриг санна вехира со, уьш а Цунна тIеберзорхьама, цу бакъонийн лаамехь со воццушехь. Товрат-хьехамийн бакъонаш лар ца еш болчаьрца – и бакъонаш лар ца еш верг санна хуьлура со, уьш а Цунна тIеберзорхьама. ХIетте а, Делан бакъонаш лар ца еш-м ца лелара со, Дала леррина Къобалвинчун бакъонашна со муьтIахь волу дела. тешарехь чIагIбелла боцучаьрца чIагIвелла воцург санна хуьлура со, уьш тешарехь чIагIбархьама. Массарна а хьалха массо а санна хуьлура со, сайн мел долчу хьуьнарщца, царах цхьаберш баьхна а, кIелхьарбахархьама.

– Коринтхошка хьалхара дахьийтар 9:19-22
(вайн заманан гочдар)

Ойла ейша цу дешнийн: «Со церан дуьнен чу веара, массо а хIумане царна хетачу агIор хьажа гIортархьама». Масех хан хьалха, масех бIеннашкахь болчу динан тобанийн куьйгалхошна хьалха айса динан хьехамаш беш, аса цаьрга дийхира, шайн динан тобанехь кхинболчу нахаца цхьаьна, шаьш цу тобанера доцуш санна, шайн хьехамашка ладогIийша, иза шайна муха хетар дара а хьожуш, аьлла. ТIаккха ас элира:

«Нагахь шун дегнаш цIена а, дIаделладелла а делахь, аша дуккха а дерг хуьйцур ду шайн гIуллакхдарехь».

Дала леррина Къобалвинчун Тобанехь долчу вай хьалхе яккха еза дIасаяржош йолу информаци а, керла технолги а юкъаялорехь. Дуьненахь берш вайн долчу кхолларалло а, вай лелош йолчу инновациша а иракарахIитто беза. ХIунда хила деза кху дуьненара тешар доцучара шайн гIуллакх деш тоьлла дерг схьаэцар, ткъа Делан Олалла шолгIачу метте хIоттор? ХIан-хIа, Даниал-пайхамар, жуьгтийн къонахой хьекъалалла хиларехь совбевлла хиларе терра, вай а хила деза кху дуьненара болчел хьекъал сов долуш, вай а леха деза инновационни йолчу агIор хьалхе яккхар.

Делан Дош дIакхайкхор а, Iамор а Дезачу Синан ницкъаца деш хуьлийла вай, кIеда-мерза хилар а доцуш, амма тешар доцучара иза тIеоьцучу кепехь а хуьлуш. Вай бечу кхайкхамаша кIелхарбовлар доцучу нахана уьш Iорабахар дан деза. Вай кхайкхамаш бан беза Дала леррина къобалвинчу Iийсана кхоччуш муьтIахь хиларе, ткъа иза ду, шен къиношна а, Iесаваларна а, дуьненан хIуманаш дезарна а дохко а ваьлла, кхачаме боллуш шен дахар Дала леррина къобалвинчу Iийсан кара дIа а делла, Цунна тIаьхьахIотта веза бохург. Иза даккхийдерца а, керлачу инновацишца а дан йиш ю вайн. Дала леррина Къобалвинчун тобанах хилар дац, энтузиазм а, кхолларалла а хила ца деза бохург. ХIан-хIа, цул сов, Дала леррина Къобалвинчуьнца хилча вайна цу тайпана йолу агIонаш тIех дукха карайо. Нагахь вай «кIезиг хетарш» ларахь, кхин а кхоллараллица йолу, керла дика ойланаш яийтарна тIехь хан йоккхур ю вай. Иза Далла тамехь дерг ду.

## Къобалдар я охьатаIор

ЛадогIийша, Кипас хIун боху динан тобанийн баьччанашка:

> ХIинца шун коьртехь болчу тхьамданашка (динан тобанан Iуналхошка а, синан лакхалле баьччанашка а) ала лаьа суна. Со а ву тхьамда а, Дала леррина Къобалвинчо баланаш ловш теш а хилла. Гучудаьн долу Цуьнан сий-ларам Цуьнца доькъур ду ас. Шайга белла Делан бажа бажабе (лар а бе, хьажа а бе). Шаьш декхарийлахь долу дела а доцуш, даггара иза Iалашбе, Далла иза ма-лаъара. Шайна цунах цхьа пайда хир бара аьлла а доцуш,

даггара къахьега. Шайн куьйга кIелахь болчу нахана масал хилий лела, шайн олалла бахьана долуш царна ницкъ ма бе.

– Кипин хьалхара дахьийтар 5:1-3 (шордина гочдар)

Ткъе хьалхарчу бIешарахь йолчу динан тобанашкахь вайн ган йиш ю Iуналхойн болх тайп-тайпана дIабахар: дIахIоьттинчу ламастаца дIаэхар, прогрессивни болу болам, законехь ма-дарра латтар, декъашхойх команда дIахIотторца куьйгалла дар, диктаторалла хилар, бакъонаш дIаяларца, дечу гIуллакхна тIехьажар. И список кхидIа а яха йиш ю. Делахь а, царах массарах лаьцна аьлча, уьш шина декъе декъа йиш ю: цхьаберш – иракарахитттораш, вуьйш – таIош берш. Церан башхалла тобанан Iуналлехь волчун даго билгалйоккху.

Цхьаболу Iуналхой тIехула хьаьжча, чIогIа пайден дерг деш бу аьлла хета тарло, амма цара шайл тIаьхьа дегнийн эшам хилларш, чевнаш хилларш, ур-атталла дийна хилар доцурш бита мега. Вукху агIор хьаьжча, кхечу тобанийн Iуналхоша оцу вай бийцинчарал кIезиг а доцуш кхиамаш боху, амма шайна тIаьхьа хIиттанчеран дегнаш иракарахIиттар а хуьлуьйту цара. Цуьнан коьрта бахьана хуьлу Iуналхочун даг чохь сий дар хиларца я ца хиларца доьзна.

Шайна хетарг кхочушдарна шайн ойла тIеерзийначу божарша а, зударша а Далла лерина гIуллакх дар шиннах цхьана кепара кхолладолуьйту.

Шен даг чохь кхечун сий дар доцучу тобанан Iуналхочо «кIезиг бу аьлла хетарш» къа латоре марзболуьйту. Иза, шена хеттарг дархьама, шен йолчу велосипеде санна хьожу адамашка. Билггал бакъволчу, адамаш иракарахIиттош волчу Iуналхочун хьажар, и велосипед, адамашна гIуллакх дархьама йолуш санна хуьлу. Иштачу Iуналхочо сий до шен куьйга кIел болчеран. Тамашийна ду, деган Iалашонехь долчо, эххар а мел йоккха башхалла дерг кхуллу адамийн дегнаш чохь, бохург. Iийсас боху: «Амма Делера долу хьекъал бакъдо цунах даьллачу гIуллакхаша» (Мат. 11:19, вайн заманан гочдар). Цхьацца йолчу динан тобанашкахь эмоциональни гIелбелла нах гина суна (воккхаверца иза дукха ца нисло эр ду аса), ткъа кхечу тобанашкахь аса тоьшаллаш дора могуш болчу нахана а, доьзалшна а. И дерриг доьзна ду, сий дарца хьоьжу цаьрга я сий дар доцуш хьожу бохучуьнца.

Шен тобанехь болчийн сий дар долчу Iуналхочо кхиаме хиларна иракарахIиттор ду адамаш. Иштачу Iуналхочун чIогIа воккхавер догIу

– шен тобанера адамаш, Везачу Элаца уллора уьйр а йолуш, шаьш дечу гIуллакх тIехь кхиаме а долуш, лелар гарх. Iийсах тешар долчийн дахарехь и ши коьрта агIо цхьаьнакхетарх, билггал бакъдолчуьнца лелар олу. Хьовсур вай Яхьъя-векало вайн куьйга кIел болчу нахах аьлла дешнашка: «Суна чIогIа хазахийтира, цхьаболчу динан вежарша, кхуза а баьхкина, тоьшалла дича, хьо билггал бакъдолчунна тешаме а ву, цуьнца хьо кхидIа а лелаш ву, аьлла. Суна массо а хIуманал хазахеташ дерг ду, сан динан бераш гуттара а билггал бакъболчу некъахула лелар» (3 Яхьъяс 1:3, 4).

Билггал бакъдолчуьнца лелар бохург – Кхоллархо вовзар, Цунна Iамал яр бохург ду. Iийсас боху, кхел ен йолчу дийнахь Сан дуьхьа шаьш даккхий гIуллакхаш дина боху адамаш хир ду, амма Цо эр ду цаьрга: «ДIадовла Суна уллора, Суна шу цкъа а девзина а дац». Цара уггар коьрта долу цхьа хIума диццдинера – Дела шаьш-шайна вовзар. Делера болчу Iуналхоша хаттаре дуьллур дац шайн Цуьнца хила езачу уьйрах лаьцна дерг.

Иштта кхиберш а хир бу, Веза Эла вевзина болу, амма Иза реза хир вац царна. Церан похIманаш дара, Делан цIа дIахIоттош шайна тIедиллинарг цаьрга дайтархьама делла долу, амма цара шайна тIедиллинарг кхочуш ца динера. Шайна делла похIманаш эрна дитинчаьрга Везачу Олахочо эр ду: «Мекара а, мало йина а лай!»

Делах тешар долчу хIораннан а ду Делан цIа кхолларна долу похIма. Эпасхошка дахьийтаро (2:10) кхеттош чIагIдо: «Вай Дала кхоьллина тайпа ду. Ша леррина къобалвинчу Iийсаца вай доьзна хиларна, Дала вай кхоьллина, хьалхxе дуьйна Ша вайна кечдина долу дика гIуллакхаш вайга кхочушдайтархьама». Деккъа цхьа меттиг дIалоцуш дерш хилла а ца Iаш, амма цхьа гIуллакх кхочушдархьама кхоьллинарш ду вай. Лазаме хуьлу оцу хьехаман баланс хиларх адамаш девлча. Суна хезна динан хьехамаш бечара дIахьедеш: «Мехала дерг, вай хIун деш ду бохург дац, мехала ду вай муьлаш ду бохург, вай адамийн роботаш яц, вай адамаша кхоьллинарш ду», бохуш. Иза дика дешнийн ловзар ду, амма Iийсах тешар долчийн дахаран нийса долу билгалдаккхар дац. ХIаъ, вайх тешар дерш хилча, гехь деза дукъ дIакхехьар дIадолу вайн. Амма Дезачу Йозанаша вайна гойту, вай кIелхьардовлар тIе ма эцнехь, вай Iийсаца цхьаьна долу дукъ тIеэцар. Вай синца долу стоьмаш дохьу, вайн билггал долчу тешарх тоьшалла а деш (хь. Якъ. 2).

Цу тайпана болчу хьехамо таIдар до вай муьлаш ду бохучунна тIе, вай хIун дан деза бохург юха а узуш. Шаьш кIиранах цкъа динан гуламе

даьхкичхьана тоьар ду бохург кхолладолуьйту цара адамийн дегнаш чохь, Делан цІа чохь орам а тосуш, жигара гІуллакх дан болу лаам а ца хуьлуьйту. Цу тайпана хьехамаш беш Іамийначу тешар долчеран тамехь доцу синтемах бовлар тІехІуттур ду кхел ен йолчу дийнахь. Вай Дала леррина къобалвинчу Іийсаца юхакхолладалар хилла ду, вайна дан билгалдаьхна долу гІуллакхаш вайга кхочушдайтархьама. И гІуллакхаш вайн нанойн кийрахь вай кхолла а далале билгалдаьхна дара вайна. Вай жоп дала дезар ду ваьшна тІедиллиначунна тІера (хь. Заб. 138:16).

Шен куьйга кІел болчийн сий дар долчу Іуналхочун Іалашо ю – и «кІезиг хетарш» билггал бакъдолчуьнца лелаш хилар а, уьш дІагІерташ хилар а гар. Бакъболчу дайн а, нанойн лаам бу, шайн бераша, шайн хиллачул а, кхиамаш совбахар. Іийсас гайтира, Ша динчул сов гІуллакхаш вай дан лаам Шен хилар. Вайн даг чохь а хила беза цу тайпана болу лаам, вайна тІаьхьахІиттина болчаьрца доьзна. Іуналхойн даг чохь а хила беза лаам, шайн олаллехь долчу адамийн дахарехь, уьш билггал бакъдолчуьнца лелаш хилар ган, цунах лаьцна шен дахьийтар тІехь яздинчу Яхьъя-векале терра. И ду вайна уггар а доккха хазахетар дан дезарг.

## Ойла ейша цунах лаций

Бакъболчу динан тобанийн Іуналхоша гуттара а шайн хилла кхиамаш, шайна гІуллакх деш болчарна тІеберзабо. (Билггал аьлча, берриг кхиамаш, сий дар, хастаме хилар, сийлалла Далла догІуш ду, амма вайна дагахь хила деза, Дала адамашна тІедуьллуш хилар и гІуллакхаш кхочушдар.) Іуналхочо шеца гІуллакх дар дІакхоьхьуш болчеран, уьш хьастарца, сий дан деза. И хьастар, тІехула а доцуш, даггара хила деза. Іуналхо хиларе терра, тхан гІуллакх кхочушдан гІо деш болчех лаьцна лакхара ойла йо аса, Дала оха деш долу гІуллакх кхочушдарна тхайна деллачу совгІате санна хьожу со цаьрга. Царах лаьцна вон ойла ярх ларво аса суо. Цу тайпана церан сий дар лардо аса сайн даг чохь. ПахІала боху вайга:

> Ткъа хІинца, динан вежарий, дика мел дерг а, хастаме дерг а дагахь латтаде. Билггал бакъдолчух, дозалла дан хьакъ долчух ойланаш е (царна тІе тидам а берзош).
>
> – Пилапхошка дахьийтар 4:8 (шордина гочдар)

Суна дагадогӀу айса Лиза ялорах, цхьана хенахь, со дохковаьлла хилар. Бакъдерг аьлча со чӀогӀа реза вацара цунна. Сан цу тӀехь нийса ца лелар беттанашка долура. Со вочу агӀор хийцалора. Цкъа тхан къовсам баьлча, со ара а ваьлла, аренга вахара. Цунна уллохь хила ца лаьара суна. Цуьнан соьца йолчу юкъаметтигах лаьцна ойла йора аса Везачу Элана хьалха, айса некъ мел бо. Аренна тӀе дӀакхаьчча, сайн даг чохь суна хезира: «КӀант, Суна лаьа, ахьа Лизас хӀун дика до бохучун ойла яр, тӀаккха и бахьанехь Суна баркалла а олуш».

Билггал аьлча, оцу минотехь со чӀогӀа дуьхьалонах вуьзна вара. Делахь а, цхьа хӀума дагадеара суна. Иза дика нана яра. Со дукха воьхна хиларна, суна дага а ца догӀура, оцу дикачу агӀонийн список кхин а юзур ю бохург. Иза мухха делахь а, аса оцу агӀонах лаьцна Деле баркалла ма-аьллина, сан кхетамехь цуьнан кхин а цхьа дика агӀо дагатесира суна. Аса юха а Деле баркалла элира. ТӀаккха кхин а цхьа дика агӀо дагаеара суна. Иштта дикка хан елира, эххар а со цецваьллера, мел дика ю сан зуда бохучух. Цхьа тамашийна хӀума хилира, хӀинца оцу дерригене кхоччуш кхечу агӀор хьаьжира со. Оцу хиллачо гӀо дира суна, ма эгӀаза майра ву-кх со бохучух кхетарна. Сайна хетачух кхетар а деана, оцу дерригене а кхечу тайпана хьаьжира со. Сайна тӀехӀоьттинчу оцу хьоле Делан бӀаьргашца хьаьжира со.

ЦӀа кхаьчча, сайна мехала хета цуьнан дика агӀонаш дӀайийцира аса. Аса кхин дӀа а, кхин дӀа а дуьйцура цуьнга, и дешнаш сан даг чуьра схьадуьйлура. Со цӀера араволучу хенахь, иза чӀогӀа даръелла яра. Тхан юкъаметтиг нисъяларна цхьа хан езар яра. Амма аса цуьнан сий дар бахьанехь тхошиъ цу сохьта тайра. Цу дийнахь дуьйна тхуна гира, тхошиннан юкъаметтиг тоялар а, меттахӀоттар а. Тхан юкъаметтиг цул тӀаьхьа цкъа а ца хуьлура вочу агӀор.

Цу тайпана хир ду вайн берашца а, белхалошца а, студенташца а, динан тобанерачу декъашхошца а, нагахь вай Пилапхошка долчу (4:8) аяташа бохург кхочушдича. Вай гӀайгӀа бан безачех лаьцна безаме хиларца а, сий дарца а, тамехь дерг дарца а ойла йича. Мел мехала бу уьш вайн стигаларчу Дена хьалха бохучун ойла елаш, уьш Цуьнан кӀентий а, йоӀарий а бу. Нагахь церан хӀинца а кӀелхьарбовлар ца хиллехь а, уьш а хьакъ долуш бу иза хила бохучунна тӀе ерзаелаш шайн ойла, хӀунда аьлча царна тӀера а велла Ӏийса. Иштта лаларехула, вайн вешан дегнаш а лардийр ду сий дайна хиларх. Вай декъала хир ду.

Аса юха а эр ду, тхо юхаоза ца ло, оьшучу хенахь адам нисдарх. Оха уьш нис а бо, хьеха а хьоьху царна. Тхан берашна а, белхалошна а хаьа,

аса а, Лизас а тхешан дегнаш чохь царна реза ца хилар лела ца дойла. Цара олу, тхо наггахь къовламе хуьлу шайца, амма нисдар ма диннехь, оха цаьрца забарш йо, тхо дийла а ло. Иштта хилар Ша Делера Іемина суна. Цо цу сохьтта гечдо вайна, вай нисдар вай тІе ма эцна. Цо реза вацар ца дуьту Шена чохь. Цо вай юьхьІаьржачу хІоттаран тІаьхье ца юьту вайна тІехь, кхин дІа а иза вайца йитархьама. Цул сов Цо гечдаран хІорда чу кхуссу вайн къинош. Цо вайга доьхург деккъа цхьаъ ду, вай Цуьнан хьехамашна муьтІахь хилар, кхин цу тайпана долу гІалаташ ца дахар. Вайн стиглашкарчу Ден вайх лаьцна ечу ойланехь болу безам, сий дар, сатийсар хилар лаьттахь мел йолу гІум санна дукха ю (хь. Заб. 138).

Динан тобанан Іуналхочо оцу «кІезиг хетачийн» сий даро Везачу Эло гІайгІа бечу адамийн дахарехь Дала делла похІманаш гучудоху, ткъа цу агІоно Іуналхочунна пайда бохьу, хІунда аьлча цунна адамех лаьцна дерг гар, оцу цхьаьнакхетта долчу адамийн похІманашкахула хуьлу.

Со цецволу, сан цхьаьнакхетар хуьлучу цхьаболчу Іуналхоша шайн белхалошца до къамел сайна хезча. Цара оцу нахаца кІоршаме а, тІедожорца а долчу озаца къамел до, уьш кхетам боцу адамаш долуш санна. Цул тІаьхьа оццу Іуналхоша иштта олуш хезара суна: «Сайца богІуш болу белхалой ца карабо суна. Суна тоьлла болу белхалой безара». Цунах цецволийла а дац. Цара ларам ца бо шайн белхалойн, цундела, и бахьанехь совгІат хилар ца хуьлу царна.

## Хаттаран финансови агІо

Вай ахча даларца Іуналхойн сий даре терра, вайн куьйга кІел болчу белхалойн а вай сий дар хила деза. Масех шо хьалха аса Лизин гІоьнча йолчунна гІо дора цуьнан ахчанца йолчу агІонна. Оха цуьнан хІора баттахь хила дезачу алапан гІайгІа бо агІо лоьхура. Цу хенахь тхешан белхалошна юккъерачу барамехь долу алап лора оха, Колорадо-Спрингсехь болчу куьйгалхоша хІоттийна долу. Аса цуьнан алапан кхачаме хуьлу агІо теллира, тІаккха суна хааделира и алап тоам болуш ца хилар. Ас элира: «Хьо иштточу алапах яхалур яц». Юххехь лаьтташ йолу сан зуда, кхоччуш тІетайра суна.

Ас хьем ца беш, тхайн коьртачу финансисте зІе а тоьхна, элира: «Со хІинцца Лизин гІоьнчин бюджетца дерг цхьалхадоккхуш вара. Вай цуьнан балхана тоъал мах луш бац. Вайн белхалойх цхьа а халла хене волуш ваха

везаш вац. Суна тхайн берриге а белхалошна хIора баттахь луш дерг (ас ахча билгалдаьккхира) кху бараме лакхадаккха лаьа, элира аса. Бен дац, уьш пошта дIакхехьуьйтуш бу, я телефонни звонокашна жоп луш бу бохург.

Цхьайолчу хенехь тийналла лаьттира, тIаккха тхан коьртачу финансисто: «Нагахь хьо иштта лелахь, дуккха а болчарна хьан гIуллакхдарехь болх бан луур ду», - элира.

Ас жоп делира: «Иза бен дац. Вайн белхалоша шайн дахарш дIалуш ду, вайца цхьаьна Далла лерина гIуллакх дархьама. Царна дикка алап дала деза».

Дуккха а болчу тхан белхалошна цу дийнахь алап тIетуьйхира. Иза дагахь а доцург дара царна, уьш чIогIа баркалле бара, и кхаъ хезча. Цхьа кIира хьалха царах цхьа йоI шен балхара дIаяла йоллуш яра. Иза шен доьзал болчу Индиане юхаерза йоллура, цуьнан ахчанца йолу агIо тIех хала яра. Цу дийнахь цунна шарахь луш долчу алапана тIе пхи эзар доллар тIетуьйхира. Иза балхара дIа ца елира.

ХIинца, дуккха шераш дIадевлча, иза кхидIа а тхоьца болх беш ю, цхьана отделан хьаькаман дарже а кхочуш. Иза дика кхиамаш бохьучех а, мехала йолчех а цхьа белхало ю. Суна гора, бод совсош болу гIирс санна, цуьнан хьалаялар. Со инзараллина вегаво, хIун хир дара, иза ахча бахьанехь балхара дIаяьллехьара бохучун ойла йича.

Тхуна хилла совгIат оцу йоIехула хилла а ца Iа. Тхуна гира тхан дерриг а гIуллакх а кхиаме хилар. Цу хенахь дуьйна тхан белхалоша боху кхиамаш дуккха а хьалабевлира. Тхан болх кхиаме хиларан керлачу агIонна тIе девлира тхо. Оха тхайн белхалойн сий дира, ткъа и бахьанехь тхан белхан кхиамаш совбовларан совгIат хилира тхуна.

Цунах лаьцна кхин а доцца дийцар. Аса аьлла ма-хиллара, ша-шен ларам байтар, Далла ца деза. Вешан сий дар хила болу лаам шина бахьаненна хила беза: хьалхарниг – вайн дегнаш чохь и сий дар Далла тIе дерзорхьама, шолгIаниг – вайн сий деш болчийн дуьхьа, царна совгIат хир дуйла а хууш. Далла лерина деш долу гIуллакх аса дIадолош йоккхачу динан тобанерачу Iуналхочун гIоьнчин болх беш вара со. Тхуна лаххара алап лора. И луш дерг хIора денна оьшучунна бен ца тоьара, духар, мебель эцарна ца дуьсура тхуна цунах. Тхо реза хилира оцу алапна – иза дара тхуна лур ду аьлларг. Тхуна лехаме долу лаьцна белхалой хила ца лаьара.

Цхьа шо дIаделира, тхан алап хийца ца делира, тIаккха шолгIа шо а делира. ХIинца тхан, цхьаъ хилла а ца Iаш, ши бер дара. Оха дайа дезачу ах-

чан барам совбуьйлура, амма тхан алап хьалха ма-хиллара дуьсура. Оцу шина шера чохь, сан доттагIа волу кхин Iуналхо масийтозза сан кабинет чу веанера, тхуна луш долу алап лакхадаккха долчу дехарца, тхан лакхарчу динан Iуналхочунна тIедаха Iалашо йолуш. Сан жоп иштта дара, аса оцу гIуллакххехь дакъа лоцур дац, шуьга а IадIе эр дара аса. «Иза сан гIуллакх дац, цаьрга сайн ларам бе алар».

Сан накъосто дуьхьало йира аса аьллачунна: «Джон, оцу хьолах хьалхадовлархьама, тхайн цIерачаьрга деха дезаш хуьлу оха ахча. Сан цIерачара доуьйту тхуна ахча, тхо хене довлархьама», - олуш.

Суна халахета и дерриг а иштта хилар, амма со кхин дIа а Делах тешна Iийр ву. Со и кхето гIоьртира, чек а йоцуш, Дела ву вайна рицкъа луш верг, аьлла. Суна хетарехь, иза ца кхийтира аса аьллачух.

Сан олийла дац, сан доьзал хало хьоьгуш бацара, хIунда аьлча халонаш йолуш яра, амма тхан деган синтем бара, цундела оцу шерашкахь тхуна оьшуш долччул рицкъа доцуш, цкъа а ца диснера тхо. Тхан цIахь дукха кIезиг яра мебель: агIонаш йоцу маьнган бух, охьахаа бIегIийла долу ши кресло, масех торшер, чиркхаш, кухни чохь стол, гIанташ дара. Иза яра тхан хьалхарчу этаж тIехь йолу мебель. Амма цхьана шарахь Дала инзаречу тайпана мебелах дуьзира тхан цIа, цу мебелан дукхах ерш тамехь йолчу дизайнах яра, заказ ярца эцна а яра. Дала тхайх бечу гIайгIане дегнаш дегорца хьоьжура тхо.

Ши шо далале тхан Iуналхочо хаза кхаъ кхечу меттигашкахь дIасабаржош дечу гIуллакхна дIахийцира тхо. Тхуна кхин дIа алапа луш дацара. Тхан оьшучунна аьлла дIадиллина кхо бIе доллар дара, цIенойх а, машинах а даларна эцна кредит яра, цхьаьнатоьхча иза дара цхьа эзар доллар баттахь. Цу тIе сан доIанна тIехь Везачу Эло соьга аьллера, хьайна болх каро гIо дахьара аьлла долчу дехарца кехат ма язделахь шайн Iуналхочуьнга. Далла со Шех тешна хила лаьара.

I989-чу шарахь ноябрь бутт чекхболуш, сан ши меттиг бен яцара динан гIуллакх дарна билгалъяьлла. Хьалхара меттиг цхьа жима динан тоба яра шена чохь цхьа бIе декъашхо а волуш, церан гулам къилбехьара Каролинехь долчу делла адамаш дIадерзош долчу цхьана цIа чохь дIабоьдура. Цига тхан дахар январь беттан хьалхарчу киранна билгалдаьккхина дара. Ткъа февраль бутт чекхболуш тхо даха деза шолгIа меттиг Теннессира ши бIе декъашхо волу жима динан тоба яра. Тхуна алапа далар декабрь бутт чекхболуш чекдолуш дара. Сан а, Лизин а кIорггера долу Делах тешна хилар хила дезара.

Динан тобанан Іуналхочунна гІо деш гІуллакхдеш со волчу хенахь, Делах тешна ваха со ца Іеминехьара, со цкъа а ларор вацара сайна цу хенахь тІехІиттинчу халонашца. Цо йоккха новкъарло йийр яра суна. Со Делах тешна хиларан метта, адамех тешна вехар вара. Дела а, Цо адамашка деш долу дахьийтарш а лоьхучу меттана, со, тешна, ахча доьхуш я цхьацца харц агІонаш каро гІертар вара, тхайн дахарехь тхуна оьшу рицкъа лоьхуш, ткъа цу агІоно ницкъах воккхур вара со.

Суна луш долчу кІезиг долчу алапо, даккхийн декъалаллаш хиларе валийра со. Нагахь аса оцу сайн накъосте ла а доьгІна, тхайн куьйгаллехь хиллачу Іуналхочуьнца алапа лакхадаккхарх лаьцна къамел дан а ваханехьара, сан шеко ю, суо хІинца волчу меттехь со хир вара бохучух. Тхаьш и гІуллакх дан дІадолийначу хьалхарчу шарахь тхан Везачу Элах тешар хила дезара, кІиранах цхьа эзар долларх тхо дахалур ду аьлла. ХІара книга язъечу ханна, тхайн гІуллакх кхочушдарна кІиранах бІе эзар доллар хир ду аьлла, Везачу Элах тешар хила деза тхан.

Нагахь шу цхьаммо лаьцна болх беш делахь, шаьш реза хиллачу мехах доггаха болх бе. Аша шайн куьйгалхочун ларам беш, хила ма-дезза кхоччуш дика болх бахь, Дала цунна дуьхьал догІуш доллу совгІат дийр ду шуна. И тІедар Дала хаьржинчу агІор хир ду шуна, я шу балха эцначуьнгахьара, я кхечу тайпана. Цуьнан маьІна ду, и совгІат дар билггал догІур ду бохург. Тхан динан тобанехь тхуна лахара алапа лочу хенахь, Дала доккхачу тайпана тхан сий дар гойтура тхуна. Тхан цІа мебелах юьзира, тхо дикачу машинаш тІехь лелара, тхан юучунна тІехь цкъа а эшам ца хуьлура. Тхуна догІучу алапе хьаьжча, дуккха а гІолехь долчу хьолехь дехара тхо. Дезачу Йозанаш тІера: «Бакъахьарачу стеган кІезиг дерг – дуккха а гІолехь ду, Іесачийн дуккха а долчул», боху меттиг тхан дахаран коьртехь яра. Везачу Эло ларам бора тхан.

Чакхенгахь хІун эр дара? Нагахь хьо белхало велахь, гуттара а хьайн даг чохь латтаделахь: нагахь аша Делан сий дахь, хила ма-дезза кхоччуш, шайн куьйгаллехь волчунна а, балхана а тІе а доьрзуш и болх аша бахь, шуна совгІат хир ду. Ткъа хьо балха оьцуш верг велахь, хаалахь, ахьа хьайн белхалойн ларам бича, цу белхалойн долчу похІманашкахула пайда хир бу хьуна. Адамаш балха оьцуш дерш а, динан тобанийн Іуналхой а, шуна Делера доккха совгІат хир ду, шун белхалойн чохь къайлаха долчу похІманашкахула. ГІо де царна и похІманаш гучудаха. Муьлххачу агІор хилла а сий де церан.

# КОРТА 14

# ЦIАХЬ ЛАРАМ БАР – БЕРАШ

Масех шарахь тхо дехачу меттигерачу динан тобанехь Далла лерина гIуллакх динчул а, ткъа шарал сов кхечу мехкашкахь динан хьехамаш бинчул а тIаьхьа, сан тидам хилира, сий дар хила дезаран боккха эшам динан тобанехь я балха тIехь а боцуш, нехан цIахь хилар. Билггал бакъ ду, юкъаралли меттигашкахь, адамашна юкъахь, динан тобанехь болчарна боккха пайда бер бу, нагахь дайша, наноша сий даран масалла шайн цIахь гайтахь, цуьнгахула гонаха болчарна юкъа а дIасадаьржар ду иза дар.

## Ден-ненан дешан ницкъ

Хьалха вай дийцира, мел ларамe ду шен ден-ненан сий дар бохучух лаьцна. Амма дас-нанас а шайн берийн сий дар ларамe ду. Сий дар – иза мехала хетар бохург ду. Нагахь вайна вайн бераш мехала хетахь, вайн цаьрца йолу юкъаметтиг а, цаьрца вай до къамел а церан дика мах хадош хилча, царна дахарехь лакхадовла гIо дийр ду.

Наг-наггахь суна хеза дайша, наноша шайн берашца уьш кIезиг хетачу озаца къамел дар, и бахьанехь сан дагахьбаллам хуьлу. Иза хила тарло да, шен дахарехь хIинца а йоьлла йоцучу йоIе шога вистхуьлуш волу да, я кхиволу да, буьрканах ловзуш волчу шен кIанте критика ярца вистхуьлуш волу. Я иза хила тарло, шен бераша ша юьхьаьржачу хIиттош санна хетарна, нахана юкъахь уьш кIезиг хетарца цаьрга йист хуьлу нана.

И список кхиндIа а йойла ду.

Сан зуда кхиъна йогIучу хенахь, цуьнан дахарехь проблемаш тIехIиттира, атта дIаяха тарлуш йолу. Лиза гуттара а каде йоI яра, шен сов дилха ду аьлла холчу хIотта меттиг а йоцуш. Аьхкенан лагерехь гуттара а терзан тIехь узура иза. Жимма а тIекхетар хилча, бер доккха мел хуьлу, хила ма-дезза долу хIума долуш санна тIеоьцура.

Лизас нека а дора. Цхьа шо кхаччалц йолчу ханна иза шина командехь нека деш яра, цундела шена мел еза а, муьлххачу хенахь а юург яа йиш яра цуьнан. Чов хиллачул тIаьхьа, спорт яр дита дезнера цо. Иза цу хенахь лакхарчу классашкахь доьшуш яра. Хьалха санна каде хилар лагIделлера, амма, ша хьалха спорт ечу хенахь ма-яъара, юург йоура цо.

Цхьана дийнахь иза школера цIа еара. Цуьнан дас шена тIеяр дийхира цуьнга. Цо, Лизига когашкара коьрте кхаччалц хьажа а хьаьжна, юхаерза дийхира. Цо элира: «хIара джинсаш хьуна жимо ю. Хьо мел узуш ю?

Цо ша лагерехь йолуш шен узуш хилла барам элира.

Да дуьхьал хилира: «Хуьлийла дац. Хьо уггар кIезиг 135 фунт узуш хир ю![1] яха а гIой, хуо озийта!»

Инзаре чIогIа эхьхетар а, йохар а деана, иза да-нана дIабуьйшучу чуьра ванни чохь лаьттачу терзанна тIе яхара. Ша мел узу а гина, Лиза цецъяьллера. Иза 140 фунт узуш яра.[2]

Лизас ша уозаран барам шен дега элира. Цуьнан дас таIIош дIахаийтира цуьнга, иза тIех дукха узуш хилар. Иза тамехь дац йоIана, кIентий тIахьабевр бац хьуна хьо дилхалахь хиларна, элира цо. Дас бина хьехам чекхбаьлча, ванни чу а яхана, шена тIера бедар дIа а яьккхина, шен дегIе хьаьжира Лиза. Иза дуьххьара дара, цунна шен дегI деза ца далар.

ХIетахь дуьйна ша мел узу бохург коьрта хIума хилла дIахIоьттинера цуьнан дахарехь. Цо боккха тидам тIебохуьйтура шен духаран размеран, ша мел узуш ю бохучо дIалаьцнера цуьнан ерриг ойла. Ша юуш ерг юхаоьзнера цо, цу тIе ницкъ бахийтаро дика гайтамаш лора. КIенташа тидам бан болийра цуьнан, цунна иза хазахетар. Цу тайпана, эххар а цуьнан коьртехь иштта хIоттам хилира: «Со куьцехь йолуш – ницкъ болуш а, соьга безам баха а, сан тидам бан а хьакъ долуш хуьлу со; дилхалахь хилча – со ницкъах а йолу, сан тидам барх а йолу».

1 61,2 кг – билгалдаккхар гочдархочун.
2 63,5 кг – билгалдаккхар гочдархочун.

И дустар тера хуьлу охьайоьдучу спиралах. ТӀаьхь-тӀаьхьа булимия[1] а, анорекси[2] а хиллал вочу даьллера цуьнан хьал. Лизин юучуьнца дерг безамера-цабезаме бохучунна тӀе дирзинера. Цунна юург езара, амма тояла ца лаьра. Шен дегӀ цӀандархьама, цхьацца молханаш мийла йолаелира иза. Шен къоначу иза студент йолчу хенахь цуьнан дегӀ марздала кхиъνера оцу молханашка. И бахьанехь иза больнице чу йижийра, хӀунда аьлча динна цхьана баттахь дефекаци хилар дацара цуьнан. Цуьнан ткъе ши шо кхаьчча, Дала массо а агӀор тойинера иза. Цо деш долчу нуьцкъалчу тешаллех лаьцна цуьнан «Хьо мел узу бохург яц хьо» цӀе йолчу книгин тӀехь деша йиш ю шун. Оцу хьолах кӀелхьарйолийла дарий-те Лизин, нагахь цуьнан да кхечу тайпана леллехьара? ХӀун хир дара-те, нагахь цуьнан дас иза кӀезиг хетуьйтудешнаш а ца олуш, дог эцаран а, тӀеэцаран а дешнаш аьллехьара? Кхечу тайпана хьожур ярий-те Лиза шега?

Цунна долу тешалла дара тхан цхьаьнакхетар хилча. Аса Лиза ялош, иза 116 фунт узуш яра [3]. Аса даима а ма товш ю хьо олура цуьнга. Аса саццаза хеста а йора, дог а оьцура сайн зудчун, аса иза ялийна цхьа шо даьлча. Аса иза ца сацийра иза берах йолуш, цо бераш дакхош. Аса кхидӀа а олура цуьнга иштта:

«Хьо исбаьхьа ю!» я «Нагахь цхьаммо сайга, сан ткъа шо долчу хенахь, ялийначул тӀаьхьа оццул хан яьлча а сан зуда иштта хаза лаьттар ю аьлча, аса той хӀоттор дара», я кхин а: «О, тахана вайн ловзар хиллачу дийнахь чул а хаза ю хьо». Аса баккъал а, сайна хеташ ма-дарра олу цуьнга. Со теша, цу гӀуллакхо сайна пайда бохьуш хиларх. ТӀаккха, ас даим а сайн зуда хесто кепаш лоьху. Со цуьнан майра ву, цундела со и дан хьакъ а ву. ПахӀала билгалдоккху: «Иштта, майранаш, шайн догӀмаш ма-деззара, шайн зударий а безаш хилалаш. Шен зуда езачунна, билггал ша-шен а веза. ХӀунда аьлча цкъа а цхьа а хилла вац шен дегӀ ца дезаш. Мелхо а, шен дегӀ цо кхаба а кхобу, Ӏалаш а до, Дала леррина Къобалвинчо массо а тешаш болчеран тоба санна» (Эпас. 5:28-29, курсив автoран). Тидам белаш «кхобу» бохучу дешан, «хьалакхиарна оьшург далар», боху маьӀна ду цуьнан. Ас ца соццуш сайн зуда дешнашца юзо аьттонаш лоьху. Цунах лаьцна вай тӀебогӀучу коьртехь алсамо дуьйцур ду, иза сий даран дакъа долу дела.

1 ЧӀогӀа аппетит. – Билгалдаккхар гочдархочун.
2 Уозаран барам охьабаккха гӀертарехь гуш йолу, психопатологически синдром. – Билгалдаккхар гочдархочун.
3 52,6 кг. – Билгалдаккхар гочдархочун.

Сайн зудчунна оьшург аса лочу ханна, Лиза кхидIа а Делан хьекъалаллех а, Цо лур ду аьллачу весетех а, иза цамгарех тоеш делла долчу, тешарца дIайоьдура. Дала цуьнан даг чохь болх бора. Цунна гIо дарца, аса дика хьал хIоттадора, сан зудчун, цхьа а новкъарлонаш йоцуш, Делах тешар хилийтархьама. Аса иза ялийна ткъе пхи шо даьлча а, диъ бер цо дича а, цуьнан куц-кеп тхан ловзар хиллачу хенахь санна дисина. Цо цхьа а ницкъ ца бо шена цу агIор, цундела цхьацганна мотта там бу, иза дилхалехь хуьлучех яц аьлла. Амма суна гIоле хаьа, хIунда аьлча суна дагайогIу кхерамах юьзна йолу а, шех бIабулуш йоцу а йоI, шен къоначу шерашкахь сов дилха хиларна бала хьегна йолу.

## Бераш – совгIат ду

Дайша, наноша шайн берашка шога а, вон а дешнаш аьлла а ца Iаш, цара уьш иракаракара ца хIитторна а, тIе ца эцарна а берийн дегнаш чохь шаьш кIезиг хетар кхолладолуьйту. Берашна оьшу уьш иракарахIиттор, нийсачу некъа дахар, цаьрга дика дешнаш алар. Цаьрга ала а деза, гайта а деза уьш мехала хетар, дезар. Нагахь иза дас-нанас ца дахь, цара иза кхечу меттехь лоьхур ду. КIенташа а, йоIарша а шайх тешаш хилар лоьху, амма дас-нанас, берийн хIинца а кхоллаелла ялаза йолчу амалшна, церан кхачамбацаршна тIе тидам бахийтахь, цара нийса доцу дешнаш дIадугIу церан дегнаш чу, тIаккха кхоччуш дуьхьал долу ялта дохьур долу. Уьш тIеэцарехула а, царах шаьш тешна хилар гайтарехула а шаьш аьллачу масех вочу дешнаша дохьун долчу доккхачу зенах довлийла ду шун. Тамашийна дерг ду, дена, нанна оцу хиллачу тIаьхенехь шаьш а бехке хилар ца гар. Холчу а хIуттий, цара шайн накъосташка далхадо, мел хала ду тхан бераш бохуш, цара юьйцу шайн берийн и вон агIонаш дукха атта дIаяхалур йоллушехь, церан сий дарехула.

Дас-нанас аьлла дешнаш дукха мехала хуьлу церан кIентийн а, йоIарийн а дахарехь. Эшам тIебоуьйту а, аьтто ца хуьлуьйту а, ледаралла кхоллайолуьйту а дешнаш берийн дахаре аьлча, церан вочу агIор йолу тIаьхье кегийчу халонех йолало, баккхийчу баланашца чекх а йолуш. Дукхахьолахь дай-наной шайн ницкъах бовлу церан берийн харцахьа лелар сов мел долу. Иза талхаран го баккхар санна хуьлу. Оццу хенахь дас-нанас шайн берийн гIайгIа бахь, шайн берашкахула Дала шайна деллачу совгIатах хийра бевр бу уьш. Вай доьшу:

Бераш Везачу Элан тӀаьхье ю, уьш Цо делла совгӀат ду.

– Забур 126:3

Оцу дешнаша вайна гойту, вайн берашкахула вайна совгӀат хирг хилар. ТӀаккха, дуккха а болу дай, наной там хиларх хӀунда ца бузу-те Дала лур ду аьллачух шайн а, берийн а йолчу юкъаметтигехула? Схьагарехь, дерриг а бӀостанехьа ду. Дуккхаза а хеза суна дас-нанас шайн берех лаьцна гӀам-гӀим деш: «Ва, сайн кхиъна вогӀу и кӀант, цуьнан ткъа шо кхаччалц, цхьана цӀа чохь догӀа а тоьхна, вита йиш елхьара сан», – бохуш. Я: «И бер кхиъна догӀучу муьрах тӀехвала йиш хӀунда яц те?» – олуш. Суна дагадогӀу, и санна долу чӀагӀдарш, сан виъ кӀант жима волчу хенахь суна хезна. Оцу агӀоно сагаттадора сан, аса ойла йора: «Сан кӀентех, уьш кхиъна богӀучу хенахь, кегий монстраш хир ю теша?» - бохуш.

Делахь а, сан даг чохь цхьа хӀума хилира, кхечу дай-нанойн хуьлуш доцу. Цунах лаьцна дийца пурба лолаш суна, шайна иза пайденна хилийтархьама. Сан ши кӀант дукха жима волчу хенахь, со динан тобанера кегийрхошца болх беш вара. Оцу даржехь волуш, со нехан цӀа а воьдура, динан тобанерачу Ӏуналхойн консультацишкахь дакъа а лоцура аса. Цу хенахь цхьа принцип евзира суна. Со цӀеххьана кхийтира, шайн берийн леларх лаьцна вочу агӀор дуйцучу дай-нанойн бераш кхин а вон лелачу доьрзура. Ткъа шайн берашна тӀехь Дала лур ду аьлла диканех дуьзна дешнаш аьллачу ден-ненан бераш, оцу аьллачу дешнашка терра хилла дӀахӀуьттура. ПахӀала Коринтхошка дахьийтинчу шолгӀачу кехато серлоне доккху и хуьлуш дерг: «Тхо гуш долчуьнга ца хьоьжу, амма гуш доцучуьнга хьоьжу. ХӀунда аьлча гуш дерг цхьана заманна бен дац, ткъа гуш доцург гуттара а хир ду» (4:18).

Шена чохь гуш доцу билггал бакъдерг яздина долу, цкъа а хийцадалар хуьлуш доцу Деза Йозанаш хила деза вайн массо а хӀуман коьртехь. Оха Лизица даима а Дала лур ду аьлларг кхайкхадо тхайн берашна тӀехь. Царна мотт Ӏамале, оха царах «мурдаш» олура, иза ду «Везачу Эло Ӏамийнарш а, Цуьнан лаамна муьтӀахь берш а», бохург (Еш. 54:13), шордина геодар). Царах, уьш «тхан пхерчий» ду, олура оха (хь. Заб. 126), инзаре гӀуллакхаш а, билгалонаш а ян кхоьллина болу (ингалс маттара вариант: тамашийна гӀуллакхаш, хӀоттамаш) (хь. Еш. 8:18), иштта кхидолу а Делан Йозанаш тӀера инзаре лур ду аьлларш кхайкхадора оха.

Оха хьалххехь цӀераш а билгалъяьхнера царна, цкъа хьалха церан маӀна хӀун ду а хьожуш, Дала нисдар а доьхуш. Уьш тӀаьхьа хин

болчуьнца доьзна тохкура оха царна цІераш. Хьалхарчун цІе – Эддисон Дауд ю, иза ду «Везавелларг, тешаме хила хьакъ дерг» бохург. ШолгІачун цІе ю «Остин Майкл», иза ду «Паччахьаллийн, Делан вастехь верг» бохург. КхоалгІаниг – Джошуа Александр ву, иза ду «Дала кІелхьардохур а ду, лардийр а ду дуьненара адамаш» бохург. ВоьалгІачунна Арден Кристофер тиллира оха, иза ду «Вовха а, цІе санна а, Дала леррина Къобалвинчух тера верг ву бохург». Тхаьш хІоразза а церан цІераш йохуш, тхуна хаьа оха церан дахаре хІун олу. Церан да-нана хиларе терра, тхан олалла а ду, йиш а ю церан дахаре декъалаллаш кхайкхо. ХІора кІант воккха а хуьлий, шен цІеран маьІне хьаьжжина дІахІоттар, оха церан дахарехь хила кхайкхинарг бахьанехь хилла а ца Іаш, тхо тхаьш бохучух тешарна а хуьлу. Тхайн дешнех ца теша йиш ярий-ткъа тхан? КІоргенза хир дара, хІан-хІа аьлла ойла яр. Цхьа хан яра, уьш кхоччуш шайн цІерашка хьаьжжина ца лелаш. Тхан уьш нисбан а, низаме бало а дийзира, оха цаьрца къамел а дора церан амалех лаьцна, тхаьш цаьрга бохург лар а дора оха.

(Цхьа жима билгало: вешан берийн леларна а доцуш, церан амалехь долчунна тІегІортарца, царна зе дан там бу вай.)

## Доьзалера бохам

ХІара кхин а цхьа урок ю, къоначийн Іуналхо волуш, ас схьаэцна йолу. Оьшуш йолу дисциплина ца хиларна хилла трагеди. Ас сайн юьхьша тоьшаллах лаьцна дийцале хьалха, Дезачу Йозанашкара масала дало пурба лойша суна.

Паччахьан Даудан дуккха кІентий бара тайп-тайпаначу зударех. Вай шиннах лаьцна къамел дийр ду: цуьнан вокххаха волчу кІантах Амнонах а, кхоалгІачу кІантах Абушаламах а. Амнона шен дена йина, Абушаламан йиша Тамара хьийзина. Цо ша цомгуш ву аьлла моттаргІа а йина, шен дега ша волчу, цунна юург кечъярхьама, Тамара яийтахьара, аьлла, дехна.

Иза и волчу чоьхьаяьлча, цо ялхой ара а баьхна, Тамара хьийзина. ТІаккха иза цуьнца гам а велла, цо и шен четар чуьра дІаэккхийра. Цо, йоІстаг йолчу, паччахьан йоІан сий дайинера, эхьаца цуьнан дахар доха а дина.

Цуьнан ваша Абушалам чІогІа дарвелла вара Амнонан хьарам леларна. Иза шен дена вина волчу вешица, шен йиша сийсазъярна, гамвелла вара. Иза собаре ладоьгІуш вара: шеко йоцуш паччахьан Даудан нийса

таӀзар дойла дара Амнонна. Хан дӀайоьдура, амма паччахьан агӀор цхьа а дан оьшу гӀуллакхаш деш дацара. Даудана Амнона лелийнарг хаза ца хеттехь а, цо цхьа а хӀума ца динера. Абушалам чӀогӀа оьгӀазвахана вара. Цо шен йиша Тамара шен цӀа а ялийна, гӀайгӀа бора цуьнан.

Цхьа хан яра, Тамара, йоӀстагаршна лерина, паччахьаллин тайп-тайпана басара духар лелош. ХӀинца иза юьхьӀаьржонан духарш дуьйхина яра. Цхьана хенахь шен халкъо лаккхара мах хадош хилла йолу исбаьхьа къона йоӀ, хӀинца цхьаа яьллачу дахарца ехаш яра. Хьанна луур дара иза йига, и хӀинца йоӀстаг ца хилча? Ма нийса дацара иза. Цуьнан дахар чекхдаьлла дара, цуьнца иштта зулам лелийначун дахар, кхин дӀа доьдура, цхьа а хӀума ца хилча санна. Цо шеца хиллачун мохь шена тӀехь дӀакхоьхьура.

Де дене мел долу Абушаламна шен синхьийзаме йиша гора. Паччахьан йоӀан ойла хӀинца буьйсанан иэрчо хилла дӀахӀоьттинера. Абушалама шарахь ладуьйгӀира, амма Дауда хӀумма а ца дира. Абушаламан даг чохь Амноне болчу цабезамна юххехь дена вас хиларан синхаам баха хиира.

Ши шо дӀаделира, тӀаккха Абушаламан вешига болу цабезам и веран ойланехьа бирзира, цо леррина ойла йора шен йишина тӀера бекхам муха бийр бу. И хӀунда ца до, бакъахьарчу олалло цхьа а хӀума ца дар хаьржина хилча? Абушалама Даудан берриге кӀенташна той хӀоттийнера, тӀаккха Амнон тешшийтина, и вен а вийна, иза ГӀашуре дӀаведира. Цуьнан бекхам кхочушхилла бара. Амма цуьнан даг чохь тебна Ӏаш долу ден хьокъехь долчу боданечу халахетарна, иза ведда лелачу хенахь, арадала меттиг ца карийнера. ЦӀерга даьтта дуттура ойлано: «Сан дас суна тӀаьхьа цхьа а стенна ца вохуьйту?» ЖамӀехь Абушаламан халахетар гамонехьа доьрзу.

Абушаламан ойланаш къахьалло кхин а алсам дӀаьвше ечу хенахь, иза Даудан ледарлонийн эксперт хилла дӀахӀоьттира. Кхерамечу пардоно дӀакъевлинера цуьнан дахар, иза хӀинца а цуьнан дас шен нах бахкуьйтург хиларх сатуьйсуш воллушехь. Амма Дауда и ца дора, тӀаккха цу гӀуллакхо Абушаламан гамо чӀагӀйора. Сурт хӀоттадейша цо хӀун ойла йора: «Адамаш даккхийдоь сан дех, амма уьш бӀаьрзе бу. Царна цуьнан билггал бакъйолу амал ца го. Цо ша шена там бо, дуьххьалдӀа Делах дӀалачкъийла йолуш санна, пайда а оьцуш. Иза цул хьалха хилла волчу Шаул паччахьал а оьшу! Шаул паччахьан гӀантах ваьлла, Ӏамаликахойн паччахь ца верна а, уггаре тоьллачу уьстагӀех а, стерчех а къинхетам барна а. Сан дас цунна уггаре а тешаме болчарех цхьаннан зудчуьнца ямартло йина. ТӀаккха цо

и къа къайладаьккхина, и тешаме стаг вен а вийна. Иза адам дуьйриг а, ямартхо а ву, амма тІаккха цо Амнонна таІзар стенна ца дина!»

Абушалама ГІашурехь кхо шо даьккхира. Дауд цуьнан кІант Амнон валарх дІатийнера. Иза хааделлачу Йоаба, Абушалам Ярушалайме юха схьавало везарх тешийра паччахь.

Хан дІайоьдура. Абушаламан цабезам алсамбуьйлура. Иза, цуьнан дена реза боцурш, шена гонаха гулбан волавелира. Дерриге Исраилан халкъ цунна тІекхочийла долуш дара, цо церан леткъамашка ладогІара, ша паччахь велхьара, уьш гІо ца деш буьтур бацара а бохуш. Цо, паччахьан Даудан хан йоцу, къовсамаш а, хаттарш а цхьалхадохура. Абушалама и хаттарш цхьалхадахар шен дахарехь нийсо ца хилла дела хила а мега. Цо адамашна ма-дарра гІайгІабар гойтура. Делан Йозанаша Абушалама исраилхойн дегнашкахь тешам баьккхинера боху. Амма ма-дарра долчунна тІехь гІайгІа беш хиллий те иза адамийн, я, шена ца веза да вохорхьама, кеп лоьхуш вара те?

Абушалам Исраилан халкъ шегахьа а даьккхина шен дена дуьхьалгІаьттира. Къовсам оццул боккха хиларна, паччахьан Даудан, шен дахар кІелхьардаккхархьама, дІавада дийзира. Цхьана муьрехь, Абушалама ша Исраилан керла паччахь хилар дІакхайкхочуха гуш дара, амма дерриг а цунна дуьхьалделира, Даудана тІаьхьаваьлла лелачу хенахь, иза вийча. ТаІзар цунна тІекхиира, Дауда Абушаламах ца хьакхадаларан буьйра дина доллушехь.

Абушалам шен доларчу цабезамо а, къахьалло а хІаллаквинера. Цуьнан боккха ницкъ бара, иза паччахьан гІант тІаьхьалонна дуьсун дерг вара, ткъа шен ницкъ кхиъна баьлла болччу хенахь велира. Нагахь дас Амнонна таІзар дина хиллехьара, цунах кІелхьарволийла дарий те? Билггал долуш, хІаъ! Со теша, бохамах кІелхьардовлийла хир дара, нагахь Дауда шен берийн сий динехьара, гІиллакх-оьздангаллехь уьш хьала а кхиош. Амма цхьаъ нис а цавина, Дауда дерриге шен берийн сий ца дира.

## Дисциплина сецорехула сий цадар

Къоначийн Іуналхо волуш, со хьежначуьнга юхадоьрзур вай. Шайн берийн халонаш бахьанина, со волчу консуьльтаци лела дуккха болу дайнаной, дисциплинах ца тешара. Паччахь Дауд санна, цара шайн берашна таІзар ца дора. Цу тайпана дай-наной, шайн кІентий а, йоІарий а таІзар а

ца деш «беза» безаш хиларх, теша, амма церан ишттачу тIедахкаро болх ца бо. Церан бераш ирчачу хьолехь дара, цара бунташ а еш, лерам боцуш лелара, церан терго яр массо а сферашка яьржаш яра, цу юкъа олалла дийраш а йогIура: школа а, болх а, къоначийн тоба а, иштта кхин дIа а.

Цецволуьйтуш дерг, алсам «безамечу» цу берийн реакцис, шаьш нисдеш болчу шайн дай-наношка, цабашар кхолладалийтар ду. Иза аьшнаш ден ду, тIаккха оццу хенахь бохаме а ду. Аьшнаш ден ду, дай-наноша схьабаккха лууш болу безам, байна хилла болу дела. Бохаме ду — бераша, церан доьзална беза мах хин болу, кхераме сацам тIеэцна дела.

Суна дагадогIу, ас муха къовламе нисйира къона йоI цо шен деца-ненаца дечу къамелна, уьш со волчу кабинета чохь болчу хенахь. Ас ойла йира: «Ас хIунда до иза? Цуьнан ненас я дас хIунда ца нисйо иза?» Уьш хаьржинчу курсана тешаме бара, иза, цуьнан нийса доцуш леларе ца хьоьжуш, «еза» а гIерташ, и дарца Делан Дешан ма-дарра долчуьнца хаддош цадогIуш ду, ткъа цо боху, шайн бераш дисциплинировать ца деш долчу дай-нанойн, цабезам бу цаьрга.

> Сара кхоабеш волчунна шен кIант ца веза, амма шен кIант везачо иза таIзар дарца нисво.
>
> – Кицанаш 13:24

Со, и къона адамаш хьала а кхуьуш, дахарехь тилалуш хиларе, хьоьжура. Уьш халачу хенах а, халонех а чекхбуьйлура, нагахь дай-наношкара нийса хьехам бар схьаэцнехьара, кIелхьарадовлалур болчу. Стенна? ХIунда аьлча «гIожо а, нисваро а хьекъалалла ло, амма дIатесна дитина бер ненан юьхьIаьржо ю» (Киц. 29:15). Цу дай-наноша Делан Дешан хьехаре ла стенна цадугIура те? Цара шаьш хьекъалалле лорура, цигара догIу цара цу шиннийн а сий ца дора: Делан а, шайн берийн а.

Схема даим а цхьатерра яра. Дай-наноша шайн бераш нис ца дича, иза бераш дай-наношца цабашаре хиларца чекхдолура. Вукху агIор, дай-наной шайн берашца чIогIа кIоршаме а, уьш лахдеш а хиллачу хенахь, бераш шайн дай-наношна холчу хIиттина хуьлура. Сих-сиха уьш шайн синошкахь чевнаш хилла хуьлура. Дуккха берш кхераман халонца къийсам латтош бара.

Вайн бераш бакъахьара доцуш лелачу хенахь, вайна, тоьлла кеп иза тIаьхьатетта йиш йоцу лаконични дисциплина хилар, карадо. Цул

тIаьхьа дерриг а дицло. Шайна чохь реза ца хилар а, эргIаддийлар а лело ца оьшу. Вай бехк баккхарал я таIзар дарал тIаьхьа сихха дуьйлу я маралелха. Вай царна къинтIера а довлий, цхьа а хIумма ца хиллачуха лела. Дала вайна гечдича, Цунна кхин вайн къа дага ца догIу. Дисциплина — иза, уьш шайн гIалаташна тIехь Iемарг хиларан а, шайца бехке хиларан синхаам лелориг ца хиларан а, страховка ю. Со чIоггIа а, цIена гIиллакх-оьздангалле а хьалакхиоран лардархо ву. Лиза къаьсттина сий деш ю тхан берийн, уьш хьала а кхиош, деза а дезаш, цаьрга кIеда-мерза хилар а гойтуш. Тхо цхьаьна вовшийн онддачу агIонех пайда схьаэца Iемина. Лизига хьежарца, со мелла а дукха хабар дийца а, кIеда-мерза хила а Iемина; сан масалехула Лизас шена дисциплинин мехала хилар къаьсташ дина. Дала тхаьшна еллачу онддачу агIонийн цхьаьнатохаран жамIехь, тхуна, Цуьнан декъалаллаш тхан берашца догIуш хилар, гира.

## Хьалха схьаэцна долу, совгIат

Тхан воккхаха волу кIант Эддисон школа цIечу дипломаца чекх а яьккхина, пачхьалкхан тоьллачу иттаннах цхьана экономически университете дIаэцна вара. Цуьнан дешаран дIадолор 2005-чу шеран сентябрехь хIоттийна дара.

Цу муьре кхаччалц аьхкенан каникулашкахь Эддисон тхан динан гIуллакхдарехь болх беш хуьлура. Иштта дара кху аьхке университетехь дешар дIадоладале хьалха а. Июлан юьххьехь Эддисона соьга телефон туьйхира. Цо синтем байна хиларца соьга хаьттира:

— Дада, хьоьга цхьана хIуманах лаьцна дийца мегий?

Со сихха, иза ладаме хаттар хиларх кхийтира, тIаккха со кечвелира.

— Дера мега, хIун дийца лаьара хьуна? — жоп делира ас.

— Дада, со сентябрехь университете тIедожжош ваха декхарийлахь вуй? Суна динан гIуллакхдар кхин дIа а кхоччуш дIакхехьа лаьа. Суна хьуна а, нанна а дахьийтар дIасадаржош гIо дан лаьа.

Суна дукха хан ца йийзира, жоп далархьама. Суна, иза Делаца юххера юкъаметтигаш йолуш вуйла, хаьара, тIаккха иза соьга и деха хIуттур вацара, цунах лаьцна доIа даллалц. Сан даг чохь цуьнан сацам нийса бу аьлла хетаделира, со синтем байна а, сий дина а вара. Ас жоп делира: «Иза исбаьхьа хир дара, тхуна хьо вайн гIуллакхдарехь кхоччучу хенан белхало хила, луур дара».

ХӀинца пурба лойша суна, цу хиламел тӀаьхьа хиллачух лаьцна дийца. Эддисон тхоьца болх бан волавеллачул тӀаьхьа ши бутт дӀабаьлча, персоналан менеджеро иза кхечу динан тобанашца уьйр хиларан отделан хьалхаваьлла верг хӀоттор дӀахьедира. И отдел йолу хӀинца масех шо ду, цо динан тобанашца а, Ӏуналхошца а тхан книгашца цхьаьна долу DVD дискаш а, белхан пособиш а дӀасаяржош болх бо. Ас хӀара книга язъечу караpчу хенахь, США-н ейтта эзар гергга динан тобанаша а, эзар сов Австралин динан тобанаша а пайда оьцу царех.

Эддисон цу дарже ваккхар тхан кӀентех цхьаъ хиларна дӀахьедина дацара. Ас даим а, иза сих-сиха хуьлуш ма-хиллара, тхайн берийн къаьсттина терго ца яр доьхура. Суна ур-атталла, царна алсамо а хала хуьлу аьлла хета, церан доьзална юкъахь а, белхалошна а юкъахь юкъаметтигаш леха дезаш хуьлу дела. Тхан персоналца болх беш волчу менеджеро, тхо цу метте белхало везаш хьашт долуш хиларан, леткъамаш бора. Цундела суна, цуьнан дехар сан кӀанта дика болх бийриг хиларна а, цуьнан хьалхаваьлла лела агӀо хиларна а тӀедоьгӀна дуйла, хаьара.

Цуьнан дӀахьедарна тӀетарца, со цецваьлла вара жамӀех. Кху шарана тӀаьхьадогӀучу шарахь кхечу динан тобанашца йолчу юкъаметтигийн хьалакхиар кхузза алсамдаьллера. Со миччанхьа веача а, соьга Эддисонан отделехь болх бечу берийн тобано Ӏуналхошца юкъаметтигаш дӀахӀитторах лаьцна дуьйцура. Цуьнан кхидолу адамаш иракарахӀитто похӀма ду, цуьнан энтузиазм кхечаьрга йолуш ю. Цуьнан куьйгаллин кӀелахь динан тобанийн Ӏуналхоша оьшу доӀа а, хаттаршна жоьпаш а, шайн дехаршна шен хеннахь терго яр а схьаоьцу.

Кхетадейша, сан кӀентан сий дарехула Дала суна дина а ца Ӏаш, амма дийнна организацина а совгӀат дина. Ӏийсас вайга аьлла, нагахь вай «кху лахара болчарах» цхьаннан сий дахь, вай вешан совгӀатах девр дац цхьана а бахьанийна. Сан воккхаха волчу кӀанта, суна ур-атталла сурт а хӀотталур доцчу кепара, шордина тхан динан гӀуллакхдар. Иза, цхьадолчу тамашийначу довзарийн, билггал хьоста хилла дӀахӀоьттина. Хьанна моьттур дара, ткъа шо долчу кӀантехула, иштганиг хир ду аьлла? И хилла а ца Ӏаш, кхидерг а хилла: со кхачалур воцчу дуккха а йолчу динан тобанаша, DVD а, пособийн а курсашкахула Делан Дош схьаэцар хилла. Иза чаккхенан жамӀехь абаденна кхин а алсам дахарш хиларан маьӀна ду!

Аса дог деттадалар зоь сайн кӀенташна хьалха. Шерашкахь ас доӀанаш дора: «Дада, хӀара кӀентий сан бац, ткъа Хьан кӀентий бу. Со Хьан долахь

долчун Iуналхо бен вац. Цундела, Веза Эла, Хьан цаьрца Хьайна луъург дойла ду. Нагахь Хьуна, уьш сайратан вукху агIор хила лаахь, Хьан лаам хуьлийла. Ас дуьххьалдIа, цара шайн дахарехь Хьан лаам кхочушбар доьху».

Сан доIа даггара дара. Суна, цхьана дийнахь тхо геналло дIасакъастадойла дуйла хаьа, амма и мур тIекхаччалц Везачу Эло тхан кIантана уллохь болх бан озабезам бина тхуна. Вукху тхан кIенташа хIинцале а хабарш дуьйцу, кестта тхох схьакхетарх лаьцна. Цхьадолчу маьIнехь оха тхайн берийн сий дарна хIинцале а совгIатан серло схьаэцна, иза хIинца а юьхьиг бен йоццушехь, кхин а дуккха дерг тхан кхин дIа а хир ду.

Суна, иштта дерг шайн берийн сий дечу дай-нанойн хуьлуш хилар, го. Нагахь бераш мехала деш делахь, уьш дика хьалакхуьур ду. Ткъа Везачу Эло, Шен рогIехь, уьш хьалакхиорехула церан сий динчарна совгIаташ дийр ду. Иштточу совгIато кхечеран дахаршна тIекхиарехь алсам пайде до вай, тешаран къеггина тоьшалла а долуш. Иза Цуьнан Дош ду, Цуьнан Iалашо ю, иза Iийсас багахула кхайкхийна синан лакхалле закон ду. Дай-наноша шайн берашка безам гойтучу хенахь, цу юкъадогIу уьш Везачу Эле ладугIуш дисциплинировать дар а, царна дика совгIат хилар ваIда дина ду. Къаналлехь церан баккхийбер хир ду, ткъа гIайгIане хилар а доцуш. Вайн дахаран уггаре а дашо шераш ницкъо а, гIоьналло а го бина хир ду.

## КОРТА 15

# ЦIЕННА ТIЕХЬ СИЙ ДЕШ ЕРГ – ЗУДА Ю

ЦIенна тIехь, бераш хилла а ца Iаш, зуда а ю олаллин кIелахь. Хьалха вай дийцира, мел лараме ду зудчо шен майрачун сийдарх лаьцна. Амма кхузахь, дайшна-наношна а, берашна а юкъахь ма-хиллара, вукху агIор долу чIагIдар а догIу: майрачо а ларам бан беза шен зудчун.

### Зудчун лараме хилар

> «Цу кеппара майранаш а хила беза шайн зударшца дика, уьш гIорасиза хилар а хууш. Уьш лара, хIунда аьлча божаршца цхьаьна дахаран совгIат догIу царна. ТIаккха шун доIанашна дуьхьало еш хIумма а хир дац».
>
> – Кипин хьалхара дахьйитар 3:7

Оцу аята тIехь Кипас гойту зударшка а ша-тайпана болу ларам хила безар. Цхьаболчу божарша цу аят тIехь дерг, динца доьзначу агIор схьаэцча зуда лахара йолуш санна лору. ХIан- хIа! «ГIорасиза хилар» дац, шун зуда динца йолчу агIор шул лахара ю бохург, иза ду цуьнга шуьга айалур болччул мохь айалур бац бохург. Нуьцкаллин агIо схьалаьцча зудчун ницкъ кхочур бац муьлхха а волчу стеган болчу ницкъе. Ингалс маттахь долчу

Делан Йозанийн шуьйрачу гочдарехь иштта боху: «Шайн зударий (ницкъаца) гІорасиза хиларан ларам бе». Ткъа Керлачу Дийначу Гочдарехь долу Кипин дешнаш иштта ду: «Иштта аша а, майранаша, ларам бан беза шайн зударийн. Царах кхетар долуш тІеэца уьш, шу цхьаьна дехаш долу дела. Иза гІорасиза хила тарло шул, амма Дала шуна деллачу керлачу дахарехь шуьца цхьатерра йолу декъашхо ю иза. Нагахь шу цуьнца хила ма-дезза лелаш ца хилахь, шун доІанаш дІахезар дац» (авторан курсив).

Вай цхьатерра долу декъашхой ду – декъалаллин дахаран тІаьхьалонах долу. Оцу аятан чакхенгахь вайна го доІанашна жоп хир дац боху инзаре чІагІдар. Нагахь майрачо шен зудчун ларам ца бахь, цуьнан доІанаш дІахезар дац. Ваа, оцу дешнаша ма метта валаво! Мел декъаза дахар ду иза! Ойла елаш: шун доІанаш цкъа а Делан лере кхочур дац, нагахь аша шайн зудчун ларам ца бахь бохучун. И дешнаш кхачаме ду суна, ма-бохху сайн тидам царна тІебахийтархьама. Цара кхайкхам бо соьга, дахарехь майрачун хила еза меттиг аса дІалаца езарх лаьцна ма-бохху ойла яре. Амма хаза кхаъ бу, цунна дуьхьал далош дерг а иштта нийса хилар: шайн зудчун аша ларам баре хьаьжжина, аша деш долу доІа Далла хьалха дІакхочуш хиларх шу тешна хилар а догІу шуна.

Майранаш, пурба лойша суна шуьца дуьххьалдІа къамел дан. Шайн зуда лараме а, мехала а ю аьлла хетий-те шуна? Цуьнан дешнашка ладугІу-те аша я юхатотту-те аша уьш, иштта ойла ярца: «Иза-м эмоциональни зуда яра»? Сайн доьзалехь со вехаш, сайна тІехІиттинчу халонех чекх а ваьлла, жамІехь иштта Іамар схьаийцира аса. Тхешан цхьаьна дахар долалуш сайн зудчо бечу хьехамийн кхоччуш мах ца хадабора аса. Хан мел йолу аса тидам бира – цо бохург эххар а Дала деллачу хьекъалаллица олуш хиларан, амма хІетте а синца йолчу агІор сайга лакхарчу ойланца хьоьжура со. Ваа, мел гІалата вара со!

Масех хІуманна тІехь Лиза бакъ хилар а гина, со доІанаш дан волавелира. Аса дуьхьалвалларца олура: Дела, аса наггахь дийнахь шишша сохьтехь доІанаш до, цо цхьана ткъех минотехь дечу хенахь, цу тІе иза ванни чохь ша йолуш а деш. (Цунах лаьцна а со гІалатваьлла хилла, сан зудчо муьлххачу а хенахь а Делаца уьйр йолуш хан йоккхура хІора дийнахь а, ткъа со тІаьхьо Іемира иштта лела).

Ас кхидІа бохура: «Со коьртачу хаттаршна тІехь сих-сиха гал стенна вуьйлу-те, ткъа иза ца юьйлу?»

Везачу Элан жоп иштта дара: «КІант, кехатан лист тІехь гонан сурт диллал».

Ас сурт диллира.

ХIинца «Х» (икс) билгало йилла берриге гонна чохь».

Цуьнан дехар ас кхочушдира.

Iийсас кхидIа а бохура: «ХIинца оцу гонан юккъехула сиз даккха, и го шина декъе а боькъуш. Хьуна гур ду оцу «Х» билгалонийн цхьа дакъа цхьана агIор, ткъа шолгIа дакъа вукху агIор дисар».

Иштта дан а дара.

ТIаккха Везачу Эло элира: «Оцу «Х» билгалонаша Сан хьекъалалла а, хьехам а билгалбоккху, я нийса сацам барна йолу информаци гойту. Гуо цхьаъ бу, амма иза шина декъе бекъна бу. Хьо а, хьан зуда а цхьаъ ду, аша цхьа боккха гуо бо, шу и ши дакъа санна шина декъах лаьтташ делахь а. Амма и гуо динна хир бац, цуьнан цхьаьна декъо бен ойла еш хилахь».

Цо кхидIа а элира: «Ахьа тидам бийр бу, оцу хьекъалаллин цхьа дакъа Лизин агIонгахь хиларан, ткъа важа хьан агIонгахь. Хьайн доьзалехь ахьа беш болу берриг сацамаш, Соьгара йолчу информацин эха декъе ла а догIий, хьайна хеттачу тайпана кхочушбора. Хьо ца хьожура Аса Лизига бохучуьнга. Аса хьуна оьшу информаци лур ю, Айса Лизига информацига яларе терра. Амма, хьекъале куьйгалхо хьо хиларе хьаьжжина, Аса Лизига гойтург а хIун ду довза Iама веза хьо, тIаккха цунах лаьцна цхьаьна къамел а деш, доьзалан коьртехь хьо хиларе терра, ахьа нийса сацам бархьама».

Делаца сан хиллачу оцу къамело кхоччуш хийцира сан доьзалера дахар. Со кхийтира: со цхьаъ волчу хенахь, сан гуо динна бара, аса айса бора сацамаш а. Ткъа хIинца со зудчуьнца цхьаьнакхетарца тхо цхьаъ хилла дела, сан дахар кхоччуш хийцадала дезара.

## ГIорасиза йолу пхьегIа

Юха а Кипин дешнашка хьовсур вай: «Цу кеппара майранаш а хила беза шайн зударшца дика, уьш гIорасиза хилар а хууш. Уьш лара, хIунда аьлча божаршца цхьаьна дахаран совгIат кхочу цаьрга. ТIаккха шун доIанашна дуьхьало еш хIумма а хир дац». Вешан зударех кхета Iама деза вай. Сан доIанна тIехь Везачу Эло соьга аьллачу дашо кхетийра со, сайн зудчуьнца йолу сан юкъаметтиг муха хила еза бохучух.

Делан Даш тIехь делла кхин а сов хьекъалалла а, хаарш а ду, шен зудчуьнца кхиаме а волуш дуккха а вахархьама, хIун дан деза бохучух

лаьцна. Дуккха а долу дIасакъастарш юкъахь хир дацара, нагахь божарша, божарийн а, зударийн а амалшна юкъахь хIун къастамаш бу бохучух кхетарна хан лахахьара. ХIунда аьлча нагахь божарийн а, зударийн а агIонаш вай цхьаьна тоьхча, Делан аматан кхоччуш долу сурт гар карор дара вайна. И бакъ ду, Делан кхоччуш долу амат карор дац шуна къаьстина божарийн я зударийн чохь. Муха хаьа вайна иза? Дезачу Йозанаша вайга боху: «Иштта кхоьллира Дала адам. Стаггий, зудий кхоьллира Цо Шен аматехь» (Дол. 1:27, къовларшкара дешнаш авторан).

Дала «уьш» Шен аматехь кхоьллира, Ша «божаршна» а, «зударшна» а чохь хилар гойтуш. Дезачу Йозанаша дуьххьал дIа чIагIдо, дерриг а адамийн тайпа гайтархьама божарий а, зударий а оьшу, ткъа адамийн тайпа Делан аматехь кхоьллина ду. Цу бахьанехь ПахIала яздо: Делахь а, Везачу Элаца вайн долчу дахаре хьаьжжина, зуда а, стаг воцуш хиларх хIумма а дац, ткъа стаг а зуда йоцуш хиларх хIумма а дац» (1 Кор. 11:11).

Кипин дешнашна тIе юхадоьрзур вай. Цо боху, майрачо шен зуда лара еза шина агIор: гIорасиза йолу пхьегIа санна а, Делан диканан тIахьалонах ерг санна а. Доцца эр вай оцу хьалхарчух лаьцна. ГIорасиза йолу пхьегIа йолуш санна лело еза вай иза. И ду, вай «эгIазчу зудчуьнца» санна хила деза цуьнца бохург. Вай, божарий, - ницкъ болуш ду, и вешан ницкъ вайн зударий ларбарна тIе бахийта беза вай, зударийн ларам барца царна хьалха неI дIайоьллуш, ресторанехь гIант кховдош, я оьзда доцург ца долуьйтуш лела дезарх лаьцна-м дийца а ца оьшу. Доьзалан корта хиларе терра, майрачо лакхаяккха еза шен зуда. И бохург ду, нагахь цхьана ларамечу метте дахархьама, шайх цхьанна а бен керла духар эца шун ницкъ ца кхачахь, иза шайн зудчунна эцар хьалхадаккха, шаьш юха а тоттуш. СадаIа дахарна цхьа меттиг харжа шун дезахь, ткъа шун зудчунна ша билгалъяьккхинчу меттиге шу даха лаахь, аша кхечанхьа даха билгалдаьккхинехь а, цо хаьржинчунна тIетан мегар ду. Делан Олаллехь куьйгалла деш хилар бохург кхечунна гIуллакх дарца доьзна ду, хьалхе яккхар а доцуш. Зудчо бохург юхататтар деккъа цхьа хIума бахьанехь хила деза, нагахь шун тешна делахь, аша хаьржина некъ уггар дика хир бу шун зудчунна а, доьзална а, Делан Олаллина а аьлла. Кхечу тайпана аьлча, гуттара а цуьнан лаамехь дерг харжа. Хьо хьайн зудчун лидер хилла, цуьнан дуьхьа хьайн дахар дIадала а хьо кийча волу дела. Иза ду аша шайн зудчун ларам бар бохург, и дарехула шу декъалдина а хир ду, шуна совгIат а хир ду. Шун доIанашна дIакхача новкъарло хир яц.

## Дика дахар тӀаьхьенна диснарш

Кипас ма-аллара, вай вешан зударий лара безаран кхин бахьана ду, вай санна вайн долчу декъалаллин дахаран тӀаьхьалонах уьш а хилар. Иза ду Далла гергахь вай цхьатерра лоруш ду бохург. Шу божарий хиларо лакхара хилар ца дохьу шуна. Цхьаберш теша божарий лакхара бу бохучух, амма иза баьсса пуьташ а, Ӏехавалар а ду. Иза юкъадаьхнарш шовинистийн хьажар долу божарий бу, цхьана дийнахь Ӏаршана хьалха дӀа а хӀиттина жоп дала дезар ду цара. Делан Дош Ӏамор долуш, ткъех шарахь динан цӀеношкахула леллачу ханна, со кхийтира, Делан декъалаллаш сецош хиларх зуда боьрша стагал лахара ю бохуш бехачу доьзалийн а, динан тобанехь болчийн а дахарехь. Билггал аьлча, синца йолчу агӀор таьӀна хилар, гехь беза мохь хилар, лоллехь хилар карор ду шуна, цу тайпана хьал долчохь.

ХӀокху хаттаршна догӀу жоп дала хьовсий вай. Цхьайолчу динан тобанашкахь зударий а хӀунда ца хуьлу лидерийн тобанашна юкъахь? Мукъачу дийнахь хуьлчу динан тобанийн гуламашкахь гӀуллакх кхочушдар хӀунда ца могуьйту зударшна? Зударий хӀунда ца хуьлу цхьайолчу динан тобанийн пасторшна юкъахь? Лидершна юкъахь дайша меттигаш дӀалацар сов хӀунда долу нанойн аз хезачул? Нанойн аз ца лелаш йолчу динан тобанийн цхьа а къастам бац, наной а боцуш, беккъа дайша дола дечу доьзалех. Нанойн дагахь долчуьнга а ца хьожучу динан тобанашкахь декъалаллаш хиларан тоам ца хуьлу, Делера долу хьекъалалла кхачар а ца тоьа. Аша цунна дуьхьал ала там бу: «ХӀаъ, амма Дезачу Йозанаш тӀехь боху, лидер цхьана зудчун майра хила веза». Хьовсий вай ПахӀала аьллачу оцу аятан маьӀне: «Ӏийсах тешачийн тобанан гӀайгӀабийриг цхьана а стеган ала хӀума доцуш цӀена хила веза. Цуьнан цхьа зуда бен хила ца еза» (Тим. 3:2).

Оцу чӀагдаро билггал къастам ца бо стеган а, зудчун а юкъахь. Хьовсий вай цунах лаьцна дерриг а Дезачу Йозанийн агӀонаш тӀехь долчуьнга. ПахӀал-векало Шира Весет тӀехь дерг деша Ӏеминчу нахе яздо. Ширачу Весет тӀехь шуна дуккха а меттигаш карор ю стеган цхьаннал сов зуда хилла бохуш йолу: ИбрахӀим, Дауд-паччахь, Сулим, Якъуб, Элкхан (Ханнин, Феннанин а майра) уьш берриш багар бина бац цу тӀера. Амма Керлачу Весет тӀехь цу тайпана долу цхьа а масал карор дац шуна. Иштта дерг дар юкъахь ца хилла а ца Ӏаш, иза магош а дацара Ӏедало. ТӀаккха ПахӀала хӀунда яздан дезаш хилла, динан тобанан куьйгаллехь волчун

цхьаъ бен зуда хила ца езарх лаьцна? Иза яздар башха оьшуш а дацара. Аса цунах лаьцна дийцар тІехдаьккхина аьлла хета а тарло шуна, делахь а, ПахІала бохург хила ма-дезза вай тІеэцахьара, зуда йоцург куьйгалле хІоттор магор дацара вай, хІунда аьлча уьш цхьана зудчун майранаш боцу дела. Иза иштта делхьара, ПахІалан йиш хир яцара динан тобанан лидер хила, иза сонта хІума хир дара. Вайх цхьаболчийн цу агІоне хьажар дукха готта хуьлу.

Цу тайпана, и гІуллакх стаг ву я зуда ю бохучуьнца доьзна ца хуьлу, иза шадерг доьзна хуьлу Дала адам и гІуллакх дан тІекхайкхарца. Шайн зудчунна я кхечу зударшна динан тобанашкахь шайна тІедиллинарг кхочушдан новкъарло йинчу божарша, дукхахьолахь шайн цІенна а, шаьш дечу гІуллакхна а тІехула долу стигла хьаьжна кораш дІакъовлу. Церан декъалаллаш хуьлу цхьаццачу хІуманаш тІехь, амма Делан дуьззина долчу декъалаллех бовлу уьш.

Дала леррина Къобалвинчун Тоба астагІа лелха зударшка барам ца хилар бахьанехь. Хазачу Кхоо боху шадерг хийцалур ду. ХІунда аьлча Юал-пайхамаро а, Кипа-векало а Дезачу Синехула хаам бира тІаьхьарчу заманахь динан тобанашкахь зударша гІуллакх дан магор кхоччуш меттахІуттур ду бохург. «ТІаьхьарчу деношкахь, - боху Дала, - Аса Сайн Синан Іаь тухур ю дерриг а адамна тІе. ТІаккха шун кІентий а, мехкарий а, шайга пайхамаралла а доьссина, Делера болу хаамаш беш хир бу. Кегийнаш Делера долу тамашийна суьрташ шайна хьалха хІуьттуш хир бу, ткъа баккхийнаш Делера долу гІенаш гуш хир бу. Сайн ялхошна тІе, божаршна я зударшна делахь а, Сайн Синан Іаь тухур ю Аса цу деношкахь, тІаккха цаьргахь пайхамаралла хир ду» (Век. 2:17, 18). Тидам белаш, пайхамаралла леш болчу божарша а, зударша а дийр ду, аьлча а, Делан дош божарша а, зударша а кхайкхор ду. Изза схьахьедина ду назмаалархочо а: «Хьалдолу Эла хаам беш вистхилира, ткъа и хаам дІасабаржош болу зударий дуккха а бара» (Заб. 67:12). Муьлш бу уьш, Делан дош кхайкхораш? Жоп вайна кху аяте кхечу гочдарехь хьаьвсича карор ду. «Везачу Эло ло дош (ницкъ), хаза кхаъ бохьучу а, кхайкхочу а зудчунна» (Заб. 67:12, шордина гочдар).

Назмаалархочо шен тидам тІебохуьйту, божарша а, зударша а кхайкхор бу бохучунна тІе а доцуш, иза билггал зударша дийр ду бохучунна тІе. Кхечу гочдарш тІехь дерг а далор ду аса шуна. «Везачу Эло тІедиллира, ткъа дуккха а болчу зударша дІасабаржийра и кхаъ» (керла гочдар). «Везачу Эло толам баккхар дІакхайкхийра, гулбеллачу зударша

и хаза кхаъ кхайкхабора (Керла Дийна долу гочдар). Зударша и Делан Дош зударшна кхайкхийна а ца Iаш, божаршна а кхайкхор бу. Вайна го, и билггал бакъдерг Iийсас а чIагIдар. Башха хIума дац-ткъа дуьххьарлера и хаза кхаъ кхайкхорхо зуда хилар: Магдалера Марем?

Iийса иза векалйинарг вара. Вай доьшу: «ТIаккха Iийсас элира Мареме: «Сацалахь, Сох кхин хьакха ма лолахь, хIунда аьлча Со хIинца а Сайн Да волчу хьала ца ваьлла. Сан вежаршна тIе а гIой, ахьа цаьрга ала: «Сайн Дена а, шун Дена а тIе а, Сайн Далла а, шун Далла а тIе хьалаволу Со». ТIаккха Магдалера Марема, яхана, мурдашка дIахаийтира шена Веза Эла гар а, Цо шега аьлларг а» (Яхьъя 20:17, 18).

Цунах лаьцна кхидIа а хьовсий вай. Лакас дIаязбина Хаза Кхаъ аша дIабеллахь, шуна гур ду Марем коьрта кхайкхорхо хилла хилар. Iийсас иза хилла а ца Iаш, амма зударийн динна цхьа тоба яхийтинера векалшна Веза Эла денваларх лаьцна кхайкхорхьама. «Уьш бара Магдалера Марем, Яхьъян нана Марем, Якъубан нана Марем, цунах лаьцна Векалшка хаам бина болу, кхиболу зударий» (Яхьъян 24:10). Цу тайпана, зударша Делан Дош божаршка дIакхайкхадора, ткъа уьш хьажийнарг Iийса вара!

Башха хIума дац-ткъа иза, динан цIа чохь Дала леррина Къобалвинарг вогIучу хенахь божаршна а, зударшна а тIе а яхана, и хаам бинарг Делера хаам хуьлуш йолу Iайнаъ хилар? Юсупца, Маремца дуьххьара къамел динарг ШамIа вара, амма динан цIа чохь гулделлачу халкъе и хаам бинарг Iайнаъ яра. Вай доьшу: «Оцу хенахь царна тIееана, цо, Далла баркалла а бохуш, Ярушалайм паргIатъяккхаре сатуьйсучу нахе оцу Берах лаьцна дуьйцура» (Лак. 2:38).

Башха хIума дац-ткъа иза, Пилапан, Везачу Элан Дош кхайкхош йолу йиъ йоI яра бохург? «Цуьнан маре яхаза йиъ йоI яра. Уьш Делера болу хаам бовзуьйтуш бара» (Век. 21:9). Дала иркарахIотторца цара Везачу Элан Дош кхайкхадора. Дала ТIедиллина Доккха гIуллакх муха кхочушдалур ду вайна, Дала леррина Къобалвинчун тобанера, эханнал а сов хир болу нах шайна тIедиллинарг кхочушдар доцуш бехаш хилча? Шайн зударша дахарехь шайна Дала тIедиллинарг кхочушдар божарша тIеэцча, царна совгIат хир ду. Суна иза сайн дахарехь го.

(Билгалдаккхар. Керлачу Весет тIехь масех меттиг ю, цкъа юьхьанца хьаьжча, ас яздечунна дуьхьал дерг далош йолуш санна ю бохург дагадоуьйтуш йолу. И аяташ Iамо деза, церан билггал долчу маьIнах кхетархьама. Кху тептар тIехь суна хьалха лаьттарг, оцу меттигех кхетор дац. Амма лараме болчу лидерийн Лорен Куннингхаман а, Дэвид Джоель

Гамильтонан «Зударийн хIунда хуьлийла дац» цIе йолу инзаре книга ю, оцу аятийн и агIо ма-бохху таллар гойтуш йолу.)

## Сан зуда

Пхи шо кхаьчначу хенахь сан зудчунна бIаьрг дIабоккхуш операци йинера. Цуьнан сетчаткин вон цамгар яра. Оцу школе ихначу хенахь дуьйна тахханналц а шен бакъхьарачу бIаьргахь протез лелош ю цо. Шу кхетий цунах, мел беламаш бора и бахьанехь школехь? Кхетаре кхачаза болчу цуьнца доьшуш болчара цунна техкина цIераш Циклоп, Цхьа бIаьрг берг яра. Кест-кеста дийнан делкъехь елхарца цIа яр нислора цуьнан. Цуьнан нанас хьекъал хиларца иркарахIиттайора иза, доьналла долуш хила, цара бохург тидаме а ма эца, олуш. Делахь а, шеца доьшуш болчара шех лаьцна беламе олучо кIорггера чов йора цунна.

Лакхарчу классашкахь Лизина хааделира, шена чIогIа хало йохьург тIетоьхна йолу ши предмет хилар, школа чекхъяккхарна оьшуш йолу. Хьалхарниг – багахь олучу дешнашца доьзна, шолгIаниг – машинкин тIехь зорба тохарца. Оцу шина предметан Iамор шена холчу даьлча, Лизас школин куьйгалхочуьнга дехар дира ша оцу предметех мукъаяккхар. Цунна хала дара адамашна хьалха дIа а хIоьттина, цаьрца къамел дан. Иштта бIаьргана гонаха дерг ма-бохху дIалаца хала хиларна, машинкин тIехь зорба тоха а хала дара цунна. Куьйгалхочо цунах къа а хетта, мукъаяьккхира иза оцу предметех. Церан метта кхин ши предмет тIетуьйхира Лизина.

Аса хьалха ма-аллара, Лизина Дала леррина къобалвина Iийса вовзар цо университетера колледжехь доьшучу хенахь хиллера. Цул тIаьхьа дукха хан ялале тхошиъ цхьаьнакхийтира, Техас штатера Даллас-гIала а дахана, цигахь йоккхачу динан тобанна юкъа а доьлхуш. Цу хенахь Лиза башха адамашца уьйр йолуш яцара, ша-шена чохь къовлаелла яра иза. Динан тобанехь болчарна иза кура а, шех лаьцна лакхара ойла йолуш а ю аьлла хетнера.

Амма цуьнан билггал долу бахьана и дацара. Цунна чохь хIинца а кхерамаш бисинера, ша школе оьхучу дерриг шерашкахь, шен бIаьрг сакхат хиларна, шена гонаха болчара халахетар дар бахьанехь.

Тхо цхьаьнакхеттачу хьалхарчу шерашкахь эшамехь хиларна, оха шиммо а ахча даккха дийзира. Цундела косметика дIасаяржош йолчу

цхьана маркетингови компаница контракт ян дийзира Лизин. Юьхь тӀе басарш хьакхарца доьзна йолчу цуьнан занятига вахана хьаьжча, суна гира, цунна и продукт дика евзаш хилар а, оцу агӀонна тӀехь цуьнан хаарш хилар. Амма Лиза кхоьрура цхьаьнца оцу шен товарах лаьцна дийца дезачу агӀонах, цундела аса дан дийзира и гӀуллакх, нахана хьалха презентациш еш.

Цхьа шо даьлча, Далласехь йолчу цхьана йоккхачу гӀараяьлла йолчу туькан чу тхо доьлхуш, аса элира: «Лиза, оцу туькан чуьра косметика юхкучу отдел чу балха дӀаэцийта заявлени яздан деза ахьа, хьо кху чохь и косметика юхкучу массо а зудчул гӀоле ю».

Цо дуьхьало йира, хьо нийса вац, аьлла. Билггал аьлча, цо кхечу туьканахь болх бан беза дуьххьарлера де дара иза. Амма хӀорраза а оцу туькан неӀарах иза чекхйолуш, сан дешнаш лере догӀура цунна. Цундела къайлах шен кехаташ чу деллера цо, ша балха эцар доьхуш, ткъа тхо цец а дохуш, иза балха дӀаийцира цига!

Цунах Элизабет Арден цӀарах йолчу оцу компанин декъашхо хилира. Цул хьалха цигахь болх бинчу йоӀа халла йоьхкинера цхьана тайпана йолу цу чуьра косметика. Лизас, цхьана йоццачу ханна, масех кӀиранах, цу чохь мел йолу косметика ала мегар долуш, дӀайоьхкира. Цхьана дийнахь цуьнан туькнарчу гӀопастин тӀехь цхьана дипломат-чамдан догӀа дӀакъовларан гӀовгӀа хезира цунна. Иза оцу компанин исполнительни директор вара. Цо элира: «Цхьаьна делкъе яр доьху аса хьоьга. Лиза, ахьа кхин цхьана а дийнахь болх бийр бац кху чохь!»

Цуьнан дехарца, собеседованих чекх а яьлла, координатор белхало дӀахӀоттийра Лиза. Цуьнан балхана юкъадогӀура ялхитта туьканна тӀехь куьйгалла дар. Уьш Далласехь, Форт-Уорсехь яра, кхин цхьаъ Нью-Мехикехь, важа Оклахомехь яра. Ши шо а далале иза юха балха тӀехь лакхаяьккхира компанин промоутеран дарже, цо бархӀ штатехь оцу линиехь йолчу туьканаш тӀехь куьйгалла дора. Цунна луш долу ахча а дикка совдаьккхинера, бонусаш а еллера, цу юкъа «Форд Тандербёрдер» компанин цӀарах кхоччуш цӀена йолу маши а йогӀуш. Ткъа мила ву эр дара аша цунна уллохь машин чохь верг, наггахь-м иза лело езаш верг а? Цунна совдаьккхина луш долчу алапах хьанна са йолура? Иза со вара. Иза аса сий дарна суна делла долу совгӀат дара олу аса!

Масех шо даьлча тхо Флориде дахара, эццахь йоккхачу динан тобанера кегийрхошца болх беш пастор вара со. Масех бутт баьлча аса оцу кегийрхошка дӀахьедира, тӀедогӀучу кӀиранах сан метта Лизас бийр

бу шуьца болх, аьлла. Суна гора Везачу Эло Лизина дуккха а хаарш делла хилар, тIаккха цIахь а Iаш, цо дика гIуллакх а дийр дара, хьоьхур а дара. Суна хаара, цунна и гIуллакх йоккхачу тобанна хьалха а далург хиларх лаьцна. Амма, ала деза, аса динчу дIахьедарна йоккха дуьхьало йина хилар, ткъа иза кегийрхойн агIор а доцуш, Лизин дуьхьалъялар дара. Иза динна цхьана кIиранах лаьттира: «Суна и гIуллакх дар тIетаIо бакъо яц хьан. Ас хIун хьехам бийр бу царна? Сан ала хIума а дац». Аса тешийра иза, Делан гIоьнца цунна дерриг а далур ду, аьлла. Цунна делла похIма сайна гарна, иза кхочуш ца деш диса ца лаьара суна.

Цхьа кIира даьлча, цо кегийрийн гуламехь динан хьехамаш бира. Кегийраша хазахетарца тIеийцира цо бина динан хьехам. ТIебогIучу беттанашкахь аса моссийттоза юха а дира изза. ХIоразза а цуьнан агIор дуьхьало яр хуьлура. Цо къуьйсура соьца, аса сайна хуург дерриг а дийцина царна, бохуш.

Аса вела а велла, элира цуьнга: «Аса изза до хьуна хIора кIиранах, ткъа хIора керлачу кIиранахь оцу гIуллакхна Везачу Элах тешна хуьлу со». Амма аса далош долчу масалло синтем ца бохьу цунна, аьлла хеталора.

Делахь а, цо юх-юха а хьехамаш бора, уьш хIоразза а гIоле хуьлура, кегийрхошна езаелира иза.

Тхан динан дас оха дан дезачу гIуллакхна тхо дIахецча, оха хIинца а кхочушдеш долчу, аса кхидIа а изза дора. Жимачу конференцишкахь айса тобанна хьалха динан хьехамаш беш, ас кест-кеста, Лизига а ца олуш, дIахьедора, юха хин болчу гуламехь цо бийр бу хьехам, олий. Юьхьенца иза синтем байна хуьлура, ур-атталла ах буьйса а йолура, цо соьга наб ца йойтуш. «Суна теша а хала ду, ахьа хьайн лаамехь а долуш, хьайн и хан суна елла бохучух. Иза хьан кегирийн тоба ма яц, иза тIебаьхкинчу нахаца йолу конференци ма ю. Аса ян езаш яц иза, ахьа ян еза».

ТIаккха цо хаьттира, ахьа стенах лаьцна бинера гуламехь хьехамаш, ша, тхан бераш дIадижош, оццу цIа чохь йолу дела. Аса дийцинчух лаьцна шега аьлча, иза оьгIазъяхара: «Тахана суьйранна ахьа бина хьехамаш, кхана Iуьйранна со бан йоллуш ма яра. ХIинца стенах лаьцна дуьйцур ду аса?»

Аса дIаса а ца хьийзош жоп делира: «Хьоменаг, Везачу Эло дуккха а хIума хьехна хьуна, цунах лаьцна хаза деза оцу нахана».

Иза кхиндIа а къуьйсуш Iийра соьца Iуьйранна кхо сахьт даллалц. Эххар, вела а велла, аса элира: «Хьоменаг, гулам Iуьйранна исс сахьт

даьлча болалур бу, диснарг ялх сахьт бен дац, хьуна наб яр гӀолехь ду».

Шеко а йоцуш, шолгӀачу Ӏуьйранна Лизас массо а инзар бехира. Цо бина динан хьехам инзаре башха бара, наха боккхачу тидамца ладуьйгӀира цуьнга. Кхечу гӀаланашка дахча а изза дора аса, цо кхидӀа а тӀетаьӀӀина шен гӀуллакх дора.

ХӀинца кхин цхьа хӀума а эр дара аса. Лизина атта дацара. Цо дуьххьара университетера къоначу чкъорах болчарна хьалха хьехамаш бечу хенахь, аудиторехь болчех масех стаг, хьала а гӀаьттина, гӀовгӀанца аравелира, зудчо бечу хьехамашка ладогӀа боцучу лаамца. Ойла ейша цуьнан, цу хенахь Лизина цаьрца цхьаьна араяла лаам хиллера. Цуьнан лаамехь цкъа а дацара, нахана хьалха дӀа а хӀоьттина, хьехамаш бар. Цо иза Далла муьтӀахь хиларна а бен деш дацара.

## Изза книгашца хилларг

Изза дира аса книгашца а. Ас кхо книга язъйира. Лизас суна уьш арахецарна тӀехь гӀо дира. Оцу оха цхьаьна бинчу балхо со кхетийра, иза ядархочун похӀма долуш хиларх, ткъа «Иблисо Ӏехавар» цӀе йолчу сан кхоалгӀачу книгех халкъан бестселлер хилира. Ас арахецархочуьнга элира: «Сан зудчун, Дала иза кхерамех а, цуьнан дахаран цхьаццачу агӀонна тӀехь кхечо контроль ярх а паргӀатъяккхархь лаьцна, дийца хӀума ду. Аша цунах лаьцна Лизица къамел дан деза, амма соьгахула а доцуш, цуьнца дуьххьалдӀа».

Масех де дӀадаьлча арахецархо тхо долчу цӀа веара. Амма иза, со волчу а доцуш, Лиза йолчу веара. Иза соьга хаттаре долчу хьажарца хьаьжира: «ХӀун ду кхузахь хуьлуш дерг?» - олуш.

Книга арахецархочо шаьш вовшахкхета деза меттиг билгалъяьккхира, цо а, цуьнан белхалоша а Лизин дагахь долчуьнга ладогӀархьама. Жимма ойла йинчул тӀаьхьа цо элира: «Хьан майра тешна ву, книга язъярехула, ешархошка кховдо хаам хьан хиларх. Хьоьга ла а доьгӀна, тӀетовр ву со цо бохучунна».

ХӀетахь дуьйна Лизас ялх книга язъйира, царах пхиъ бестселлер хуьлуш. И книгаш тӀеэцарехула дерриг дуьнен чуьра дуккхачу адамийн дахар хийцадалар хилира. ХӀинца хӀора шарахь телевизионни программа дӀахьочуьнца цхьаьна иттех эзарнашкахь долчу адамашна хьалха дӀа а хӀуьттуш, ши бӀе кхоччуш долчу къаьмнашна хьехамаш бо цо.

Ойла ейша цуьнан, нахана хьалха дош ала а ца хууш, зорба тоха а ца луш зуда яра иза. Ткъа хIинца хIун деш ю иза? Кафедрин тIера а, телевиденихула а ээарнашкахь долчу адамашна хьалха кхайкхамаш а бо, книгаш а язйо цо! Муха дало-ткъа цуьнга иза? Делан диканан ницкъехула шен кхерамашна тIехь толам баьккхина цо. Дуккха а долчу адамийн дахар декъала хиллера, Кхоллархочун йоI йолчу цуьнан Делера долу похIма цуьнан майрачунна гучудалар бахьанехь а, цо шен зудчун ларам бар бахьанехь а. ХIун хир дара-те нагахь динан тобанерачу массо а божарша шайн зударийн ларам бар долийча? ХIун совгIат хуьлу суна аса сайн зудчун ларам барехула? Дуккха а йолчу агIонашкахь хуьлу, уьш ерриш а цхьана метта ййицина а вер вац. Лизин дахар, цо Далла лерина дечу гIуллакх тIехь хилла а ца Iаш, цуьнан дахаран массо а агIонна тIехь а кхиаме хилира. Дагна паргIато хилларг, билггал паргIат ву. Цкъа мацаха суна моьттура, Делан дикано Лизина неI дIайоьллур ю, ткъа тахана цуьнан похIмано суна неIарш дIайоьллу. Сан зуда бахьана долуш дерриг дуьнен чохь дуккха а йолу агIонаш дIаеллаелира суна. Шайн гуламашка кхойкхура динан дайша со: «Хьо а кхайкха дийзира тхан, хьан зудчо тхан зударшна кIорггера дуккха а дика дерг дIаделларна», - олуш.

Кхечу агIор долу совгIат а ду сан, Дала шена делла похIма девзина йолчу зудчуьнца со вехаш хилар. Дала шена тIедиллинарг кхочуш ца дечу адаман даг чохь бала хуьлу, Везачу Эло шена чу диллинарг паргIатоне цо ца даккхарна. Иштта долу адамаш баланехь хуьлу. Делан лаамех волчу стагах лаьцна Iийсас боху, Цуьнан мохь беза бац. (хь. Мат. 11:28-30). Везачу Элан дуьхьа дечу гIуллакхо хазахетар дохьу. Синойн мостагI долчун тIегIертар нуьцкъала а, дуккхаза а хилахь а, уьш лан атта хуьлу, Делан Iалашонехь долуш вай лелча. Сан зуда ирсе а, хIайт аьлла гIуллакх дан кийча а ю массо а агIор: Делан йоI санна, шен майрачун зуда санна, берийн нана санна, Дала леррина Къобалвинчун Хаза кхаъ кхайкхорхо санна а. Царах цхьана агIонна тIехь иза кхачаме ца хилахь, важа агIонаш а хир ю эшамехь. Цо дика гIайгIа бора, шен дахаран ерриг а агIонаш нийса а, шен меттахь а хилийтаран: хьалха доьзалехь дерг, тIаккха динан гIуллакх дар дIа а хIоттош. Цу тайпана доьзалехьара йолчу агIор инзаре даккхийн декъалаллаш хуьлу Лизина, дIасаяхарца Дала шена тIедиллинарг кхочушдархьама. Тхан цхьаьна дахар цкъа а оццул дуьззина, ткъа безам оццул чIогIа хир бацара, нагахь оха Дала тхайна тIедиллинарг кхочуш ца дахьара.

Со тешна ву, уггар доккха совгIат – Лизас динчу гIуллакхехула бIе

эзарнашкахь долчу адамийн дахаре абаденах лаьцна дерг деана хилар ду. Цхьана дийнахь Делан паччахьан гIантана хьалха дIахIиттича, вайн йиш хир ю цуьнан къахьегаро деана стоьмаш ган. Цкъа сайн кIенташка хаттар динера аса: «Бераш, шайн да, нана кест-кеста дIасаэха дезар нийса хIума дац, аьлла хетий-те шуна? Хетий-те шуна, шайн нана а, да а шайгара дIаоьцуш санна, я иза нийса хIума ду аьлла тIеоьцу аша, шун дас-нанас дуьне мел ду дехачу адамийн синошна оьшург дIадуьйш дечу гIуллакхехь, аша а дакъа лоцуш санна хаалой-те шуна?» - аьлла.

Сан воккхачу кIанта уггар хьалха жоп делира: «Дада, тхайн агIор оха дан дезачун дакъа долуш санна тIеоьцу оха иза. Адамийн дахар Делан Олалле тIедерзорна йолу цхьа агIо ю иза». Важа кхо кIант а сацам боллуш тIетайра цунна.

ХIетахь дуьйна тхо хазахетарца хьоьжура вовшашка. Тхо кхийтира, мел доккха Делан декъалалла хуьлу Цуьнан лаамехь дерг кхочушдечу Цуьнан ялхошна. Тхан кIенташна совгIат кхочур ду, кху дуьнен чохь хилла а ца Iаш, кхел ен йолчу паччахьан гIантана хьалхахь а. Иза инзаре хIума ду – сий дарна совгIат хилар гар. Вайна иза цу соххьтта ца го, амма иза Делан Дашо ма-аллара тIекхочур ду вайна: «Шу шайн Везачу Деле ладугIуш а хилахь, ас шуна тахана дуьйцуш долу, Цо тIедиллинарг дерриг а кхочушдеш а хилахь, шун Везачу Дала дуьнен чуьра массо а халкъал лакха ойур ду шун халкъ. Нагахь аша шайн Везачу Дала аьлларг дахь, иштта декъалдар хир ду шуна» (Кар. 28:1, 2)

Вай кхечун сий дар совгIат бахьанехь дац, ткъа иза Делан даг чохь а, вайн лаамехь а долу дела ду. Делахь а, совгIат хилар шен меттахь ду, шен стом луш долу хIу санна. Иза биллгал долчу сийдаран тIаьхье хуьлу. Цундела, майранаш, сихо е. Шайн зударийн аша сий дар, шун дахаран хIоттам хуьлийла. Цуьнгахула шуна хин долу совгIат, шуна моьттучул а дуккха а сов ду!

# КОРТА 16

# МАССО А ЛАРА

ХӀинца вайн цӀенна арахьара болчеран, динан тобанехь болчийн, балха тӀехь болчийн сий дан дезарх лаьцна йолчу агӀоне хьовсур ду вай. Уьш ду хӀора дийнахь вайн дахарехь вайца юкъарло хуьлу адамаш. Кипас иштта боху:

Массо а лара.

– Кипин хьалхара дахьийтар 2:17

Хьовсур вай кху байтан кхидолчу гочдаршка: «Массо а адамашца лараме хила (лараме хила цаьрца) (Ингалсан шординчу гочдаран Делан Йозанаш) иштта «Шайна дуьхьал кхетачу хӀоранца а лараме хила» (ингалс маттахь вайн заманахь гочдар динчу Керлачу Весет тӀера), кхин а «ХӀорранга а ларам бе» (Керла Дийна долу гочдар). Цу тӀехь дуьйцучу адамех лаьцна, уьш вайн «уллораниш» бу олу Ӏийсас. Хьовсур вай Инжил тӀера гӀараяьллачу историга. Схьахетарехь иза шуна хӀинца евзаш ю. Йоьшур вай иза Керлачу Весетан вайн заманарчу гочдар тӀера:

> Цунна жоп луш Ӏийсас дийцира: «Цхьа стаг хилла Ярушалаймера Ерихоне охьавогӀуш. Новкъахь цунна тӀе талархой летта. Некъахочунна тӀера хӀуманаш схьа а яьхна, цунна вала воллалц етта а йиттина, и охьатесначохь а витина, дӀабахана уьш. ТӀаьхьо цу новкъа схьавогӀуш хилла цхьа

> динан да. Новкъахь Iуьллу и стаг а гина, некъан дехьа агIор а ваьлла, тIехваьлла дIавахана иза. Изза дина цхьана левихочо а, цу стагана тIе а вахана, цуьнга дIа а хьаьжна, юьстах а ваьлла, дIавахана иза. Юха лазийнарг Iуьллучу метте кхаьчна араваьлла лелаш волу шамранхо. И стаг а гина, оцу пекъарх къахетта цунна. Цо, тIе а вахана, даьттанца а, чагIарца а цуьнан чевнаш дIайихкина. Юха лазийнарг, шен вира тIе а хаийна, некъахоша садоIучу цIийне а валийна, цуьнан цигахь терго еш, иза Iалаш а вина цо. ШолгIачу дийнахь, ша дIавоьдуш, хьешан цIийнан хIусамдена ши динари ахча а делла, цо аьлла: «ХIокхуьнга хьажалахь, со юхавогIуш, ас хьан хилла харж меттахIоттор ю хьуна». Мила вара оцу кхааннах талархоша лазийначу стагана уллораниг, хьуна моттарехь?» Iеламчу стага жоп делира: «Цунах къинхетам бинарг вара-кх». Iийсас тIаккха элира цуьнга: «Вало, иштта де ахьа а».
>
> – Инжилан Лакас дIаяздина дакъа 10:30-37.

Динан дена а, левихочунна а вала герга волу и стаг, лараме а, шен сий дан хьакъ долу а стаг ву аьлла ца хетта. Ткъа хийрачу махкара некъахо волчу шамранхочунна вала герга волчу стеган дахар а мехала ду аьлла хийтира. Дезачу Йозанаша чIагIдо цунна «къахеттера цунах» бохург. Ларам бар даг чуьра схьадолу. Шамранхочо шен хан а яйира оцу лазийначу стеган дахарна оьшург далархьама, цул сов, цо иза некъахоша садоIучу цIийне валийра. Билггал аьлча, цо шен ахча делира шена хьалха цкъа а гина воцучу цу стагана тIера шина дийнахь цуьнга хьожург. Цо Деле доIанаш ца дира, оцу вала воллучу стагана ша гIо дан дезий-те, бохучу хаттарца, Везачу Элера ша-тайпана шега хин долчу даше ла а ца дуьйгIира. Цуьнан гIо лацар, безамах а, къинхетамах а, кхечу адамашка ларам хиларх а дуьзна долчу даг чуьра схьа дара. Иза классически масалла ду, массо а адаман ларам бан безарх лаьцна долу.

## Вайн заманан масал

Адаме ларам хила дезарца доьзна цхьа йоккха истори сан доттагIчуьнца Билл Уилсонца хиллера. Биллан нанас хи чекхдолучу турбанна тIехь охьахиъна витинера иза, цуьнан цхьайтта шо долчу хенахь. Ша юха ерззалц меттах а ца волуш Iе, аьллера цо Билле. Амма иза кхин цкъа а юха ца еара. Цхьана вевзаш воцучу Iийсах тешар долчу стагана

карийнера иза оцу меттехь, цо иза аьхкенан лагере хьажийра, цунах догӀу ахча дӀа а луш. Иштташу кхечуьнан ойла яр долчу оцу стага динчо Биллан дахарехь Делан лаамехь дерг кхочушхилар дӀадолийра.

Шераш девлча Билл Уилсона дӀа а йиллира, таханналц а «Метро Министриес» цӀе йолчу Дала леррина Къобалвинчунна тӀаьхьахӀиттинчийн тобано дечу гӀуллакхан куьйгалхо а ву иза, цу юкъа догӀу хӀора кӀиранах Нью-Йоркехь ткъа эзарнал сов долчу берашца болх бар а. Билла ша автобус лелайо. Цо шен белхалошца, иштта гӀо дан лаам болчаьрца Хаза Кхаъ баржабо цуьнан нуьцкъаллехь а, дош аларца а Везачу Элан серло оьшучу халачу меттигашкахь. Цо бо болх инзаре бу: цо дечу гӀуллакххехула эзарнийн адамийн синошна кӀелхьардовлар хьехнера Нью-Йоркехь хилла а ца Ӏаш, кхечу меттигашкахь а. Цо дуьне мел ду Делан Дош дӀасадаржадо «Метро Министриесо» дечу гӀуллакххехула.

Билл саннарш дуккха а бу. Цара гӀо до сатийсарх бевллачу а, эшамехь болчу а нахана билггал бакъдерг дӀаделла. Вайн царна гӀо дойла ду. Ткъа муьлхачу кепара? Царна гӀо даран уггар дика агӀо ю – доӀанаш дарехула а, царна дахарехь оьшург кховдорехула а. Сурт хӀоттадейша цуьнан, хӀун хир ду, нагахь ша Дала леррина Къобалвинчун тобанах волчу хӀораммо а хӀора баттахь цхьа билгалдаьккхинчу барамехь долу ахча иштташу гӀуллакхна лерина делча? Ойла ейша цуьнан, ма дукха адам догӀур дара Дала леррина Къобалвинчунна тӀе? Иштта сурт хӀоттадейша – шамранхо билггал бакъдолу тешар дерг ву, ткъа лазийнарг – къилахь волу стаг ву. Шамранхочо санна шен иштта гӀайгӀа бинчул тӀаьхьа, къилахь волчу стага хазахетарца ладугӀур ду шена кхайкхош болчу Хазачу Кхоэ. Амма левихо а, динан да а велхьара Дала леррина Къобалвинчун тобанах болчех, оцу лазийначу стагана церан Хазачу Кхоаца шен цхьа а хӀума а доьзна хила луур дацара. Вайн дегнаш чохь Делан безам хилча, вай лаккхара мах а хадабо массо а адаман, эшамехь болчарна гӀо деш йолчу, Инжил тӀера Хаза Кхаъ кхайкхорна тӀехь къахьоьгучу организацишна ахчанца гӀо а до вай.

Кхин а цхьа агӀо ю иштта къахьоьгучу организацишна гӀо дан – иза царах дӀакхетар ду. И дархьама, Нью-Йорке я Биллан организаци санна йолчу кхечу гӀаланашка даха дезар дац шу. Шаьш долччуьра динан тобанехь иштта гӀо деш болчарна юкъахь дакъа лаца. Ур-атталла кӀиранах деккъа цхьана дийнахь бен аша иза ца дахь а, билггал эшамехь долчу адамашна гӀо дийр ду аша. Цхьаьна хилча вайна дуккха а далур ду, ша цхьаммо дечул. Амма, оцу дикачу шамранхочо санна, шаьш цхьа дисина долчу адамашна а гӀо дан дезар дицдан ца деза вай. Делахь а, Дезачу

Дашо кхайкхам бо вайга цхьаьнакхетта гIуллакх даре, цу тайпана дуккха а сов гIуллакх далур ду вайна: «Шух пхеаммо бIе лоллур ву, ткъа шух бIенно итт эзар лоллур ву» (Iам. 26:8 шордина гочдар). Цхьаьна кхетарца – вай эвсаралла хилар лакхадоккху. Дагахь латто деза, Дала иза иштта дIахIоттор, деш дерг эвсаре хилийтархьама, вай цхьаьна хила деза, вай вовшашна оьшу дела. ПахIала чIагIдо, Дала леррина Къобалвинчун Тоба дебар ю, нагахь вай цхьанакхетарца гIуллакх дахь, бохург (хь. Эпас. 4:16). Оцу ларамечу бахьаненна вай ваьш дехаш долчохь йолчу динан тобанна юкъадаха деза. Эххар а, нагахь тешар долчу хIораммо а шен агIор дерг кхочушдича, иза ша-шен гIуллакх дарехь, иштта цхьаьна дечу гIуллакхехь а делахь а, ма дукха историш хир яра Билл Уилсонан историх тера йолу.

Билла дийриг ларамe хIума ду. Амма вайн цу тIехь совца йиш яц. Кхин дуккха кхинтайпана долу адамаш а ду, уьш дац эгIаза я заьIапе ду аьлла хетачех. Церан оьшуш мел дерг а ду, ур-атталла хьолах дуьзна дахар а ду церан, амма уьш дагца чов йолу адамаш ду, цул сов, шаьш цхьа хилар хаалуш долу адамаш а ду уьш. Уьш ган тарло хьалдолу адамаш дехачу меттигашкахь я кхечанхьа а. Доцца аьлча, уьш массанхьа а бу: юург юхкучу туьканашкахь, супермаркетехь я балха тIехь. Уьш цхьа дисина а, дагна чов хилла а адамаш ду, шайх цхьаммо лакхара мах хадоре ладоьгIу цара. Уьш вайна юххехь а бу, вайн уллоранаш а бу.

Вай царна уллохула чекхдовлу хIора дийнахь. Наггахь вай вешан гIуллакхаша дIалоцу, ваьшна гонаха долу и адамаш эшамехь хилар ца го вайна. Со воккха мел хуьлу, ма атта ду адамийн догъэцар бохучух болу сан кхетам совболу. Дерриг а дIадолало хьан дог ларамах дуьзна хиларехула. Ларам хилар бахьанехь, вайна Дезачу Сино хьоьхург хаадалар догIу, наггахь дегалацам боцуш, Цо бохучунна тIаьхьахIоттар а хуьлу вайн. Вайн хIора дийнахь долу дахар даим а Делан дуьхьа гIуллакх даре доьрзу. Нагахь шун адамашка ларам белахь, Дала шун дахаран некъахь шуна деллачу адамашца бен доцуш я цаьрца оьгIазе къамел деш хир дац шу. Мелхо а, Дала бохург кхочушдеш, стиглара охьадогIучу, билггал бакъдерг довза хьагам болчарна доуьйтуш долчу дийначу хица дIаоьхур ду шу. Дезачу Йозанаш тIера суна езаш йолу а, дуккха а долчу шерашкахь цунах тешна хилар дIакхоьхьуш йолу а меттиг хIара ю: «Хьалдолчу Эло Iеминчеран мотт белла Суна, гIелвеллачунна гIо даран дош суна довзийтархьама. ХIора Iуьйранна Цо самавоккху Со, дешархочуьнга санна, тидамца соьга ладогIийта» (Еш. 50:4).

Дала динчу оцу весетах теша мегар ду шу. Дуккха а болчара адамашца

къамел ца доладо, шаьш цхьа сонта хIума аларна кхоьруш. Нагахь шу Делан Дашах тешаш делахь, хаалаш, шайн бага дIаелларца, синца цхьа дисина долчу адамашна дахар хилар, товалар, ницкъах дузар дохьур ду аша.

Иза а дерриг дац. «Берриш а лара» бохучу дешнийн чулацам цхьа дисина долу адамаш лара бохучул сов бу. Вайца уьйр хилла волу хIорра а, нагахь вайн цуьнга ларам хилахь, декъала хир ву. Муьлххачу а даггара аьллачу дашо цуьнга ладугIучунна дахар хилар дохьур ду. Билггал аьлча, цу юкъа догIур ду дагардан а хала хир долу дукха адам, хIора дийнахь вайн дахарехь шайца хьакхадалар хуьлуш долу, дуккха а берш цкъа бен гар а хир дац вайн. Иза хила тарло, лифт тIехь цхьаьнакхетар хилларг я кеманна тIехь вовзар хилларг, я телефонни зIенехь оператор болх беш верг. Цаьрга дагна тамехь долу дешнаш аларца я даг чуьра болчу лаамца царна делакъажарца. Дукха хан йоццуш, Лондонехь паркехь волавелла со лелачу хенахь, гIеххьа хан тоьхна йолу, схьахетарехь Уллорачу Малхбалехьара йолу, корта а оллийна, цхьа зуда яра суна дуьхьал йогIуш. Цуьнга болчу къинхетамах вуьзира со. Къаьсттина божарий шеца лараме хиларе марзъелла иза ца хилар дагатесира суна. Цунах къа а хетта, аса: «Iуьйре дика хила!» - элира цуьнга. Аса и дешнаш хазахетарца а, даггара а элира. Башха аса и дешнаш шега аларх тешна а йоцуш, соьга хьаьжира иза. Цуьнан даг чохь дерг айса доьшуш санна хааделира суна: «Шена евзаш а йоцучу зудчуьнга малхбузехьара волчу стага иштта ховха дешнаш хIунда олу-те соьга?» Амма цунах лаьцна ша ойла яле, ларам барх юзар хьалхаделира цуьнан, юьхь тIехь хийцаялар а деана, цо эсала дуьхьал жоп делира суна. Сайн дахарехь кхин цкъа а ца ган а тарло суна и зуда, амма со тешна ву, сан даг чуьра схьаболучу Делан безамо, цкъа стом лур болу хIу тесна хиларх. Вайн цунах тешар хуьлийла ду. Кху дуьнен чохь вайн дахар эрна а доцуш, амма Iаламехь боцучу Делан ницкъаца дехаш долу векалш долуш санна дахий вай, адамашна дахар далархьама.

Дукха хала хIума дуй те адамашка велаваларца хьажар? Хьайна вевзаш воцучуьнга дика дешнаш алар, дукха хала хIума дуй те? Дукха хала хIума дуй те, вайн муьлххачу дашо кхечу цхьанна дахар дохьург хиларх тешар? Дукха хала ду, нагахь вайн Делан ницкъах хила ма-дезза тешар а дацахь, вайн даг чохь хила ма-безза кхоччуш ларам а бацахь массо а адамашка? Амма, нагахь Деле доIа а деш, массеран дуьхьа а Иза велла хиларна, адамашка билггал болу ларам шайн хилар аша дехахь, Цо иза дийр ду, иза Цуьнан лаамехь долу дела.

## Дахаран васт

Шайн даг чу и кхечу адамашка ларам хилар диллар аша Деле мадеххна, шун дахар хийцалур ду. Официанте я официантке шун хьажар кхечу тайпана хир ду. Уьш шайн столана тІе баьхкича, меню тІе бІаьргаш боьгІна Іачу меттана, эсала церан бІаьра а хьаьжна, маршалла хоттур ду аша. Шаьш юун ерг билгалъяккхале цуьнан цІе хоттур ю аша, тІаккха шаьш хІоразза цхьаъ цаьрга олуш, цІе а йоккхуш ала цаьрга. Уггар коьрта: цаьрга «баркалла» ала дешнашца а, ахча даларца а. І0 процент дитина а ца Іаш, 20 я 25 процент сов ахча дита царна. Шаьш дан дезачул сов де гуттара а. Цхьа юккъера дерг дина ма Іелаш. Шаьш шайна хаттар хІоттаде, мел мехала ву и официант, аьлла. Ткъа цунна догІу жоп дагахь Іемина хила деза шун: Іийса цуьнан дуьхьа валлал, кхоччуш мехала ву иза.

Къахьдалар догІу аса хІара дуьйцуш, амма сан масех меттиг Іоттаеллера, динан гІуллакх дІакхоьхьучара шайца юург яа соьга кхайкхича, суна гира цара ахчанан дукха декъаза дакъа далар, шайна гонаха хьийзаш, гІуллакх дІакхехьнчарна. Цкъа-м цара дуьтуш дерг оццул осала хиларна, сайгахьа йолчу агІор совдоккхуш дакъа лаца дийзира сан цу тІехь. Тхо кхечу цхьана динан деца ресторанан уллорачу парковке гІуш дара. Оцу юккъехула аса элира цуьнга: «Хьо хьайн машинна тІе дІаволало, сан жимма юхаверза деза ресторан чу». Иза шен машинна тІе воьддушехь, аса ресторане юха а вирзина, тоам боллуш ахча дитира стол тІехь. Муха далалур дара оццул осала долу ахчан дакъа, шена хьалха гІуллакх деш хьийзинчу официантана, цул сов цунна хаьара, тхо динан цІа чуьра даьхкина дуйла?

Суна дагадогІу, оха Лизица цхьана дийнахь официанткина тхаьш дала дезачул ах сов долу ахча дитар. Оха дечу къамелехула цунна хаьара, тхо динан цІа чуьра даьхкина хилар. Цунна гора тхо Делаца уьйр йолуш хилар, цундела цунна хаа дезара ша мел мехала ю Далла. Оха шена дитина ахча цунна гале дІадахара тхо. Амма со тешна ву, цуьнан дагна там хилла хилар, КІелхьардохург волчуьнга дикачу агІор хьажар а деана хир дара цунна. «КІелхьарбовларан некъа тІе бевллачарна а, хІаллакьхиларан новкъахь болчарна а юкъахь Дала леррина къобалвинчо Далла доккху хаза хьожа йогІу сагІа санна ду вай» (2 Кор. 2:15). Суна хетарехь, цул тІаьхьа тешар долчарах лаьцна дика ойла йина хир ю цо, и бахьанехь Хаза Кхаъ тІеэцарна герга хир ю иза. Шайна гІуллакх дечаьрца дуккхазза а ларамe шу хиларехула, шайга а ларамца хьажар карор

ду шуна: луш йолу юург совъяккхар, тӀетохар, шуна деш долу гӀуллакх дикахо дар иштта кхидолу а совгӀаташ шайна дар. Бакъ ду шена и агӀонаш хилийтархьама дан ца деза Делах тешар долчо ша деш дерг, делахь а иза а билггал долу декъалалла ду. Оха Лизица дуккхазза а дӀахӀоттайора тхайн машин аэропортехь уьш дӀахӀитто леринчу меттиге. Тхо дуккха а дӀасадоьлху дела, нахана евза тхан машин, ткъа цигахь масех стаг велахь дӀахӀотто веана, и белхалой сихбелла тхуна тӀе бовду, тхан гӀуллакх дархьама. ХӀунда? Оха царна дикка ахчан дакъа дуьту дела. И хилла а ца Ӏаш, оха цаьрца къамел до, церан а, церан гергарчийн а гӀуллакхаш муха ду хотту. Аэропортехь машин дӀахӀоттош ши меттиг ю, тхов кӀело йолуш а, йоцуш а. Тхан машин гуттара а тхов кӀел дӀахӀоттайо цара, догӀа я ло делахь, иза арахь ца хилийтархьама. Иза а аша кхечун ларам барна шуна юха совгӀат хилар ду олу аса!

Изза хуьлу тхуна уллора продукташ йолчу туькнахь а. Цхьана дийнахь кхечу гӀалара баьхкина болу тхан хьеший баханера тхоьца цхьаьна туькана. «Кху туьканахь шу ца девзаш цхьа а вуй те?» - элира цара. Цара и хаьттира тхо динан цӀа чохь гӀуллакх дарца нахана девзаш хиларца я книгийн автораш тхо хиларца доьзна а доцуш, оха оцу нахаца къамел а деш, церан хьал-де хаттарна. Оха беш болу болх бевзачара доӀанаш дар доьхура шайн баланашна тӀера. Тхо туькан чу кхаьчча, хӀоразза а адамаш меттах довлар хаало, мехаш охьабахар хилла а ца Ӏаш, тхоьца уьш дика хилар а го тхуна. Юха а эр ду аса, цара тхуна мехаш охьабоху дела хуьлу-те тхо цаьрца лараме? ХӀан-хӀа, эзарза а боху аса, хӀан-хӀа. Везачу Эло и дан тхайна луш долччу барамехь, ларам бо оха церан.

## Дахарера масалш

ХӀинца массо а адаме ларам хила безаран дахарера масех масалла далор дара аса. Шайн адамашца вовшахкхетар хуьлуш, церан бӀаьра хьажа, цаьрца эсала къамел де, шайна иза мехала хетар гайта. Деккъа шайн Ӏалашонехь дерг кхочушхилар ма леха, масала: цхьа хӀума заказ яр, шайн лаамехь дерг алар я цхьа хӀума эца шайн болу лаам цаьрга кхочушбайтар. Цул гӀолехь ду масех минот яйар, церан хьал-де муха ду хаарна, нагахь шун хан елахь, цхьа хаттар делла а ца Ӏаш, кхинйолчу агӀор а церан хӀораннан эшамехь дерг довза гӀорта. Ша мехала хетарх адам ма кхеттина, уггар доккха совгӀат долу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан Хаза Кхаъ кховдорна церан дегнийн неӀ дӀаеллалур ю. Амма и стаг шайна

мехала хетар аша ца гайтахь, дерриг Инжил тIераниг царна довзийта а гIерташ, шегара цхьа хIума оьшу хьуна кхарна аьлла хета а тарло цунна.

Ойла елаш царна шайгара оьшучул сов хIун далур дара шайна бохучун. Цхьа жимо совгIат дар, дала дезачул сов ахча далар, я церан гIуллакх тIехь царна гIо дар? Арахь цIано латтош болх бечунна цхьа стака газ йолу хи эца, я шайн кертахь и гIуллакх дечунна делкъенна юург заказ е. Шайн уллохь лаьттачу лулахочун гаражан хьалхара ло дIадаккха я цIеххьана церан кертан агIор йолу буц хьакха. Иштта кIеззиг дина долчу гIуллакхаша а лаам кхоллаболуьйтур бу церан Дала леррина къобалвинчу Iийсан Инжил тIехь долчуьнга ладогIа.

Юха а эр ду аса, коьртачех ду, Везачу Эле вайн дегнаш чохь билггал болу массо а адамашка ларам хилар кхолладалийтар дехар. Нагахь шайн дегнаш чуьра а доцуш, тIехула болу ларам бан шу гIортахь, иза гIалата а, тIехула долу а ларам бар хир ду. Билггал аьлча, шуна ца моьттучу агIор доьрзур ду иза. Даггара деш доцург къасто хала дац. Дукхахболчарна хаалур ду иза. ТIаьххьара корта чекхболуш вай цхьаьна доIа дийр ду, Деле билггал бакъдолу ларам хилар вайн дегнаш чохь кхолладалийтар доьхуш. ХIокху книгин тIехь далийначу Делан Дашо шун тешар чIагIдора, кхечуьнга ларам хилар а кхолладолуьйтура шуна чохь. Вай дан дезарг деккъа цхьа хIума ду – дехар. Иза дале хьалха чакхенгара тIаьххьарчу коьртехь долчуьнга хьовсар дисина вайна.

## КОРТА 17

# ДЕЛА ЛАРАР

ТӀаьххара долу, амма билггал аьлча, бакъболу ларам хиларца лелархьама, коьрта дерг – иза ду, уггар хьалха а, кхечу хӀуманал совдаьккхина а Веза Эла лара везар. Билггал бакъболу ларам бар доьзна ду Веза Эла массо а хӀуманал а, массарал а лакхара лорарца. «Кицанаш» цӀе йолчу тептаран (3:9) байто: «Веза Эла лара» бохург тӀедуьллу вайна.

Иза массарал а сов мехала хетар, Цуьнан чӀогӀа сийдар, ларам бар, ларар хила деза вайн. Иза Сийлахь-Воккха Паччахь ву, Иза хьакъ долуш ву Шега вайн берриг а ларам хила, цуьнан цхьа дакъа хилла а ца Ӏаш. Вайн сий дар веккъа цхьана Далла Ӏамалъярна лерина ду.

ДагадогӀий шуна, вайн уггар коьрта Ӏалашо – Везачу Элан сий дар ю бохучух лаьцна вай дийцинарг? Вайна тӀехь урхалла дечеран, вай санна болчеран я «кӀезиг бу» аьлла хетачийн сий дар Ӏийсан карахь ду, эххар а иза Стиглашкарчу Ден кара а луш. Цундела Делан сий даран, Цунна муьтӀахь хиларан меттана, адамийн сий дича, иза харц сий дар я цӀуделанийн сий дар санна хуьлу, билггал бакъдолу сий дар а доцуш.

### Харц сий дар

Ӏела коьрта динан да вара. Шамъалан бераллийн шерашкахь динан цӀа чохь гӀуллакх деш вара иза. Цуьнан бераш сийдоцуш нах бара, Везачу Эле, Цуьнан халкъе, иштта динан цӀа чохь шаьш дечу гӀуллакхе ларам бацара церан. Цара сагӀина деанчух тоьлла долу дакъа шайна дӀаоьцура, нагахь

левихой реза ца хилча, цара нуьцкъаха схьаоьцура иза. Iелина хаьара шен кIентий тешнабехке буйла. Цунна хаьара, цара сагIина деанчуьнца дийриг а, уьш динан цIенна чу воллучохь хиъна Iаш болчу зударшна хьагамца тIегIертар а. ТIаккха эххар а уьш нисбан гIоьртира Iела: «Цо цаьрга элира: «ХIунда лелабо аша и болх? Массо а нахера суна шух лаьцна вониг хеза. Сан бераш, суна шух лаьцна хезаш дерг вон хабар ду. Везачу Элан лаамехь долчу халкъо шух лаьцна вониг дуьйцу» (Шам. 2:23, 24, вайн заманан гочдар). Iелас церан харцо Iораяьлккхинехь а, уьш динан цIа чохь гIуллакх деш битира цо. Цара дечу гIуллакхах са йолура Iелина: иза юучунна чIогIа тIийра вара, цуьнан оцу агIонна гIо дора кIенташа. Нагахь цуьнан Везачу Элан сий дар билггал бакъ делхьара, цо уьш и гIуллакх дечуьра дIабохур бара. Церан метта билггал бакъхьара долу адамаш а хIиттор дара цо, цIенчу даггара Далла а, халкъана а гIуллакх ден долу. ХIинца пайхамарехула Iелига хиллачу Везачу Элан даше ладогIийша:

> Iела волчу Делан стаг веара. Цо элира: «Везачу Эло хьоьга иштта боху: «Хьан ден цIенна Со ца вовзийтира Ас, уьш Мисар-махкахь пирIунан цIенна чохь леш болчу хенахь? Массо а исраилхойн тайпанашна юккъера хаьржина вацара Аса хьан дай шех схьабевлла волу АхIарон Сайн динан да хилийта а, сагIа доккхучу кхерче ваийта а, хаза хьожа йогIу хIума ягаяйта а, Суна хьалха динан дас лелош йолу ийпад лелаяйта а? Массо а Исраилан кIенташа Сан дуьхьа доккхуш долчу сагIанийн дакъа ца кхочуьйтура Аса хьан цIенна? ХIунда бетта аша Сан дуьхьа доккхуш долчу жижиган а, баьпкан а сагIанийн дакъошна тIе когаш, Аса Сайн цIенна лерина долчу? Сан Исраилан халкъо Суна даьхначу сагIанийн уггар тоьллачу дакъойх хьан кIентий буза а беш, ахьа Со дIатеттина».
>
> – Паччахьаллех лаьцна хьалхара тептар 2:27-29
> (вайн заманан гочдар, курсив авторан)

Пайхамаро Iелин Iалашо гучуяьлккхира, цо нуьцкъаша а, тIетаIорца а сагIанийн тоьлла долу дакъош схьадахар хьалхадаккхарца йоьзна йолу. Дала пайхамарехула дIахьедира, Iелас Шега хила безачу ларамал, шен кIенташка болу ларам совбаккхар. Ша лелочу гIуллакхашкахула шена совгIат дарх ваьлла а ца Iаш, сийзазваккхар догIур ду цунна. ЛадогIийша, хIун боху Дала пайхамарехула:

> Цул тӀаьхьа цу стага элира: «Исраилан халкъан Дала аьлла дара: «Хьан цӀа а, хьан ден цӀа а массо а хенахь Сан бӀаьргашна хьалха гӀуллакх деш хир ду». Амма хӀинца Везачу Эло боху: «Иза иштта хир дац! Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цӀе сийсаза йоккхуш верг юьхьӀаьржачу а хӀуттур ву. ТӀейогӀур ю Аса хьан массо а тӀаьхье хӀаллакьен йолу зама. Хьан доьзалера цхьа а стаг къанло хан тӀекхаччалц вехар вац. Исраилан мохк толуш дӀагӀур бу, амма хьуна гун дерш хьан доьзале кхочун долу вонаш ду. Хьан доьзалхойх цхьа а къанвелла лийр вац. Сайн кхерчан уллора массо а дӀавоккхур вац Аса. Цхьаъ вуьтур ву Аса цуьнан бӀаьргаш бӀарзадаллалц, цуьнан гӀора дӀадаллалц. Хьан мел йолу тӀаьхье гӀеметтахӀоьттинчу хенахь лийр ю. Аса билгало йоуьйтур ю хьуна и зама тӀекхаьчнийла хоуьйтуш: хьан ший а кӀант, Хьапни а, Пайнехьас а, цхьана дийнахь лийр ву. Аса Сайна тешаме динан да дӀахӀоттор ву: цо Сан даге хьаьжжина, Аса ма-бохху гӀуллакх дийр ду. Аса цуьнан тайпа ницкъ болуш хуьлуьйтур ду. Цо, ша мел веха, Аса хаьржинчу паччахьан гӀуллакх а дийр ду. Хьан цӀийнах мел виснарг цунна корта тоха вогӀур ву, жимма ахча я баьпкан дакъа ло бохуш. Цара цуьнга дехар дийр ду: «Динан дас беш болу муьлхха а болх лохьа суна, сайна сискал яккхархьама», – бохуш».
>
> – Паччахьаллех лаьцна хьалхара тептар 2:30-36
> (вайн заманан гочдар)

Дала аьлла, Ша тешаме волу динан да хӀоттор ву, Далла муьтӀахьхилар шена я адамашна тамехь дерг дарал лакхара хетар долу. Иза ду билггал бакъдолу сийдар. Эли-ЯхӀун меттана хӀоттийначу оцу динан дена хир долу совгӀат дара, цо а, цуьнан тӀаьхьено а цкъа а дуьтур дац шайн даржехь хилар а, тӀех декъала а бийр бу уьш.

## ИбрахӀиман сий дар

ИбрахӀима къаьсттинчу кепара сий дира Делан. КӀант Исхьакх лараме меттиг дӀалоцуш вара цуьнан дахарехь. Цунна иза массо хӀуманал а, массарел а дукхавезара. Амма цхьана буса Дела веара цунна дуьхьал, ИбрахӀимна шен кӀантал Ша лараме хетар тӀе а дуьллуш. Везачу Дала Исхьакх сагӀина дӀавалар дийхира ИбрахӀиме. ИбрахӀиман даг чу тесначу воьхна хьовзарх кхетар дарий-те шу? ИбрахӀиман даг чу тосун долчух,

уггар хала хIума дара иза. Шен долахь мел дерг а дIадала атта хир дара цунна, шен кIант дIалучул, цунах шен тIаьхье хин йолу. Делахь а ИбрахIима динарг кхоччуш кхечу тайпана дара, Iелас динчуьнга хьаьжча. «Iуьйранна хьалхxе хьала а гIаьттина…» (Дол. 22:3, вайн заманан гочдар). Цо дIа ца теттира и гIуллакх, шолгIачу дийнахь сатосуш, Везачу Эло шена тIедиллинарг кхочушдан вахара ИбрахIим.

Шена тIедиллинарг кхочушдан кийчча хиларца Делан сий дира ИбрахIима. Цундела Малико кхайкхам бира цуьнга, иза саца а веш: «Ма велахь кIант, цунна зе ма делахь. ХIинца го Суна, хьо Дела лоруш а, Цунна муьтIахь а вуйла. Суна го хьайн цхьаъ бен воцу кIант Сан дуьхьа ахьа ца кхоор» (Дол. 22:12). Юха а юхаэр ду ас, билггал бакъдолу сий дар – иза дезачу кхерараан стом бу. ХIинца хьовсур вай, Везачу Эле лаккхара ларам хилар гайтарна, хIун совгIат схьаийцира ИбрахIима:

> Юха а ИбрахIиме стигалара кхайкхира Везачу Элан Малик:
> «Сайх дуй буу Ас, – боху Везачу Эло, – Сан дуьхьа хьайн цхьаъ
> бен воцу кIант ца кхоош, ахьа иза дарна, декъалвийр ву Ас
> хьо. Стигалахь долу седарчий санна, хIордан йистехь йолу гIум
> санна, дукха тIаьхье лур ю Ас хьуна».
>
> – Дол. 22:15-18

Диц ма делаш, сий даро гуттара а совгIат дохьуш хилар, хулийла иза дуьххьал дIа аша Делан сий дарехула, я кхечу тайпана, цунна гIуллакх деш болчаьргахула.

## Мусан нийса боцу харжам

ХIара кхин а цхьа масалла ду, адам Везачу Эланал сов ларар бахьанехь массо а хIуманах валаза висинчу стагах лаьцна. И стаг – Муса ву. Цуьнан гIалат даккхийчех дара. Дела чIогIа оьгIазваханера Мусана, цуьнан дахаран серло дIаяйаза йиссал. Вай доьшу: «Новкъахь дIавоьдуш, Муса буьйса яккха сецира. Цунна тIевеанчу Везачу Элана иза вен дагадеара» (Арад. 4:24, вайн заманан гочдар).

Цунах лаьцна кхидIа дийцале, хиллачух кхетор дара аса шу. Веза Эла оццу хенахь йогучу коьллана юкъахь гучуваьллера Мусана. Цо Мусага дIахьедира Исраилан халкъ Мисар-махкара арадаккха Ша иза хаьржина хилар. Муса лома тIера охьа а веана, шен зуда, бераш схьа а эцна, Мисар-

махка ваха новкъавелира, Дала шена тӀедиллинарг кхочушдархьама. Ткъа цул тӀаьхьа хӀун хуьлу? ЦӀеххьана Хьадолчо, Шен халкъ кӀелхьардаккха тӀедиллина верг хӀаллаквийр вара-ткъа? Дела хӀун – телхина-м вац? Вац, эзарза а вац! Ткъа хӀун дара те цигахь хилларг? Хилларг хӀара дара.

Кхоллархо дуьхьал а кхетта, Муса лома тӀера охьавоьссича, цунна дуьххьара дуьхьала кхеттарг цуьнан зуда яра. Цунна хааделла хила тарло, Мусаца цхьа доккха хӀума хилла хилар, цо иза хатта а хотту цуьнга. Суна сурт хӀотталур дара цара вовшашка аьллачун.

«Хьоменаг! – олу Мусас. – Суна Дела дуьхьалхӀоьттира, Мисар-махка юха а верзий, Сан халкъ пирӀунан лоллера кӀелхьардаккха, элира Цо соьга. Вай оццул дукха шех лаьцна дийцина волу кӀелхьардохург со ву-кх, доцца аьлча».

Цуьнан зудчо Ципарас жоп делира: «Ма тамашийна хӀума ду иза. Со хьоьца дӀайогӀу, хьоменаг. Новкъа маца девр ду вай?»

Мусас жоп делира: «Цу сохьтта. Амма цкъа хьалха вай цхьа хӀума кхочушдан деза. Лома тӀехь Дала Ша ИбрахӀиме дина ваӀда дӀадиллира суна. Цо вайн ши кӀант сунт ве аьлла соьга».

Цо жоп делира: «Дика ду, тӀаккха уггар воккхачу ГӀиршонна тӀера дӀа доладей вай». ТӀаккха Ципара хьоьжура Мусас шен воккхаха волу кӀант сунт варе.

Оццу меттехь соцур вай. Цхьа хӀума дийций аса шуна. Суна гинера сайн кхоалгӀа кӀант сунт веш. И гӀуллакх дӀадоладале лоьро хаам бира тхоьга, доьхна ма хьийзалаш аьлла. Лоьро сунт веш, суна гира, Алика шен гӀора ма-дду мохь хьакхар. Суна хала дара цуьнан и лазам гар.

ХӀинца Ципарина хеттачуьнга хьовсий вай. Цунна гора шен воккхаха волу кӀант лазаро хьийзош, мохь хьоькхуш, вегош хилар. Иза кхерало. Муха далоте шен майрачунна цу тайпана дерг шена дукхавезачу кӀантана? Ша маре яхана стаг ван а вуй те иза? ХӀун хилла те цуьнна оцу лома тӀехь? Оццул цӀий Ӏанор дезаш, къиза а ву-теша цунна дуьхьал веана хилла волу Дела?

Иштта, нана сеца ца ло. Иза Мусана а, церан жимаха волчу кӀантана, ЭлиӀезарна а юккъе дӀахӀутту. Ша дуьхьалъялар а гойтуш, «куьйгаш хаьнна тӀе» а дуьллий, когаш шуьйрра дӀаса а бохкий, шен доллучу дегӀаца: «цхьа ког а ма баккха» - бохург гойту цо. Цо дӀахьедо: «Ахьа кхин цкъа а дийр дац иза. И сан бер ду! Тоьар ду суна, ахьа оццул къизаллица хьийза а веш, нийсо ца лелор ГӀиршонца. Хьо хӀун майра ву?!»

Сайна хьалха сурт хӀоттор дара аса, цу шиннан барт бохаран. Цо

къуьйсу, тIаккха мохь хьoькху, Мусана кхерамаш а туьйсуш. Церан къийсам дийнахь сарралц льатта, буьйса а тIейогIу. ТIаккха шолгIа де тIехIутту. Юург йина яц, кхерамаш тийсар чIагIлуш льатта. Муса кIадло и бахьанехь, иза цкъа а чекхдер дац аьлла хета цунна.

Эххар а, Мусана кIордадо цуьнан зудчун дуьхьалъялар, цундела цунна хета: «Со кIадвелла девнаш дан. Аса доккха маьIна долу гIуллакх кхочушдан деза. Со динна цхьа халкъ кIелхьардаккха кхайкхина ву. Иза кхочушдан хан тIекхаьчна». Цундела, юха а волий, цо олу зудчуьнга: «Дика ду, новкъа довлу вай».

Мисар-махка уьш дIабоьлхуш, Веза Эла церан четаран улло вогIу, Муса верхьама, цо шен зудчун ларам бар, Шега хила беза чул, лакхара лararна. Дала магор дац Ша къастийначу халкъан куьйгаллехь волчу стага иза дар. Муса вен а вийна, кхинаг карор ву Цо. Амма зудчо, шен майрачуьнца Мусаца хиндолчух ма-кхетта, сихха ойла а йой, кIант сунтво. Вай кхидIа а йоьшу: «ТIаккха Ципарас, тIулгах дина урс схьа а эцна, шен кIант сунтвира. Схьахадийна чкъор Мусан когех а хьаькхна, цо элира: «Ас и цIий Iанийна, цундела сан майра волу хьо соьца уьйр йолуш ву» (Арад. 4:25, шордина гочдар).

Цо и ма-диннехь, «Везачу Эло и шиъ шаьш дитира» (Арад. 4:26, вайн заманан гочдар).

Цкъа аса доIа деш, Дала соьга хаьттира: «Со Муса верхьама я цуьнан зуда ерхьама веанера?»

«Муса», – дара аса делла хьекъале жоп.

ТIаккха Везачу Эло элира соьга: «Иза иштта ду, хIунда аьлча Аса Мусана тIе диллинера шен кIентий сунтбар, иза доьзалан да волу дела, ткъа цо шен зудчо бохург лакхара лерира, Аса аьлла чул. Жоьпалла цунна тIехь дара». Цу тайпана Дала гайтира суна, мел лараме ду шен олаллехь болчарна тамехь дерг дархьама, ша билггал дан дезачух юха ца валар, бохург.

Муса машар ларбийриг санна лелаш вара, и машар бийриг а воцуш. Iийсас ца аьлла: «Декъала бу машар ларбийраш» (хь. Мат. 5:9). Цо аьлла: «Декъалбина бу нахана юкъахь машаре гIуллакх лелораш». Машар ларбийриг – иза ша билггал дан дезачух юхаволуш верг ву, харцмашар бархьама. Лидерш атта дIалоцийла ду оцу речIано. Билггал аьлча и бохург ду, ваьшна гуш волчун вай сий дар, ткъа гуш воцучун ца дар. Цу тайпана лелар бIаьрга дан а ца деза Везачу Далла.

Кхечу агIор схьаэцча, машар ларбечо дуьхьало йо, шена лиъча. Цу

бахьанехь Iийсас боху: «Нах чекхбохучу Яхьъян заманера дуьйна таханлерачу денна тIекхаччалц стигалийн Олалла, яккхий гIулчаш йохуш, дIадоьдуш ду, ницкъ беш берш иза сацо гIерташ белахь а» (Мат. 11:12, шордина гочдар). Делан пачхьалкх – машар бу (хь. Рим. 14:7). Билггал бакъболу машар хилархьама, наггахь вайн харц долчунна дуьхьалдевлла латта деза.

Гуттара санна машар ларбечийн шаьш шайна деза хьашташ хуьлу. Царна шаьш шайна бIегIийла хетачу меттера дIабовла ца лаьа я шайна хуьлу пайда беза царна, шаьш дуьхьалбовла безачаьргара шайна хин болу. Масала, Iела а, цуьнан кIентий а санна.

Схьахетарехь, шеца и меттиг хиллачул тIаьхьа, Муса Iеминера, кхин цкъа а юха ца вала, кхечунна тамехь дерг дархьама. Билггал аьлча, Далла гIуллакх дечу волавалрехь цунах даьлла гIалат, цхьа билгало хиларан, Iамар хиларан, шена хетачунна тIехь чIагIо йолуш латта везаран а цхьа киртиг санна хилла хир ду Мусана. Iела кхинтайпана вара. Иза, Муса санна, керла а, хIиинцца дIахIоьттина а баьчча вацара, зевелла ветеран вара. Цунна билггал хаьара ша дан дезарг. Муса, дуьххьалдIа а волуш, дика майра хила гIертара. Иза даггара вара, амма даггара бакъ вацара.

## Доьзал

Нагахь аса кху коьртехь далийначу дерриге масаллашка шу леррина хьовсахь, шун тидам хир бу, и дерриг а доьзалан юкъахь хилла хиларан. Iелин, ИбрахIиман берашца доьзна, Мусан цуьнан зудчуьнца доьзна. Iийсан цу хаттарна долу дешнаш цхьа маьIна долуш дара:

> «Ма мотталаш Со машар бахьаш веана дуьнен чу. Со машар бахьаш ца веана «кIант дена дуьхьал ваккха, йоI – нанна дуьхьал, нус – марнанна дуьхьал яккха. Шен цIа чохь берш хир бу стагана мостагIий». Шен дай-наний Сол дукха дезаш верг Соьца хила хьакъ долуш вац. Шен йоI я кIант Сол дукхах дезаш верг а вац Соьца хила хьакъ долуш».
>
> – Инжилан Маттайс дIаяздина дакъа 10:34-37
> (къовлашкара дешнаш авторан)

Делан лаамехь дерг вай юхататтахь, кхечеран сий дархьама, ур-атталла уьш вайн доьзалера белахь а, вай Далла гергахь къа латадо. Со тешна ву, иза ларамe дерг ду бохучух шу кхеташ хиларх. Iийсас оцу аята

тIехь аьлла дешнаш дуьххьалдIа а, чIагIо йолуш а ду. ХIунда ду? Цунна догIу жоп вайна го лакххахь далийначу масаллашкахь. Доьзал бахьанехь догIуш долчу таIзарх волийла дацара Iелин. Шен кIентий Дела лоручул цо лакхара ларарх, беза мах бала дийзира цо.

Аса цунах – сий даран нийса баланс хIоттор олу. ХIокху книгин тIехь сий дар лараме хилар тIе тидам бахийтинера аса, амма цхьаннан сий дар Везачу Элан сий дарал совдаккхар сий ца даран билгало ю я цIу-деланийн ларам бар ду, ткъа цуьнан тIаьхье дукхахьолахь зуламе хуьлу. Цхьана а хIуман, я цхьана а адаман сий дар, Делан сий дарал сов дала ца деза. Иза вайн Веза Эла а, Паччахь а, вайн КIелхьардохург а ву. Иза гуттара а дагахь латто деза вай.

## МуьтIахь хиларехула гайтина сий дар

Дезачу Йозанаш тIехь кхин а дуккха масаллаш ду, адамаш ларар Делан сий дарал лакха доккхуш хилар гойтуш долу. Цуьнан тIаьхье гуттара а белхаме хуьлура. Вукху агIор, массо а адаман сий дар гуттара а дикане доьрзу.

Сулим-паччахьах а, кхиболчу паччахьех а лаьцна долчу тептар тIехь къоначу а, воккхачу а пайхамарех лаьцна, дог-ойла меттахIоттош долу цхьа масалла ду. ЯхIуд-махкара цхьана къоначу пайхамарна тIедиллира, Бетал-гIала а вахана, цигахь ЯрбаIам-паччахьо сагIа доккхучу кхерчана дуьхьал кхайкхам бар. Иза, муьтIахь а хилла, вахара, тIаккха Дала, и кхерч шина декъе а бекъна, юкъ дIасаяьржира. Дерриг а, оцу къоначу пайхамаро ма-аллара, хилира.

ЯрбаIам-паччахь цецваьллера шен куьг тодеш долу Делан Дош оццул сиха кхочушхиларх а, Делан ницкъах. Цундела паччахьо и къона пайхамар шен паччахьан цIа чу кхайкхира, цуьнга садаIийтархьама а, цунна догIург дIадалархьама а. Цунна дуьхьал къоначу пайхамаро жоп делира: «Ахь хьайн бахамах ахдакъа делча а, вогIур вац со хьоьца. Аса бепиг а дуур дац, хи а мер дац хIокху меттехь, хIунда аьлча Везачу Эло тIедиллна суна: «Бепиг а ма даалахь, хи а ма малалахь эццахь, хьо дIаваханчу новкъахула юха а ма верзалахь», – аьлла» (Сул. 13:8-9).

Иштта, иза кхечу некъа тIе а ваьлла, ЯхIуд-махка юхавирзира. Ткъа новкъахь воккха пайхамар дуьхьалкхийтира цунна, цо шен цIа чу кхайкхира иза юург яа. Къоначу пайхамаро юха а шена Дала тIе ма-диллара жоп делира, ша юург а юур яц, хи а мер дац, оццу некъахула юха

а воьрзур вац ша, аьлла. ХIетте а, воккхачу пайхамаро аз айдеш элира: «Со а ву хьо санна пайхамар. Везачу Элан омрица цхьана малико соьга аьлла: «Хьайн цIа юхаверзаве иза. Цуьнга бепиг а даийта, хи а малийта». Амма пайхамаро аьлларг харцдерг дара» (Сул. 13:18).

Къоначу пайхамаро ларам бира воккхачу пайхамаро аьллачун, иза вахара цуьнан цIа. ЦIа чохь стола гонаха уьш хевшина болуш, къоначу пайхамарна Везачу Элера долу дош деара, хьо муьтIахь ца хиларна, хьан дакъа хьан дайн къубба чу дуьллур дац. ЯхIуд-махка ваха новкъа ваьллачу къоначу пайхамарна шена тIе тасаделла лом гира. Амма лоьмо я цуьнан дегI ца диира, я цуьнан вир ца йиира. Воккхачу пайхамара и къонах велла хилар шена хиъча, элира: «Везачу Элан дашна дуьхьало йина волу Делан стаг ву иза. Везачу Эло лоьман кара дIавелира иза. Везачу Эло цуьнга аьлла ма-хиллара, лоьмо, цеста а цестина, иза вийра» (Сул. 13:26).

Къоначу пайхамаро ларам бинера воккхачу пайхамаран. Тешна, баккхийчаьрга болу ларам жимчохь дуьйна а хилла хир бу цуьнан. Иза тешна вара, Далла гIуллакх деш волчу стеган ларам бар, Делан сий дарал а лакхара хила деза шен, аьлла, иза нийса ду бохург а хеташ. Амма оцу тIехь нийса йолу баланс хила еза. Валаре далийна долу къоначу пайхамаран гIалат, цо оцу воккхачу пайхамара аьлла дешнийн лакхара мах хадорца доьзна дара, Везачу Эло аьллачу дешнел. И бахьанехь шен дахарх велира иза.

Керлачу Весет тIера масал Кипин дахарехь карадо вайна.

Векало ПахIала яздо:

> «Ткъа Кипа Антиох-гIала веанчу хенахь, иза суна юхь-дуьхьал волуш, со дуьхьалвелира цунна, и бехке волу дела. ХIунда аьлча, Якъуб волчуьра цхьаболу нах схьабахкале, Кипас яахIума йоура кхечу къомах сунтбаза болчу нахаца цхьаьна. Ткъа Якъуб волчуьра и сунтбина болу нах баьхкича, царах ийзалуш, иза юьстахвуьйлура. Цуьнца цхьаьна кхиболу жуьгтий а буьйлабелира моттаргIанаш ян. Цундела ур-атталла Бар-Нааба а дIакхийтира моттаргIанаш лелочарех».
>
> – Галатахошка дахьийтар 2:11 - 13
> (вайн заманан гочдар)

Хьалха паргIат Iийсах тешар доцучу нахаца цхьаьна юург йоуш Iаш болу Кипа а, Бар-Нааб а, кхиболу тешар долу яхIудхой а юха хIунда бевлира-те? Жоп гуш ду: цара билггал бакъдолчул шайн накъостийн

сий дира, тIаккха оцу агIоно церан даг чу кхерам а, шалхалла а тесира. Билггал бакъдерг дIадиллинера Кипина Яппи-гIалахь дуьхьал сурт хIотторца. Везачу Эло цуьнга аьлла дешнаш иштта дара: «Дала магийтина хIума хьарам ма хета» (Век. 10:15).

Юха а, кхин цкъа эр ду аса, со тешна ву, наггахь ваьшна гуш волчун сий дан аттахо хуьлу вайна, гуш воцучу Везачу Элан сий дечул. Делахь а, иза иштта хила ца деза. Вайна хетачунна доза хIотто деза вай вайн дахарехь. Иза ду, нагахь вайна дезачу а, вай ларам бечу а адамаша, вайна махаъара Дезачу Йозанаша магош доццушехь, цхьа хIума дарна тIе а далош, дехар дича, вайн йиш яц Дала бохучунна тIех а девлла, уьш лапарца церан лаам кхочушбан.

## Ларам барх юхаозадалар

Ларам барх юхаозаваларан хан тIейогIуш хилар а догIу. Иза, наггахь бен хуьлуш дацахь а, къила ца дахархьама оьшу. Вай йоьшу:

> Аьхка диллина ло а, ялта чудерзочу хенахь догIу догIа а санна
> товш доцуш хуьлу (шех бIобулучу) сонтачун сий дар.
>
> – Кицанаш 26:1 (шордина гочдар)

> Сонтачун сий дар ширдолагца тIулг дIабехкар санна ду.
>
> – Кицанаш 26:8

Ширдолаган юккъе беза тIулг биллар, ша шена зен дар санна ду. Дахарехь муха хуьлу иза? Цкъа хьалха сонтаниг мила ву бохучуьнга хьовсур ду вай. Иза шен даг чохь, Дела вац бохург (хь. Забур 53:1), эладита дIасадаржош верг а (хь. Киц. 10:18), зуламе дерг дарх воккхавуьйш верг (хь.Киц.I0:23), шен некъ бен нийса бац, аьлла хетарг (Киц. 12:15), бага кураллех юзарна таIзар деш йолу гIаж ерг (хь. Киц. 14:3), ша-шех тешна хиларца, шена до хьехар, хьекъалалла, хаарш юхатоттуш верг ву (Киц. 15:5, 18:2). Уьш сонтачийн амалехь хуьлучух Дезачу Йозанаш тIехь далийна масех масалла ду. Доцца аьлча, Керлачу Весетехь шех Даджал олуш верг ву, хIунда аьлча иза дуьззина Дала леррина къобалвинчу Iийсан некъана а, хааршна а дуьхьал верг ву.

Вай цу тайпана сонталла йолу стаг ларарехула, ваьшна зе до. Ширдолагца кхоьссина тIулг вайгахьа юхабоьрзур бу, вайна тохар а хуьлуш. Яхьъяс кхеттош яздо цунах лаьцна шен шолгIачу Дахьийтар тIехь:

> Нагахь шеца и хьехамаш а боцуш, ткъа кхин хьехамаш бахьаш цхьаъ шу долчу вагlахь, аша цlа чу а ма вита иза, цуьнга маршалла а ма хатта. Хlунда аьлча цуьнга маршалла хоттуш верг цуьнан зуламечу гlуллакхийн декъашхо хуьлу.
>
> – Яхьъян шолгlа дахьийтар 10, 11

Сонта ду Дала леррина Къобалвинчун хьехамашца догlуш доцучу тайпана лелар а, тешар а долчун сий дар. Иштта лелачо церан къинехь дакъа лоцу.

## Сий дар тlе дар

Эххар а, аса хьалха ма-аллара, Делан Йозанаша ца хьоьху вайна шен сий дар тlедиллар. Нагахь майрачо, сий дарх лаьцна хьехам а хезна, цlа веача шен зудчунна а, берашна а шен сий дар тlедожадахь, иза ца кхетта оцу хьехаман маьlнах. И чlагlдар билггал догlу олалла даран кхечу агlонашна а. Вукху агlор, Дезачу Йозанаша дуьйцу вешан дахарехь вешан сий дар хилийтархьама, вай дан дезарг.

> Хьекъалалла а, кхетам хилар а лаха. Ас бохург диц ма де, цунна тlера а ма вала. Хьекъалаллина букъ ма берзабе, тlаккха цо хьо ларвийр ву. Хьекъалалла дезаш а хила, цо lуналла дийр ду хьуна. Уггар а коьртаниг хьекъалалла ду хьуна. Цундела иза лаха хьажа. Хlуъа а хьо лаха гlортахь – хьекъал каро гlорта. Хьекъалаллин лаккхара мах хадо хьажа, цо лакхавоккхур ву хьо. Хьо цуьнца хилахь, цо хьан сий хьалаойур ду.
>
> – Кицанаш 4:5-8 (курсив авторан)

Шу хьекъалаллех дlатасалахь, шуна сий дар а догlур ду. Хьекъалаллин доладалар – Делах кхерар ду. Вайн Везачу Элах кхерар хилча, вайн тешар а хуьлу, дахаран ерриг агlонна тlехь Делан Дашна муьтlахь а хуьлу вай. Вайна чохь Цуьнан дерриг весеташ а, тlедилларш а кхочушдан лаам кхоллало. Цхьацца долчу адамаша шайна са ер йолчу а, пайденна долчу а агlор ерзайо Дезачу Йозанийн цхьайолу меттигаш. Цундела Делан Йозанаш шаьш доьшуш, цара шайна теша луург доьшу, шаьш доьшучух тешар хуьлчу меттана. Хьалхарниг – пуьташ бу, тlаьхьарниг – Везачу Элах кхерар ду, хьекъалалла хиларе далош долу.

Бакъонца даха лаам хиларе а гIерташ, къинхетаме а, Везачу Элана муьтIахь хиларца а лела гIерта адамаш сихо догIу шайн къиношна дохкодовларе а, тешар хиларе а. Шаьш нисдар тIеоьцу цара. Вайга боху: «ЮьхьIаьржо а, къоьлла а хир ю тIехтохам тIе ца оьцучу стагехь, амма ша нисвойтуш волчу стеган сий хир ду» (Киц. 13:18). ЮьхьIаьржонна дуьхьал дерг – сий хилар ду. Шаьш нисдар тIе ца эцарехула, сийсаза довлар тIедоуьйтур ду аша. Шайна аьтто бохьург, тамехь дерг а дезачул, билггал бакъдерг дезаро шун сий дар дохьур ду шуна.

Дерриг а кху тIе гуллуш ду: «Кхечарал ша лахара а хеташ, Везачу Эле болчу ларамах стаг вуьзна велахь, цунна хьал хилар а, сий дар а, дика дахар хилар а хуьлуьйтур ду» (Киц. 22:4). Дала шун сий дар доуьйтур ду аьлла, аша бакъхьаралла лехахь. Иза сихха ца дан а там бу, амма билггал догIур ду. Ткъе пхеа шарал сов Далла лерина гIуллакх дечу ханна, Делан декъалаллаш долуш деха адамаш гинера суна. Царах цхьаболчарна шайн тешаме хиларна догIург хир а дац моьттура наггахь, амма собаре хиларехула эххар а шайн доккха сий дар а, дийна волчу Делан декъалаллаш тIедар а гира царна.

## Ларам ларбар

Вешан сий дар а долуш кхидIа дахархьама, синошца муьтIахь хилар хила деза вайн. Коьрта дерг дац, мел даккхийн декъалаллаш хуьлу вайна Делера бохург, дагахь латто дезарг ду, вайна Дала делларг доцург вешан хIумма а ца хилар. Аса а, Лизас а тхешан Далла лерина гIуллакх дар долош, тхан хIумма а дацара, цхьаммо а кхайкха а ца кхойкхура тхо. Оха сацам бира тхешан дахар кхоччуш Везачу Эло тхайна дIадоьллун долчунна дIадала. Дуккха а шерашкахь Везачу Эло тхан хьашташ кхочуш дар тхуна гича, наггахь-м иза уггар а тIаьххарчу минотехь а хуьлуш, Цо доIанна тIехь элира сан даг чу: «КIант, хьуна моьттучул а сов хьо а, хьан доьзал а, ахьа деш долу гIуллакх а декъалдан воллу Со. Хьан оьшуш мел дерг хир ду, ахьа деш долу гIуллакх дуккха а кхиаме хир ду. Амма цуьнгахула хьо зер хир ду. Хьо эшамехь волчу хенахь, хьо массо а хIуманна тIехь Сох тешна вара: айхьа хIун ала деза а, ахча муха дайа деза а, мича ваха веза а бохучу а, иштта кхечу хIуманна тIехь а. Аса хьо тIехдаккхарца декъалвича, ахьа хьайгара дерг дуьйцур ду те, я айхьа хIун дийца деза хаархьама, Со лоьхур ву те? Ахча хьайна хеттачу агIор дойур ду те ахьа, я Соьгара болу хьехам лоьхур бу те? Лоьхур вуй те ахьа Со, айхьа хIун дан деза, я хIун дан ца деза бохучу агIор? Айхьа стенна тIера

дӀадолийнера бохург дагахь лаьттар дуй те хьуна?

ТӀаккха Цо кхидӀа а элира: «КӀант, дукхаха болчеран эгар уьш токхенехь болуш хилира, уьш эшамехь болуш а доцуш».

Суна дагадогӀу со цӀа а вахана (тхайн цӀенна гена доцуш вара со), аса сайн зудчуьнга дийцира сайна хезнарг. Сан зудчо леррина соьга а хьаьжна элира: «Джон, нагахь ахьа соьга, хьалхара, вай декъалдийр ду боху дакъа а дийцина, дитинехьара, со халхаер яра дукха хазахетарна, амма Дала дина дӀахьедар хезна чул тӀаьхьа, суна тӀе лараме долу кхерар деана».

Ас корта таӀийра, цо аьллачунна тӀе а товш.

ПахӀала ша мел веха, шех лаьцна «векалшна юкъахь уггар а кӀезиг верг», «массо а бакъхьарачех кӀезиг верг», «къилахь болчех уггар хьалхарниг» ву олура. Цунна диц ца лора, ша мичара схьаваьлла бохург а, шен долахь мел дерг а цунна Везачу Эло делла» боху и билгал бакъдерг а». И бахьанехь цо яздина: «Кхечарал ша лахара а хеташ, Везачу Эле болчу ларамах стаг вуьзна велахь, цунна хьал хилар а, сий дар а, дика дахар а хуьлуьйтур ду» (1 Кор. 4:7). Далла муьтӀахь а долуш вай даьхча, вай къахьегнарг эрна довр дац. ДагайогӀий шуна Дезачу Йозанаш тӀера йолу вай кху книгин тӀехь хьевсина хьалхара меттиг: «Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш» (2 Яхь. 8). Вай къахьегначух хуьлуш болу стом ларбан вайна гӀо дархьама, иштта хьехам белла:

> Ша кхечарал лакхара хеташ верг лохха хӀоттор ву, ткъа эсала са долчун сий хир ду».
>
> – Кицанаш 29:23 (курсив авторан)

Тидам белаш «ларбан» бохучу дашан. Вай лар а дийр ду сий дар, иза совдаккхаре терра, нагахь Везачу Элах кхерар долуш, билггал бакъдолчу муьтӀахь хиларца вай дахахь. Цкъа а диц ма делаш, мел ницкъ болуш ду валар, Ӏийсас вай шех паргӀатдаьхна долу. Иштта, Цуьнан безам биц ма белаш, хӀора шайца уьйр тасаеллачу стеган ларам а белаш. Шен дахар дӀадаларца, Ӏийсас церан сий даре терра, аша а сий де церан. ТӀаккха шуна а шайн сий дар догӀур ду, шуна совгӀат а хир ду, шайна делларг лар а дийр ду аша.

Делан Йозанийн ингалс гочдарехь: лардо. – Билгалдаккхар гочдархочун.

## Чаккхе

Вай дуккхазза а тIе таIIорца билгалдаьккхира, билггал бакъ долу сий дар даг чуьра схьа хуьлу, аьлла. Вайн дог хийцадаларе далорна гIо ден долчех цхьа агIо ю – даггара доIа дар. Аса иркарахIиттадо шу шун дегнаш чохь даим а хила безачу Делан безамах, сийлахьчу кхерамах, сий дарх лаьцна хIора дийнахь аша доIанаш даре. Шун дахарехь Дала луш долчу адамашка билггал бакъболу ларам шун дегнаш чохь хилийтархьама, доIа дарца чекхъяккха лаьа суна хIара книга, ткъа шун дахарехь стом лун долчу дIахьедаран чакхе а хир яц. Нагахь кхечеран ларам бар аша юхатоттуш хиллехь, дохковаларан доIанна тIера дIадолор ду аса. Цхьаьна доIа дей вай:

*«Стиглашкара Да, со баркалле ву хьуна, Ахьа кху книгехула сан даг чу аьллачунна. Со Хьуна тIе вогIу цкъа дуьххьара Ахьа гечдар доьхуш. Доьху Хьоьга, гечдехьа суна Ахьа сан дахарехь деллачу адамашка со тидаме ца хиларна. Гечдехьа суна, сайна тIехь урхалла дечаьрга сан ларам ца хиларна а, гечдехьа суна суо санна болчу нисаршка сан ларам ца хиларна а, сан урхаллехь болчаьрга ларам сан ца хиларна а, эххар а, сан дахарехь нисбеллачу массо а божаршка, зударшка а иза ца хиларна. Аса доьху Хьоьга цIанвехьа со Дала леррина къобалвинчу Iийсан цIийца, хIунда аьлча со дохковаьлла, адамашца со тидаме ца хиларна.*

*Аса доьху Хьоьга, билггал бакъдолчу сий дарх дузахь сан дог а, сан са а. Суна лаьа, Везачу Элах кхерар а, Делера болу безам а сан даг чохь кхоллабалар. Аса доьху Хьоьга сан даг чохь цIе латаехьа, Хьан дагна а ма-лаъара божарий, зударий маьIне а, ларамe а, безаме а, сий долуш а суна хетийтархьама. Аса тешарца доьху иза, хIинццехь тIе а оьцу. Аса и дерриг а Iийсан дуьхьа доьху. Амин».*

ХIора дийнахь доIа делаш иштттачу дешнашца, Делан Дашо бохучунна муьтIахь хилалаш, шаьш Стигланийн Олаллин даккхий векалш хиларан тидам белаш. Шуна хин долу совгIат доккха хир ду, шуна хазахетар а, дегнаш дузар а хаалур ду. Баркалла ду шуна шун безам хиларна а, Паччахьна лерина гIуллакх аша дарна а.

Шу охьаэгарх лардан а, цӀена а долуш, доккхачу хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хӀотто а ницкъ бу Делан. Цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вай кӀелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, ницкъ а, олалла а хуьлийла, азаллера дуьйна а, хӀинца а, абаденналц а. Амин.

– ЯхӀудан дахьийтар 1:24, 25

## ЮХХЕДИЛЛАР

# ХIОРАННАН А ТIЕКХОЧИЙЛА ДОЛУ, КIЕЛХЬАРДОВЛАР

> «Iийса Веза Эла ву!» – бохург хьайн баганца ахь къобалдахь, Дала Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара тешахь, хьо кIелхьарваьkkхина хир ву. ХIунда аьлча даггарчу тешаро стаг Далла хьалха бакъвина хиларна тIевалаво, ткъа баганца къобалдаро стаг кIелхьарваьkkхина хиларна тIевалаво».
>
> – Римхошка 10:9-10

Далла шун кхачаме дахар хила лаьа. Цунна шу доллучу дагца деза, тIаккха Цуьнан шун дахарна Iалашо а ю. Амма шен кхолламе некъ харжаран цхьаъ бен кеп яц – Делан КIант волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула кIелхьардовлар тIеэцар.

Iийсан валарехула а, денваларехула а Дала хьуна, Шен безамечу кIантана я йоIана, Цуьнан Пачхьалкхе некъ биллина. Дала леррина Къобалвинчун жIара тIехь даьkkхинчу сагIин бахьанехь шун абаде шортонан дахаре тIекхочийла ду. КIелхьардовлар – иза Делан совгIат ду шуна, иза даккхийла долуш я хьакъ долуш хуьлийла дац.

И мехала совгIат хилархьама, шу шайн къинна къера хила деза, шаьш шайн дахаран Кхоллархочух доьзна доцуш дехаш хилла хиларна (иза, аша мацца а кхочушдинчу дерриге а къинойн, орам болу дела). Дохкодовлар — кIелхьардовлар тIеэцаран лараме дакъа ду. Кипас къаьстташ аьлла цунах лаьцна, Векалийн гIуллакхаш книги тIехь, пхи эзар стаг кIелхьарваьллачу, дийнахь: «ХIинца, шаьш лелийначунна дохко

а довлий, Далла тIедерза, шайн къинош дIадахийтархьама» (Векалийн 3:19). Дезачу Йозанаша боху, вайх хIорра а къинан лай волуш дуьнен чу ваьлла. И лолла шайн орамашца, шайна луъучун а, лацадогIаран а юьхьиг дIайолийначу, Адаман къине дIадоьдуш ду. Дохкодовлар – иза, шу шайна а, харцонан дена иблисана а муьтIахьхилар саца а дина, тIаккха хIинца дуьйна дIа шайн керлачу Олахочунна, Дала леррина къобалвинчу Iийсана — шайна тIера Шен дахар дIаделла волчунна, муьтIахь хирг хиларан маьIна долу, харжам бу.

Аша шаьш Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь дан деза, Цунах шайн Олахо ван веза, шайн доларчу дахарна тIера олалла Цунна дIадала деза (шайн дух а, са а, дегI а Цунна муьтIахь дан деза), дерриг шаьш а, шайн долахь дерг а дIадаларца. Цуьнан олалла шун дахарна тIехь дуьззина хилла дIахIутту. Аша и динчу муьрехь, Дала шу боданах паргIат а даьхна, Шен Пачхьалкхан сийлалле далор ду. Шу деллачуьра дахаре а девлла Цуьнан бераш хилла дIахIуьттур ду!

Нагахь шу Iийсагахула кIелхьардовлар тIеэца лууш делахь, хIара доIа де:

*«Стигалашкара Дела, со къера ву, суо къилахь верг хиларх тIаккха Хьан бакъахьараллин стандарташца догIуш вахалуш цахиларх а. Сайн къиношна тIера со абаденна таIзар хила хьакъ долуш ву. Баркалла Ахьа со иштташ хьолехь ца витарна, со теша, Ахьа суна тIера валархьама а, жIара тIехь сан таIзар дIадахьархьама а, йоIстаг йолчу Маремах дуьнен чу ваьлла волу, Хьайн Цхьаъ бен воцу, Дала леррина къобалвина Iийса вахийтина хиларх. КхоалгIачу дийнахь Иза ден а велла, хIинца Хьан аьтту куьг долчу агIор хиларх теша. Иза сан Веза Эла а, КIелхьарвоккхург а ву. Кху дийнахь аса, Хьох воьзна воцуш хиларх дохко а ваьлла, сайн дахар кхоччуш Веза Эла волчу, Дала леррина Къобалвинчунна дIало.*

*Iийса, ас Хьо сайн Веза Эла а, КIелхьарвоккхург а хилар даре до. Хьайн Синца сан дахаре а волий, Делан бер дой хийцавехьа со. Аса, со кху муьрралц боданехь хилар дIатотту, тIаккха тахана дуьйна дIа со кхин сайн дуьхьа вехар вац, амма Хьан ниIматца со Хьан дуьхьа вехар ву, Ахьа, со абаденна вехаш хилийтархьама, сан дуьхьа Хьуо дIавелла дела. Баркалла Хьуна, Веза Эла. ХIинца сан дахар Хьан карахь ду, тIаккха, Хьан Дашехь аьлла ма-хиллара, со юьхьIаьржачу хIоттийна хир вац. Iийсан цIеран дуьхьа, амин».*

МаршадогIийла доьзале! Ас тIекхойкха шу, шайца хIинцца хиллачух лаьцна, кхечу тешачаьрга дийцар. Лараме ду, Делан Йозанех тешар долчу, цхьана-муьлххачу меттигерчу динан тобане лела дуьйла а делла, шаьш тешарна тIехь иракарахIитто кийча болчу, тешачаьрца уьйр хилар.

Аша уггар а тамашийна гездар долийна. Дала декъалдойла шу, довзийтарна а, ниIматна а, Цуьнца долчу доттагIаллина а тIехь хIора денна шу хьалакхиийтархьама!

# ИБЛИСО ІЕХАВАР

## ***Къинтlера ца довларан Іожалле гуранах маьршонехь долу дахар***




“Иблисо Іехавар” киншкано, мостагІчо тешаш берш Делан лаам кхочушбарна генабаха пайда оьцу уггаре а хІилланечу гуранех цхьаъ гучубоккху: халахетарш. Дукхахдолчу адамийн ур-атталла шекьхилар а ца хуьлу шаьш гуро лаьцна хиларх.

Іехаделла ма хилалаш! Дала леррина Къобалвинчо аьлла: “къа латадойтуш долу хІума тІе ца догІуш дуьсур дац” (Лк. 17:1). Шун, Іехийна хила я ца хила, харжийла дац, амма шун цу кхайкхамна муха жоп дала деза сацам бойла ду. Нагахь аша халахетаршна нийса терго яхь, шу ондда а, дог доьхна доцуш а хилла дІахІуьттур ду. Нийса терго яро бен аьтто бийр бац шун Делаца дуьхьалонаш йоцуш юкъаметтигаш хиларна.

Кху дахьийтарехула Джона Бивера Делан лааман агІончаш муха диса деза а, шекьхиларх а, цатешамах а паргІатдовла а хьоьхур ду шуна. Шун, бохам хиллачун дог-ойланах кІелхьара а девлла, тІехъяьккхинчу халонийн а, дог даларийн а дукъ тІехь доцуш, дехийла хир ду. Аша Далла муьтІахьхиларан лаккхара тІегІа дІайиллича, шун дахар къинтІерадовларца а, машарбарца а, ца соццучу даккхийдерца а дуьзна хир ду.

ТІекхочийла ду: MessengerX.com-хь

# АБАДЕНЕ КХИЙДА ДЕГНАШ

***Тахана а, ерриге абаденахь а маьIна долу дахар***




Кху лаьттара дахар – еккъа Iаь бен яц, амма вайх болу дуккха берш цунна дехьа хIумма доцуш долчуха санна беха. Амма, вай хIара дахар муха дIадаьхьначо, вай абаде муха дIакхоьхьур ю билгалдоккхур ду. Делан Дешо вайга боху, тешачарна тайп-тайпана совгIаташ хир ду, адаман кхиамаш цуьнан бIаьргашна хьалха баьгна дIабовларна тIера дIадолийна, Дала леррина Къобалвинчуьнца паччахьалла даре тIекхаччалц.

2 Коринтхошка 5:9-11 гайтинчу агIонашна тIедоьгIна, Джона Бивера, берриге а тешаш берш, цара кху дахарехь даьккхинарг схьаэцархьама, Дала леррина Къобалвинчунна хьалха хIитта безаш хирг хилар дагадоуьйту вайна. Вайх болу дуккха берш Iадийна хир бу, вешан дукхах йолу хан ваьшна абаденан совгIаташ дахарна лерина хир долчунна яйина ца хиларна.

Иштта, вешан дахар маьIне муьлхачу кепара дойла ду вайн? Абадене кхийда дегнаш цIе йолчу книги тIера шу шаьш стенна хьажийна ду довза а, Дала шайна делларг алсамдаккха а Iемар ду. Абаденгахь цкъа а хедар доцучу дахарехь хиндолчуьнга хьаьжча, шун ницкъ хир бу, цкъа а чекхдалар хиндоцучунна тIехь болх бан.

TIекхочийла ду: **MessengerX.com**-хь

# ИЙЗАДАЛАР ДОХОШ




Вайна массарна а вешан дахаран билггалчу муьрехь ийзадалар хааделла. Шуна иза хIунда хилла, я тIейогIун йолчу хенахь цунах кIелхьара муха довла деза хаьий? Нагахь ца хаьахь, аша цу ладамечу халонан дуьхьал дан деза гIуллакхаш дан деза.

Шайна вон динчунна дуьхьаллаьттачу хенахь, шу керлаяьллачу майраллица а, тешна хиларца а дехар ду. 2 Тимапига 1:7 яздина ду, вай кхерараң са схьаэцна дац, аьлла. Дала леррина Къобалвинчо ваIда дина маьршонехь майрра леларан хан тIееана.

Кху дахьийтарехь Джона Бивера озадаларан орам Іорабоккху. Аша кхайкхам тIе а эцна, кхераман Іожалле дIалацар дохорхьама а, Делан совгIаташ паргIат а даьхна, шун дахарехь Делан олалла чIагIдархьама а, ницкъ схьаоьцур бу. Шун депрессих а, лартIа догIур доцчух а, доьхна хьийзарх а паргIат хуьлийла ду. «Ийзадалар дохош» цIе йолчу книгано, Делан ницкъаца сийлахь толамаш бахархьама, кечдийр ду шу.

ТIекхочийла ду: **MessengerX.com**-хь

# MessengerX

*Дешаре некъ хIоранна а, массанхьа а*




- **115 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиарна хьажийна хIуманаш
- Шайн историга а, дешаран некъе а хьовса






Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш библиотека схьаэца – электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанаш а… Хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа берриге а шайн гIирсаш тIехь.

## MessengerX.com

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

Дерриге а дуьненахь App Store-ехь а, Google Play-ехь а тIекхочийла ду

**«Джон Бивер библин текст чӀинчӀаралле талларан наггахь долу похӀма долуш ву. Ешархой цуьнан керлачу а, тидамаллин а тергонех цецбевлла хир бу».**

*— USA ПАБЛИШЕРС УИКЛИ*

Цхьана а Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах волчунна Делана доза тоха ца лаьа, амма вайх дуккха болчара кхетамаза вешан дахарехь Цуьнан деш-лелаш хиларна доза туху, чӀогӀа лараме синан лакхалле агӀо тергал а ца еш: Сий.

Сий – иза, вайн культурехь, дукха хьолахь, байина кхетам бу; делахь а, шуна кху книгин агӀонашна тӀехь гург ма-хиллара, иза вайн дахаран массо а сферашкахь Делан пачхьалкх паргӀатъяккхаран бух бу.

«Сийнна догӀу хьакъ» книги тӀехь бестселлерийн авторо Джона Бивера дуьйцу, ларам барна тӀекхайкхар тӀеэцарца, шу Делан мехала долчун системица догӀуш хила дуьйлало, тӀаккха Цо шайна билгалдаьккхина долу дерриг а схьаоьцу.

КӀорггера библин агӀонаш, практикехь гойтучу битамечу историшца цхьаьнатухуш, кху книгано цу дицделлачу дикане керла хьажар лур ду, тӀаккха, цул дуккха лараме долу, иза шун дахаран хӀора сфере дан гӀертар лур ду.



ДЖОН БИВЕР – дуьненнаюкъара кхайкхамча а, бестселлерийн автор а, Делан Даше шен компромисс йоцчу тергонца вевзаш а ву. Джон а, цуьнан зуда Лиза а «Messenger International» гӀуллакхдаран кхоллархой бу – цу гӀуллакхдаран Ӏалашо, вайн дуьне хуьйцуш болу, компромисс йоцу Дала леррина Къобалвинчун тӀаьхьахӀиттинчарах берш, айар ю. Джон Колорадохь, цӀахь волчу хенахь, шен веа кӀантаца стоьла тӀехь ловзучу карточни ловзарех ловзуш я Лиза шайца гольфах ловза тешо гӀерташ хуьлу.

MessengerX

Маьхза чуяккхарна а, видеона а, хьовса **MessengerX.com**-е

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

ХӀара книга – авторера совгӀат ду тӀаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

Алсам хаа лаьий шуна?
Кхузахь сканировать е: